# ИЗРАИЛЫМ ИПАЧЪЫХЬЭХЭР

## Сэлмэн – Цыдкъый

*Пачъыхьэмэ яхьылIэгъэ апэрэ тхылъыр*

*Пачъыхьэмэ яхьылIэгъэ ятIонэрэ тхылъыр*

**Библием изэдзэкIынкIэ Институтыр**

**Москва 2009**

**ИЗРАИЛЫМ ИПАЧЪЫХЬЭХЭР:**

**Сэлмэн – Цыдкъый**

*Пачъыхьэмэ яхьыл$^{2}$эгъэ апэрэ тхылъыр*

*Пачъыхьэмэ яхьыл$^{2}$эгъэ ят$^{2}$онэрэ тхылъыр*

ЗэзыдзэкIыгъэр Къатмэс ФатIимэт ЗэхэкI ыпхъу

Сурэтхэр зышIыгъэр Хэкужъ Сэфэрбый Махьмудэ ыкъу

ЯшIошIыхэр къыраIолIэнхэм пае
ibt_inform@ibt.org.ru

ISBN 978-5-93943-102-6 © Библием изэдзэкIынкIэ Институтыр
Москва 2009

# Пэублэ гущыI

## Лъытэныгъэ зыфэтшIырэ тхылъеджэр!

Библием щыщ Ижъырэ Зэзэгъыныгъэм къыхиубытэрэ тхылъитIоу адыгабзэкIэ зэдзэкIыгъэхэр уапашъхьэ илъых. Тхьэм къахихыгъэ джурт цIыф лъэпкъым итарихъ щыщ охътэ гъэнэфагъэм ахэр къытегущыIэх. ЯлIышъхьэшхо Мосэ япащэу ахэр Ащ Мысырым ипщылIыпIэ къырищыжьхи, КъэнэIан чIыгум ыщэжьыгъагъэх. Мы тызхэт лъэхъаным иублэгъум ыпэкIэ я XI-рэ лIэшIэгъум джуртхэр зэкIэ КъэнэIан чIыгум итIысхьагъэх. Джа уахътэр ары зэхьылIагъэхэр адыгабзэкIэ 2002-рэ илъэсым къыдэкIыгъэ тхылъхэу «Апэрэ Самуел», «ЯтIонэрэ Самуел» зыфиIохэрэр. Джурт лъэпкъым иаужырэ хьыкумышIщтыгъэу Самуел тхьэлIыкIом итетыгъо зыщиухыным, лъэпкъым пачъыхьагъу ыгъэуцу шIоигъо хъугъэ. Ащ къыпкъырыкIэуи ищыIакIэ зэблэхъугъэ хъугъэ. Джахэр ары тынаIэ зытырытагъадзэрэр Самуел ехьылIэгъэ тхылъхэм. Саул Израилым иапэрэ пачъыхьагъ. Ащ ыуж Даут пачъыхьагъур ыIыгъыгъ.

«Пачъыхьэмэ яхьылIэгъэ апэрэ тхылъыр», «Пачъыхьэмэ яхьылIэгъэ ятIонэрэ тхылъыр» зыфиIорэ тхылъхэм джурт лъэпкъымрэ ащ ипачъыхьэхэмрэ ятарихъ лъагъэкIуатэ. Уахътэу къызтегущыIэхэрэм илъэс 400 фэдиз

къызэлъеубыты. Пачъыхьэу Даут итетыгъо ыкIэм факIуи, ащ ыкъо Сэлмэн пачъыхьэу зытехьэм, Израилыр пачъыхьагъу лъэш хъугъагъэ (тызхэт лъэхъаным ыпэкIэ 970-930-рэ илъэсхэр). Ащ ыуж пачъыхьагъур тIоу гощыгъэ хъугъэ: Темыр (Израил зыфаIорэр) пачъыхьагъумрэ Къыблэ (Ехъуд зыфаIорэр) пачъыхьагъумрэ. Мыхэмэ щыIакIэм закъыщиIатыгъагъ, ыужкIэ зэхэкъутагъэ хъугъэх. Тызхэт лъэхъаным ыпэкIэ 721-рэ илъэсым Израилым ицIыфхэр ашурхэм Ехъудэм щыщхэр тилъэхъан ыпэкIэ 587-рэ илъэсым фэдизым Бабилэн гъэрэу ращэгъагъэх.

Тхылъхэу «Пачъыхьэмэ яхьылIэгъэ апэрэ тхылъыр», «Пачъыхьэмэ яхьылIэгъэ ятIонэрэ тхылъыр» зыфиIохэрэр къызтегущыIэхэрэр хэгъэгуитIум яполитическэ щыIакIэ зыфэдагъэм изакъоп, Тхьэм мы дунаим къыщыхъурэмэ иIоф зэрахэлъыр къытагъашIэ.

Пачъыхьэ пэпчъ Зиусхьаным къекIущтымрэ е къемыкIущтымрэ зэришIэщтыгъэм, Тхьэм и Хабзэ зэрэфэшъыпкъагъэм, химэ лъэпкъхэм дин лэжьыкIэу яIагъэхэм зэрафыщытыгъэм ялъытыгъэу ащ итетыгъуи уасэ къыфашIы.

Тхьэм къыгъэнэфэгъэ гъогум тет пачъыхьэ шыихъэу ары Ехъуд пачъыхьэу Даут ахэмэ къызэрэтагъэлъэгъурэр. Ау Нэуат ыкъо ЯрэбIам, Темыр пачъыхьагъум иапэрэ пачъыхьэ, а гъогур къыбгыни, лъэпкъыр Тхьэм ыпашъхьэ псэкIод зэрэщишIэным фищагъ.

Ехъудэм иIэшъхьэтетщтыгъэхэу Iузыйрэ Хъызкъыйрэ афэдэхэм ягугъу къызэрэщашIырэр Тхьэр зыфэе пачъыхьэхэу ары, сыда пIомэ Даут фэдэу ахэри Тхьэм иунашъохэр зэрагъэцэкIэнхэм пылъыгъэх. Израил пачъыхьэу Ахъаб игугъу къызэрашIырэр дэй дэд. Химэ лъэпкъым щыщ ишъузэу Изэбэлрэ ежьыррэ къэнэIанхэм ятхьэнэпцIэу БэIал шъхьащэ фэшIыгъэным цIыф-

хэр тырагъагушIухьэщтыгъэх, Израилым и Тхьэ готхэм къин арагъэлъэгъущтыгъэ.

Джащ фэдэу тхьэлIыкIохэм яIофшIэн мэхьанэ ин зэриIагъэр къаIуатэ. Зэман пэпчъ тхьэлIыкIохэр щыIагъэх, ахэм пачъыхьэми цIыф лъэпкъми Тхьэм иунашъохэр ащагъэгъупшэщтыгъэхэп. ТхьэлIыкIомэ анахь къахэщхэу нэбгыритIу ахэтыгъ. Ахэр Иласрэ ЕлыщаIрэ. Илас пачъыхьэу Ахъабрэ ащ ишъуз Изэбэлрэ БэIал шъхьащэ зэрэфашIыщтыгъэм пае апэуцужьыщтыгъэ. БэIал фэлэжьэрэ къурмэнышIхэм ятхьэ Тхьэ шъыпкъэу зэрэщымытыр къыушыхьатыным пае, Елыехъу Къармэл къушъхьэм ахэм зэрэщянэкъокъугъэр «Пачъыхьэмэ ЯхьылIэгъэ Апэрэ Тхылъым» ия 18-рэ шъхьэ къеIуатэ. Тхьэу Зиусхьаным машIокIэ агъэстырэ къурмэным машIор къыфыригъэхи, Ежь Израилым и Тхьэ шъыпкъэу зэрэщытыр гъэхъагъэ хэлъэу ИласкIэ къыушыхьатыгъ. Ригъэжьэгъэ Iофыр лъызгъэкIотэщт ЕлыщаI тхьэлIыкIор Илас зыдигъэсагъ. ЕлыщаI илъэс 50-рэ, пачъыхьэ нэбгыри 6-м ятетыгъо щэIэфэ, ыкIуачIэ изэу Iоф ышIагъ. Илас фэдэу ащи шIэгъошIэ заулэ къаригъэлъэгъугъ. Ахэм зэу ащыщ дзэпащэу НаIаман иIэгъэ шъоджэузыр зэрэфигъэхъужьыгъэр.

Тхылъхэу «Апэрэ Самуел», «ЯтIонэрэ Самуел» зыфиIохэрэм афэдэу, «Пачъыхьэмэ яхьылIэгъэ апэрэ тхылъыр», «Пачъыхьэмэ яхьылIэгъэ ятIонэрэ тхылъыр» зыфиIохэри апэ зы тхылъэу атхыгъагъэх, етIанэ зэхаушъхьафыкIыжьыгъэх. УрысыбзэкIэ зэрадзэкIыжьыгъэ синодальнэ Библием, урымыбзэмкIэ атхыгъэ Септуагинтым афэдэу, мы тхылъхэм шъхьэу ащыфашIыгъэхэр «Ящэнэрэ Пачъыхьагъур» ыкIи «ЯплIэнэрэ Пачъыхьагъур».

Мы тхылъхэр адыгабзэкIэ зэтыдзэкIыжьхэ зэхъум, ижъырэ джуртыбзэмкIэ зэрэтхыгъэм фэдэу, шъхьэу

«Пачъыхьэмэ яхьылIэгъэ апэрэ тхылъыр» ыкIи «Пачъыхьэмэ яхьылIэгъэ ятIонэрэ тхылъыр» зыфиIохэрэр фэтшIыгъ. Тхылъхэр зытхыгъэ цIыфым ыцIэ ахэм къащыриIорэп.

«Пачъыхьэмэ яхьылIэгъэ апэрэ тхылъыр», «Пачъыхьэмэ яхьылIэгъэ ятIонэрэ тхылъыр» зыфиIорэ тхылъхэм язэхэтыкI.

КъызтегущыIэхэрэ уахътэм елъытыгъэу тхылъхэр Iахьыгъо инищэу зэтеуутынхэ плъэкIыщт:

1. Зэхэт пачъыхьагъур:
   - Сэлмэн Даут ыуж пачъыхьэу зэрэтехьагъэр (Пачъыхьэмэ я 1-рэ Тхылъ и 1–2-рэ шъхьэхэр);
   - Сэлмэн ипачъыхьагъу (Пачъыхьэмэ я 1-рэ Тхылъ ия 3–11-рэ шъхьэхэр);
     – Сэлмэн ыцIэ зэрэраIуагъэр (Пачъыхьэмэ я 1-рэ Тхылъ ия 3–4-рэ шъхьэхэр)
     – Тхьэм и Унэ Ерусэлэм зэрэщагъэпсыгъэр (Пачъыхьэмэ я 1-рэ Тхылъ ия 5–8-рэ шъхьэхэр)
     – Сатыумрэ нэмыкI Iофыгъохэмрэ (Пачъыхьэмэ я 1-рэ Тхылъ ия 9–10-рэ шъхьэхэр)
     – Сэлмэн зэрэлIагъэр (Пачъыхьэмэ я 1-рэ Тхылъ ия 11-рэ шъхьэр).
2. Гощыгъэ пачъыхьагъур:
   - ТемырымкIэ щыпсэущтыгъэ лIакъохэм зыкъызэрэIатыгъэр (Пачъыхьэмэ я 1-рэ Тхылъ ия 12–14-рэ шъхьэхэр);
   - Израилымрэ Ехъудэмрэ япачъыхьэхэр (Пачъыхьэмэ я 1-рэ Тхылъ ия 14–16-рэ шъхьэхэр);
   - ТхьэлIыкIоу Илас (Пачъыхьэмэ я 1-рэ Тхылъ ия 17–19-рэ шъхьэхэр);

Израилым ипачъыхьэу Ахъаб (Пачъыхьэмэ я 1-рэ Тхылъ ия 20—22-рэ шъхьэхэр);

Ехъудэмрэ Израилымрэ (Пачъыхьэмэ я 1-рэ Тхылъ ия 22-рэ – Пачъыхьэмэ яя 2-рэ Тхылъ и 1-рэ шъхьэхэр);

ТхьэлIыкIоу ЕлыщаI (Пачъыхьэмэ яя 2-рэ Тхылъ ия 2—8-рэ шъхьэхэр);

Израилымрэ Ехъудэмрэ япачъыхьэхэр (Пачъыхьэмэ яя 2-рэ Тхылъ ия 8—16-рэ шъхьэхэр);

Израилыр Ашурым зэрекIодылIэрэр (Пачъыхьэмэ яя 2-рэ Тхылъ ия 17-рэ шъхьэр).

3. Ехъудэ пачъыхьагъур:

Хъызкъыйрэ ашурхэмрэ (Пачъыхьэмэ яя 2-рэ Тхылъ ия 18—20-рэ шъхьэхэр);

Мэнасэрэ Амонрэ (Пачъыхьэмэ яя 2-рэ Тхылъ ия 21-рэ шъхьэр);

Иощыехъу хэгъэгум ищыIакIэ зэхъокIыныгъэу фишIыгъэхэр (Пачъыхьэмэ яя 2-рэ Тхылъ ия 22—23-рэ шъхьэхэр);

Ехъудэм иаужырэ пачъыхьэхэр (Пачъыхьэмэ яя 2-рэ Тхылъ ия 24-рэ шъхьэр);

Бабилэнхэм Ерусэлэм зэрэзэхакъутагъэр (Пачъыхьэмэ яя 2-рэ Тхылъ ия 25-рэ шъхьэр).

Мы тхылъыр ижъырэ джуртыбзэмкIэ атхыгъагъэм техыгъэу адыгабзэкIэ зэдзэкIыжьыгъ. Урыс синодальнэ Библиер зэрадзэкIыжь зэхъум ижъырэ джуртыбзэмрэ ижъырэ урымыбзэмрэкIэ тхыгъэ Iэпэрытххэр зэрагъэфедагъэхэм къыхэкIэу адыгабзэкIэ зэтыдзэкIыжьыгъэм ичIыпIэ зырызхэр ащ тефэхэрэп.

Библием щыщ гущыIэхэу адыгабзэкIэ къэмыIошъущтхэм узгъэгъозэрэ тамыгъэхэр ягъусэхэу къарыкIхэрэр апытхагъэхэу тхылъхэм арытых.

Ижъырэ джуртыбзэмкIэ тхыгъэ Iэпэрытххэм къахэкIыгъэхэу щыт цIэ унаехэр адыгэ макъэхэм якъэIуакIэ тетэу тхыгъэх.

ПачъыхьитIум а зы цIэр яIэу е зы пачъыхьэм ыцIэ зэрэщытэуи гъэкIэкIыгъэуи ижъырэ джуртыбзэмкIэ тхыгъэ Iэпэрытххэм бэрэ къахэфэх. Ау адыгабзэкIэ зэтыдзэкIыжьыгъэ тхылъхэм нэбгырэ пэпчъ ащыриIэр зы цIэ. Израилымрэ Ехъудэмрэ япачъыхьэхэм ацIэхэмкIи ахэм ятетыгъо зытефэгъэ уахътэмкIи тхылъым дэт таблицэм уегъэгъуазэ.

Адыгабзэм щамыгъэфедэрэ къэIуакIэхэр гущыIэлъэ кIэкIэу зэхэгъэуцуагъэхэу тхылъхэм акIыгъу.

Библием изэдзэкIынкIэ Институтыр зэдзэкIакIохэм, редакторхэм, зэкIэ Iофым изэшIохын хэлэжьагъэхэм, джащ фэдэу мы тхылъхэм якъыдэгъэкIынкIэ зишIуагъэ къэзгъэкIуагъэхэм афэраз. Адыгэ тхылъеджэхэр яныдэлъфыбзэкIэ ахэм яджэн алъэкIынэу амал зэрагъотыгъэм тегъэгушIо.

*Библием изэдзэкIынкIэ Институтыр, Москва*

# ПАЧЪЫХЬЭХЭР: АПЭРЭ ТХЫЛЪЫР

## Апэрэ шъхьэр

*Даут ижъыгъом*

**1** 1 Пачъыхьэу Даут ыныбжьыкIэ жъыгъом фигъэзэ-
гъагъ. Щыгъынхэр бэу зэтыралъхьэзэ афапэщтыгъэ-
ми, ащ зыфэгъэфэбэшъуштыгъэп. 2 Арыти, иIумэтхэм
раIуагъ: «Пачъыхьэм къыдекIокIынэу, ащ ынаIэ тыри-
гъэтынэу, ыгупэ кIэлъэу зыгъэфэбэн пшъэшъэ ныбжьы-
кIэ тизиусхьан пачъыхьэ къыфарэгъот. Джащыгъум ти-
зиусхьан пачъыхьэ фэбэжьыщт». 3 Джащ пае Израилым
ичIыпIэ пстэуми пшъэшъэ дахэ ащылъыхъугъэх. Шу-
нэм къалэ щыщ Абищагъ къагъоти, пачъыхьэм къыфа-
щагъ. 4 Пшъашъэр дэхэ дэдагъ, ар пачъыхьэм къыде-
кIокIыщтыгъэ, зыфаехэр фишIэщтыгъэх, ау пачъыхьэр
ащ екIолIагъэп.

*Адоный пачъыхьагъур ыубытмэ
зэрэшIоигъор*

5 А уахътэм Хъаджэт ишъэо Адоный зыкъышIошIы-
жьэу ыIощтыгъэ: «Сэ пачъыхьэ сыхъущт». Ку псынкIэ-
хэр, шыухэр, ишъхьагъырытхэу, ыпэ итэу кIонхэу псын-
кIэрыкIо нэбгырэ шъэныкъо зэригъэгъотыгъ. 6 «Сыда
ар зытепшIыхьэрэр?» – ыIоу ятэ ар ригъэзыхэщтыгъэп.

Ар кIэлэ дэхэ дэдагъ, Абищэлэм ыуж къэхъугъагъ. [7] Ащ
Цэруе ыкъо Иоабрэ къурмэнышIэу Ебыетаррэ джэн-
джэшэгъу къызфишIыгъэхэти, ахэр Адоный готыгъэх.
[8] Ау къурмэнышIэу Цадокъи, ЕхъоедаI ыкъо Бэнайи,
тхьэлIыкIоу Натани, ЩымIыйи, РэIыйи, пачъыхьэм
илIыхъужъ хэшыпыкIыгъэхэри Адоный готыгъэхэп.
[9] Адоный мэл-пчэнхэри, былым пIашъэхэри, шкIэхъужъ
гъэшхагъэхэри Блэ мыжъокIэ заджэхэу Рэугъэл псы-
нэкIэчъым дэжь пэблагъэу щытым къурмэн щишIхи,
пачъыхьэм ыкъохэри, Ехъудэм щыщ пачъыхьэ къулы-
къушIэхэри зэкIэ зэрэзэгъусэхэу къыригъэблэгъагъэх.
[10] Ау тхьэлIыкIоу Натани, Бэнаий, лIыхъужъ хэшыпы-
кIыгъэхэри, ежь ыш Сэлмэни къыригъэблэгъагъэхэп.

*Сэлмэн пачъыхьагъум зэрэтехьагъэр*

[11] ЕтIанэ Натан Сэлмэн янэ БатщэбаI риIуагъ: «Хъа-
джэт ыкъо Адоный пачъыхьэ зэрэхъугъэр зэхэпхыгъэ-
ба, тизиусхьанэу Даут ащ щымыгъуазэуи? [12] Джы къыо-
сIощтыр ары: ори уишъэо Сэлмэни шъуишъхьэхэр хэ-
шъухыжьых. [13] Моу джыдэдэм кIуи, пачъыхьэу Даут
дэжь ихьи еIу: „Сизиусхьанэу пачъыхьэр, ‘Уишъэо Сэл-
мэн саужкIэ пачъыхьэ хъущт, ситахътэ ар тетIысхьащт’
пIуи, уиIумэт тхьэлъанэ фэпшIыгъагъэба? Сыда адэ
Адоный пачъыхьагъур зыкIиубытыгъэр?“ [14] О пачъы-
хьэм джыри удэгущыIэ пэтзэ уауж ситэу сыкъихьанышъ,
епIорэр къэсыушыхьатыжьыщт».

[15] Арыти, БатщэбаI пачъыхьэр зыщычъыерэ унэм
кIуагъэ. Пачъыхьэр жъы дэдэ хъугъагъэти, Шунэм щыщ
Абищагъ ащ къыдекIокIыщтыгъэ. [16] БатщэбаI пачъы-
хьэм шъхьащэ ин фишIыгъ. Пачъыхьэр къеупчIыгъ:
«Сыд узфаер?» [17] Ащ риIуагъ: «Сизиусхьан пачъыхьэр!
„Уишъэо Сэлмэн саужкIэ пачъыхьагъум тетыщт, ситахъ-
тэ ар тетIысхьащт“ пIуи, уи Зиусхьанэу Тхьэм ыцIэкIэ

уиIумэт тхьэлъанэ фэпшIыгъагъ. 18 Джы мары Адоный
пачъыхьагъур ыубытыгъ, ау, сизиусхьан пачъыхьэр, хъу-
рэм о ущыгъуазэп. 19 Ащ цухэри, шкIэхъужъ гъэшха-
гъэхэри, мэл-пчэнхэри боу къурмэн ышIыгъэх, пачъы-
хьэм адрэ ыкъохэри, къурмэнышIэу Ебыетари, дзэм иIэ-
шъхьэтет Иоаби ригъэблэгъагъэх. Ау уиIумэт Сэлмэн
ригъэблэгъагъэп. 20 Ау о, сизиусхьан пачъыхьэр, зэрэ
Израилэу къыоплъы, сизиусхьан пачъыхьэ ыуж тахъ-
тэм тетIысхьащтым ыцIэ епIонэу къыожэ. 21 Армырмэ
сизиусхьан пачъыхьэ ятэ пIашъэхэр зыдэщыIэм зигъэ-
зэжькIэ, сэри сишъэо Сэлмэни тагъэмысэщт».

22 Ар пачъыхьэм дэгущыIэзэ, тхьэлIыкIоу Натан къи-
хьагъ. 23 Арыти, пачъыхьэм раIуагъ: «Мары тхьэлIыкIоу
Натан». Ар пачъыхьэм дэжь ихьи, ынэIу джэхашъом ни-
гъэсэу пачъыхьэм шъхьащэ фишIыгъ. 24 Натан къыIуагъ:
«Сизиусхьан пачъыхь! „Адоный саужкIэ пачъыхьагъум
тетыщт, ситахътэ ар тетIысхьащт“ о пIуагъа? 25 Сыда
пIомэ ар непэ кIуи цухэри, шкIэхъужъ гъэшхагъэхэри,
мэл-пчэнхэри боу къурмэн ышIыгъэх, пачъыхьэм ыкъо-
хэри зэкIэ, дзэпащэхэри, къурмэнышIэу Ебыетари къы-
ригъэблэгъагъэхэу, ахэр ащ ыдэжь щешхэх, щешъох,
„Пачъыхьэу Адоный гъэшIэ кIыхьэ орэхъу!“ аIо. 26 Ау
сыуиIумэт сэри, къурмэнышIэу Цадокъи, ЕхъоедаI ыкъо
Бэнайи, уиIумэт Сэлмэни тыригъэблэгъагъэп. 27 Сизиу-
схьан пачъыхьэм зэрэшIоигъоу а зэпстэури мыхъугъэ-
нэуи? Сизиусхьан пачъыхьэм ыуж тахътэм тетIысхьа-
щтым икъэбар тэ, уиIумэтхэм, зыкIытэмыгъэшIагъэр
сыда?»

28 Ащ дэжьым пачъыхьэу Даут джэуап къыритыжьыгъ:
«Моу БатщэбаI шъукъысфедж». Арыти, адрэр къихьи
пачъыхьэм ыпашъхьэ къиуцуагъ. 29 Пачъыхьэм тхьэлъа-
нэ ышIызэ къыIуагъ: «Къиныгъо пстэуми спсэ ащызыу-
хъумэгъэ Зиусхьаныр зэрэщыIэр сэIо! 30 Израилым и

Зиусхьанэу Тхьэм ыцIэкIэ тхьэлъанэ сшIи, уишъэо Сэл-
мэн саужкIэ пачъыхьагъум тетынэу, сэ счIыпIэ тахъ-
тэм ар тетIысхьанэу къызэрэосIогъагъэм фэдэу непэ
джаущтэу сшIыщт». [31] Арыти, Батщэбаl ынэIу джэха-
шъом нигъэсэу пачъыхьэм шъхьащэ фишIи, риIуагъ:
«Сизиусхьан пачъыхьэу Даут егъашIэм орэпсэу!»

[32] Ащ ыуж пачъыхьэу Даут къыIуагъ: «КъурмэнышIэу
Цадокъи, тхьэлIыкIоу Натани, ЕхъоедаI ыкъо Бэнайи
шъукъысфядж». Ахэр пачъыхьэм дэжь къихьагъэх. [33] Па-
чъыхьэм ахэм ариIуагъ: «СиухъумэкIо шъхьагъырытхэр
зижъугъэгъусэхи, сишъэо Сэлмэн сикъыдыр тежъугъэ-
тIысхьи Гъыхъон псынэкIэчъым шъущэ. [34] КъурмэнышIэу
Цадокъ тхьэлIыкIоу Натан игъусэу Израилым ипачъыхьа-
нэу дагъэр ащ щыщарэф. Бжъэмыем шъукъепщи, „Па-
чъыхьэу Сэлмэн орэпсэу!“ – шъуIуи, макъэ яжъугъэIу.
[35] ЕтIанэ ар мыщ къэжъугъэкIотэжь. Ар къэкIожьынышъ
ситахътэ тетIысхьащт. Сэ счIыпIэ пачъыхьагъум ар те-
тыщт, Израилми Ехъудэми ялIышъхьэ пэщэнэу осыет ащ
къыфэсшIыжьыгъ». [36] Арыти, ЕхъоедаI ыкъо Бэнай па-
чъыхьэм риIожьыгъ: «Амин, сизиусхьан пачъыхьэм и
Зиусхьанэу Тхьэм шIоигъо ар орэхъу! [37] Зиусхьанэу Тхьэр
сизиусхьан пачъыхьэм зэригъусагъэм фэдэу Сэлмэни
Ар ерэгъус, сизиусхьан пачъыхьэу Даут итахътэ зэрахи-
IэтыкIыгъэм нахь лъэшыжьэу ащ итахътэ ахерэIэтыкI!»

[38] Джаущтэу къурмэнышIэу Цадокъи, тхьэлIыкIоу На-
тани, ЕхъоедаI ыкъо Бэнайи, пачъыхьэм иухъумэкIо
шъхьагъырытхэу къэрэтый, пэлэтый лъэпкъмэ ащыщ-
хэри Сэлмэн дэжь кIохи, пачъыхьэу Даут икъыдыр ар
тырагъэтIысхьи, Гъыхъон псынэкIэчъым ащагъ. [39] Къур-
мэнышIэу Цадокъ дагъэр зэрыт бжъэр чэтэнгъэIэгъэ
лъапIэм* къычIихи Сэлмэн пачъыхьанэу ышъхьэ дагъэ

* 1:39 Еплъ: «Мосэ иятIонэрэ тхылъ» (26:1-37).

щафагъ. Ащ лъыпытэу бжъэмыем* къызепщэхэм, «Па-
чъыхьэу Сэлмэн орэпсэу!» – аIуи, цIыфхэр зэкIэ къэ-
зэрэгъэкууагъэх. 40 ЦIыф пстэуми Сэлмэн къагъэкIотэ-
жьыгъ, ахэм къамылхэм къарагъаIощтыгъ, ягушIогъо-
шхуагъ, якуо мэкъэшхохэм чIыгур агъэтIыгурыгущтыгъэ.
41 Арыти, Адоныйрэ ащ ригъэблэгъагъэхэмрэ шхэ-
ныр зэрэзэпагъэоу жъот макъэхэр къызэхахыгъэх. Иоаб
бжъэмые макъэр къызызэхехым къыIуагъ: «Сыда къа-
лэр къэзгъэбырсырыгъэр?» 42 Ащ къыIощтыгъэр джыри
къымыухыгъэу, къурмэнышIэу Ебыетар ыкъо Ионэтан
къыIухьагъ. Арыти, Адоный къыIуагъ: «КъакIо, уцIыф
заф о, къэпхьырэр къэбарышIу». 43 Ионэтан ащ ипэ-
гъокIэу Адоный риIуагъ: «ЗытетымкIэ, тизиусхьан па-
чъыхьэу Даут Сэлмэн пачъыхьанэу тыригъэхьагъ. 44 Па-
чъыхьэм къурмэнышIэу Цадокъи, тхьэлIыкIоу Натани,
ЕхъоедаI ыкъо Бэнайи, пачъыхьэм иухъумэкIо шъхьа-
гъырытхэу къэрэтыйхэмрэ пэлэтыйхэмрэ ащыщхэри ащ
къыдигъэкIуагъэхэти, Сэлмэн пачъыхьэм икъыдыр ты-
рагъэтIысхьагъ. 45 ЕтIанэ къурмэнышIэу Цадокърэ тхьэ-
лIыкIоу Натанрэ пачъыхьанэу ащ ышъхьэ дагъэ Гъыхъон
щыщафагъ. ЯгушIогъошхоу ащ къикIыжьыгъэхэшъ ары
къалэр къызкIэпчIыгъэр. Жъот макъэу зэхэшъухырэр
джары къызхэкIырэр. 46 Сэлмэни пачъыхьэм итахътэ
тетIысхьэгъах. 47 Пачъыхьэм иIумэтхэри тизиусхьан па-
чъыхьэу Даут дэжь къакIохи, „Уи Тхьэ Сэлмэн ищытхъу
о уищытхъу нахь лъэшыжьэу ерэгъэIу, итахъти о уитахъ-
тэ нахь лъэшыжьэу ахерэIэтыкI!“ аIуи, къыфэгушIуа-
гъэх. Арыти, пачъыхьэм ипIэ зэрэхэлъэу ащ ипэгъокIэу

* 1:39 *Бжъэмыер* – джуртхэм къэбар ашIэным пае запщэхэзэ, агъэфедэщтыгъэ тIыбжъэ гъэщыгъэр ары. Зао къызежьэкIэ, мэфэкI зыхъукIэ е нэмыкI хъугъэ-шIагъэ горэхэм яхьылIагъэу тIыбжъэмкIэ макъэ арагъэIущтыгъэ.

шъхьащэ къышIыгъ. 48 ЕтIани ащ къыIуагъ: „Израилым
и Зиусхьанэу Тхьэм, сэ къысхэкIыгъэу ситахътэ непэ
тетIысхьагъэр сэзгъэлъэгъурэм щытхъур ыдэжь!“»
49 Ащ дэжьым Адоный ригъэблэгъагъэхэр зэкIэ къа-
щтэхи къэтэджыжьхи, шъхьадж игъогу техьажьыгъ.
50 Адоный Сэлмэн щыщынэу кIуи къурмэншIыпIэм
ыкъуапэу къыпыщхэрэм* захигъэнагъ. 51 Къэбарыр Сэл-
мэн къынагъэси къыраIуагъ: «Адоный пачъыхьэу Сэл-
мэн щэщынэшъ, къурмэншIыпIэм ыкъуапэу къыпыщ-
хэрэм захигъэнагъэу, „Пачъыхьэу Сэлмэн иIумэт чатэ-
кIэ ымыукIынэу джыдэдэм тхьэлъанэ къысферэшI“
еIо». 52 Арыти, Сэлмэн ыIуагъ: «ЦIыф зафэу зыкъигъэ-
лъагъомэ, зы шъхьац налъи ащ ышъхьэ къыхэзынэп, ау
хъор-шэрыгъэ къызызхигъафэкIэ, кIодыщт». 53 Джащ
тетэу пачъыхьэу Сэлмэн ащ лъигъакIохи къурмэншIы-
пIэм къыкIэраригъэщыжьыгъ. Ар къакIуи пачъыхьэу
Сэлмэн шъхьащэ къызфешIым, Сэлмэн ащ риIуагъ:
«Уиунэ кIожь».

**ЯтIонэрэ шъхьэр**

*Даут Сэлмэн зэреушъыигъэр*

2 1 Даут илIэжьыгъо къызэсым, ыкъо Сэлмэн осыет-
хэр къыфишIыжьыгъэх: 2 «Мары сэ дунаим сехы-
жьыщтышъ, пытагъэрэ лIыгъэрэ зыхэгъэлъ, 3 Уи Зиу-
схьанэу Тхьэм Iуагъэу къыддишIыгъэр къэгъэгъун, Мосэ

* 1:50 КъурмэншIыпIэр плIэмыеу, ыкъуапэхэр уубытын плъэ-
кIынэу къыхэщэикIыгъэхэу щытыгъ. Мыщ ехьылIагъэу еплъ:
Библием щыщэу «Мосэ иятIонэрэ тхылъ» (27:2; 30:10); тхылъэу
«Апэрэ Самуелым» (2:28).

ихабзэ зэритхагъэм фэдэу, Ащ илъагъохэм атет, Ащ иша-
пхъэхэм, Ащ иунашъохэм, Ащ ыгъэнэфагъэхэм, Ащ
ыухэсыгъэхэм уатемыкI. Джащыгъум сыд пшIагъэми,
тыдэ зыбгъэзагъэми, сыдырэмкIи уиIоф кIэкIыщт. 4 Зи-
усхьаным сыкъызэригъэгугъагъэр ыгъэцэкIэным пае,
„Пкъохэр зытет гъогумэ афэсакъхэу, агурэ апсэрэ шъы-
пкъагъэ ахэлъэу сапашъхьэ итхэмэ, о къыпхэкIыгъэхэр
ренэу Израилым итахътэ тесыщтых“ ыIуи, къысиIуагъ.
5 Джыри: Цэруе ыкъо Иоаб къысишIагъэм, израилы-
дзэм ипэщитIоу Нэр ыкъо Абинэррэ Етэр ыкъо Iама-
сэрэ зэрадэзекIуагъэм, ахэр зэриукIыгъэхэми, зао щы-
мыIэу лъыр ыгъачъи, лъэу ыгъэчъагъэмкIэ зызэриуцIэ-
пIыжьыгъэми уащыгъуазэшъ, 6 ижъышъхьэм рэхьатэу
зэрэмылIэжьыным тегъэпсыхьагъэу, уиIушыгъэ къызэ-
рихьэу, ащ дэзекIу. 7 ГъылыIадэу Барзылай ыкъохэм гу-
кIэгъу афэшI, уиIэнэ пакIэ пысэу шхэщтхэм ахэгъа-
фэх, сыда пIомэ пшы Абищэлэм зыщысыухъумэу сы-
зежьэжьым ахэр къызгоуцогъагъэх. 8 ЕтIанэ уиIумэтмэ
ахэт Бахъурим щыщ быняминэу Гъэрэ ыкъо ЩымIый,
Махъанаим сыкIо зэхъум ар бгэкIаеу къысэбгыгъагъ.
Ау Иордан дэжь къыщыспэгъокIыгъагъ. Арыти, „Къа-
мэкIэ усыукIыщтэп“ сIуи, Зиусхьаным ыцIэкIэ тхьэ-
лъанэ ащ дэсшIыгъагъ. 9 О ар умыгъэпщынэжьэу къэ-
мыгъан. Сыда пIомэ о уцIыф Iушышъ, ижъышъхьэм
лъыр къыпычъэу зэрэлIэжьыным тегъэпсыхьагъэу еп-
шIэн плъэкIыщтым ущыгъуаз».

### *Даут зэрэлIагъэр*

10 ЕтIанэ Даут ятэ пIашъэхэр зыдэщыIэм ыгъэзэжьы-
гъэти, Даут икъалэу* Цион ар щагъэтIылъыжьыгъ.

---

* 2:10 Пачъыхьэу Даут итетыгъом Ерусэлэм щыщ чIыпIэу агъэ-
псыгъагъэм Даут икъалэкIэ еджэх.

11 Даут Израилым зэрипачъыхьагъэр илъэс тIокIитIу:
Хъэурэн зэрэщыпачъыхьагъэр илъэсибл, Ерусэлэм
илъэс щэкIрэ щырэ щыпачъыхьагъ. 12 Арыти, Сэлмэн
пачъыхьэу техьагъ. Хэбзэ пытэ хэлъэу пачъыхьагъур ащ
зэрихьагъ.

*Адоный зэрэлIагъэр*

13 Хъаджэт ыкъо Адоный Сэлмэн янэ БатщэбаI дэжь
къэкIуагъ. Адрэр ащ къеупчIыгъ: «УшIуфакIуа?» Мыд-
рэм джэуап ритыжьыгъ: «СышIуфакIу». 14 Ащ къыIуагъ:
«СыкъыбдэгущыIэ сшIоигъу». Адрэм къыриIожьыгъ:
«КъаIо». 15 Ащ къыIуагъ: «ОшIэба пачъыхьагъур зэрэ-
сиягъэри, зэрэ Израилэуи пачъыхьэ сыхъунэу къызэ-
рэсэплъыщтыгъэри. Ау пачъыхьагъур сIэкIэкIыгъ, сшы
ар IэкIэхьагъ, сыда пIомэ Зиусхьаным джаущтэу уна-
шъо ышIыгъэхагъ. 16 Джы зыгорэкIэ сыолъэIущтышъ,
уиджэуап сыкъемыгъэгъэукIытэжь». Адрэм къыриIо-
жьыгъ: «КъаIо». 17 Ащ къыIуагъ: «Пачъыхьэу Сэлмэн
усфыдэгущыIэнэу сыолъэIу, сыда пIомэ ащ укъыгъэу-
кIытэжьыщтэп. Шунэм къалэ щыщ Абищагъ шъузэу
къыситынэу сфеIоба». 18 БатщэбаI къыриIожьыгъ: «Дэ-
гъу, пачъыхьэм сыпфыдэгущыIэн».

19 БатщэбаI Адоный пае дэгущыIэнэу пачъыхьэу Сэл-
мэн дэжь кIуагъэ. Пачъыхьэр ащ къыфэтэджыгъ, шъхьа-
щэ къыфишIи, итахътэ тетIысхьажьыгъ. Пачъыхьэм
яни пае тахътэ къаригъэхьи ащ иджабгъукIэ ар тIысы-
гъэ. 20 ЕтIанэ ащ къыIуагъ: «ЛъэIу цIыкIу горэ къып-
фысиIэшъ, сыкъэмыгъэукIытэжьба». Пачъыхьэм ащ
къыриIуагъ: «КъэлъаIу, тян, укъэзгъэукIытэжьыщтэп».
21 Мыдрэм риIуагъ: «Шунэм щыщ Абищагъ пшы Адо-
ный шъузэу етба». 22 Ащ ипэгъокIэу пачъыхьэу Сэлмэн
янэ къыриIожьыгъ: «Сыда Адоный пае Шунэм щыщ

Абищагъ укъызкIыкIэлъэIурэр? Пачъыхьагъуми къы-
фыкIэлъэIуба. Ар сшынахьыжъба, къурмэнышIэу Ебы-
етари Цэруе ыкъо Иоаби игъусэхэба». 23 Арыти, пачъы-
хьэу Сэлмэн Зиусхьаным ыцIэкIэ тхьэлъанэ ышIи
ыIуагъ: «Ыпсэ гъэгъугъэным пае Адоный ар ымыIуагъэ
зыхъукIэ, сифэшъуашэр Тхьэм серэгъэгъот, нахьыбэ-
жьи къысерэшI! 24 Сэ пытапIэ къысфэхъугъэ, сятэ Даут
итахътэ сытезгъэтIысхьэгъэ, Ежь къызэриIуагъэу, ти-
унагъо ипачъыхьагъу сыIузгъэуцогъэ Зиусхьанэр зэрэ-
щыIэр сэIо, Адоный ихьадэгъу непэ, джыдэдэм къэсы-
гъэкIэ». 25 Джащ тетэу пачъыхьэу Сэлмэн ЕхъоедаI ыкъо
Бэнай ыгъакIуи, ар ащ еуи ыукIыгъ.

*Ебыетар зэрэпщынагъэмрэ*
*Иоаб зэрэлIагъэмрэ*

26 ЕтIанэ пачъыхьэм къурмэнышIэу Ебыетар риIуагъ:
«Iанатот щыIэ уихапIэ кIожь, хьадэгъур уифэшъуаш.
Ау джыдэдэм усыукIыщтэп, сыда пIомэ сятэ Даут ури-
гъусэу Зиусхьанэу Тхьэм ипхъонтэ лъапIэ къыдепхьа-
кIыгъ, тятэ ыщэчыгъэр зэкIэ ори дэпщэчыгъ». 27 Джау-
щтэу Сэлмэн Ебыетар Зиусхьаным икъурмэнышIын
къыIуигъэкIыгъ, джащ тетэу Зиусхьаным Алый иунэ
ехьылIагъэу Шылэу къащыриIогъагъэр* нэрылъэгъу
хъужьыгъэ.

28 Иоаб а къэбарыр зызэхехым, Абищэлэм** гомыу-
цоу, Адоный гоуцогъагъэти, Зиусхьаным ичэтэнгъэIэ-
гъэ лъапIэ чъэжьи къурмэншIыпIэм ыкъуапэу къыпыщ-
хэрэм захигъэнагъ. 29 Иоаб Зиусхьаным ичэтэнгъэIэгъэ
лъапIэ зэрэчъэжьыгъэми, къурмэншIыпIэм ар зэрэкIэ-
рытми икъэбар Сэлмэн къыфахьыгъ. Арыти, Сэлмэн

* 2:27 Еплъ: тхылъэу «Апэрэ Самуел» 2:27-36.
** 2:28 Еплъ: тхылъэу «ЯтIонэрэ Самуел», я 18-рэ шъхьэм.

«КIуи ар укIы» риIуи ЕхъоедаI ыкъо Бэнай ыIофтагъ.
30 Бэнай Зиусхьаным ичэтэнгъэIэгъэ лъапIэ къакIуи ащ
риIуагъ: «Пачъыхьэм иунашъо мары: „КъычIэкI!“» Адрэм
къыриIожьыгъ: «Хьау, мыщ сыщэрэлI». Арыти, Бэнай
пачъыхьэм ар риIожьыгъ: «Иоаб риIуагъэр мары,
къысиIожьыгъэри мары». 31 Пачъыхьэм ащ къыриIуагъ:
«Ащ къыуиIуагъэр фашI, укIи гъэтIылъыжь. Иоаб хьакъынчъэу
ыгъэчъэгъэ лъыр сэри, сятэ иунагъуи атехыжь.
32 Сятэ Даут ишIэ хэмылъэу ежь нахь зафэхэу, ежь нахьышIугъэхэ
лIитIур зэриукIыгъэхэм, израилыдзэм ипащэу
Нэр ыкъо Абинэррэ ехъудыдзэм ипащэу Итрэ ыкъо
Iамасрэ къамэкIэ зэриукIыгъэхэм пае Зиусхьаным ащ
ифэшъуашэр рерэгъэгъот. 33 Ахэм алъэу ыгъэчъагъэр
ежьми къытекIыщтхэми къатерэфэжь, Даути, ащ къытекIыгъэхэми,
иунагъуи, итахъти Зиусхьаным егъэшIэрэ
мамырыр къарет!» 34 ЕхъоедаI ыкъо Бэнай кIуи, Иоаб
ыукIыгъ, ихапIэу шъофнэкIым щыIэм ар щагъэтIылъыжьыгъ.
35 ЕтIанэ пачъыхьэу Сэлмэн ЕхъоедаI ыкъо Бэнай
адрэм ычIыпIэ дзэхэм япащэу тыригъэхьагъ, Ебыетар
ычIыпIэ пачъыхьэм къурмэнышIэу Цадокъ тыригъэхьагъ.

*ЩымIый зэрэлIагъэр*

36 ЕтIанэ пачъыхьэр ЩымIый къеджи ащ риIуагъ:
«Унэ Ерусэлэм щышIи щыпсэу, ащ удэкIэу зыми умыкIу.
37 Мыщ удэкIэу, псы игъукIыгъэу Къыдрэн ылъэгу
зыщызэпыпчырэ мэфэ шъыпкъэм улIэщтышъ зэгъашIэ.
Уихьадэгъу ор-орэу къызфэпхьыжьыщт». 38 Арыти,
ЩымIый пачъыхьэм риIожьыгъ: «Дэгъу, сизиусхьан пачъыхьэм
унашъо къызэрэфишIыгъэу, уиIумэт зекIощт».
ЩымIый бэрэ Ерусэлэм щыпсэугъ.

39 Ау илъэсищ зытешIэм ыуж ЩымIый ипщылIитIу
горэ Гъат ипачъыхьэу МаIах ыкъо Ахыщ зекIужьхэм,

ЩымIый къыраIуагъ: «Мары уипщылIхэр Гъат щыIэх».
40 Арыти, ЩымIый ищыд уанэр тырилъхьи ипщылIхэм
къалъыхъунэу Ахыщ дэжь Гъат кIуагъэ. ЕтIанэ Щым-
Iый къыгъэзэжьыгъ, ипщылIхэри Гъат къыздырищы-
жьыгъэх. 41 ЩымIый Ерусэлэм дэкIи Гъат зэрэкIогъа-
гъэри къызэригъэзэжьыгъэри Сэлмэн раIуагъ. 42 Ары-
ти, пачъыхьэм ЩымIый лъигъэкIуагъэх, къаригъащи
риIуагъ: «Зиусхьаным ыцIэкIэ тхьэлъанэ озгъэшIи,
„Мыщ удэкIэу, чIыпIэ горэм узщыкIорэ мэфэ шъы-
пкъэм улIэщтышъ, зэгъашIэ“ сIуи, къыосIогъагъэба?
Ори „Дэгъу, къысэпIуагъэр згъэцэкIэщт“ къысэпIожь-
гъагъэба? 43 Сыд пае адэ Зиусхьаным ыпашъхьэ тхьэ-
лъанэу щыпшIыгъэри унашъоу къыпфэсшIыгъэри умы-
гъэцэкIэжьыгъэха?» 44 Джыри пачъыхьэм ЩымIый ри-
Iуагъ: «Сятэ Даут зэрарэу ебгъэкIыгъэр зыфэдэр ор
шъыпкъэми ошIэ, угуи ар къыуеIо. Зиусхьаным уигу-
хьагужъ къыптыригъэфэжьыщт! 45 Ау пачъыхьэу Сэл-
мэн Тхьэм ынэшIу къыщэрэф, тятэ Даут итахътэ Зиу-
схьаным ыпашъхьэ егъашIэм ерэт!» 46 ЕтIанэ пачъыхьэм
ЕхъоедаI ыкъо Бэнай унашъо зыфешIым, адрэр кIуи
ЩымIый еуи ыукIыгъ. Сэлмэни пачъыхьагъур джыри
нахь зыIэкIигъэпытыхьагъ.

## Ящэнэрэ шъхьэр

*Сэлмэн итхьэлъэIу*

3 1 ЕтIанэ Сэлмэн Мысырым ипачъыхьэ фирхьауным
езэгъи ыпхъу къыщагъ. Ежь пае унэ емышIыфэ, Зиу-
схьаным и Унэ емыгъэпсыфэ, Ерусэлэм дэпкъхэр

къыремышIэкIыфэхэ шъузыр Даут икъалэу Цион зы-
ддищагъ. [2] Ащ нэс Зиусхьаным ыцIэкIэ Унэ агъэпсы-
гъэу щытыгъэпти, цIыфхэм къурмэнхэр зыщашIырэ
лъэгапIэхэм къурмэнхэр джыри ащашIыщтыгъэх.

[3] Ятэ Даут иунашъохэм атетэу псэузэ, Сэлмэн Зиусхьа-
ныр шIу ылъэгъугъ, ау ащи къурмэнхэр зыщашIырэ лъэ-
гапIэхэм къурмэнхэр ащишIыщтыгъэх, гъомэ IашIухэр
къызпиххэри ахэм ащигъэстщтыгъэх. [4] Пачъыхьэр къур-
мэн щишIынэу ГъыбIоным кIуагъэ, сыда пIомэ къур-
мэнхэр зыщашIырэ лъэгэпIэ шъхьаIэр ащ щыIагъ. Сэл-
мэн къурмэнгъэст мин а къурмэншIыпIэм щишIыгъ.
[5] Сэлмэн ГъыбIоным щыIэу Зиусхьаныр чэщым пкIы-
хьапIэкIэ къыфэкIуагъ. Тхьэм къыриIуагъ: «Къыпфэ-
сшIэнэу узыфаем къыкIэлъэIу». [6] Арыти, Сэлмэн ри-
Iожьыгъ: «УиIумэтэу, сятэ Даут шъыпкъагъэ хэлъэу,
зэрэщытын фаем тетэу, къыпфэгупцIанэу уапашъхьэ зэ-
ритыгъэм пае гукIэгъушхо къыфэпшIыгъ. А гукIэгъу-
шхор О къыдэблэжьи, джы зэрэщытым фэдэу, итахътэ
тесынэу шъауи къептыгъ. [7] Джы, си Зиусхьанэу Тхьэр,
сятэ пачъыхьэу Даут ычIыпIэ УиIумэт тебгъэхьагъ. Ау
сэ сыкIэлащ, къызщебгъэжьэщтыри зыщыуухыжьы-
щтыри сшIэрэп. [8] УиIумэти зипчъагъэ къэмылъытэ-
шъунэу, нэплъэгъукIэ къэмыплъыхьашъунэу бэ хъурэ
уилъэпкъэу О къыхэпхыгъэм хэт. [9] Плъэпкъ иIоф зэхи-
фыным, шIумрэ емрэ къыгурыIоным пае УиIумэт зэ-
хэшIыкIыныгъэ къыхалъхьэба. Армырмэ плъэпкъэу
цIыфыбэ хъурэм иIоф хэта зэхэзыфыщтыр?»

[10] Сэлмэн ащ фэдэу къызэрелъэIугъэр Тхьэм игуапэ
хъугъэ. [11] Арыти, Тхьэм ащ къыриIуагъ: «Ащ укъызэ-
рэкIэлъэIугъэм, гъэшIэ кIыхьэ ухъуным укъызэрэкIэ-
мылъэIугъэм, мылъкушхом укъызэрэкIэмылъэIугъэм,
уипыйхэм апсэ згъэгъуным укъызэрэкIэмылъэIугъэм,
ау сизэфагъэ зэхэпфынэу губзыгъагъэм укъызэрэкIэ-

лъэIугъэм пае, [12] мары къызэрэпIуагъэм фэдэу сшIыщт:
мары акъылышIуи зэхэшIыкIи къыпхэсэлъхьэх. Ощ фэ-
дэ джы нэс щыIагъэп, уаужкIи ощ фэдэ къэхъущтэп.
[13] УкъызкIэмылъэIугъэри къыпфэсшIэщт. Мылъкушхуи
щытхъушхуи Сэ къыосэтых ущэIэфэ ощ фэдэ пачъы-
хьэхэм ахэмытынэу. [14] Сишапхъэхэр, Сиунашъохэр къэ-
уухъумэхэу, уятэ Даут фэдэу Сигъогу утетыщтмэ, гъэ-
шIэ кIыхьэ Сэ усшIыщт». [15] Сэлмэн къэущыжьыгъ, ау
ылъэгъугъэр пкIыхьапIэу къычIэкIыгъ. ЕтIанэ ар Еру-
сэлэм кIуи, Зиусхьаным ипхъонтэ лъапIэ ыпашъхьэ
иуцуи, къурмэнгъэст ышIыгъ, мамыр къурмэнхэри ышI-
хи, иIумэт пстэуми ешхэ-ешъошхо афишIыгъ.

*Сэлмэн иIушыгъ*

[16] Мафэ горэм бзылъфыгъэ хэтэкIуитIу горэ па-
чъыхьэм дэжь къакIохи, ыпашъхьэ къиуцуагъэх. [17] Зы
бзылъфыгъэм къыIуагъ: «А сизиусхьан! Сэри мы бзы-
лъфыгъэри зы унэ тызэдис. А унэм тызэдисзэ, сабый
къысфэхъугъ. [18] Сызылъфагъэр мэфищ хъугъэу, мы бзы-
лъфыгъэри лъфагъэ. Тызэгъусагъ, тэщ нэмыкI гори
унэм къыддисыгъэп. Тизэкъуагъ. [19] Мы бзылъфыгъэм
исабый чэщым лIагъэ, сыда пIомэ зыхэчъыем ыпIытIы-
жьыгъ. [20] Арыти, чэщныкъом къэтэджи, сэ, уиIумэт, сы-
чъыезэ, сишъао Iуихи, ыбгъэ кIигъэгъолъхьагъ. Ишъэо
лIагъэ сэ сыбгъэ къыкIигъэгъолъхьагъ. [21] Пчэдыжьым
сишъао быдз езгъэшъонэу сыкъэтэджыгъ, ау сызIо-
плъэм, ар лIагъэу къычIэкIыгъ. Нэфылъэр къызэкIичы-
гъэу гуфаплъэу сызеплъым, ар сэ къэслъфыгъэ сабыир
армырэу къычIэкIыгъ». [22] Адрэ бзылъфыгъэм ыIуагъ:
«Хьау, сэ сишъао псэу, о уишъау лIагъэр». Мыдрэм
ыIощтыгъ: «Хьау, о уишъау лIагъэр, сэ сыер псэу».
Джаущтэу пачъыхьэм ыпашъхьэ итэу ахэр зэнэкъокъу-
щтыгъэх.



[23] Арыти, пачъыхьэм къыIуагъ: «Сэ сишъау псэур, о
уишъао лIагъэ», – мыщ еIо. Модрэм еIо: «Хьау, о уишъау
лIагъэр, сэ сиер псэу». [24] Мыщ дэжьым пачъыхьэм къы-
Iуагъ: «Моу чатэр къысэшъут». Арыти, пачъыхьэм чатэр
къыфахьыгъ. [25] Пачъыхьэм къыIуагъ: «Шъэожъыеу псэур
зэфэдитIоу зэгошъуупкIи ызыныкъо зым ешъут, адрэ
ныкъор адрэм ешъут». [26] Арыти, зишъао псэугъэ бзы-
лъфыгъэм, ны зэхашIэу иIэм ыкIоцI илъыр зэкIэ къызэ-
пыригъэзагъэм фэдэу къэхъуи, гуIэным хэтэу пачъыхьэм
риIуагъ: «А сизиусхьан! Мы сабыир зэрэпсэоу ащ ешъут,
шъумыукIы». Адрэ бзылъфыгъэм къыIуагъ: «Ори сэри
тыхэрэкI, зэгошъуупкI». [27] Арыти, пачъыхьэм къыIуагъ:
«Мы бзылъфыгъэм сабыир ешъутыжь, шъуукI хъунэу
щытэп, джары ащ янэр». [28] Пачъыхьэм хьыкумыр зэри-
шIыгъэм икъэбар зэрэ Израилэу щызэхахыгъэти, лъы-
тэныгъэшхо къыфаригъэшIыгъ, сыда пIомэ хьыкумшIы-
ным тегъэпсыхьагъэу Тхьэм Iушыгъэ къызэрэхилъхьа-
гъэр янэрылъэгъу хъугъэ.

## ЯплIэнэрэ шъхьэр

*Сэлмэн икъулыкъушIэ Iэшъхьэтетхэр*

4 [1]Джащ тетэу пачъыхьэу Сэлмэн зэрэ Израилэу па-
чъыхьагъур щиIыгъыгъ. [2]КъулыкъушIэ Iэшъхьэте-
тэу ащ иIагъэхэр мыхэр ары: Цадокъ ыкъо Iазарый –
къурмэнышIыщтыгъ; [3]Щыщэ ыкъохэу Елыхъорэфрэ
Ахъыйрэ – тхакIощтыгъэх, хэгъэгум къихъухьэрэ хъу-
гъэ-шIагъэхэр атхыжьынхэр япшъэрылъыгъ; Ахъылуд
ыкъо Ехъощафат – пачъыхьэм иIофшIэкIэ-псэукIэ
ытхыщтыгъ; [4]ЕхъоедаI ыкъо Бэнай – дзэхэм япэщагъ;
Цадокърэ Ебыетаррэ – къурмэнышIыщтыгъэх; [5]Натан
ыкъо Iазарый – чIыпIэ гъэIорышIапIэмэ яIэшъхьэ-
тетхэм япэщагъ, къурмэнышIэу Натан ыкъо Забыд –
пачъыхьэм ицыхьэшIэгъущтыгъ; [6]Ахъыщар – пачъы-
хьэм иунэ-хапIэ лъыплъэщтыгъ, Iабыдэ ыкъо Адони-
рам – егъэзыгъэкIэ Iоф зэрагъашIэщтыгъэ цIыфхэм
ятхьамэтагъ.

[7]Зэрэ Израилэу ит чIыпIэ гъэIорышIапIэхэм яIэ-
шъхьэтетхэу Сэлмэн нэбгырэ пшIыкIутIу иIагъ. Пачъы-
хьэмрэ ащ иунагъорэ апае гъомлапхъэхэр ахэм къыра-
гъэуалIэщтыгъэх. Нэбгырэ пэпчъ илъэсым щыщэу зы
мазэм телъытагъэу гъомлапхъэхэр къыригъэолIэнхэр
ипшъэрылъыгъ. [8]Ахэм ацIэхэр мары: Хъур ыкъо –
Ефраим къушъхьалъэр ыIэ илъыгъ; [9]Дэкъэр ыкъо –
Макъац, ЩаIалбим, Бэтщэмэщ, Елэн, Бэтхъэнан ыIэ
илъыгъэх; [10]Хъэсэд ыкъо – Арубот ыIэ илъыгъ, ар дэ-
дэм Сэукъои Хъэфэр чIыгури зэрэщытэу фэгъэзэгъа-
гъэх; [11]Абинэдау ыкъо – Дор къушъхьэхэр ыIэ илъы-
гъэх; Сэлмэн ыпхъу Тафат ащ ишъузыгъ; [12]Ахъылуд

ыкъо БэIанэ – къалэхэу ТаIынахърэ Мэгъыдэрэ, Изры-
Iэлым ыхэкIэ щыIэу Цэртан пэблагъэу къалэу Бэтщан
зэрэщытэу, Бэтщан къыщегъэжьагъэу къалэу Абэл-Ма-
хъолэ нэсыжьэу, къалэу ИокъмэIами шIокIыжьэу ыIэ
илъыгъэх; 13 Гъэбэр ыкъо – ГъылыIадым ит къалэу Ра-
мот, Мэнасэ ыкъо Яир икъуаджэхэу ГъылыIадым итхэ-
ри; Бащан къушъхьэ-шъоф чIыпIэм ит хэкоу Аргобрэ
дэпкъхэмкIэ къэшIыхьагъэхэ, гъоплъэ сэхэмкIэ егъэ-
тыгъэ къэлэшхо тIокIищымрэ ыIэ илъыгъэх; 14 Iыдэу
ыкъо Ахъынадаб – Махъанаим ыIэ илъыгъ; 15 Ахъыма-
Iац – Нафталый хэкур ыIэ илъыгъ; Сэлмэн ыпхъу Бас-
мат шъузэу ащ ыщэгъагъ; 16 Хъущай ыкъо БэIан – Ащэр
хэкумрэ къалэу БэIалэтрэ ыIэ илъыгъэх; 17 Парыуахъ
ыкъо Ехъощафат – Исасхъар хэкур ыIэ илъыгъ; 18 Елэ
ыкъо Щымэй – Бинямин хэкур ыIэ илъыгъ; 19 Урый
ыкъо Гъэбэр – амор лъэпкъым ипачъыхьэу Сихъонрэ
Бащан хэкум ипачъыхьэу Iогърэ тетыгъор зыщаIыгъы-
щтыгъэ ГъылыIад чIыпIэр ыIэ илъыгъ. Ежь закъор ары
мыщ щычIыпIэIашъхьэтетыгъэр.

20 Ехъудэри Израилри хы Iушъом Iулъ пшахъом фэдэу бэ хъухэу, ашхыщтри рашъущтри яхъойхэу, тхъэжьэу щыIагъэх.

## Ятфэнэрэ шъхьэр

*Сэлмэн зэрэдэтхъагъэхэр*

5 1 Псыхъоу Евфрат къыщегъэжьагъэу фылист лъэ-
пкъым ичIыгурэ Мысырым игъунапкъэхэмрэ анэсы-
жьэу арыт пачъыхьагъухэр зэкIэ Сэлмэн ыIэ илъыгъэх.

Сэлмэн опсэуфэ ахэм зэкӀэми тынӀахьэхэр къыраты-
щтыгъэх, къыфэкъулыкъушӀэщтыгъэх*. [2] Сэлмэн гъом-
лапхъэу коц хьаджыгъэ тоннищрэ, нэмыкӀ лэжьыгъэ
хьаджыгъэ тоннихрэ, [3] былым гъэшхагъэу шъхьипшӀым,
хъупӀэм къыращыгъэ былымышъхьэ тӀокӀым, мэл-пчэн-
хэм анэмыкӀэу, шъыхьэхэр, мэзачъэхэр, шъофпчэнхэр,
щагубзыу гъэпщэрыгъэхэр етӀани мафэ къэс ищыкӀэ-
гъагъэх. [4] Псыхъоу Евфрат икъохьапӀэ лъэныкъокӀэ,
Тифсахъ къыщегъэжьагъэу Ӏаззэ нэс илъ чӀыгухэмрэ
адэжькӀэ щыӀэ пачъыхьагъухэмрэ зэкӀэ Сэлмэн ыӀэ
илъыгъэх. Игъунэгъу хэгъэгухэм зэкӀэми мамырэу ар
адэпсэущтыгъ. [5] Джаущтэу Ехъудэмрэ Израилымрэ щы-
нагъо ямыӀэу, Сэлмэн опсэуфэ, Дан къыщегъэжьагъэу
БэрщэбаӀ нэсыжьэу арысхэм – хэти исэнашъхьэрэ имар-
кӀорэ ылэжьзэ шхэжьыщтыгъэ. [6] Сэлмэн ку псынкӀэхэм
акӀашӀэрэ шы мин тӀокӀитӀум апае шэщхэмрэ шыуш
мин пшӀыкӀутӀурэ иӀагъэх. [7] Зэрэ Израилэу ит чӀыпӀэ
гъэӀорышӀапӀэхэм яӀэшъхьэтетхэм Сэлмэнрэ ащ иӀанэ-
пэсхэмрэ ящыкӀэгъэщт гъомлапхъэхэр зэкӀэ, щыкӀагъэ
афэмыхъоу шъхьадж фагъэнэфэгъэ мазэм къыригъэуа-
лӀэщтыгъэх. [8] Шыхэмрэ къыдырхэмрэ арагъэшхыщт хьэ-
ри уарзэри шъхьадж ичэзыум пачъыхьэр чӀыпӀэу зыдэ-
щыӀэрэм къырищалӀэщтыгъэх.

[9] Тхьэм Сэлмэн акъылышӀуи, зэхэшӀыкӀышхуи, шӀэ-
ныгъэшхуи гъуни нэзи имыӀэу къыритыгъэх. [10] Сэл-
мэн иакъылышӀукӀэ КъокӀыпӀэм къыщалъфыгъэ цӀыф
пстэуми, мысырхэми яӀушыгъэ ашъхьапырифыжьы-
щтыгъэ. [11] Ар цӀыф пстэуми анахь акъылышӀуагъ, ез-
рахъ цӀыф лъэпкъым щыщэу Етани, Махъол ыкъохэм –

---

* 5:1 *Мы стихыр Септуагинтым* – ижъырэ урымыбзэмкӀэ зэрадзэ-
кӀыжьыгъэ Ӏэпэрытхым техыгъэу урысыбзэмкӀэ зэрадзэкӀыжьы-
гъэм ия 4-рэ шъхьэ ия 21-рэ стихэу щыт.

Хъэмэн, Къалкол, ДардэI анахь акъылышIуагъ, гъунэ-
гъу лъэпкъ пстэуми ащ ищытхъу аIуатэщтыгъэ. [12] Джащ
тетэу гъэсэпэтхыдэ минищрэ орэд минрэ тфырэ ащ
зэхилъхьагъэх. [13] Ливан хэгъэгум къыщыкIырэ кедрэ
чъыгым къыщегъэжьагъэу дэпкъым къыхэкIыкIырэ
иссопым* нэсыжьэу ар къатегущыIагъ, псэушъхьэхэ-
ми, бзыухэми, хьацI-уцIхэми, пцэжъыехэми къатегу-
щыIагъ. [14] Арыти, Сэлмэн зэрэIушым икъэбар зэхэзы-
хыгъэ лъэпкъ пстэуми, чIыпIэ зэфэшъхьафмэ арыс
пачъыхьэ пстэумэ ялIыкIохэр ащ иIушыгъэ едэIунхэу
къакIощтыгъэх.

### *Сэлмэн Тхьэм и Унэ ишIын зызэрэфигъэхьазырыгъэр*

[15] Цэур къалэм ипачъыхьэу Хъирам Даут опсэуфэ
иныбджэгъущтыгъ. Сэлмэн ятэ ычIыпIэкIэ пачъыхьа-
нэу дагъэ зэрэщафагъэм икъэбар зызэхехым, лIыкIо-
хэр Сэлмэн дэжь ащ къыгъэкIуагъэх. [16] Ежь Сэлмэни
Хъирам дэжь раIонэу ыгъэкIуагъэх: [17] «Сятэ Даут игъу-
нэгъу лъэпкъхэм зэрязаощтыгъэм къыхэкIэу, Зиусхьа-
ным ахэр лъэгукIэтын къыфемышIыфэ Зиусхьанэу
Тхьэм ыцIэ епхыгъэу Унэ** зэримышIышъугъэм ори
ущыгъуаз. [18] Ау мары си Зиусхьанэу Тхьэм тыдэкIи гу-
псэфыгъо къыщыситыгъэшъ, пыйи пэрыохъуи джы
сиIэжьэп. [19] Арышъ, „О пкъоу пчIыпIэ уитахътэ те-
згъэтIысхьащтым Сэ сцIэ епхыгъэу Унэ ышIыщт“ ыIуи,

---

* 5:13 Мэ IашIу къызпихрэ уц лъэпкъэу дэпкъхэми ахэкIыхьан зылъэкIыщтыгъэр аугъойти зыуукъэбзын фэIо-фашIэм щагъэфедэщтыгъэ.

** 5:17 Тхьэм ыцIэ епхыгъэу Унэ ыIомэ къыкIырэр: Тхьэм ицIыфхэр Тхьэм зыщыпэблэгъэхэ чIыпI; Тхьэм ищытхъурэ ишIулъэгъу-гукIэгъурэ мы чIыпIэр зэлъаIыгъ.

Зиусхьаным сятэ Даут къызэрэриIуагъэм тетэу, си Зиу-
сханэу Тхьэм ыцIэ епхыгъэу Унэ сшIыщтышъ, [20] Ли-
ваным къыщыкIырэ кедрэ чъыгхэр къысфыраупкIын-
хэу унашъо афэшI. Згъэлажьэхэрэр о бгъэлажьэхэрэм
ягъусэщтых, о къэбгъэуцурэ уасэм фэдиз бгъэлажьэхэ-
рэм апае къыостыщт. Сыда пIомэ Цыдон къалэ щыщ-
хэм чъыгхэр зэрэраупкIышъурэм фэдэу изыупкIышъун
цIыф тэ зэрэтимыIэр ори ошIэ».

[21] Сэлмэн къырарыгъэIуагъэр зызэхехым Хъирам гу-
шIуи ыIуагъ: «Мы лъэпкъышхор ыгъэIорышIэнэу Даут
шъэо Iуш къезытыгъэ Зиусхьаным щытхъур ыдэжь!»
[22] Ащ лъыпытэу Хъирам Сэлмэн дэжь ыIофтэхи рари-
гъэIуагъ: «Садэжь къызфэбгъэкIогъэхэ Iофым зыщы-
згъэгъозагъ. Кедрэ ыкIи кипарис чъыгхэм яхьылIагъэу
узфаер къыпфэсшIэщт. [23] Згъэлажьэхэрэм ахэр Лива-
ным къыращынхэшъ, хы Iушъом къынагъэсыщтых.
Зэгопхагъэхэу химкIэ къязгъэщэнхэшъ, о къэбгъэнэфэ-
гъэ чIыпIэм къынязгъэгъэсынхэшъ, джащ дэжьым къы-
щызэтырязгъэлъхьащтых. Ащ ыуж о зыIэкIэбгъэхьажьы-
щтых. Ау ори сишIоигъоныгъэ сфэгъэцакI, сипщыпIэ
дэсхэм апае лэжьыгъэ къысфягъащ». [24] Джаущтэу Хъи-
рам Сэлмэн зэрэфаем фэдэу кедрэ чъыгхэмрэ кипа-
рисхэмрэ къыритыщтыгъэх. [25] Ежь Сэлмэн Хъирам
ипщыпIэ щыпсэухэрэм ашхынэу коц тонн минищ фэ-
дизрэ зэйтын дэгъэ къабзэу литрэ мин пшIыкIутIурэ
шъитIурэ фэдизрэ ритыщтыгъэх. Илъэс къэс джащ
фэдиз ащ Хъирам ритыщтыгъэ. [26] Зиусхьаным къызэри-
гъэгугъагъэм тетэу Сэлмэн акъылышIу къыхилъхьагъ.
Хъирамрэ Сэлмэнрэ зэшIугъэх, ахэм зэзэгъыныгъэ зэ-
дашIыгъ.

[27] Арыти, Сэлмэн зэрэ Израилэу лэжьэнхьакъ ащыты-
рилъхьагъ. Лэжьэнхьакъыр зыпшъэ дэкIыщтыгъэр нэ-
бгырэ мин щэкI. [28] Нэбгырэ минипшI зырызэу чэзыукIэ

зы мазэрэ къэтынхэу ахэр Ливаным ащ ыгъакIощты-
гъэх. Зы мазэрэ Ливаным къэтхэти, етIанэ мэзитIурэ
яунэ исыщтыгъэх. Адонирам ахэм яIэшъхьэтетыщтыгъ.
[29] Ахэм анэмыкIэу нэбгырэ мин тIокIищрэ минипшIрэ
хьылъэзехьэу, мыжъор къыгозыутрэ нэбгырэ мин тIо-
кIиплIырэ Сэлмэн къушъхьэлъэ хэкум щыфэлажьэщты-
гъэх. [30] Ащ дакIоу Iоф зышIэрэ цIыфхэм алъыплъэнхэу
Сэлмэн Iэшъхьэтетэу нэбгырэ минищрэ шъищрэ тыри-
гъэхьэгъагъ. [31] Унэ лъапсэм халъхьанхэм пае мыжъошхо-
хэр, мыжъо пытэ лъэпкъ дэгъухэр, ауIучIыгъэ мыжъо-
хэр къагъэхьазырынхэу пачъыхьэм унашъо афишIыгъ.
[32] Арыти, Сэлмэн ипсэолъэшIхэми, Хьирам ипсэо-
лъэшIхэми, Гъыбыл къалэм щыщхэми мыжъохэр ауIу-
чIыщтыгъэх, Тхьэм и Унэ халъхьанхэм пае ахэри пхъэ-
хэри къагъэхьазырыщтыгъэх.

**Яхэнэрэ шъхьэр**

*Тхьэм и Унэ зэрагъэпсыгъэр*

6 [1] Израил цIыфхэр мысыр чIыгум къызикIыжьыгъэ-
хэм ыуж илъэс шъиплIрэ тIокIиплIырэ тешIагъэу,
Сэлмэн Израилым зэрипачъыхьэри илъэсиплIым хэ-
хьагъэу, илъэсым иятIонэрэ мазэу Зиф зыфаIорэм*
тефэу Тхьэм и Унэ игъэпсын ар фежьагъ. [2] Сэлмэн
Тхьэм и Унэу ыгъэпсыгъэм икIыхьагъэ метрэ щэкI,

* 6:1 Ижъырэ джуртхэм илъэсым имазэхэр къызэралъытэщты-
гъэмкIэ, мэлылъфэгъум ыгузэгу дэжь фэдизым къыщегъэжьагъэу
жъоныгъуакIэм ыгузэгу нэс къыубытырэ уахътэр ижъырэ джур-
тыбзэмкIэ Зиф зыфаIощтыгъэ мазэм тефэщтыгъэ.

ишъомбгъуагъэ метрипшI, илъэгагъэ метрэ пшIыкIутф
фэдиз хъущтыгъэх. 3Тхьэм и Унэ ишъомбгъуагъэ ди-
штэу, икIыхьагъэ метрипшI хъунэу, ишъомбгъуагъэ ме-
тритф фэдизэу чIэхьапIэ фишIыгъ. 4Хъагъэм фэдэу
зэпыутыгъэхэу, акIоцIкIэ щышъуамбгъохэу, кIыбымкIэ
нахь щыбгъузэхэу, алъапсэхэр инэу къеупсэхыгъэхэу
шъхьангъупчъапIэхэр хихыгъэх. 5Джащ фэдэу Тхьэм
и Уни кIоцI унэ лъапIэри къызэдиубытхэу Тхьэм и
Унэ пышIыхьэ фишIыгъ. ЕтIанэ пышIыхьэр унэ
шъхьаф-шъхьафэу зэтыриутыжьыгъ. 6Щэ зэтет пышIы-
хьэм ычIэгърэ тетыпIэм ишъомбгъуагъэщтыгъэр метри-
тIурэ ныкъорэ фэдиз, ащ ышъхьагъ тетым ишъомбгъуа-
гъэ зыфэдизыгъэр метрищ Iэпэ-цып, шъхьагъ шъыпкъэм
ишъомбгъуагъэщтыгъэр метрищрэ ныкъорэ фэдиз. Пы-
шIыхьэр Тхьэм и Унэ идэпкъхэм къанэмысыным те-
гъэпсыхьагъэу зишъомбгъуагъэ чIыпIэ-чIыпIэу зэтеу-
тыгъэ дэпкъыр Тхьэм и Унэ хъурэябзэу къыдекIокIэу
къешIэкIыгъагъ.

7Тхьэм и Унэ агъэпс зэхъум ауIучIыгъэ мыжъо хьа-
зырхэр халъхьагъэх. Тхьэм и Унэ игъэпсыгъом отэ,
пхъэшIэ ощ е нэмыкI гъучI Iэмэ-псымэ горэхэм ятео
мэкъэ анахь цIыкIуи щызэхэпхыщтыгъэп. 8ЯтIонэрэ
тетыпIэм унэсыным пае Тхьэм и Унэ икъыблэ лъэны-
къо хэлъыгъэ ихьапIэмкIэ укъихьан фэягъэ. ДэкIое-
пIэ щыхьэхэмкIэ ятIонэрэ тетыпIэм нэсхэти, етIанэ
ащ текIхэти шъхьагъ шъыпкъэм дэкIуаещтыгъэх.
9Джаущтэу Тхьэм и Унэ ишIын ащ ыухыгъ, кедрэ
пхъэмбгъухэр зытеIулIэжьыгъэ кедрэ бгыкъухэр ащ
икIашъо тыраригъэдзагъэх. 10ЕтIани метрищ фэдиз
зилъэгэгъэ пышIыхьэхэр Тхьэм и Унэ къыдакIухьэу па-
ригъэшIыхьагъэх. Кедрэ пкъэухэмкIэ ахэр Тхьэм и Унэ
къегъэпытылIэгъагъэх.

11 Арыти, Зиусхьаным Сэлмэн зыкъыфигъази къыри-
Іуагъ: 12 «Мары Тхьэм и Унэ ошІы. Сишапхъэхэм уате-
мыкІэу, Сигъэнэфагъэхэм уаблэмыкІэу, Сиунашъохэр
зэкІэ бгъэцакІэхэзэ пшІыщтмэ, уятэ Даут къесІуагъэр
оркІэ Сэ згъэцэкІэжьыщт. 13 Израил цІыфхэм сахэтыщт,
сиизраил лъэпкъи збгынэщтэп».
14 Джащ тетэу Сэлмэн Тхьэм и Унэ игъэуцун ыухыгъ.

*Тхьэм и Унэ ыкІоцІ зэрашІыгъэр*

15 Тхьэм и Унэ ыкІоцІкІэ дэпкъым кедрэ пхъэмбгъу-
хэр къыраригъэІулІэкІыгъэх. Тхьэм и Унэ иджэхашъуи
икІашъуи зэдакІоу пхъэхэр атыраригъэІулІагъэх, джэ-
хашъом кипарис пхъэмбгъухэр раригъэдзагъэх. 16 Тхьэм
и Унэ ыпхачІэ щыІэу, метрипшІ фэдизкІэ ащ къыкІэ-
рыгъэкІотыгъэу дэпкъ аригъэгъэуцуи, джэхашъом къы-
щегъэжьагъэу кІашъом нэс кедрэ пхъэмбгъухэр тыра-
ригъэІулІэхи, лъапІэмэ яанахь лъэпІэжьым пае кІоцІ
унэ лъапІэр джащ щаригъэшІыгъ. 17 Тхьэм и Унэ щы-
щэу адрэ къэнагъэм икІыхьагъэ метрэ тІокІ фэдизыгъ.
18 Тхьэм и Унэ ыкІоцІ къыраІулІэкІыгъэ кедрэм къа-
лъыркъэбхэмрэ къызэІуихынэу ригъэжьэгъэ къэгъэгъэ
Іэрамхэмрэ ятеплъэ фэдэ зиІэ сурэтхэр щыпхырыупкІы-
гъагъэх. Мыжъохэр къэмылъагъоу зэкІэми кедрэр ате-
ІулІэгъагъ. 19 Зиусхьаным иунашъохэр зыдэлъ Пхъонтэ
лъапІэр чІигъэуцоным пае а кІоцІ унэ лъапІэр Тхьэм и
Унэ ащ харигъэшІыхьагъ. 20 КІоцІ унэ лъапІэм икІы-
хьагъэ метрипшІ фэдизыгъ, ишъомбгъуагъи илъэгагъи
метрипшІ зырыз фэдизыгъ. Ащ ыкІоцІ дышъэ къабзэ
къыригъэтІылъэкІыгъ. КІоцІ унэ лъапІэм уимыхьэзэ,
ащ ыпашъхьэ дэжь щытыгъэ къурмэншІыпІэм кедрэ
пхъэмбгъухэр къыриІулІэкІыгъэх. 21 Сэлмэн Тхьэм и
Унэ ыкІоцІи дышъэ къабзэ къыригъэтІылъэкІыгъ. Ды-
шъэ пшъэхъухэр кІоцІ унэ лъапІэм ыпашъхьэ рищэхи,

ащи дышъэ къыригъэтIылъэкIыгъ. [22] Тхьэм и Унэ зэрэ-
щыт къабзэу, кIоцI унэ лъапIэм итыгъэ къурмэншIы-
пIэми дышъэ къаригъэтIылъэкIыгъ.

[23] Метритф фэдиз зилъэгэгъэ къэрыубитIоу* зэйтын
чъыгым хэшIыкIыгъэхэр кIоцI унэ лъапIэм ригъэуцуа-
гъэх. [24] Къэрыубым изытамэ метритIурэ ныкъорэ фэди-
зыгъ, адрэ тамэми ишъомбгъуагъэ метритIурэ ныкъорэ
фэдизыгъ. Зы тэмэ цыпэм къыщегъэжьагъэу адрэ тэмэ
цыпэм нэс илъыгъэр метритф фэдизыгъ. [25] Адрэ къэ-
рыубми иинагъэ метритф фэдизыгъ. КъэрыубитIури
яшапхъэхэмкIи ятеплъэкIи зэфэдэкъэбзагъэх. [26] Зы къэ-
рыубым илъэгагъэ метритф фэдизыгъ, адрэ къэрыубри
джащ фэдизыгъ. [27] Къэрыубхэр Тхьэм и Унэ ыкIоцI ыгу-
зэгу ащ ригъэуцуагъэх. Къэрыубмэ атамэхэр зэкIэхыгъа-
гъэх. Зы къэрыубым ытамэ зы дэпкъым нэсыщтыгъэ, адрэ
къэрыубым ытамэ нэмыкI дэпкъым нэсыщтыгъэ. Адрэ
ятэмитIу Тхьэм и Унэ ыкIоцI ыгузэгу щызэнэсыщтыгъэх.
[28] Къэрыубхэри дышъэкIэ ащ къыгъэтIылъыхьагъэх.

[29] Ащ дакIоу Тхьэм и Унэ ыкIоцI дэпкъхэм зэрэщы-
тэу къэрыубхэм, пальмэ чъыгхэм, къызэIуихынэу ри-
гъэжьэгъэ къэгъэгъэ Iарамхэм ятеплъэ фэдэ зиIэ сурэт-
хэр ащыпхыриупкIыгъэх. [30] Джащ фэдэу Тхьэм и Унэ
хэт кIоцI унэ лъапIэм иджэхашъуи Тхьэм и Унэ адрэ
иджэхашъуи дышъэ атырилъхьагъ. [31] Зэйтын чъыгым хэ-
шIыкIыгъэу тфэ зэтет пчъэблыпкъхэр зиIэ пчъэбгъуи-
тIузэIухыр кIоцI унэ лъапIэм урихьанэу хилъхьагъ**.
[32] Зэйтын чъыгым хэшIыкIыгъэ пчъэбгъуитIузэIухым
зэрэщытэу ыбгъумэ къэрыубхэм, пальмэхэм, къызэIуи-
хынэу ригъэжьэгъэ къэгъэгъэ Iэрамхэм ятеплъэ фэдэ

* 6:23 Еплъ: «Мосэ иятIонэрэ тхылъ» (25:18-20; 37:7-9).

** 6:31 Ижъырэ джуртыбзэмкIэ тхыгъэ Iэпэрытхыр мы чIыпIэм щызэхэугуфыкIыгъуай.

зиIэ сурэтхэр ащыпхыриупкIхи, дышъэкIэ къыгъэтIы-
лъыхьажьыгъэх, къэрыубхэми пальмэхэми дышъэр агы-
рилъхьагъ.
33 Зэйтын чъыгым хэшIыкIыгъэу плIэ зэтет пчъэ-
блыпкъхэр Тхьэм и Унэ чIэхьапIэу фишIыгъэх. 34 Лъэ-
ныкъуитIукIи зэIукIыщтыгъэ пчъэзэкIоцIытыр кипарис
чъыгым хишIыкIыгъ. Зы пчъэм ылъэныкъуитIу ыпэкIи
ыужкIи зэIукIыщтыгъэ, адрэ пчъэми ылъэныкъуитIу
ыпэкIи ыужкIи зэIукIыщтыгъэ. 35 Къэрыубхэр, пальмэ-
хэр, къызэIуихынэу ригъэжьэгъэ къэгъэгъэ Iэрамхэм яте-
плъэ фэдэ зиIэ сурэтхэр ахэм ащыпхыриупкIхи, дышъэр
къаригъэтIылъэкIыжьыгъ. 36 Ащ къыщымыуцоу ауIучIы-
гъэ мыжъо хьазырхэр сатырищэу зэтырилъхьи, кедрэ
бгыкъухэр зы сатырэу ахэм къатырилъхьажьи, кIоцI ща-
гур дэпкъкIэ къышIыхьагъ.
37 ЯплIэнэрэ илъэсым, Зиф мазэм тефэу, Зиусхьаным
и Унэ лъапсэ ащ фишIыгъ. 38 ЯпшIыкIузэнэрэ илъэ-
сым, Булэ мазэм*, ар яенэрэ маз, ищыкIагъэр зэкIэ
ешIылIагъэу Тхьэм и Унэ игъэпсын ащ ыухыгъ. Ащ
ишIын илъэсиблэ пылъыгъ.

**Яблэнэрэ шъхьэр**

*Сэлмэн икъэлэсэрай*

7 1 Сэлмэн ежь пае ышIыщтыгъэ къэлэсэраим игъэ-
псын илъэс пшIыкIущэ пылъи, ар зэрэщытэу
ыухыгъ.

---

* 6:38 Чъэпыогъум ыгузэгу дэжь фэдизым къыщегъэжьагъэу шэ-
кIогъум ыгузэгу нэс къыубытырэ уахътэр ижъырэ джуртыбзэмкIэ
Булэ зыфаIощтыгъэ мазэм тефэщтыгъэ.

2 Джащ фэдэу Ливан Мэз Ун зыфаIори ышIыгъ. Ащ
икIыхьагъэ метрэ шъэныкъо, ишъомбгъуагъэ метрэ
токIрэ тфырэ, илъэгагъэ метрэ пшIыкIутф фэдизыгъ.
СатыриплI хъоу кедрэ кIэсэнхэр унэм кIигъэуцуагъэх.
Кедрэ бгыкъухэр а кIэсэнхэм атыриIулIэжьыгъэх. 3 Кед-
рэ кIэсэн тIокIитIурэ тфырэу пшIыкIутф-пшIыкIутфэу
сатырэу чIэсагъэмэ апэпчъ кедрэ бгыкъу пшIыкIутф
зырыз атыриIулIэжьи, шъхьагъырэ унэу зикIашъо бгы-
къу пшIыкIутф зырызэу шъолъырищэу зэтеутыгъэр ащ
тыригъэуцожьыгъ. 4 НэфынэкъипсапIэхэр сатырищэу зэ-
тетыгъэх. НэфынэкъипсапIэм нэфынэкъипсапIэ къыпэ-
Iутыгъ. 5 ПчъэхэгъэуцуапIэхэри пчъэблыпкъхэри плIэу
зэтетыгъэх.

6 Метрэ тIокIырэ тфырэ фэдиз икIыхьагъэу, метрэ
пшIыкIутф хъун ишъомбгъуагъэу КIэсэнхэр ЗыкIэт
Унэшху зыфаIоу шъхьэ зытелъыр ащ ышIыгъ. Шъхьэ
фэхъурэяшъо зиIэ унэшхоу КIэсэнхэр зыкIэтыр зы-
фаIорэр ащ къыпишIыхьажьыгъ.

7 Тэхътэ ЩытыпIэ Унэшхор зыфаIоу, хьыкум зыщи-
шIыщтыгъэу, Хьыкум ШIыпIэ УнэшхокIэ заджэщты-
гъэхэри ышIыгъ. Ащ иджэхашъорэ идэпкъхэмрэ кедрэ
пхъэмбгъухэр атырарigъэIулIагъэх.

8 Ежь зыщыпсэущтыгъэ унэм ищагоу кIэсэнхэр зы-
кIэт Хьыкум ШIыпIэ Унэшхом ыкIыбкIэ щыIагъэри
джащ фэдэу ыгъэпсыгъ. Мысыр пачъыхьэм ыпхъоу Сэл-
мэн къыщагъэм ежь ием фэдэ унэ фаригъэшIыгъ. 9 Ар
джэхашъом къыщегъэжьагъэу унашъхьэм нэсыжьэу,
ыкIыби къыхиубытэу, щагушхом нэсыжьэу шапхъэмэ
атетэу нэIумкIи кIыбымкIи ауIучIыхи, пхъэххэмкIэ зэ-
пахыжьыгъэ мыжъо лъэпкъ пытэ дэгъухэмкIэ, мыжъо-
шхохэмкIэ къэгъэпкIыхьэгъагъ. 10 Зым икIыхьагъэ ме-
тритф хъунэу, адрэм икIыхьагъэ метриплI фэдизэу мы-
жъо лъэпкъ пытэ дэгъухэм, мыжъошхохэм унэ лъапсэр

ахэшIыкIыгъагъ. 11 Шапхъэмэ атетэу ауIучIыгъэ мыжъо
лъэпкъ пытэ дэгъухэр ащ ыкIыIу тырилъхьэхи, кедрэ
бгыкъухэр ахэм атырилъхьажьыгъэх. 12 Щагушхор, Зиу-
схьаным и Унэ ыкIоцIырэ ищагуи Тхьэм и Унэ иапэрэ
ихьапIэу кIэсэнхэр зыкIэтри шапхъэмэ атетэу ауIучIы-
гъэ мыжъохэр сатырищэу зэтелъхэу, кедрэ бгыкъухэр
зыкIыIу зы сатырэу телъыжьхэмкIэ джащ фэдэу хъурэя-
бзэу къэшIыхьэгъагъэх.

### *Хъирам иIэпэIэсэныгъ*

13 ЕтIанэ Сэлмэн Цэур щыщ Хъирам лъигъэкIуагъэх.
14 Израил лъэпкъым къыхиубытэрэ нэфтэлый лъэпкъым
щыщ шъузабэ горэм ар икIалэщтыгъ. Ятэ Цэур щыщыгъ,
джэрзым Iоф зэрэдэпшIэщтым ар фэIазэу щытыгъэти,
фэIэпэIасэу пкъыгъо зэфэшъхьафхэр ащ хишIыкIыщты-
гъэх. Ар пачъыхьэу Сэлмэн дэжь къэкIуагъэу Iоф зэфэ-
шъхьафхэр фишIэщтыгъ.

### *Джэрз кIэсэнитIур зэришIыгъэр*

15 Метрибгъу зырыз фэдиз зилъэгэгъэ кIэсэнитIоу
джэрз гъэткIугъэм ащ хишIыкIыгъэхэм метрэ хырых
фэдиз зикIыхьэгъэ джэрз шъэгъэ блэрхэр зэфэдэу хъу-
рэябзэу къадекIокIыщтыгъэх. 16 КIэсэн шъхьагъхэр
хъурэябзэу къызэдаубытэу къатыригъэуцожьынхэм пае,
метритIурэ ныкъорэ фэдиз зырыз ялъэгагъэу танджхэр
джэрзым хигъэткIукIыгъэх. 17 КIэсэн шъхьагъхэм аты-
ригъэуцогъэ танджхэм къарихъухыжьынэу джэрз шъэ-
гъэ блэрхэмрэ хъытыу фэдэу зэхэблэгъэ джэрз пшъэ-
хъухэмрэ блырыблэу ыгъэхьазырыгъэх. 18 Джаущтэу
кIэсэнхэр ыгъэпсхи, ахэм ашъхьагъхэм атыригъэуцо-
гъэ танджхэм къарихъухыжьыгъэ хъытыухэм ачIэгъ къы-
декIокIэу фэхъурэяшъоу къытепшырэ сатыритIоу нар

теплъэ зиIэхэр язырызэу ышIыгъ. [19] МетритIу хъунэу
яинагъэу аIууц къэгъагъэхэм ятеплъэ зиIэ танджхэр
ышIыхи Тхьэм и Унэ иапэрэ ихьапIэу кIэсэнхэр зыкIэ-
тым кIагъэуцогъэ пкъэухэм ашъхьагъ тыригъэуцожьы-
гъэх. [20] Фэхъурэяшъоу къытепшырэ тхыпхъэхэу кIэсэ-
нитIуми ашъхьагъ тетыгъэ танджхэм алъэпсэ шъыпкъэ-
мэ къадекIокIыхэрэр хъытыум пэблэгъагъэх. СатыритIу
хъоу нар шъитIу хъурэябзэу ахэм къаришIэкIыгъ*.
[21] ЕтIанэ кIэсэнхэр кIэтэу Тхьэм и Унэ иапэрэ ихьапIэ
ышIыгъ. Зы кIэсэныр къыблэмкIэ ыгъэуцуи, ЯхынкIэ**
еджагъ. Адрэ кIэсэныр темырымкIэ ыгъэуцуи, БоIаз-
кIэ*** еджагъ. [22] КIэсэнхэм ашъхьагъ аIууц къэгъагъэм
итеплъэ фэдэ яIэу ышIыгъ. Джащ тетэу кIэсэнхэм ягъэу-
цун ыухыгъ.

### *Джэрзым хэшIыкIыгъэ лэгъуп-псыубытыпIэр*

[23] ЕтIанэ лэгъуп-псыубытыпIэр джэрзым хишIы-
кIыгъ. Ащ ынэз зы бгъум къыщегъэжьагъэу адрэ бгъум
нэс метритф фэдиз хъущтыгъэ. Ар зэпэхъурэебзагъ,
илъэгагъэ метритIурэ ныкъорэ фэдизыгъ, ащ ынэз
ихъурэягъэ метрэ пшIыкIутф фэдиз илъыгъ. [24] Джэрз
лэгъуп-псыубытыпIэ IупшIэ чIэгъым хъурэябзэу къыде-
кIокIэу метрэныкъо фэдиз пэпчъ къалъыркъэб теплъэ
зиIэ шIыгъэхэр пшIырыпшIэу пышIэгъагъэх. Сатыри-
тIу хъоу зэготхэу ахэр лэгъуп-псыубытыпIэм хъурэябзэу

---

* 7:20 Ижъырэ джуртыбзэмкIэ тхыгъэ Iэпэрытхыр мы чIыпIэм щызэхэугуфыкIыгъуай.

** 7:21 Ижъырэ джуртыбзэмкIэ мы гущыIэм мэхьанэу иIэр: ежьымкIэ кIуачIэ.

*** 7:21 Ижъырэ джуртыбзэмкIэ мы гущыIэм имэхьанэр: ащ ыгъэпытэщт.

къыдекIокIыщтыгъэх. Къалъыркъэбхэри лэгъуп-псыу-
бытыпIэри зэдакIоу джэрзым зэдыхэгъэткIукIыгъагъэх.
25 Лэгъуп-псыубытыпIэр цу пшIыкIутIум атетыгъ: цуи-
щыр ашъхьэкIэ темырымкIэ, адрищыр къохьапIэмкIэ,
щыр къыблэмкIэ, адрищыр къокIыпIэмкIэ гъэзэгъа-
гъэх. Лэгъуп-псыубытыпIэр ахэм атетыжьыгъ, акIэн-
тIыIухэр лъачIэмкIэ гъэзэгъагъэх. 26 Лэгъуп-псыубы-
тыпIэм ынэзхэр Iабгъу фэдиз хъунэу Iужъугъэх, ыIу-
пшIэхэр Iэгубжъэ IупшIэм фэдэу гъэпсыгъэхэу, аIууц
къэгъэгъэ къызэIукIыгъакIэм итеплъэ зыдаIыгъыгъ. Лэ-
гъуп-псыубытыпIэм псэу литрэ мин тIокIитIу фэдиз
ифэщтыгъэ.

*Щэрэхъхэм атет*
*тхьакIыпIэ-тегъэуцуапIэхэр*

27 Джащ фэдэу ащ щэрэхъхэм атет тхьакIыпIэ-тегъэу-
цуапIэхэр пшIы хъоу джэрзым хишIыкIыгъэх. Щэрэхъ-
хэм атет тхьакIыпIэ-тегъэуцуапIэ пэпчъ метритIу фэ-
диз икIыхьэгъагъ, ишъомбгъуагъэщтыгъэр метритIу
фэдиз, метрэрэ ныкъорэ хъунэу илъэгэгъагъ. 28 Щэ-
рэхъхэм атет тхьакIыпIэ-тегъэуцуапIэхэр мыщ фэдэу
зэхэгъэуцогъагъэх: абгъухэр кIоцIымкIэ щыIэ зэгъэпы-
тылIапIэхэмкIэ зэкIэгъэпытыхьэгъагъэх. 29 КIоцIымкIэ
щыIэ зэгъэпытылIапIэхэмкIэ зэкIэгъэпытыхьэгъэ бгъу-
хэми зэгъэпытылIапIэхэми аслъанхэр, цухэр, къэрыуб-
хэр атешIыхьэгъагъэх. Аслъанхэмрэ цухэмрэ ашъхьагъи
ачIэгъи Iэрам зэхэблагъэхэр атешIыхьэгъагъэх. 30 Тхьа-
кIыпIэ-тегъэуцуапIэ пэпчъ икулъэмыджхэр джэрзэу
джэрз щэрэхъиплIымэ атетыгъ. Лэгъуп-псыубытыпIэр
къэмыукъончыным пае тхьакIыпIэ-тегъэуцуапIэм икъо-
пиплIэу тэмэпкъышъхьэм фэдэу къыпыщыщтыгъэхэм
атегъэуцогъагъ. Ахэри Iэрам зэхэблагъэ пэпчъи зэда-

кIоу джэрзым зэдыхэгъэткIукIыгъагъэх. [31] ТхьакIыпIэ-тегъэуцуапIэм ынэз сантиметрэ шъэныкъокIэ къытеIатыкIыгъагъ. ИтеплъэкIэ кIэсэн лъапсэмэ афэдэу хъурэягъ, ишъомбгъуагъэ сантиметрэ тIокIищрэ пшIыкIутфырэ фэдизыгъ. Ынэз дэхэфэшI горэхэр къешIэкIыгъагъэх. Ар зыдэтым ыбгъухэр плIэмыягъэх нахь, хъурэягъэхэп. [32] ТхьакIыпIэ-тегъэуцуапIэр щэрэхъиплIмэ атетыгъ. Щэрэхъхэм якулъэмыджхэр тхьакIыпIэ-тегъэуцуапIэм дыхэтыгъэх. Щэрэхъ пэпчъ илъэгагъэ сантиметрэ тIокIищрэ пшIыкIутфырэ фэдизыгъ. [33] Щэрэхъмэ язэхэлъыкIэ ку псынкIэмэ акIэт щэрэхъмэ афэдагъ. Ахэм якулъэмыджхэри, якущэрэхъ лъэгухэри, якутакъэхэри, якуцэхэри – зэкIэри зэдакIоу джэрзым зэдыхэгъэткIукIыгъагъэх. [34] ТхьакIыпIэ-тегъэуцуапIэ пэпчъ ыкъопиплI тэмэпкъышъхьэм фэдэу къыпыщыщтыгъэх. Ахэр тхьакIыпIэ-тегъэуцуапIэмэ адыхэгъэткIукIыгъагъэх. [35] Щэрэхъхэр зыкIэт тхьакIыпIэ-тегъэуцуапIэм ынэзхэр сантиметрэ тIокIырэ тфырэ фэдиз горэкIэ тегъэуцуапIэм къышъхьащыщтыгъэх. Ащ ыкъуапэхэм яубытыпIэхэри ыбгъухэри зэдакIоу шIыгъагъэх. [36] Щэрэхъхэр зыкIэт тхьакIыпIэ-тегъэуцуапIэмэ яубытыпIэмэ анэзхэм къэрыубхэр, аслъанхэр, пальмэ чъыгхэр зытебгъэуцон плъэкIыщт чIыпIэмэ атыришIыхьэхи, Iэрам блэрхэм ясурэтхэр ахэм къаригъэкIокIыжьыгъэх. [37] Джаущтэу щэрэхъхэм атет тхьакIыпIэ-тегъэуцопIипшIыр ащ ышIыгъ. ЯшIыкIэкIи, яшапхъэкIи, ятеплъэкIи зэфэдэхэу ахэр джэрзым хигъэткIукIыгъэх.

[38] Джэрз лэгъупипшIи ащ ышIыгъ. Лэгъуп пэпчъ литрэ шъий ифэщтыгъэ. Лэгъуп пэпчъ илъэгагъэ метритIу фэдизыгъ, лэгъуп пэпчъ щэрэхъхэр зыкIэт тхьакIыпIэ-тегъэуцопIипшIым яз тетыгъ. [39] ЕтIанэ щэрэхъхэр

зыкIэт тхьакIыпIэ-тегъэуцопIитфыр Тхьэм и Унэ икъыблэ лъэныкъокIэ гъэзагъэу, адритфыр Тхьэм и Унэ итемыр лъэныкъокIэ щыIэу зэбгыригъэуцукIыгъэх. Джэрзым хэшIыкIыгъэ лэгъуп-псыубытыпIэр Тхьэм и Унэ икъыблэ-къокIыпIэ лъэныкъокIэ ыгъэуцугъ.

### *Тхьэм и Унэ зэрагъэдэхагъэр*

40 ЕтIанэ Хъирам лэгъупхэр, хьакужъонтхъухэр, лэ-
джэнхэр ышIыгъэх. Джаущтэу Хъирам пачъыхьэу Сэл-
мэн дэжь щыIэу Зиусхьаным и Унэ щишIэщтыгъэ
Iофыр зэкIэ ыухыгъ. 41 Ащ ышIыгъэх: кIэсэнитIури,
фэхъурэяшъоу щыт танджхэу ахэм ашъхьарысхэри, тан-
джитIуми къяхъухыжьыгъэщт хъытыуитIури; 42 нар шъи-
плIыри хъытыуитIум апишIэжьыгъэх; хъытыу пэпчъ
нарэу пышIэгъагъэр сатыритIу; кIэсэнхэм ашъхьарыс
танджхэм къарихъухыжьынхэу ахэр ащ ышIыгъэх; 43 щэ-
рэхъхэр зыкIэт тхьакIыпIэ-тегъэуцопIипшIыри, щэрэхъ-
хэр зыкIэт лэгъупипшIыри, 44 лэгъуп-псыубытыпIэри,
ащ ычIэгъ чIэт цу пшIыкIутIури, 45 лэгъупцIыкIухэри,
хьакужъонтхъухэри, лэджэнхэри ащ ышIыгъэх. Зиусхьа-
ным и Унэ пае Хъирам Сэлмэн фишIыгъэ пкъыгъо
пстэури джэрз зэпэлыдыжьым хэшIыкIыгъагъэх. 46 Па-
чъыхьэм ар ыгъэткIути Иордан пэмычыжьэу, Сукъот-
рэ Цэртанрэ азыфагу илъ чIыпIэм чIыгу итIыкIыгъэм
щырарыгъэкIэжьыщтыгъэ. 47 ЕтIанэ а пкъыгъохэр бэ дэ-
дэ зэрэхъущтыгъэхэм къахэкIэу джэрзэу агъэкIуагъэр
зыфэдизыр Сэлмэн аригъэгъэнэфагъэп.

48 Ащ дакIоу Сэлмэн Зиусхьаным и Унэ чIэтыщтыхэр
аригъэшIыгъэх. АригъэшIыгъэхэр мыщ фэдэх: дышъэ
къурмэншIыпIэр, гъомылэ тынхэр зытыралъхьащт ды-
шъэ Iанэр; 49 Тхьэм и Унэ хэт кIоцI унэ лъапIэм икъы-
блэ лъэныкъокIэ тфырытфэу щытынхэу дышъэ къабзэм

остыгъэхэр хишIыкIыгъэх; къэгъагъэхэри, остыгъэхэри,
Iадэхэри дышъэм хэшIыкIыгъагъэх; [50] лэджэн цIыкIу-
хэр, остыгъэм ишъэгъэ стафэхэр къызэрэпахырэ Iадэ-
хэр, нэмыкI лэджэнхэр, Iэгубжъэхэр, жъапхъэхэр ды-
шъэ къабзэм хэшIыкIыгъагъэх. ЛъапIэмэ анахь лъэпIэ-
жьэу Тхьэм и Унэ ыкIоцI итыжьым хэлъ пчъэмрэ Тхьэм
и Унэ иапэрэ ихьапIэ хэлъ пчъэмрэ яхьалъкъхэр ды-
шъэм хэшIыкIыгъагъэх.

[51] Джаущтэу Зиусхьаным и Унэ игъэпсын пылъыгъэ
IофшIэн пстэури Сэлмэн зэшIуихыгъ. Арыти, Сэлмэн
ятэ Даут тыжьынэу, дышъэу, пкъыгъохэу Зиусхьаным
фигъэшъошэгъагъэхэр къыхьхи, Зиусхьаным и Унэ хэт
пкъыгъолъэпIэ-гъэтIылIыпIэм чIэлъынхэу аритыпагъэх.

**Яенэрэ шъхьэр**

*Тхьэм ипхъонтэ лъапIэ*
*Тхьэм и Унэ къызэрахьыжьыгъэр*

**8** [1] Сэлмэн Зиусхьаным ипхъонтэ лъапIэ Даут икъа-
лэу Цион къыдахыжьынышъ къахьыжьыным пае
Израилым инахьыжъ упчIэжьэгъухэм, зэкIэ лIакъомэ
яIэшъхьэтетхэм, израил цIыфхэм къатекIыгъэхэм япа-
щэхэм пачъыхьэу Сэлмэн дэжь, Ерусэлэм, къэкIон-
хэу къыджагъ. [2] Арыти, илъэсым ияблэнэрэ етан ма-
зэм* тефэу израилхэр зэкIэ пачъыхьэу Сэлмэн дэжь

* 8:2 Ижъырэ джуртхэм илъэсым имазэхэр къызэралъытэщты-гъэмкIэ, Iоныгъом ыгузэгумэ адэжь къыщегъэжьагъэу чъэпыо-гъум ыгузэгумэ анэс къыубытырэ уахътэр ижъырэ джуртыбзэм-кIэ етан зыфаIощтыгъэ мазэм тефэщтыгъэ.

агъэмэфэкIынэу къекIолIагъэх.
[3] Израилым инахьыжъ
упчIэжьэгъу пстэури къакIохи, къурмэнышIхэм пхъонтэ
лъапIэр къаIатыгъ.
[4] Зиусхьаным ипхъонтэ лъапIи, чэтэнгъэIэгъэ лъапIэри, ащ чIэлъыгъэ пкъыгъо лъапIэхэри рахьыжьагъэх. КъурмэнышIхэмрэ лэуйхэмрэ*
ахэр ахьыщтыгъэх.
[5] Пачъыхьэу Сэлмэнрэ зэрэ Израилэу ицIыф хэхыгъэхэу ащ щызэрэугъоигъэхэмрэ
пхъонтэ лъапIэм ыпэ итхэу, мэл-пчэнхэмрэ былымхэмрэ ябагъэ зыфэдизыр къэлъытэгъуаеу къурмэн ашIхэзэ, кIощтыгъэх.
[6] КъурмэнышIхэм Зиусхьаным ипхъонтэ лъапIэ къахьи, лъапIэмэ яанахь лъэпIэжьыр зэрытыщт кIоцI унэм рахьи, къэрыубмэ атэмэ чIэгъмэ
ачIагъэуцуагъ.
[7] Къэрыубмэ атамэхэр пхъонтэ лъапIэр
зыдэщыт чIыпIэм ышъхьагъ щызэкIэхыгъэхэу, пхъонтэ лъапIэмрэ ар зэрэзэрахьэрэ пхъэ убытыпIэхэмрэ
ашъхьагъ щыгъэIэгъагъэх.
[8] ЧIыпIэ лъапIэу кIоцI унэ
лъапIэм ыпашъхьэ итымкIэ узыплъэкIэ, пхъонтэ лъапIэр зэрэзэрахьэрэ пхъэ убытыпIэхэм аIэпакIэхэр щыплъэгъущтыгъэх, ау укъыIукIотмэ, плъэгъущтыгъэхэп.
Джы къызнэсыгъэми джащ фэдэу ахэр зэрэщытых.
[9] Израил цIыфхэр Мысыр хэгъэгум къикIыжьыгъэхэу,
Зиусхьаным ахэм зэзэгъыныгъэ къызадешIым, Мосэ
Хъорэб къушъхьэм щыIэзэ пхъонтэ лъапIэм дилъхьэгъэгъэ мыжъобгъуитIум анэмыкI зыпари ащ дэлъыгъэп.
[10] КъурмэнышIхэр чIыпIэ лъапIэм къызекIыжьхэм, ошъуапщэр Зиусхьаным и Унэ из хъугъэ.
[11] Ащ
ошъуапщэр из зэрэхъугъэм къыхэкIэу къурмэнышIхэр
щытынхэ алъэкIыщтыгъэп. Джащ нэсэу Тхьэм Зиусхьаным и Унэ зэлъикIугъ.

---

* 8:4 Лэуйхэр: джуртхэм якъурмэнышI лъэпкъэу Тхьэм ипхъонтэ лъапIэ зезыхьэщтыгъэхэр ары; егъапш: «Мосэ ияплIэнэрэ тхылъ» 3:6-8.

12 Мыщ дэжьым Сэлмэн къыIуагъ:
«Зыщымылъэгъушъущт чIыпIэм зэрэщыIэр ежь
Зиусхьаным къыIуагъ.
13 УипсэупIэнэу Ощ пае мары Унэ лъапIэр сэ
згъэпсыгъэ,
егъашIэм ущыщыIэнэу ар О уичIыпI».

*Сэлмэн цIыфхэм зэрадэгущыIагъэр*

14 Зэрэ Израилэу ицIыф хэхыгъэхэу щытхэм Сэлмэн
закъфыригъэзэкIи Тхьэм ынэшIу къащыфэнэу къафэ-
лъэIуагъ. 15 Ащ къыIуагъ: «Израилым и Зиусхьанэу
Тхьэм, сятэ Даут къыриIуагъэр непэ зыгъэцэкIэжьы-
гъэм, щытхъур ыдэжь! Ащ ыIогъагъ: 16 „Сиизраил
лъэпкъ Мысырым къызщисщыжьыгъэ мафэм къыще-
гъэжьагъэу Сэ сцIэ пае Унэ щагъэпсынэу Израилым
илIакъохэр зыщыпсэурэ къалэмэ ащыщ гори къыхэ-
схыгъэп, Сиизраил лъэпкъ илIышъхьэ хъуным пае
Даут къахэсхыгъ“. 17 Сятэ Даут Израилым и Зиусхьа-
нэу Тхьэм ыцIэ епхыгъэу унэ ыгъэпсынэу гухэлъ
иIагъ. 18 Ау Зиусхьаным сятэ Даут къыриIуагъ: „Джа-
ры сцIэ епхыгъэу унэ пшIынэу угу зэрилъыр дэгъу.
19 Ау сцIэ епхыгъэу унэ зыгъэуцущтыр къыпхэкIыгъэ
шъаор нахь орэп, джары сцIэ епхыгъэу унэ зышIы-
щтыр“. 20 Зиусхьаным ыIуагъэр ыгъэцэкIэжьыгъ. Сятэ
Даут ычIыпIэ сэ сиуцуагъ, Израилым итахъти сыте-
тIысхьагъ, Зиусхьаным зэриIуагъэм фэдэу, Израи-
лым и Зиусхьанэу Тхьэм ыцIэ епхыгъэу унэ сшIыгъэ.
21 Зиусхьаным тятэхэр Мысыр хэгъэгум къызырещыжь-
хэм ахэм къадишIыгъэгъэ зэзэгъыныгъэр зыдэлъ пхъон-
тэ лъапIэм пайи чIыпIэ ащ щызгъэхьазырыгъ».

### *Тхьэм и Унэ икъызэIухыгъом Сэлмэн тхьэлъэIоу щишIыгъэр*

22 Ащ дэжьым Сэлмэн израил лъэпкъым изэIукIэ ыпэ
итэу къурмэншIыпIэм ыпашъхьэ дэжь уцугъэ, ыIэхэр
уашъом фэгъэзагъэу къыдиIэтыехи, 23 къыIуагъ: «Зиу-
схьанэу Израилым и Тхьэр! Ощ фэдэу Тхьэ ташъхьагъ-
кIэ уашъоми ычIэгъкIэ чIыгуми атетэп. УиIумэтхэм
адэпшIыгъэ зэзэгъыныгъэм уфэшъыпкъэу, зыгукIэ
къыпфэщагъэхэу уапашъхьэ ит УиIумэтхэм гукIэгъу
къафэошIы. 24 УиIумэтэу сятэ Даут къепIогъагъэр бгъэ-
цэкIэжьыгъэ; О къэпIогъагъэр непэ бгъэцэкIэжьыгъэ.
25 Израилым и Зиусхьанэу Тхьэр, „Пкъохэр зытет гъо-
гухэм афэсакъхэу, ощ фэдэу сапашъхьэ итхэмэ, о къып-
хэкIыгъэхэр ренэу Израилым итахътэ тесыщтых“ пIуи,
УиIумэтэу сятэ Даут къепIогъагъэр джы къэгъэшъы-
пкъэжь. 26 Израилым и Тхьэр, УиIумэтэу сятэ Даут къе-
пIогъагъэр шъыпкъэ орэхъужь!

27 Шъыпкъэ дэдэу, Тхьэр ара чIыгум щыпсэущтыр?
Уашъоми уашъохэм яуашъуи О уарыфэрэп, сэ сшIыгъэ
унэм ащыгъум уифэхэнэп ныIа. 28 Ау щытми, си Зиу-
схьанэу Тхьэр, УиIумэт итхьэлъэIурэ къызкIэлъэIурэм-
рэ унаIэ къатедз, УиIумэт иджэмакъэрэ тхьэлъэIоу непэ
ышIырэмрэ къызэхэхых. 29 Уинэплъэгъу мафи чэщи мы
Унэми, О пцIэ зэпхыгъэнэу зыфэпIогъэ мы чIыпIэми
къафэрэгъэзагъ. УиIумэт а чIыпIэм щытэу тхьэлъэIоу
ышIыщтыр къызэхэорэх. 30 О УздэщыIэ мы чIыпIэм
дэжь щытхэу УиIумэти Уиизраил лъэпкъи тхьэлъэIу зы-
щашIыкIэ, ятхьэлъэIу къызэхэх, О уздэщыIэ чIыпIэм,
ошъогум къыщызэхэхи япсэкIодхэр къафэгъэгъу.

31 Зыгорэм игупсэ зэрар фэхъоу псэкIод ышIагъэу,
адрэр къедаоу тхьэлъанэ ригъэшIынэу, тхьэлъанэ зэ-

дашIынэу мы Унэм чIэт къурмэншIыпIэм къызекIуа-
лIэхэкIэ, [32] ошъогум къыщызэхэхи, УиIумэтхэм хьы-
кумышI къафэхъу, мысэм ышIагъэр ышъхьэ къигъэ-
фэжьи гъэмысэ, зафэм изэфагъэ елъытыгъэу зэрэза-
фэр къэгъэнаф.

[33] Уиизраил лъэпкъ уапашъхьэ псэкIод зэрэщишIа-
гъэм пае пыир къызытекIокIэ, уадэжь къагъэзэжьэу мы
Унэм къызыщыолъэIухэкIэ, агу еIэжьыгъэхэу къызы-
щыолъэIухэкIэ, [34] ошъогум къыщызэхэххи, Уиизраил
лъэпкъ ипсэкIодшIагъэ къыфэгъэгъуи, ятэмэ къяпты-
гъэгъэ чIыгур ахэм къятыжь.

[35] Уапашъхьэ псэкIод щашIагъэу, ащ пае ахэм огъу
къафэбгъэкIуагъэу мы чIыпIэм зыкъыфагъазэу ахэр
къызыолъэIухэкIэ, уадэжь къызагъэзэжькIэ, О зэре-
бгъэуцолIагъэхэм къыхэкIэу псэкIодэу ашIагъэм зы-
фыкIэгъожьхэкIэ, [36] ошъогум къыщызэхэххи, УиIумэт
Уиизраил лъэпкъ ипсэкIодшIагъэ къыфэгъэгъу, зэры-
кIон фэе гъогу зафэр къыфэгъэнафи, плъэпкъ кIэнэу
къептыгъэ уичIыгу ощх къыщыфегъэщх.

[37] ЧIыгум щыгъаблэу, хьадэгъур къызпыкIырэ зэпах-
рэ бэгуузыр къекIокIэу, жьыбгъэ стырыр къепщэу,
лэжьыгъэр зыгъэкIодрэ узыр, мацIэр, хьамлыухэр къе-
жьагъэхэу е зыщыпсэухэрэ къалэм ичIыгумэ пыир
къатебанэу, тхьамыкIагъо горэ къафыкъокIэу, уз го-
рэм ригъэзыгъэхэу, [38] агу еIэжьыгъэхэу, тхьамыкIагъом
зэлъиубытыгъэхэу, мы Унэм аIэхэр къызыщыпфа-
щэйхэкIэ, зы нэбгырэ горэм е Уиизраил лъэпкъ зэрэ-
щытэу лъэIу къызыпфашIыкIэ, ахэр къызыолъэIухэкIэ,
[39] уздэщыIэ чIыпIэу ошъогум О къыщызэхэххи, япсэ-
кIодхэр къафэгъэгъу. Хэти зэрыкIогъэ гъогум, ыгу
иплъагъорэм елъытыгъэу, ифэшъуашэр егъэгъот, сыда
пIомэ цIыф пстэуми агу илъым О зыр ары щыгъуазэр.

40 Ахэр зэхьылIагъэр тыпщыщынэмэ, тятэмэ къяптыгъэ
чIыгум ренэу тызэрэщыпсэущтыр ары.

41 Уиизраил лъэпкъ щымыщ хамэр О уикъэбар зэхи-
хыгъэу, ащ пае лъэныкъо чыжьэм къикIэу къызыкIо-
кIэ, – 42 сыда пIомэ О уикъэбарышхуи, уилъэкIи, уизэ-
шIокIи ахэми зэхахыщт, – ари къэкIонышъ, мы Унэм
щылъэIощт. 43 УздэщыIэ чIыпIэу ошъогум О къыщы-
зэхэхи, хамэр къызэрэуаджэрэр зэкIэ къыфашI, чIы-
гум тет лъэпкъ пстэуми уашIэным, Уиизраил лъэпкъ
къызэрэпщыщынэрэм фэдэу къыпщыщынэнхэм, къы-
щыолъэIунхэу мы Унэр О зэрэпфэсшIыгъэм икъэбар
зэхахыным пае.

44 О зэрыбгъэкIорэ гъогум тетэу, Уилъэпкъ пыим пэ-
шIуекIоу заом зежьэкIэ, О къыхэпхыгъэ къалэмкIэ, О
пцIэ епхыгъэу сшIыгъэ унэм зыкъыфагъазэу Зиусхьа-
ным елъэIухэ зыхъукIэ, 45 ахэм ятхьэлъэIуи къызкIэ-
лъэIухэри ошъогум О къыщызэхэххи, зэфагъэкIэ къа-
пэгъокI.

46 Уапашъхьэ псэкIод щашIэу, – псэкIод зымышIырэ
цIыф щыIэпышъ, – ахэм О уакъыфэгубжэу, пыйхэм
аIэкIаплъхьэхэу, гъэры зышIыгъэхэ пыим ичIыгу чыжьэ
е благъэ ахэр защэхэкIэ, 47 етIанэ гъэрэу зыдэщыIэхэ
чIыпIэм зыкъыщашIэжьэу, „псэкIод тшIыгъэ, хэбзэн-
чъэу тызекIуагъ, лажьэ ттелъ“ аIозэ, гъэры зыщашIы-
гъэхэ чIыгум зэрисхэзэ, зыкъыпфагъазэу къызыолъэIу-
хэкIэ, 48 гъэры зышIыгъэхэ пыйхэм ячIыгу зэрисхэзэ, агу-
кIи апсэкIи О зыкъыпфагъазэу, ятэмэ къяптыгъэ ячIыгу,
О къыхэпхыгъэ къалэм, О пцIэ епхыгъэу сшIыгъэ унэм
закъыфагъазэу О къызыолъэIухэкIэ, 49 ятхьэлъэIуи къыз-
фэлъаIохэри ошъогум, О уздэщыIэ чIыпIэм, къыщызэ-
хэххи, зэфагъэкIэ къапэгъокI, 50 Уилъэпкъ уапашъхьэ щи-
шIыгъэ псэкIодри уапашъхьэ зэрэщыхэукъуагъэри къы-

фэгъэгъух, гъэры зышIыгъэхэм гукIэгъу къафыряIаным
пае ахэм агухэр къягъэгъух. [51]Сыда пIомэ ахэр Мы-
сырым къипщыжьыгъэхэр, гъучI хьакухэм ямэшIо-
стыр къыхэпщыжьыгъэхэр ары. [52]УиIумэт итхьэлъэ-
Iурэ Уиизраил лъэпкъ итхьэлъэIурэ уинэплъэгъу къа-
фэрэгъэзагъ, ахэр О къыуаджэхэ зыхъукIэ сыдыгъуи
зэхэпхынхэм пае. [53]Сыда пIомэ тятэхэр Мысырым къы-
зеощыжьхэм, Зиусхьанэу Тхьэр, УиIумэт Мосэ къызэ-
репIуагъэм фэдэу, пIэ илъынэу дунаим тет лъэпкъ
пстэуми О ар къахэпхыгъ!»

### *Сэлмэн Тхьэм ынэшIу къыщыфэнэу лъэпкъым зэрэфэлъэIуагъэр*

[54]Сэлмэн итхьэлъэIуи, Зиусхьаным фыриIэ лъэIури
къызеуххэм, ыIэхэр уашъомкIэ гъэзагъэхэу, дэIэтэягъэ-
хэу Зиусхьаным икъурмэншIыпIэ ыпашъхьэ лъэгонджэ-
мышъхьэкIэ щысыгъэти, къэтэджыжьыгъ. [55]Ащ дэжьым
щытэу ымакъэ лъэшэу Iоу, Тхьэм ынэшIу къащыфэнэу,
израил цIыфэу къызэIукIагъэхэм къафэлъаIуи къыIуагъ:
[56]«Зиусхьаным зэриIуагъэм фэдэу, Иизраил лъэпкъ гу-
псэфыгъо къезытыгъэм щытхъур ыдэжь! ИIумэт Мосэ
къыриIогъэ гущыIэшIухэм ащыщ гори мыгъэцэкIэжьы-
гъэу къэнагъэп. [57]Тятэмэ зэрягъусагъэм фэдэу, ти Зиу-
схьанэу Тхьэр тэри терэгъус, тыкъерэмыбгын, тыкъы-
зэремынэкI! [58]Ащ игъогумэ татетыным, тятэмэ осыет
къафишIыгъэ унашъохэр, Ащ ишапхъэхэр, Ащ игъэнэ-
фагъэхэр дгъэцэкIэнхэм пае, тыгухэмкIэ тызферэщэх!
[59]Зиусхьаным ыпашъхьэ сызэрэщелъэIугъэ гущыIэхэр
ти Зиусхьанэу Тхьэм мафи чэщи лъэрэIэсых, Зиусхьа-
нэу Тхьэр ИIумэти Иизраил лъэпкъи зэфагъэкIэ ма-
фи чэщи къапэрэгъокI, [60]Зиусхьаныр зэрэ Тхьэр, Ащ
нэмыкI зэрэщымыIэр дунаим тет лъэпкъ пстэуми

ашIэным пае. 61 Джы фэдэу ти Зиусхьанэу Тхьэм ишапхъэхэм татетыным, Ащ иунашъохэр дгъэцэкIэнхэм пае, шъугукIэ зэрэщытэу Ащ шъуфэрэгъэзагъ!»

*Сэлмэн къурмэнхэр зэришIыгъэр*

62 Ащ дэжьым пачъыхьэми израил цIыфэу зэкIэ ащ
игъусэхэми Зиусхьаным пае къурмэн ашIыгъ. 63 Арыти,
Сэлмэн Зиусхьаным пае былымышъхьэ мин тIокIырэ минитIурэ мэл-пчэнхэу минишъэрэ мин тIокIырэ мамыр къурмэн ышIыгъэх. Джаущтэу пачъыхьэмрэ израил
цIыфхэмрэ Зиусхьаным и Унэ къызэIуахыгъ. 64 А мэфэ
дэдэм пачъыхьэм къурмэнгъэст, гъомылэ тын ышIхи, мамыр къурмэнмэ къатекIыгъэ шэр ыгъэсти, Зиусхьаным и Унэ ыпашъхьэ ит щагум ипчэгу ыукъэбзыгъ. Къурмэнгъэстэу, гъомылэ тынэу ышIыгъэхэмрэ мамыр къурмэныпхъэхэм къатекIыгъэ шэмрэ Зиусхьаным ыпашъхьэ щытыгъэ джэрз къурмэншIыпIэм ифэшъунхэу щытыгъэп.

65 Сэлмэн а уахътэм мэфэкIышхо ышIыгъ, Хъэмат къалэ идэхьагъу къыщегъэжьагъэу игъукIырэ псыхъоу Мысырым игъунапкъэкIэ щыIэм нэсыжьэу къарыкIыгъэ израил цIыфхэр зэкIэ зэIукIэшхом, ти Зиусхьанэу Тхьэм дэжь, къекIолIэгъагъэх. Мэфиблэ, джыри мэфиблэ, зэкIэмкIи мэфэ пшIыкIуплIэ ахэм агъэмэфэкIыгъ.
66 Яенэрэ мафэм Сэлмэн цIыфхэр ытIупщыжьыгъэх. Зиусхьаным ИIумэт Даутрэ Иизраил лъэпкърэ шIоу къафишIагъэм пае гушIуагъом зэлъиштагъэхэу, чэфыр агу изэу ахэр, Тхьэм ынэшIу къыщыфэнэу пачъыхьэм фэлъаIохи, ядэжь кIожьыгъэх.

## Ябгъонэрэ шъхьэр

*Тхьэр Сэлмэн къызэрэфэкIуагъэр*

9 1 Сэлмэн Зиусхьаным и Уни, пачъыхьэ унэми,
джащ фэдэу ышIынэу зыфэегъэ пстэуми ягъэпсын
зеухым, 2 Зиусхьаныр ГъыбIон къызэрэщыфэкIогъагъэм
фэдэу ятIонэрэу Сэлмэн къыфэкIуагъ. 3 Зиусхьаным ащ
къыриIуагъ: «УитхьэлъэIуи укъызэрэсэлъэIугъэхэри Сэ
зэхэсхыгъэх. ЕгъашIэм Сэ сцIэ чIэтынэу о пшIыгъэ
Унэр згъэкъэбзагъэ; синэплъэгъуи сыгуи егъашIэм ащ
теплъэхъукIыщтхэп. 4 Уятэ Даут фэдэу, шъыпкъэм утетэу, ар къызэрэсфэлэжьагъэм фэдэу, угукIи упсэкIи сапашъхьэ уитмэ, осыетэу къыпфэсшIыгъэхэр зэкIэ бгъэцакIэхэу, Сишапхъэхэмрэ Сигъэнэфагъэхэмрэ къэуухъумэхэзэ пшIыщтмэ, 5 „О къыпхэкIыгъэхэр ренэу
Израилым итахътэ тесыщтых“ сIуи, уятэ Даут къызэресIуагъэм фэдэу, уипачъыхьагъу егъэшIэрэу Израилым
щызгъэуцущт. 6 Ау шъори шъуикIалэхэми шъузгокIхэу,
осыетэу, унашъоу къышъуфэсшIыгъэхэр шъумыгъэцакIэхэу, нэмыкI тхьэхэм зафэжъугъазэу, ахэм шъхьащэ
афэшъушI зыхъукIэ, 7 Израилыр чIыгоу къестыгъэм тезгъэкIодыкIыщт, Сэ сичIыпIэнэу сыукъэбзыгъэ Унэр
пхъатэ зыпэсымыхьыжьэу, къэбаркIэ къызэфаIотэжьэу
Израилыр лъэпкъ пстэуми якIэнэкIалъэу къэзгъэнэщт.
8 Мы Унэр къутэфэ Iуашъхьэу къэнэжьыщт. Ащ блэкIырэм пэпчъ ыгучIэ зэризыгъэм нахь хэмылъэу кIэшъуикIызэ ыIощт: „Сыд пае Зиусхьаныр мы хэгъэгуми мы Унэми мыщ фэдэу адэзекIуагъа?“ 9 Ащ дэжьым
аIощт: „Ахэм ятэхэр мысыр хэгъэгум къизыщыжьыгъэхэ

я Зиусхьанэу Тхьэр къабгыни, нэмыкI тхьэхэр аштэхи, ахэм шъхьащэ зэрафашIыщтыгъэхэмрэ зэрафэлажьэщтыгъэхэмрэ апае Зиусхьаным джа тхьамыкIэгъо пстэури къафыригъэхыгъ“».

*Сэлмэнрэ Хъирамрэ зэрэзэзэгъыгъэхэр*

10 Сэлмэн унитIур, Зиусхьаным и Унэрэ пачъыхьэм иунэрэ, илъэс тIокIырэ ышIхэзэ ыухыгъэх. 11 Джащ фэдизым Цэурым ипачъыхьэу Хъирам Сэлмэн зэрэшIоигъоу кедрэ ыкIи кипарис чъыгхэр, дышъэр къыфаригъащэщтыгъэхэти, пачъыхьэу Сэлмэн Хъирам Гъалыл хэкум итэу къэлэ тIокI ритыгъ. 12 Арыти, Хъирам Цэур къыдэкIи Сэлмэн къыритыгъэ къалэхэм яплъынэу къызэкIом, ахэр ащ ыгу рихьыгъэхэп. 13 Ащ къыриIуагъ: «Сыд фэдэ къалэха адэ, сикъош, къысэптыгъэхэр?» Къабул чIыгукIэ ахэм ар яджагъ, непэ къызнэсыгъэми джары ахэм зэряджэхэрэр. 14 Хъирам пачъыхьэм дышъэ килограмм минищрэ шъихрэ къыфаригъэщэгъагъ.

*Сэлмэн илъэхъан*
*Израилым зыкъызэриIэтыгъэр*

15 Сэлмэн Зиусхьаным и Унэ, ежь пае унэ, Милло зыфаIорэ етIэ зэтетэкъуагъэхэу къэлэ дэпкъым ылъапсэхэр зэрагъэпытэщтыгъэхэр, Ерусэлэм дэпкъыр, Гъэзэр, Мэгъыдэ, Гъэзэр къалэхэр ыгъэпсынхэм пае егъэзыгъэкIэ Iоф ашIэнэу цIыфхэм атырилъхьагъ. 16 Мысырым ипачъыхьэ фирхьауныр Гъэзэр екIуи ар тыригъэстыкIыгъагъ. КъэнаIан лъэпкъым щыщхэу къалэм дэсыгъэхэр зэхиукIэхи, ыпхъоу Сэлмэн ишъуз шIухьафтынэу ар ритыгъагъ. 17 Арыти, Сэлмэн Гъэзэррэ ыхэкIэ щыIэ Бэтхъорэнрэ ыгъэпсыгъэх, 18 БаIалати Татмори пшэхъолъэ шъофнэкIым щигъэпсыгъэх. 19 Джащ фэдэу Сэлмэн

илэжьыгъэ-гъомлэпхъэ гъэтIылъыпIэхэр зыдэтыщт
къалэхэр зэкIэ, ку псынкIэхэр зыдэщыIэщт къалэхэр,
шыудзэхэм апае къалэхэр, Ерусэлэми Ливанми, ыIэ
илъыгъэ чIыпIэ пстэуми, ащишIынэу зыфэягъэр зэкIэ
Сэлмэн ышIыгъ. [20] Израил цIыфхэм ащымыщ цIыф
лъэпкъхэу аморхэм, хьатхэм, пэрыцхэм, хъэухэм, еусхэм,
[21] ахэм къахэкIыгъэхэу, израил цIыфмэ амыгъэкIоды-
гъэхэу псэоу къэнагъэхэм Сэлмэн егъэзыгъэкIэ Iоф
ашIэнэу атырилъхьагъ. [22] Сэлмэн израил цIыфхэм егъэ-
зыгъэкIэ Iоф аригъашIэщтыгъэп, ау ахэр ежь идзэкIо-
лIыщтыгъэх, иIумэтыщтыгъэх, къыпэблэгъэ лIэкъо-лъэ-
шыщтыгъэх, идзэпащэщтыгъэх, ку псынкIэу, шыоу ежь
иIэхэм афэгъэзэгъагъэх.

[23] Джахэр ары Сэлмэн аригъэшIэрэ Iофхэр зэрагъэ-
цакIэхэрэм лъыплъэщтыгъэ Iэшъхьэтетхэр: япчъагъэ-
кIэ нэбгырэ шъитфрэ шъэныкъорэ хъухэу ахэм Iоф зы-
шIэрэ цIыфхэр агъэIорышIэщтыгъэх.

[24] Фирхьауным ыпхъу Даут икъалэ къыдэкIыжьи, Сэл-
мэн ащ фаригъэшIыгъэ унэм кIожьыгъэ. ЕтIанэ Сэлмэн
Милло ыгъэпсыгъ. [25] Сэлмэн Зиусхьаным пае ышIы-
гъэ къурмэншIыпIэм Зиусхьаным ыпашъхьэ илъэсым
щэ къурмэнгъэстхэмрэ мамыр къурмэнхэмрэ щишIы-
щтыгъэх, гъомэ IэшIухэр къызпиххэрэр щигъэстыщты-
гъэх. Ащ дакIоу иунэ игъэпсыни ыухыгъ.

[26] Джащ фэдэу пачъыхьэу Сэлмэн Едом хэкум ит Елат
къалэм пэмычыжьэу, хы Плъыжьым Iут Iэцыон-Гъэ-
бэр къалэм хыдзэм пае къухьэхэр щишIыгъэх. [27] Ары-
ти, Хъирам къухьэгъэIорышIэным фэIэзэ ицIыфхэу
хым щыгъуазэхэр Сэлмэн ицIыфхэм гъусэ афишIхи
ыгъэкIуагъэх. [28] Ахэр Офыр чIыпIэм кIохи, дышъэу ки-
лограмм мин пшIыкIутIурэ шъихрэ къыращи пачъыхьэу
Сэлмэн къыфащагъ.

## ЯпшIэнэрэ шъхьэр

*ЩэбаI хэгъэгум ипачъыхьэгуащ*

10 [1] ЩэбаI хэгъэгум ипачъыхьэгуащэ Зиусхьаным
ишIуагъэкIэ Сэлмэн ищытхъоу аIуатэрэр зызэ-
хехым, ащ дэжь IуупчIыхьанэу къэкIуагъ. [2] Шъхьагъы-
рытхэр бэу игъусэхэу Ерусэлэм ар къэкIуагъ; махъшэ-
хэр мэ IашIухэр къызпихрэ щыфэхэмкIэ, дышъэ бэ дэ-
дэкIэ, мыжъо лъапIэхэмкIэ ушъэгъагъэх. Ар Сэлмэн
дэжь къакIуи зыфэе пстэумкIи къыдэгущыIагъ. [3] Ары-
ти, Сэлмэн ащ къызэреупчIыгъэ пстэуми япэкъокI ри-
Iожьыгъ, пэгъокI джэуап къызфимыгъотыжьышъуни
пачъыхьэм къыриIуагъэхэм зи къахэфагъэп. [4] ЩэбаI хэ-
гъэгум ипачъыхьэгуащэ Сэлмэн иIушыгъи, унэу ащ
ышIыгъэри, [5] иIанэ къытехьэрэ гъомлапхъэхэри, иIэ-
шъхьэтетхэр Iанэм зэрэпэтIысхьэхэрэм пылъ хабзэхэ-
ри, игъомлэпхъэзехьэхэм язекIокIэ-шIыкIэхэри, ахэр
зэрэфэпагъэхэри, исэнэзехьэхэри, Зиусхьаным и Унэ
къурмэнгъэстхэр зэрэщишIхэри зелъэгъухэм, ащ нахьы-
бэрэ зыфэIэжэжьышъугъэп.

[6] Арыти, пачъыхьэм къыриIуагъ: «О пшIэрэ Iофхэм-
рэ уиIушыгъэрэ яхьылIагъэу сихэгъэгу къэбарэу щызэ-
хэсхыгъэхэр шъыпкъэ. [7] Ау сыкъэмыкIоу, сынитIукIэ
сэмылъэгъуфэ сшIошъ хъугъэп. Шъхьае, зытет шъы-
пкъэм ызыныкъуи къысаIуагъэп, сыда пIомэ сэ зэхэ-
схыгъэм нахьыб Iушыгъэу пхэлъри мылъкоу уиIэри.
[8] УицIыфхэу, мы уиIумэтхэу ренэу уапашъхьэ итхэу
уиIушыгъэ зэхэзыххэрэр насыпышIох! [9] КъыпфэшIу уи
Зиусхьанэу Тхьэу Израилым итахътэ утезгъэтIысхьагъэм

щытхъур ыдэжь! Зиусхьаным Израилым егъэшIэрэ шIу-
лъэгъу къызэрэфишIыгъэм къыхэкIэу ухьыкумышIы-
нэу, шъыпкъэр зепхьанэу пачъыхьэу утыригъэхьагъ».
10 Ащ дэжьым пачъыхьэм дышъэу килограмм минищ-
рэ шъихрэ, мэ IашIухэр къызпиххэрэр бэ дэдэу, мы-
жъо лъапIэхэр ащ къыритыгъэх. ЩэбаI хэгъэгум ипа-
чъыхьэгуащэ мэ IашIухэр къызпихрэ щыфэхэу къы-
ритыгъэмэ афэдэ бэ дэдэу ащ къыфащэу джыри зыкIи
къыхэкIыгъэп.

11 Джащ фэдэу Хьирам ихыдзэ къухьэу дышъэр Офыр
къыфизыщыщтыгъэми чъыгплъыжь лъэпкъым фэдэуи
мыжъо лъапIэхэуи бэ дэдэ Офыр къыфырищыгъ. 12 Па-
чъыхьэм а чъыгплъыжь лъэпкъым Зиусхьаным и Унэрэ
пачъыхьэ унэмрэ апае IэубытыпIэхэр, орэдыIохэм апае
бзэпсхэр зэрыщэгъэ пхъонтэпщынэ зэфэшъхьафхэр ха-
ригъэшIыкIыгъэх. Ащ фэдизым нэсэу чъыгплъыжь лъэ-
пкъыр зыкIи къащагъэп, джы нэси алъэгъугъагъэп.
13 Арыти, пачъыхьэу Сэлмэн ЩэбаI хэгъэгум ипачъы-
хьэгуащэ зыфэягъэри къызкIэлъэIугъэхэри зэкIэ ритхи,
шIухьафтынхэри фишIыгъэх. ЕтIанэ ежьми игъусэгъэ
иIумэтхэми къыздикIыгъэгъэхэ хэгъэгум агъэзэжьыгъ.

*Пачъыхьэу Сэлмэн ибайныгъэхэр*

14 Сэлмэн пае илъэс къэс къащэрэ дышъэм ионтэгъу-
гъэщтыгъэр килограмм мин пшIыкIубгъурэ шъибгъурэ
тIокIиплIырэ. 15 Ар сатыу ашIыхэрэр къезыхьакIхэрэ-
ми, сатыушIхэми, Iарабыем ипачъыхьэ пстэуми, хэ-
кухэм яIэшъхьэтетхэми къаIаххэрэм анэмыкIыгъ.
16 Арыти, пачъыхьэу Сэлмэн дышъэм мэIушхо шъитIу
харигъэуIучIыкIыгъэх. МэIу пэпчъ дышъэу текIодагъэр
килограммиблым къехъу. 17 Джащ фэдэу нахь мэIу цIы-
кIухэри шъищ хъухэу дышъэм харигъэуIучIыкIыгъэх.

МэIу пэпчъ дышъэу текIодагъэр килограммитфым тIэ-
кIу къехъу. Пачъыхьэм ахэр Ливан Мэз Ун зыфаIорэм
чIигъэуцуагъэх. 18 Пачъыхьэм пыл къупшъхьэм тэхътэ
ин харигъэшIыкIи, дышъэ къабзэкIэ ар къарарigъэ-
тIылъэкIыжьыгъ. 19 Тахътэм лъэоених екIуалIэщтыгъэ.
Тахътэм ыкIыб ышъхьагъ хъурэягъ, тетIысхьапIэу хэ-
тым ыбгъуитIукIи IэтелъхьапIэхэр иIагъэх. Iэтелъхьа-
пIэхэм IэкIэ шIыгъэу аслъаныхъухэр къаготыгъэх. 20 Дэ-
кIоепIихым абгъуитIукIэ IэрышI аслъаныхъу пшIыкIу-
тIу зырыз щытыгъ. Ащ фэдэ зы пачъыхьагъу горэми
щашIыгъэу щытыгъэп. 21 Пачъыхьэу Сэлмэн шъуалъэу
иIэ пстэури дышъэм хэшIыкIыгъагъэх. Ливан Мэз Ун
зыфаIорэм чIэтыгъэ шъуалъэхэри зэкIэ дышъэ шъы-
пкъэм хэшIыкIыгъагъэх. Тыжьыным хэшIыкIыгъэ зи
щыIагъэп, сыда пIомэ Сэлмэн иуахътэ тыжьыным уасэ
иIагъэп. 22 Тарщыщ къыщашIыгъэ хыдзэ къухьэхэу па-
чъыхьэм иIагъэхэр Хъирам икъухьэхэм ягъусагъэх. Ары-
ти, Тарщыщ къыщашIыгъэ хыдзэ къухьэхэр илъэсищ
тешIэ къэс зэ къакIохэти, дышъэр, тыжьыныр, пыл
къупшъхьэр, мамунэхэр, джэнэтбзыухэр къащэщтыгъэх.

23 Джаущтэу пачъыхьэу Сэлмэн мылъкоу иIэмкIи иIу-
шыгъэкIи дунаим тет пачъыхьэ пстэуми ашъхьади-
фыщтыгъэ. 24 Арыти, зэрэдунаеу Тхьэм Сэлмэн къы-
хилъхьэгъэ Iушыгъэм едэIухэмэ ашIоигъоу, ар зэрагъэ-
лъэгъунэу фэягъэх. 25 Ахэм тыжьын шъуалъэхэри, дышъэ
шъуалъэхэри, щыгъынхэри, Iашэхэри, мэ IашIухэр къыз-
пихрэ пкъыгъохэри, шыхэри, къыдырхэри илъэс къэс
шIухьафтынэу къыратыщтыгъэх.

26 Сэлмэн ку псынкIэхэмрэ шыухэмрэ зэригъэгъоты-
гъэх. Ку псынкIэ минрэ шъиплIрэ шыу мин пшIыкIу-
тIурэ иIагъэх. Ахэр ку псынкIэхэр зыдэт къалэхэмрэ
пачъыхьэм дэжь, Ерусэлэмрэ, адигъэуцуагъэх. 27 Пачъы-

хьэм тыжьыным ыуасэ мыжъо къызэрыкIохэм афэ-
дэу ышIыгъ, кедрэхэр ихъоигъэхэти, къушъхьэлъэ чIы-
пIэхэм къащыкIырэ шхынцумпэ чъыгхэм яосэгъухэу
ышIыгъ. 28 Шыхэр Сэлмэн Мысырымрэ Къуорэ къыфы-
ращыщтыгъэх; пачъыхьэм исатыушIхэм ахэр ахъщэкIэ
Къуо къыщащэфыщтыгъэх. 29 Ку псынкIэ пэпчъ ты-
жьын килограммиблрэ пшIэнитIукIэрэ, зы шыр ты-
жьын килограммрэ пшIэнийкIэрэ Мысырым къыфы-
ращыщтыгъэх. Джащ фэдэу пачъыхьэм исатыушIхэм
ахэр зэкIэ хьатхэмрэ Арамымрэ япачъыхьэхэм афащэ-
щтыгъэх.

**ЯпшIыкIузэнэрэ шъхьэр**

*Сэлмэн Тхьэм зэрэгокIыгъэр*

**11** 1 Пачъыхьэу Сэлмэн фирхьауным ыпхъу нэмы-
кIэу, хэмэ хэгъэгумэ ащыщхэу, моабмэ, Iамонхэм,
едомхэм, цыдонмэ, хьатхэм къахэкIыгъэхэу бзылъфы-
гъэхэр бэу шIу ылъэгъугъэхэти, ахэр шъузэу къыщагъэх.
2 Зиусхьаным «Ахэм шъуалъимыхь, ежьхэри къышъу-
лъерэмыхьэх, шъугухэр ятхьэмэ афащэщтыхэшъ» ыIуи,
израил цIыфхэм зигугъу къафишIыгъагъэхэр ары ахэр
лъэпкъэу къызхэкIыгъагъэхэр. Джахэр ары Сэлмэн шIу-
лъэгъу зыфишIыгъэхэр. 3 Пачъыхьэпхъухэу шъуз шъибл
иIагъ, ишъуз гуадзэхэр шъищ хъущтыгъэх. Джаущтэу
ишъузхэм ащ ыгу зэщафыгъ. 4 Арыти, Сэлмэн ижъы-
шъхьэм ыгукIэ шъузэу иIэхэм нэмыкI тхьэхэм апащагъ,
ятэ Даут фэдэу и Зиусхьанэу Тхьэм ыгукIэ ар фэшъы-
пкъэ дэдагъэп. 5 Джащ тетэу Сэлмэн цыдонмэ ятхьэнэпцI

Астартэрэ Iамонхэм ятхьэнэпцI бзэджэ-наджэу Мылъ-
комрэ афэлажьэу ыублагъ. [6] Зиусхьаным къемыкIу-
щтыр Сэлмэн ышIэщтыгъ, ятэ Даут фэдэу Зиусхьаным
ар фэшъыпкъэ дэдагъэп. [7] ЕтIанэ Сэлмэн моабмэ
ятхьэнэпцI бзэджэ-наджэу Къэмэщрэ Iамонхэм ятхьэ-
нэпцI бзэджэ-наджэу Молэхрэ апае Ерусэлэм къыпэ-
благъэу къурмэн зыщашIырэ лъэгапIэхэр щигъэуцу-
гъэх. [8] Хэмэ хэгъэгумэ ащыщ бзылъфыгъэу ишъузхэм,
зитхьэхэм апашъхьэ гъомэ IашIухэр щызгъэущтыгъэ-
хэм, къурмэнхэр афэзышIыщтыгъэхэм зэкIэми джау-
щтэу афишIыгъ.

[9] Арыти, Израилым и Зиусхьанэу Тхьэр Сэлмэн ыгу-
кIэ зэрэгокIыгъэм пае къыфэгубжыгъ. Зиусхьаным тIо
ащ зыкъыригъэлъэгъугъагъэми, [10] нэмыкI тхьэхэм за-
фимыгъэзэнэу къыфигъэпытэгъагъэми, ащ пае къэ-
мынэу Зиусхьаным къыфигъэпытагъэм ар едэIугъэп.
[11] Арыти, Зиусхьаным Сэлмэн къыриIуагъ: «Ащ фэдэу
зэрыпшIырэм, сиIуагъэ узэрэфэмышъыпкъагъэм, си-
шапхъэхэр къызэрэмыухъумагъэхэм пае, уипачъыхьагъу
пIэкIэсхыпэнышъ, уиIумэт ар естыщт. [12] Ау о опсэуфэ
уятэ Даут ихьатыркIэ ар сшIэщтэп, пкъо ар зыIэкIэс-
хыщтыр. [13] Пачъыхьагъур зэрэщытэу ащ IэкIэсхыщтэп,
пкъо зы лIакъо къестыщт, СиIумэт Даутрэ, Сэ къахэ-
схыгъэ Ерусэлэмрэ яхьатыркIэ».

*Сэлмэн ипыйхэр*

[14] Зиусхьаным Сэлмэн пый къыфкъуигъэкIыгъ, ар
едомэу, Едом пачъыхьэ лIакъом щыщэу Адад ары. [15] Да-
ут Едомым щыIэзэ, дзэпащэу Иоаб аукIыгъэхэр ыгъэ-
тIылъыжьынхэу къакIуи, Едомым ис хъулъфыгъэхэр зэ-
кIэ ыукIыгъагъэх. [16] Едомым ис хъулъфыгъэхэр зэкIэ
аукIыфэхэ Иоаби израил цIыфхэри мэзихэ ащ къисы-

гъагъэх. 17 Ау Адад ятэ къулыкъу фэзышIыщтыгъэ едом
нэбгырэ заулэ игъусэу Мысырым екIужьыгъагъэх. Адад
ащ дэжьым джыри сабыигъ. 18 Мыдиан хэкур къабгыни
ахэр Паран чIыпIэм къэкIуагъэх, Параным щыщэу нэ-
бгырэ заулэ гъусэ къызфашIи, Мысырым ипачъыхьэ
фирхьауным дэжь къэкIуагъэх. Фирхьауным ащ уни,
ышхыни, чIыгуи къыритыгъэх. 19 Фирхьауныр Адад лъэ-
шэу къызэрэфэшIугъэм къыхэкIэу игощэ Тахъпынэс
ышыпхъу шъузкIэ ащ къыритыгъагъ. 20 Арыти, Тахъпы-
нэс ышыпхъу шъаоу Гъэнубат Адад къыфилъфыгъ.
Тахъпынэс ар фирхьауным иунэ щипIущтыгъэ. Гъэну-
бат фирхьауным ыкъохэм ягъусэу фирхьауным иунэ
исыгъ. 21 ЕтIанэ Даут ятэ пIашъэхэр зыдэщыIэм зэри-
гъэзэжьыгъэми, дзэпащэу Иоаб зэрэщымыIэжьми якъэ-
бар Адад зызэхехым, фирхьауным риIуагъ: «СытIу-
пщыжьба, сичIыгу згъэзэжьынэу сыфай». 22 Ау фирхьау-
ным ащ къыриIуагъ: «Сыда садэжь ущыIэу зыгорэм
уфэныкъуа, сыд пае уичIыгу бгъэзэжь пшIоигъуа?» Ад-
рэм къыриIожьыгъ: «Хьау, сытIупщыжьба».

23 Джащ фэдэу Зиусхьаным Сэлмэн джыри зы пый
къыфкъуигъэкIыгъ. Ар ЕлыедаI ыкъо Рэзэн, изиусхьа-
нэу, Цэубэ ипачъыхьэу ХъададIэзэр къышIухэхьажьы-
гъагъэр ары. 24 Даут ХъададIэзэр зытекIом ыуж ащ цIыф-
хэр къызэриугъоилIэхи, ежь бзэджэшIэ купым пащэ фэ-
хъугъ. ЕтIанэ ахэр Дамаск кIохи дэтIысхьагъэх, Дамаск
дэсхэу Iэшъхьэтетныгъэр щаIыгъыгъ. 25 Арыти, Сэлмэн
щэIэфэ ар Израилым ипыигъ, Адад бзэджагъэу къари-
шIагъэм нэмыкIэу ащ изэрар Израилым ренэу къы-
ригъэкIыгъ. Ащ Израилым гухьагужъ къыфыриIагъ. Ар
Арамым ипачъыхьэуи хъугъагъэ.

*Тхьэм ЯрабIам къызэригъэгугъагъэр*

[26] Нэуат ыкъо, ефрат лIакъом къыхэкIыгъэу, Цэрэд
къалэм щыщэу, Сэлмэн иIумэт ЯрабIам – ащ янэ шъу-
забэ ыцIэр ЦэруIэ – пачъыхьэм зыкъыпиIэтыгъ. [27] Ащ
пачъыхьэм зыкъыпиIэтынэу зытехъухьагъэр мары: Сэл-
мэн Милло ыгъэпсыщтыгъэ, джащ фэдэу ятэ Даут икъа-
лэ къекIокIырэ дэпкъыр нахь зэкIигъэпытыхьэщтыгъэ.
[28] ЯрабIам лIэхъупхъэу щытыгъ. Сэлмэн кIалэр зэрэча-
ным гу лъитагъэти, Юсыф къытекIыгъэхэу егъэзыгъэ-
кIэ Iоф зэрагъашIэхэрэм алъыплъэнэу тыригъэхьагъ.
[29] А уахътэм ЯрабIам Ерусэлэм къыдэкIыгъэу Щылэу
щыщ Ахъый тхьэлIыкIор гъогум ыпэ къыщифагъ. Ащ
щыгъынык Iэ щыгъыгъ. Ежь нэбгыритIум нэмыкI шъо-
фым итыгъэп. [30] Арыти, Ахъый щыгъыгъэ щыгъыны-
кIэр ыубыти такъыр пшIыкIутIоу зэбгыритхъыгъ. [31] Ащ
ЯрабIам къыриIуагъ: «ТакъырипшIыр о штэ, сыда пIо-
мэ Израилым и Зиусхьанэу Тхьэм къыIорэр мары: „Па-
чъыхьагъур Сэлмэн къыIэсэхыжьы, лIэкъуипшIыр о
къыосэты. [32] СиIумэт Даутрэ израил лIэкъо пстэумэ къа-
хэсхыгъэ къалэу Ерусэлэмрэ яхьатыркIэ зы лIакъор ащ
къыфэзгъэнэщт. [33] Ар зытехъухьащтыр израил цIыфхэр
Сэ згокIыгъэхэу, цыдонхэм ятхьэнэпцIэу Астартэ, мо-
абхэм ятхьэнэпцIэу Къэмэщ, Iамонхэм ятхьэнэпцIэу
Мылъком ахэм шъхьащэ зэрафашIырэм, ятэ Даут фэ-
дэу, къысэкIущтыр ашIэу, къафэзгъэпытэгъэ Сиша-
пхъэхэмрэ Сигъэнэфагъэхэмрэ агъэцакIэхэзэ, Сигъогу-
хэм зэратемытыгъэхэм пае. [34] Ау зэрэпачъыхьагъоу ащ
къыIэкIэсхыжьрэп, къахэсхыгъэ Даут, СиIумэт, фэзгъэ-
пытагъэхэмрэ Сиунашъохэмрэ зыгъэцакIэщтыгъэм
ихьатыркIэ ежь щэIэфэ тетыгъор езгъэIыгъыщт. [35] Ау
ыкъо пачъыхьагъур къыIэкIэсхыжьынышъ, ащ щыщ
лIэкъуипшIыр о къыостыщт. [36] СцIэ епхыгъэнэу къы-

хэсхыгъэ къалэу Ерусэлэм СиIумэт Даут ижъуагъо инэф
щымыкIосэным пае, ыкъо зы лIакъо естыщт. [37] О укъа-
хэсэхышъ, узфэе пстэури бгъэIорышIэщт, Израилым ури-
пачъыхьащт. [38] СиIумэт Даут зэришIыщтыгъэм фэдэу,
къыпфэзгъэпытэщтыр зэкIэ бгъэцакIэу, Силъагъохэм
уатетэу къысэкIущтыр пшIэмэ, Сихабзэхэм уарыгъуазэу
Сиунашъохэмрэ Сихабзэхэмрэ бгъэцакIэхэмэ, усигъу-
сэщт, Даут зэрэфэсшIыгъэм фэдэу, уиунагъо итетыгъо
згъэпытэщт, Израилри пIэ къыслъхьащт. [39] МыегъашIэ-
ми, Даут илIакъо джаущтэу къэсыуфэщт"». [40] Сэлмэн
ЯрабIам ыукI шIоигъуагъ, ау ЯрабIам зиIэти Мысырым,
мысыр пачъыхьэу Щыщакъ дэжь чъэжьи, Сэлмэн олIэ-
фэ Мысырым къисыгъ.

*Сэлмэн зэрэлIагъэр*

[41] Сэлмэн нэмыкIэу къехъулIагъэхэри, ащ ышIагъэхэри,
иIушыгъи Сэлмэн ышIагъэхэм яхьылIэгъэ тхылъым дэт-
хэба. [42] Сэлмэн зэрэ Израилэу ипачъыхьэу Ерусэлэм илъэс
тIокIитIо дэсыгъ. [43] ЕтIанэ Сэлмэн ятэ пIашъэхэр зыдэщы-
Iэм ыгъэзэжьыгъэти, ятэ Даут икъалэ щагъэтIылъыжьыгъ,
ыкъо РэхъабIам ащ ычIыпIэ пачъыхьагъум техьагъ.

## ЯпшIыкIутIонэрэ шъхьэр

*Израилыр пачъыхьагъуитIоу*
*гощыгъэ зэрэхъугъэр*

**12** [1] РэхъабIам Щэхэм кIуагъэ, сыда пIомэ Израи-
лым итемыр лъэныкъо щыпсэурэ цIыфхэр зэкIэ
ар пачъыхьагъум тырагъэхьаным пае Щэхэм къекIо-
лIэгъагъэх. [2] Нэуат ыкъо ЯрабIам, пачъыхьэу Сэлмэн

зышIуигъэбылъэу, Мысырым екIужьыгъэу исыгъэти, ар
зэхихыгъэ. Арыти, ЯрабIам Мысырым къикIыжьынэу
зигъэхьазырыжьыгъ. [3]Ащ лъагъакIохи къарагъэщагъ.
Джащ дэжьым ЯрабIамрэ израил цIыфэу зэкIэ къызэ-
IукIагъэхэмрэ къакIохи РэхъабIам къыраIуагъ: [4]«Уятэ
бжьы хьылъэ къыттырилъхьагъ. Iоф къинэу тызхэтымрэ
уятэ къыттырилъхьэгъэ бжьы хьылъэмрэ о нахь къыт-
фэгъэпсынкIэхи, тыпфэлэжьэщт». [5]Ащ ахэм ариIуагъ:
«ШъукIожьи мэфищ зытешIэкIэ джыри садэжь шъукъа-
кIу». Арыти, цIыфхэр кIожьыгъэх.

[6]Ятэ Сэлмэн псэоу зыщэIэм ащ инахьыжъ упчIэ-
жьэгъущтыгъэхэр пачъыхьэу РэхъабIам джэнджэшэгъу
къызфишIхи яупчIыжьыгъ: «Сыда а цIыфхэм ясIожьмэ
хъунэу къысэшъуIощтыр?» [7]Ахэм ащ къыраIуагъ: «А
цIыфхэм джы уафэIорышIэу, зыфаехэр афапшIэу, за-
фэбгъэцIыкIоу, дахэкIэ уадэгущыIэмэ, о ущэIэфэ ахэр
уиIэрылъхьащтых». [8]Ау нахьыжъ упчIэжьэгъущтыгъэ-
хэм къыраIуагъэр пхъатэ пимыхьэу, къыримыдзэу ежь
игъусэ кIэлакIэхэм яупчIыжьыгъ. [9]Ахэм ариIуагъ: «Сятэ
атырилъхьэгъэ бжьы хьылъэр афэзгъэпсынкIэнэу къы-
сэзыIогъэ цIыфхэм ясIожьынэу сыда къысэшъуIощтыр?»
[10]Арыти, ежь игъусэ кIэлакIэхэм ащ къыраIуагъ: «Уятэ
атырилъхьэгъэ бжьы хьылъэр афэбгъэпсынкIэнэу къыо-
зыIогъэ цIыфхэм мыр яIожь: „Сэ сIэхъомбэжъые сятэ
ыбг нахь гъум. [11]Арышъ, сятэ бжьыр къышъутырилъ-
хьи къин шъуигъэлъэгъугъэмэ, сэ шъуибжь нахь хьылъэ
къышъуфэсшIыщт. Сятэ къамыщкIэ шъуаригъэукIщты-
гъэмэ, сэ гъучI папцIэ зыIэпакIэ хэлъ къамыщкIэ шъуя-
згъэубышъыщт“».

[12]Арыти, РэхъабIам «Ящэнэрэ мафэм садэжь шъу-
къакIу» ыуIи, унашъо къызэрафишIыгъэм тетэу, Яраб-
Iами цIыф пстэури пачъыхьэм дэжь ящэнэрэ мафэм
къэкIуагъэх. [13]Пачъыхьэр пхъашэу цIыфхэм къадэгу-

щыIагъ. Нахьыжъ упчIэжьэгъухэм ахэм ариIожьынэу къыраIуагъэри къыридзагъэп. [14] КIэлакIэхэм къызэрыраIуагъэм тетэу, ащ ахэм ариIуагъ: «Сятэ бжьыр къышъутырилъхьи къин шъуигъэлъэгъугъэмэ, сэ шъуибжь нахь хьылъэ къышъуфэсшIыщт. Сятэ къамыщкIэ шъуаригъэукIыщтыгъэмэ, сэ гъучI папцIэ зыIэпакIэ хэлъ къамыщкIэ шъуязгъэубышъыщт». [15] Джащ тетэу пачъыхьэр цIыфхэм ядэIугъэп. Сыда пIомэ Щылэу щыщ Ахъый къыриIуагъэу, Нэуат ыкъо ЯрабIам къырыригъэIожьыгъэр хъужьыным пае, Зиусхьаным ишIэ хэлъэу хъурэр зэхъокIыгъэхагъ.

[16] Пачъыхьэр къызэрямыдэIугъэр темыр лъэныкъом къикIыгъэ израил цIыфхэм янэрылъэгъу хъугъэти, ахэм пачъыхьэм раIуагъ:

«Сыда Даут тызэрэхэтыр?
Ищай ыкъо тызэрэфыщыт щыIэп.
Израилыр, хэти иунэ ерэкIужь!
Джы, Даут, уипачъыхьагъу изакъоу къыпфэрэн!»

Джащ тетэу Израилым итемыр лъэныкъо щыпсэухэрэр хэти иунэ екIужьыгъ. [17] Ау Ехъудэм икъалэхэм адэс израил цIыфхэр ары ныIэп РэхъабIам зипачъыхьэ хъугъэр. [18] ЕтIанэ РэхъабIам егъэзыгъэкIэ Iоф зэрагъэшIэрэ цIыфхэм ятхьаматэу Адорам ыIофытагъ, ау израил цIыф пстэуми мыжъозэхао къашIи ар хэкIодагъ. Пачъыхьэу РэхъабIам Ерусэлэм екIужьыным пае ку псынкIэм гузэжъогъоу зыридзагъ. [19] Джаущтэу Израилым итемыр лъэныкъо щыпсэухэрэм Даут иунагъо зыкъызэрэпэIатыгъэу джы къызнэсыгъэми къахьы.

### *ЯрабIам Израилым итемыр лъэныкъо ипачъыхь*

[20] ЯрабIам къызэригъэзэжьыгъэр темыр лъэныкъом
щыпсэурэ израил цIыф пстэуми зызэхахым, ащ лъагъа-
кIуи зэIукIэм къарагъащи темыр лъэныкъом щыпсэурэ
израил цIыф пстэуми япачъыхьанэу тырагъэхьагъ. Даут
иунагъо ехъуд лIакъом нэмыкI гомытэу къэнагъ.
[21] Израилым езэонышъ, пачъыхьагъур Сэлмэн ыкъо
Рэхъабlам къыIэкIигъэхьажьыным пае, ежь Ерусэлэм
къызэсым, зэрэехъуд лIакъорэ бынямин лIакъомрэ
ащыщхэу дзэкIолI хэшыпыкIыгъэу нэбгырэ минишъэ-
рэ мин тIокIиплIырэ къахищыгъэх. [22] Ау Тхьэм дэжь
къикIыгъэ псалъэр Тхьэм илIыкIоу ЩымаI къылъигъэ-
Iэси къыриIуагъ: [23] «Ехъудэм ипачъыхьэу, Сэлмэн ыкъо
Рыхъэбэlэм, зэрэ Ехъуди, Бинямини, нэмыкI цIыфхэ-
ми яIу: [24] „Зиусхьаным ыIорэр мары: ‘ШъумыкIу, шъу-
къош израил цIыфхэм заор адэшъумыубл. Шъхьадж
иунэ ерэкIужь, сыда пIомэ Сэры ар къызпкъырыкIы-
гъэр’“». Арыти, Зиусхьаным ыIорэм едэIухи, Зиусхьа-
ным къызэрариIуагъэм тетэу агъэзэжьыгъ.

### *ЯрабIам идышъэ шкIэхэр*

[25] ЕтIанэ ЯрабIам Щэхэм къалэр Ефраим къушъхьэ-
лъэ хэкум щызэкIигъэпытыхьи, ащ дэтIысхьажьыгъ. Ащ
къыдэкIи Пэнуэл къалэр ыгъэпсыгъ. [26] ЯрабIам ыгукIэ
зэриIожьщтыгъ: «Пачъыхьагъум Даут иунагъо къыфи-
гъэзэжьынкIи хъун. [27] Мы сызипачъыхьэхэр Зиусхьа-
ным и Унэ къурмэнхэр щашIынхэм пае Ерусэлэм кIохэ
зыхъукIэ, язиусхьан ехъуд пачъыхьэу РэхъабIам агухэм-
кIэ зыфагъэзэжьыщт, сэ саукIынышъ, ахэр ехъуд па-
чъыхьэу РэхъабIам гоуцожьыщтых». [28] Арыти, пачъыхьэр

яупчIыжьи шкIитIу дышъэм харигъэшIыкIи ариIуагъ:
«Ерусэлэм бащэрэ шъукIуагъ. Мары шъуитхьэхэр, Изра-
илыр, мысыр чIыгум укъизыщыжьыгъэхэр». 29 Зыр Бэ-
тэл, адрэр Даным ащигъэуцугъэх. 30 Джащ къыхэкIэу
псэкIод ашIагъ, сыда пIомэ цIыфхэр тIумэ яз дэжь,
Даными нэс кIохэу, рагъэжьагъ. 31 ЯрабIам къурмэн-
хэр зыщашIырэ лъэгапIэм тхьэлъэIупIэунэ тыригъэу-
цуагъ, Лэуй ыкъомэ ащымыщхэу, цIыфмэ къахихыгъэ-
хэр къурмэнышIэу кIэригъэуцуагъэх. 32 Ехъудэм зэрэща-
шIыщтыгъэм фэдэу, яенэрэ мазэм ияпшIыкIутфэнэрэ
мафэ агъэмэфэкIынэу ЯрабIам ыгъэнэфагъ. Ежь къур-
мэнхэр къурмэншIыпIэм щишIыщтыгъэх. ШкIитIоу
ыгъэуцугъэхэм пае къурмэнхэр Бэтэл щишIыгъ. Лъэ-
гапIэу ыгъэуцугъэхэм афэгъэзэгъэнхэу къурмэнышIхэр
Бэтэл щигъэнэфагъэх. 33 Яенэрэ мазэм ияпшIыкIутфэ-
нэрэ мафэу нэрышэ-гурышэкIэ ежь ыгъэнэфагъэм те-
фэу Бэтэл щигъэуцугъэ къурмэншIыпIэм кIуагъэ. Изра-
ил цIыфхэм зыщагъэмэфэкIыщтыр ыгъэнафи, гъомэ
IашIухэр къызпиххэрэр щигъэстынхэм пае, къурмэн-
шIыпIэм екIолIагъ.

**ЯпшIыкIущэнэрэ шъхьэр**

*Тхьэм илIыкIо ЯрабIам зэригъэмысагъэр*

**13** 1 ЯрабIам гъомэ IашIухэр къызпиххэрэр щигъэ-
стынхэм пае къурмэншIыпIэм зыщыкIэрытыгъэ
уахътэм тефэу Тхьэм илIыкIо, Зиусхьаным унашъо
къыфишIыгъэти, Ехъудэм къикIи Бэтэл къэкIуагъ.
2 Арыти, къурмэншIыпIэр ымыдэу Зиусхьаным унашъоу
къыфишIыгъэр ащ къыIуагъ: «О, къурмэншIыпIэр, о,

къурмэншIыпIэр! Зиусхьаным ыIорэр мары: „Даут
иунагъо Иощыехъу ыцIэу шъао къихъухьащт. Ащ къур-
мэнышIхэу гъомэ IашIухэр къызпиххэрэр къурмэн
зыщашIырэ лъэгапIэхэм ащызгъэстхэрэр къурмэн
уашъхьагъ щишIыщтых, цIыф къупшъхьэхэри уакIыIу
щигъэстыщтых“». 3 ГъэунэфыпIэр зыфэдэщтри а ма-
фэм къыгъэнафи къариIуагъ: «Зиусхьаным ар зэри-
Iуагъэм ишыхьатыщтыр мары: мыдэ мы къурмэншIы-
пIэр зэбгырызыщт, ащ телъ яжьэри зэбгырыутысыкIы-
жьыщт». 4 Тхьэм илIыкIо Бэтэл дэт къурмэншIыпIэр
ымыдэу къыIуагъэр пачъыхьэм зызэхехым ЯрабIам ыIэ
къурмэншIыпIэм къытырихи, адрэм фигъази къыIуагъ:
«Шъуубыт ар». ЫIэ къызеIэтым, ащ ыдэжькIэ ыгъэ-
загъэти, ар голIыкIи, римыдзыхыжьышъоу къэнагъ.
5 Зиусхьаным унашъо къызэрэфишIыгъэм тетэу, Тхьэм
илIыкIо къариIогъэгъэ гъэнэфапIэм тефэжьэу къур-
мэншIыпIэр зэбгырызыгъ, къурмэншIыпIэм телъыгъэ
яжьэри зэбгырыутысыкIыжьыгъ. 6 Арыти, пачъыхьэм
Тхьэм илIыкIо риIуагъ: «Уи Зиусхьанэу Тхьэм гукIэгъу
къысфегъэшIи, сIэ къездзыхыжьышъунэу сфелъэIу». Ар
дэдэм Тхьэм илIыкIо Зиусхьаным елъэIуи, пачъыхьэм
ыIэ ыпэкIэ зэрэщытыгъэм фэдэу ыгъэIорышIэу хъу-
жьыгъэ. 7 ЕтIанэ пачъыхьэм Тхьэм илIыкIо риIуагъ:
«Усигъусэу унэм къыздихьи гъомылэм хаI, шIухьафты-
ни къыостын». 8 Ау Тхьэм илIыкIо пачъыхьэм риIуагъ:
«Уиунэ ыкIэлъэныкъо къысэптыщткIи ащ сыбдихьа-
нэп, мы чIыпIэм хьалыгъуи щысшхынэп, пси сыще-
шъонэп. 9 Сыда пIомэ Зиусхьаным мыщ фэдэу къыси-
Iуагъ: „Ащ хьалыгъу щымышх, пси ущемышъу, гъогоу
узэрыкIуагъэми укъырымыкIожь“». 10 Арыти, ар нэмыкI
гъогу рыкIуагъ, Бэтэл къызэкIом къызэрыкIогъэгъэ гъо-
гумкIэ къыгъэзэжьыгъэп.

[11] ТхьэлIыкIо лIыжъ горэ Бэтэл дэсыгъ. Ащ ыкъомэ
ащыщ горэ ыдэжь къэкIожьи, Тхьэм илIыкIо непэ Бэ-
тэл щишIагъэр къыфиIотэжьыгъ. Ащ пачъыхьэм риIуа-
гъэхэри адрэ ыкъохэм ятэ къыфаIотэжьыгъ. [12] «Тара ар
зэрыкIогъэ гъогур?» – ыIуи тыр ахэм зяупчIым, Тхьэм
илIыкIоу Ехъудэм къикIыгъагъэр зэрыкIожьыгъэ гъо-
гур ыкъохэм къырагъэлъэгъугъ. [13] «Уанэр щыдым къыс-
фытешъулъхь», – ыкъохэм ащ зареIом, уанэр щыдым
къыфытыралъхьагъэти, ар ащ тетIысхьагъ. [14] Тхьэм
илIыкIо лъежьи адрэр чъыг чIэгъым чIэсэу рихьылIагъ.
Арыти, риIуагъ: «Ора Тхьэм илIыкIоу Ехъудэм къикIы-
гъэр?» Адрэм «Сэры» къыриIожьыгъ. [15] Арыти, мыдрэм
риIуагъ: «Тадэжь некIоба, гъомлапхъэм ухэIан». [16] Ад-
рэм къыриIожьыгъ: «Сэ къэзгъэзэжьынышъ шъуадэжь
сыкъэкIон слъэкIыщтэп. А чIыпIэм гъомлапхъи уадэжь
щызIузгъэфэщтэп, пси сыщешъощтэп, [17] сыда пIомэ
Зиусхьаным къысиIуагъ: „А чIыпIэм ущымышх, пси
ущемышъу, гъогоу узэрыкIогъагъэми къэбгъэзэжьмэ
укъырымыкIожь“». [18] Арыти, мыдрэм ащ риIуагъ: «Ощ
фэдэу сэри сытхьэлIыкIу. Зиусхьаным унашъоу къып-
фишIыгъэр мэлэIычым къысиIожьыгъ: „Ащ къегъэгъэ-
зэжьи уадэжь къыздащ, хьалыгъуи егъэшх, псыкIи зе-
рэгъэшъокI“». Ащ ар ыгъэпцIагъ. [19] Джаущтэу ащ къы-
дигъэзэжьи иунэ хьалыгъу щишхыгъ, пси щешъуагъ.

[20] Ахэр Iанэм джыри пэсхэзэ тхьэлIыкIоу къезгъэгъэ-
загъэм Зиусхьаныр къыдэгущыIагъ. [21] Тхьэм илIыкIоу
Ехъудэм къикIыгъэм фэгъэхьыгъэу къыриIуагъ: «Зиу-
схьаным ыIорэр мары: „Зиусхьаным къыпфишIыгъэ
унашъом уемыдэIоу, уи Зиусхьанэу Тхьэм къыпфигъэ-
пытагъэр умыгъэцакIэу, [22] къэбгъэзэжьи, ‘Хьалыгъуи
щымышх, пси ущемышъу’ Ащ зыфиIогъэ чIыпIэм
хьалыгъу зэрэщыпшхыгъэми псы узэрэщешъуагъэми

апае уихьадэ уятэхэр зычIэлъ къэунэм чIалъхьажьы-
щтэп“». 23 Тхьэм илIыкIо хьалыгъу ышхи псыкIи зызе-
гъэшъокIым, тхьэлIыкIом ищыд къызэригъэгъэзагъэм
уанэр фытырилъхьагъ. 24 Джащ тетэу адрэр гъогум техьа-
жьыгъ. Арыти, аслъаныр ыпэ къифи ащ ылIыгъ. Ихьадэ
гъогу гузэгум тедзэжьыгъэу телъыгъ, щыдри шъхьащы-
тыгъ, аслъаныр хьадэм дэжь щытыгъ. 25 КъыблэкIырэ
цIыфмэ гъогум телъ хьадэри хьадэм дэжь щыт аслъанри
алъэгъугъэхэти, тхьэлIыкIо лIыжъыр зыдэсыгъэ къалэм
кIохи щаIотагъ.

26 Ащ гъогум къыщезгъэзэгъэгъэ тхьэлIыкIом аIорэр
зызэхехым ыIуагъ: «Ар Тхьэм илIыкIоу Зиусхьаным
къыфишIыгъэ унашъом емыдэIугъэр ары. Зиусхьаным
къызэрэриIогъагъэм фэдэу, Зиусхьаным ар аслъаным
пэкIигъафи, адрэм ар зэхицунтхъи ыгъэлIагъ». 27 ЕтIа-
нэ ыкъохэм ащ ариIуагъ: «Уанэр щыдым къысфыте-
шъулъхь». Уанэр къыфытыралъхьагъ. 28 Ар ежьи гъогум
тедзэгъэ хьадэр къыгъотыжьыгъ. Аслъанымрэ щыдым-
рэ хьадэм кIэрытыгъэх, аслъаным ар ышхыгъэп, щыдри
зэхилIыхьагъэп. 29 ТхьэлIыкIом Тхьэм илIыкIо ихьадэ
къыIати, щыдым къытырилъхьи, къыгъэзэжьи къыщэ-
жьыгъ. А тхьэлIыкIом Тхьэм илIыкIо ихьадэ ыгъэеным,
ыгъэтIылъыжьыным пае икъалэ къыгъэзэжьыгъ. 30 Ары-
ти, хьадэр ежьхэм якъэунэ дилъхьи, «Е-о-ой-гущ, си-
къош!» – ыIозэ, ыгъэежьыгъ. 31 Ар зегъэтIылъыжьыхэм
ыкъохэм ащ ариIуагъ: «СызылIэкIэ, Тхьэм илIыкIо
зыдэслъхьэжьыгъэ къэунэм сэри сычIэшъулъхьажь, сэ
сикъупшъхьэхэри ащ икъупшъхьэхэм акIэрышъулъхьа-
жьых. 32 Зиусхьаным Бэтэл дэт къурмэншIыпIэр, Щамэ-
рэн хэкум ит къалэхэм къурмэн зыщашIырэ ялъэга-
пIэхэм атет тхьэлъэIупIэунэхэр ымыдэхэу ышIыгъэ уна-
шъор гъэцэкIэжьыгъэ хъущт».

33 Ащ ыуж ЯрабIам зытетыгъэ гъогу пхэнджым къыте-
мыкIэу, лъэпкъ пстэумэ ащыщ къурмэнышIхэр къур-
мэн зыщашIырэ лъэгапIэхэм аIуигъахьэщтыгъэх. Хэтми
фаер къурмэн зыщашIырэ лъэгапIэм икъурмэнышI хъу-
нэу ыукъэбзти, тыригъахьэщтыгъэ. 34 ЯрабIам иунагъо
ащ псэкIодым хищэщтыгъэ, унэхъунымрэ дунаим те-
кIодыкIыжьпэнымрэ афищэщтыгъэх.

**ЯпшIыкIуплIэнэрэ шъхьэр**

*ЯрабIам ыкъо зэрэлIагъэр*

**14** 1 А уахътэм ЯрабIам ыкъо Абие сымаджэ хъугъэ.
2 Арыти, ЯрабIам ишъуз риIуагъ: «Тэджи, ЯрабIам
узэришъузыр къамышIэнэу, уищыгъын зэблэхъуи, Щы-
лэу кIо. Мы цIыфлъэпкъым сызэрипачъыхьащтыр къы-
сэзыIогъэгъэ тхьэлIыкIоу Ахъый ащ дэс. 3 ХьалыгъуипшI,
хьалыу тIэкIу горэ, шъоу къошын аIоу зыдаштэхи ыдэжь
кIуи кIалэм къырыкIощтыр къыуиIощт».
4 ЯрабIам ишъуз джаущтэу ышIыгъ: Щылэу кIуи Ахъый
иунэ ихьагъ. Ахъый жъы зэрэхъугъэм къыхэкIэу ынэ-
хэм алъэгъужьыщтыгъэп. 5 Зиусхьаным Ахъый къыри-
Iуагъ: «ЯрабIам ыкъо сымаджэшъ, ащ пае къыоупчIы-
нэу ишъуз уадэжь къэкIо. Мыры, мыры Iуи, еIу».

Арыти, бзылъфыгъэм нэмыкI цIыф фэдэу зишIи
ащ ыдэжь къэкIуагъ. 6 Ар унэм къихьи, ылъэмакъэхэр
Ахъый къызызэхехым риIуагъ: «КъакIо, ЯрабIам ишъуз,
сыд пае нэмыкI цIыф фэдэу зыпшIыгъа? Сэ пшъэрылъ
хьылъэ къыпфысиI. 7 КIожьи ЯрабIам еIу: „Израилым
и Зиусхьанэу Тхьэм ыIорэр мары: ‘ЦIыф къызэрыкIомэ

уакъыхэсщи лъэрыхьэ усшIыгъ, Израилым урипачъыхьа-
нэу дагъэ Сэ къыпщысфагъ. 8 Даут иунагъо пачъыхьа-
гъур къыIэкIэсхыжьи о къыостыгъ. Ау о Сиунашъохэр
зыгъэцакIэщтыгъэу, ыгукIэ зэрэщыт къабзэу къысфэ-
щэгъагъэу, къысэкIущтым нэмыкI зымышIэгъэ СиIумэт
Даут уфэдэп. 9 О уапэкIэ щыIэгъэ пстэуми анахь дэеу
узекIуагъ, сыбгъэгубжынэу укIуи нэмыкI тхьэхэмрэ тхьэ-
папкIэхэмрэ бгъэуцугъэх, сыщыбгъэзыягъ. 10 Джащ пае
ЯрабIам иунагъо тхьамыкIагъо къыфэсхьын.

ЯрабIам иунагъо хъулъфыгъэ гори къисымыгъанэу
зэкIэ Израилым щызгъэкIодын,
адрэ къэнагъэхэр шъхьафитныгъэ ямыIэу,
абгынэжьыгъэхэу Израилым щысшIыных,
хэкIыр зэрэрапхъэнкIыкIэу, ЯрабIам иунагъо
зэрэщытэу лъэкъабзэ изгъэфэн.
11 Хэтми ЯрабIам иунагъо щыщэу къалэм щылIэрэр
хьэмэ ашхыжьыщт,
губгъэм илIыхьэрэр
ошъогу бзыумэ зэхаулыIухьажьыщт’“.

Зиусхьаным джаущтэу къыIуагъэшъ ары. 12 Джы шъуа-
дэжь кIожь. Къалэм узэрэдэхьажьыгъэм тетэу уишъао
лIэщт. 13 Израил цIыфхэм зэкIэми ар агъэежьынышъ
агъэтIылъыжьыщт. А зы закъор ары ЯрабIам иунагъо
щыщэу къэунэм далъхьажьыщтыр, сыда пIомэ ЯрабIам
иунагъо щыщэу Израилым и Зиусхьанэу Тхьэр нэ-
шIукIэ къызэплъыгъэр джары. 14 Зиусхьаным Израилым
пачъыхьакIэ щызфишIыщт, джары ЯрабIам иунагъо не-
пэ зыгъэкIодыщтри: джыдэдэми*. 15 Зиусхьаныр Израи-
лым итемыр къыфырехыщт, псым хэт къамылым фэ-
дэу ар ыгъэкIэззынышъ, тхьэнэпцIэу Астартэ пкъэухэр

* 14:14 Ижъырэ джуртыбзэмкIэ тхыгъэ Iэпэрытхыр мы чIыпIэм щызэхэугуфыкIыгъуай.

зэрэфагъэуцугъэхэм, Зиусхьаныр зэрагъэгубжыгъэм пае
ятэмэ къаритыгъэ чIыпIэшIум израил цIыфхэр риу-
къэбзыкIынхэшъ, Евфрат псыхъо кIыбым щыритэкъу-
хьащтых. [16] ЯрабIам псэкIодэу ышIагъэхэм, ахэмкIэ
Израилым псэкIод зэрэригъэшIагъэм апае Ащ Израи-
лыр къыбгынэщт». [17] ЯрабIам ишъуз ежьэжьи Тырцэ
кIожьыгъэ. Унэ пчъэшъхьаIум елъэбэкъожьыгъэ къо-
дыеу шъаор лIагъэ. [18] Зиусхьаным ИIумэт тхьэлIыкIоу
Ахъый къызэрэриIогъагъэм фэдэу, зэрэ Израилэу ар
ыгъэтIылъыжьи ыгъэежьыгъ.

*ЯрабIам ихьадэгъу*

[19] ЯрабIам адрэ иIофхэри, ар зэрязэуагъэри, ипачъы-
хьагъу зэрэзэрихьагъэри израил пачъыхьэмэ яхьылIэ-
гъэ Iэпэрытххэм арытхагъэхэба. [20] ЯрабIам пачъыхьагъум
илъэс тIокIырэ тIурэ тетыгъэу лIи, ятэ пIашъэхэр зыдэ-
щыIэхэм ыгъэзэжьыгъэти, ыкъо Нэдэб ащ ычIыпIэ па-
чъыхьагъум техьагъ.

*Ехъуд пачъыхьэу РэхъабIам*

[21] Сэлмэн ыкъо РэхъабIам Ехъудэм пачъыхьагъум щы-
тетыгъ. РэхъабIам пачъыхьагъум зытехьэм илъэс тIо-
кIитIурэ зырэ ыныбжьыгъэр. Ерусэлэм дэсэу илъэс
пшIыкIублэ ар пачъыхьагъ. Ежь ыцIэ епхыгъэнэу Зиу-
схьаным израил лъэпкъ пстэумэ а къалэр къахихыгъ.
РэхъабIам янэ ыцIагъэр НаIамэ, Iамоныпхъугъ. [22] Зиу-
схьаным къемыкIущтыр Ехъудэм ышIэщтыгъэ, ятэмэ
ашIэгъэ псэкIодмэ анахь лъэшыжьэу псэкIодхэр зэра-
шIэщтыгъэм Ар нахьыбэ дэдэу зэщафщтыгъ. [23] Ахэм
къурмэнхэр зыщашIырэ лъэгапIэхэр, пкъэухэр, мыжъо-
сынхэр Iошъхьэ лъагэ пэпчърэ чъыг жьау пэпчърэ аща-
гъэуцугъэх. [24] ЦIэпIагъэхэр зышIэрэ хъулъфыгъэхэмрэ

бзылъфыгъэхэмрэ а хэкум исыгъэх. Ахэм Зиусхьаным
израил цIыфмэ ахифыжьыгъэ лъэпкъхэм ашIэщтыгъэ
гущыкIыгъо емыкIушхохэр ашIэщтыгъэ. 25 РэхъабIам
зыпачъыхьэр илъэситфым зынэсым Мысырым ипачъы-
хьэу Щыщакъ Ерусэлэм къезэонэу къытебани, 26 Зиу-
схьаным и Унэрэ пачъыхьэм иунэрэ арылъыгъэ пкъы-
гъо лъапIэхэр зэкIэ ыштагъ. Сэлмэн аригъэшIыгъэ ды-
шъэ мэIухэри зэкIэ ыштагъ. 27 Пачъыхьэу РэхъабIам
ахэм ачIыпIэ джэрз мэIухэр аригъэшIхи, ахэр пачъы-
хьэм иунэихьапIэ Iутыгъэ ухъумакIохэм яIэшъхьэтетхэм
аритыгъэх. 28 Пачъыхьэр Зиусхьаным и Унэ чIахьэ къэс
иухъумакIохэм ахэр къахьыщтыгъэх, етIанэ ухъумакIо-
хэр зэрысырэ унэм икIэрыкIэу ахьыжьыщтыгъэх. 29 Ащ
нэмыкIэу РэхъабIам къырыкIуагъэмрэ ышIагъэхэмрэ
ехъуд пачъыхьэхэм яхьылIэгъэ Iэпэрытххэм арытхагъэ-
хэба. 30 РэхъабIамрэ ЯрабIамрэ ренэу зэзаощтыгъэх.
31 ЕтIанэ РэхъабIам ятэ пIашъэхэр зыдэщыIэхэм ыгъэзэ-
жьыгъэти, ахэм афэдэу Даут икъалэ щагъэтIылъыжьыгъ.
Ащ янэ ыцIагъэр Iамоныпхъоу НаIамэ. Ащ ыуж ыкъо
Абием ежь ычIыпIэ пачъыхьанэу техьагъ.

**ЯпшIыкIутфэнэрэ шъхьэр**

*Ехъуд пачъыхьэу Абием*

15 1 Нэуат ыкъо ЯрабIам зыпачъыхьэр илъэс пшIы-
кIуим хэхьагъэу Абием Ехъудэм ипачъыхьэ хъугъэ.
2 Илъэсищэ ар Ерусэлэм щыпачъыхьагъ. Ащ янэу Аби-
щэлэм ыпхъу ыцIагъэр МаIах. 3 Ежь ыпэкIэ ятэ ышIэгъэ
псэкIод пстэуми ар ахэтыгъ. Ятэшхо Даут Зиусхьанэу

Тхьэм зэрэфэшъыпкъагъэм фэдэу ыгукIэ шъыпкъагъэ
фыриIагъэп. [4] Ау щыт нахь мышIэми, Зиусхьанэу Тхьэм
Даут ихьатыркIэ, ежь ыуж ыкъо пачъыхьагъум тыри-
гъахьи, ижъуагъо инэф Ерусэлэм щигъэкIосагъэп, ащ-
кIэ Ерусэлэм ыгъэлъэшыгъ. [5] Сыда пIомэ Даут, хьатэу
Урый ришIагъэм нэмыкIэу, Зиусхьаным къекIущтыр
зэкIэ ышIэщтыгъэ, ежь щэIэфэ Ащ къыфигъэнэфа-
гъэхэм адэхыгъэп. [6] РэхъабIамрэ ЯрабIамрэ щэIэфэхэ
зэзэуагъэх. [7] АдыкIэ Абием къырыкIуагъэхэр ехъуд
пачъыхьэхэм яхьылIэгъэ Iэпэрытххэм арытхагъэхэба.
Абиемрэ ЯрабIамрэ зэзаощтыгъэх. [8] Абием ятэ пIа-
шъэхэр зыдэщыIэм ыгъэзэжьи, Даут икъалэ щагъэ-
тIылъыжьыгъ. Арыти, ыкъоу Асэ ащ ычIыпIэ пачъы-
хьагъум техьагъ.

### *Ехъуд пачъыхьэу Асэ*

[9] Израилым ипачъыхьэу ЯрабIам зыпачъыхьэр илъэс
тIокIым хэхьагъэу Асэ Ехъудэм ипачъыхьэу хъугъэ. [10] Ар
илъэс тIокIитIурэ зырэ Ерусэлэм щыпачъыхьагъ. Ащ
янэщтыгъэр Абищэлэм ыпхъу МаIах* ары. [11] Ятэшхо
Даут фэдэу Асэ Зиусхьаным къекIущтыр ышIэщтыгъэ.
[12] Арыти, цIэпIагъэхэр зышIэрэ хъулъфыгъэхэмрэ бзы-
лъфыгъэхэмрэ хэгъэгум рифхи, тхьэнэпцIмэ ямыжъо-
сынхэу ятэжъмэ агъэуцугъэхэр ыгъэкIодыжьыгъэх.
[13] ТхьэнэпцI Астартэ имыжъосын зэригъэуцугъэм пае
янэ МаIах пачъыхьэгощацIэм хигъэкIи, а мыжъосыныр
зэхикъутэжьи, псыигъукIыгъэ зэпырыкIыпIэу Къыдрэн
дэжь щигъэстыжьыгъ. [14] Ау къурмэнхэр зыщашIырэ лъэ-
гапIэхэр зэхакъутэгъагъэхэп. Ау щыт нахь мышIэми, Асэ

* 15:10 Ижъырэ Iэпэрытхэу зэрадзэкIыжьыгъэмэ ащыщхэм МаIа-
хым пае Ана арытхагъ.

опсэуфэ ыгукIэ Зиусхьаным фэшъыпкъагъ. [15] Джаущтэу
ащ ятэ Зиусхьаным фигъэшъошэгъэ тын лъапIэхэри,
ежь фигъэшъошэгъэ пкъыгъо лъапIэхэу дышъэмрэ ты-
жьынымрэ ахэшIыкIыгъэхэри, шыкъухэри Зиусхьаным
и Унэ чIилъхьагъэх.

[16] Асэрэ Израилым ипачъыхьэу БаIыщэрэ щэIэфэхэ
зэзаохэзэ къахьыгъ. [17] Израилым ипачъыхьэу БаIыщэ
Ехъудэм пэшIуекIоу къежьи, Ехъудэм ипачъыхьэу Асэ
ыдэжькIэ къикIхэрэр къыблимыгъэкIынхэми, ащ дэжь
ымыгъэкIонхэми апае Рамэ ыгъэпсынэу фежьагъ.
[18] Арыти, Асэ Зиусхьаным и Унэ игъэтIылъыпIэхэмрэ
пачъыхьэ унэм игъэтIылъыпIэхэмрэ къарынэжьыгъэ
тыжьынымрэ дышъэмрэ зэкIэ къариххи иIумэтхэм ари-
тыгъ. ЕтIанэ Хъэзион ыкъо Тауримэн къыхэкIыгъэу,
Арамым ипачъыхьэу, Дамаск дэсыгъэ Бэнхадад дэжь
ыгъакIохи раригъэIуагъ: [19] «Тятэрэ уятэрэ зэзэгъыны-
гъэ зэрэзэдыряIагъэм фэдэу, оррэ сэррэ зэзэгъыныгъэ
зэдытерэI. Мары тыжьынрэ дышъэрэ тынэу къыпфя-
сэгъэхьхэшъ, Израилым ипачъыхьэу БаIыщэ дэпшIы-
гъэ зэзэгъыныгъэр скIэрыкIыжьынэу зэщыгъакъу».
[20] Бэнхадад пачъыхьэу Асэ къедэIуи, идзэIэшъхьэтет-
хэр израил къалэхэм язэонхэу ыгъакIохи, Iиони, Да-
ни, Абэл-Бэт-МаIахи, Къынэрэти зэрэщытэу, зэрэ
Нафталый хэкоу ыштагъэх. [21] А къэбарыр зызэхехым,
БаIыщэ Рамэ изэтегъэпсыхьан ыуж икIыжьи, Тырцэ
къыгъэзэжьыгъ. [22] Пачъыхьэу Асэ зы къэмынэу ехъуд-
хэм зэкIэми унашъо афишIи псэуалъэм пае БаIыщэ
ыгъэфедэщтыгъэ мыжъохэмрэ пчъэхэмрэ Рамэ къы-
даригъэхыжьыгъэх. Пачъыхьэу Асэ ахэм Бинямин хэ-
кум ылъэныкъокIэ щыIэ ГъыбIэ къалэмрэ Мыцпэ къа-
лэмрэ ахишIыкIыжьыгъэх. [23] Асэ нэмыкIэу ыгъэхъа-
гъэхэри, лIыгъэу зэрихьагъэхэри, зэкIэ ышIагъэхэри,

къалэу ыгъэпсыгъэхэри ехъуд пачъыхьэхэм яхьылIэгъэ
Iэпэрытххэм арытхагъэхэба. Ащ ижъышъхьэм ылъакъо-
хэр узыщтыгъэх.
24 Асэ ятэ пIашъэхэр зыдэщыIэм ыгъэ-
зэжьыгъэти, ятэшхо Даут икъалэу ятэжъхэр зыдэлъхэм
щагъэтIылъыжьыгъ. Джащ тетэу ащ ыкъо Ехъощафат
ежь ычIыпIэ пачъыхьагъум техьагъ.

*Израил пачъыхьэу Надаб*

25 Ехъудэм ипачъыхьэу Асэ зыпачъыхьэр ятIонэрэ
илъэсым хэхьагъэу ЯрабIам ыкъо Надаб Израилым
ипачъыхьэу техьи илъэситIо Израилым ипачъыхьагъ.
26 Зиусхьаным къемыкIущтыр ащ ышIэщтыгъэ, ятэ
игъогу тетыгъ, ащ ипсэкIодшIагъэхэу Израилым псэ-
кIод зэрэригъэшIагъэхэм афэдэхэри ышIагъ.
27 Арыти, Исасхъар лIакъом щыщэу, Ахъый ыкъо Ба-
Iыщэ ащ зыкъыпиIэтыгъ. Надабрэ зэкIэ израил цIыф-
хэмрэ фылистмэ якъалэу Гъыбытон къадзыхьагъэу
зыщаIыгъым, БаIыщэ ар Гъыбытон дэжь щиукIыгъ.
28 Ехъудэм ипачъыхьэу Асэ зытетыр ящэнэрэ илъэсым
хэхьагъэу БаIыщэ ар ыукIи, ежь ащ ычIыпIэ техьагъ.
29 Ар пачъыхьагъум зытехьэм, Зиусхьаным ИIумэтэу
Щылэу щыщ Ахъый къызэрэригъэIогъагъэу, ЯрабIам
иунагъо щыщэу зы нэбгырэ закъуи къэмынэу, зэрэ-
щытэу зэкIэ ыгъэкIодыгъ.
30 ЯрабIам ышIыгъэ псэ-
кIодшIагъэхэм, ащкIэ Израилым псэкIод зэрэригъэ-
шIагъэм, Израилым и Зиусхьанэу Тхьэр ыгъэгубжэу
ынапэ зэрэтырихыгъэм джар къыфихьыгъ.
31 Надаб
нэмыкIэу ыгъэхъагъэхэри зэкIэ ышIагъэхэри израил
пачъыхьэхэм яхьылIэгъэ Iэпэрытххэм арытхагъэхэба.
32 Асэрэ Израилым ипачъыхьэу БаIыщэрэ опсэуфэхэ зэ-
зэоным хэтыгъэх.

*Израил пачъыхьэу БаIыщэ*

33 Ехъудэм ипачъыхьэу Асэ пачъыхьагъум зытехьа-
гъэр ящэнэрэ илъэсым хэхьагъэу Ахъый ыкъо БаIыщэ
израил цIыф пстэуми япачъыхьанэу Тырцэ щытехьи
илъэс тIокIырэ плIырэ пачъыхьагъ. 34 Зиусхьаным къе-
мыкIущтыр ащ ышIэщтыгъэ, ЯрабIам игъогу тетэу,
Израилым псэкIод ащ зэрэригъэшIагъэм фэдэу, псэ-
кIодхэр ышIагъэх.

## ЯпшIыкIухэнэрэ шъхьэр

16 1 Зиусхьаным ыдэжь къикIыгъэу БаIыщэ ехьы-
лIагъэу Хъананый ыкъо Ехъыо псалъэ къылъы-
Iэсыгъ: 2 «ТхьамыкIэмэ уакъыхэсщи сиизраил лъэпкъ
пащэ узэрэфэсшIыгъэм, ЯрабIам игъогу узэрэтехьагъэм,
сиизраил лъэпкъ сигъэгубжынэу псэкIодхэр зэребгъэ-
шIагъэм пае 3 мары, БаIыщэ, иунагъуи уилъфыгъэхэм
яунагъохэри згъэкIодыщтых, Нэуат ыкъо ЯрабIам иуна-
гъо есшIагъэр ори къыосшIэщт. 4 БаIыщэ иунагъо щы-
щэу къалэм щылIэрэр хьэмэ ашхыжьыщт, губгъэм илIы-
хьэрэр ошъогу бзыумэ зэхаулыIухьажьыщт». 5 БаIыщэ
нэмыкIэу къырыкIуагъэхэри, ышIагъэхэри, зэкIэ ыгъэ-
хъагъэхэри Израилым ипачъыхьэхэм яхьылIэгъэ Iэпэ-
рытххэм арытхагъэхэба. 6 БаIыщэ ятэ пIашъэхэр зыдэ-
щыIэм ыгъэзэжьыгъэти, Тырцэ щагъэтIылъыжьыгъ.
Арыти, ыкъо Елэ ащ ычIыпIэ пачъыхьагъум техьагъ.
7 Джащ тетэу Зиусхьаным ыдэжь къикIыгъэу Хъананый
ыкъо тхьэлIыкIоу Ехъыо псалъэ къызэрэлъыIэсыгъа-

гъэу, БаIыщэрэ ащ иунагъорэ Зиусхьаным къемыкIущтыр зэрашIагъэм, ЯрабIам иунагъо зэрэкIырыплъыгъэхэм пае Зиусхьаныр агъэгубжыгъ.

*Израил пачъыхьэу Елэ*

8 Ехъудэм ипачъыхьэу Асэ пачъыхьагъум зытетыр илъэс
тIокIырэ хырэм хэхьагъэу БаIыщэ ыкъо Елэ пачъы-
хьагъум Тырцэ щытехьи илъэситIо пачъыхьагъэ. 9 Ары-
ти, ку псынкIэхэм азыныкъо яIэшъхьэтетэу Зымрый
ащ зыкъыпиIэтыгъ. Тырцэ щыIэу, ащ дэт икъэлэсэрай
лъыплъэрэ Арцэ дэжь щыешъогъаеу 10 Зымрый къакIуи
чатэмкIэ ащ еуи ыукIыгъ. Ехъудэм ипачъыхьэу Асэ зы-
тетыр ятIокIэнэрэ блырэ илъэсым хэхьэгъагъ ар ащ
ычIыпIэ пачъыхьагъум зытехьэм. 11 Ар пачъыхьагъум те-
хьи тахътэм зытетIысхьэм, дэпкъым егъутхьылIэу Ба-
Iыщэ иунагъо исмэ ащыщ горэ къымыгъанэу иIахьыл-
хэри иныбджэгъухэри зэкIэ ыукIыгъэх. 12 Джаущтэу
Зиусхьаным ыдэжь къыкIыгъэу Хъананый ыкъо Ехъыо
псалъэ къызэрэлъыIэсыгъагъэу, Зымрый БаIыщэ иуна-
гъо зэрэщытэу ыгъэкIодыгъ. 13 БаIыщэрэ ащ ыкъо Елэ-
рэ псэкIодхэр ашIэзэ, Израилым псэкIодхэр зэрэра-
гъэшIагъэм, Израилым и Зиусхьанэу Тхьэр агъэгубжэу,
тхьэнэпцIхэм ямыжъосынхэр зэрагъэуцугъэхэм апае
Зиусхьаным джар къаришIагъ. 14 Елэ иIофшIагъэхэмрэ
нэмыкIэу ышIагъэхэмрэ Израилым ипачъыхьэхэм яхьы-
лIэгъэ Iэпэрытххэм арытхагъэхэба.

*Израил пачъыхьэу Зымрый*

15 Ехъудэм ипачъыхьэу Асэ зыпачъыхьэр ятIокIэнэрэ
блырэ илъэсым хэхьагъэу, Зымрый пачъыхьэу Тырцэ
щытехьи мэфиблэ тетыгъ. Израилыдзэр а уахътэм
фылистмэ якъалэу Гъыбытон къекIугъэу кIэрытыгъ.

16 Арыти, израилыдзэу къэкIуагъэу щытыгъэм Зым-
рый шъэфэу пачъыхьэм зыкъызэрэпиIэтыгъэмрэ ар зэ-
риукIыгъэмрэ зызэхехым, израил цIыф пстэуми дзэ-
Iэшъхьэтетэу Iомрый Израилым ипачъыхьанэу а мэфэ
шъыпкъэм дзэуцупIэм щытырагъэхьагъ. 17 Iомрыйрэ зэ-
кIэ израил цIыфхэмрэ зэгъусэхэу Гъыбытон къыкIэры-
кIыжьхи, къызэкIэкIожьхи Тырцэ къадзыхьагъ. 18 Зым-
рый къалэр зэраштагъэр зелъэгъум, къэлэсэраим хэт
унэ-пытапIэм ихьи, ыкIыбкIэ пачъыхьэ унэм машIо
щыкIидзэжьи хэстыхьажьыгъ. 19 ЯрабIам Израилым
псэкIод зэрэригъэшIагъэм фэдэу, ащ игъогу тетэу,
ащ ышIэгъэ псэкIодхэр ышIэзэ, Зиусхьаным къемы-
кIущтыр зэришIагъэм пае ар хэкIодагъ. 20 Зымрый нэ-
мыкIэу ышIагъэхэри шъэфэу зыкъызэриIэтыгъагъэри
израил пачъыхьэхэм яхьылIэгъэ Iэпэрытххэм арытха-
гъэхэба.

### *Израил пачъыхьэу Iомрый*

21 Джащ тетэу израил цIыфхэр тIо гощыгъэ хъугъэ:
ызыныкъо Гъынат ыкъо Тыбный пачъыхьэу тырагъэ-
хьанэу гоуцуагъ, адрэхэр Iомрый гохьагъэх. 22 Арыти,
Iомрый готхэр Гъынат ыкъо Тыбный гоуцуагъэхэм ате-
кIохи, Тыбный лIи, Iомрый пачъыхьагъум техьагъ.
23 Ехъудэм ипачъыхьэу Асэ зытетыр ящэкIэнэрэ зырэ
илъэсым хэхьагъэу Iомрый Израилым ипачъыхьанэу те-
хьи илъэс пшIыкIутIо тетыгъ. Тырцэ илъэсихэ щыпа-
чъыхьагъ. 24 ЕтIанэ Iомрый тыжьын килограмм тIокIищ
фэдизкIэ Щамэрэн къушъхьэр Щэмэр къыщищэфыгъ.
Къушъхьэр зэкIигъэпытыхьи, къалэу ышIыгъэм къу-
шъхьэр зиягъэ Щэмэр ыцIэкIэ ЩамэрэнкIэ еджагъ.

25 Зиусхьаным къемыкIущтыр Iомрый ышIэщтыгъэ,
ежь ыпэкIэ тетыгъэмэ анахь Iаеу зекIощтыгъэ. 26 Нэуат

ыкъо ЯрабІам игъогу сыдырэмкІи ар тетыгъ, Израилым
псэкІод ащ зэрэригъэшІагъэм фэдэу, итхьэнэпцІхэм-
кІэ Израилым и Зиусхьанэу Тхьэр ыгъэгубжыгъ. 27 Іом-
рый нэмыкІэу ышІагъэхэри лІыгъэу ащ зэрихьагъэри
израил пачъыхьэхэм яхьылІэгъэ Іэпэрытххэм арытха-
гъэхэба. 28 Іомрый ятэ пІашъэхэр зыдэщыІэм ыгъэзэ-
жьи Щамэрэн зыщагъэтІылъыжьым, ыкъо Ахъаб ащ
ычІыпІэ пачъыхьагъум техьагъ.

*Израил пачъыхьэу Ахъаб*

29 Ехъудэм ипачъыхьэу Асэ зытетыр ящэкІэнэрэ ирэ
илъэсым хэхьагъэу Іомрый ыкъо Ахъаб пачъыхьагъум
техьагъ. Іомрый ыкъо Ахъаб Щамэрэн дэсэу илъэс тІо-
кІырэ тІурэ Израилым ипачъыхьагъ. 30 Іомрый ыкъо
Ахъаб ежь ыпэкІэ тетыгъэ пстэуми анахь дэижьэу Зиу-
сханым къемыкІущтыр ышІэщтыгъэ. 31 Нэуат ыкъо
ЯрабІам ипсэкІодшІагъэхэр римыгъэкъухэу, Цыдоным
ипачъыхьэу ЕтбаІал ыпхъу Изэбэл шъузэу къыщи, БаІал
фэлажьэу, шъхьащэ фишІэу ригъэжьагъ. 32 Арыти, Ба-
Іал пае Щамэрэн щигъэпсыгъэ тхьэлъэІупІэунэм къур-
мэншІыпІэ щыфыхишІыхьагъ. 33 Джащ фэдэу Ахъаб Ас-
тартэ пае пкъэухэр ыгъэуцухи, ежь ыпэкІэ тетыгъэ
израил пачъыхьэ пстэуми анахь лъэшыжьэу Израилым
и Зиусхьанэу Тхьэр ыгъэгубжыгъ. 34 Ащ илъэхъан Бэтэл
щыщ Хъыел Ерыхъоу къалэр ыгъэпсыгъ. Зиусхьаным
дэжь къикІыгъэу Ныун ыкъо Ехъошуа псалъэ къызэ-
рэлъыІэсыгъагъэу*, Хъыел къэлэ лъапсэр зегъэуцум,
ищыпэ шъаоу Абирам лІагъэ, къэлапчъэхэр зыхегъэу-
цожьхэм, ишъэо анахьыкІэу Сэгъуб чІинагъ.

* 16:34 Еплъ: «Ехъошуа итхылъ» 6:26.

**ЯпшIыкIублэнэрэ шъхьэр**

*ТхьэлIыкIоу Иласрэ огъумрэ*

17 [1]ГъылыIад хэкумкIэ Тыщбэ щыщ Илас Ахъаб
риIуагъ: «Израилым и Тхьэу зыпашъхьэ ситыр зэ-
рэщыIэр сэIо! Сэ сымыIоу мы илъэсхэм осэпси къе-
мыхынкIэ, ощхи къемыщхынкIэ». [2]Зиусхьаным ипса-
лъэ ащ къылъыIэсыгъ: [3]«Мыщ дэкIи къокIыпIэмкIэ
кIуи Иордан икъокIыпIэ лъэныкъокIэ игъукIырэ псы-
хъоу Къэрит дэжь зыщыгъэбылъ. [4]А игъукIырэ псы-
хъом псы ущешъощт, къолэжъхэм ащ дэжь ущагъэшхэ-
нэу унашъо афэсшIыгъ». [5]Арыти, Зиусхьаным ипсалъэ
къызэрэлъыIэсыгъэу ащ ышIыгъ: Иордан икъокIыпIэ
лъэныкъокIэ щыIэ игъукIырэ псыхъоу Къэрит кIуи,
ащ къэнагъ. [6]Къолэжъхэм пчэдыжьыми пчыхьэми лырэ
хьалыгъурэ къыфахьщтыгъэ, игъукIырэ псыхъом псы
щешъощтыгъэ. [7]Ау тIэкIу горэ зытешIэм, ощх къе-
щхыщтыгъэпти, игъукIырэ псыхъом псы дэмытыжьэу
хъугъэ.

*Иласрэ Царэфат щыщ шъузабэмрэ*

[8]Зиусхьаным ипсалъэ ащ къылъыIэсыгъ: [9]«Цыдоным
пэгъунэгъу къалэу Царэфат кIуи ащ дэс. Уигъэшхэнэу
зы шъузабэ горэм есIуагъ». [10]Арыти, ар Царэфат кIуа-
гъэ. Къалэм икъэлапчъэ зынэсым шъузабэ горэ пхъэ
къыугъоеу ылъэгъугъ. Ащ къеджи риIуагъ: «Псы тIэкIу
горэ сешъонэу къошынкIэ къысфахьба». [11]ЗыфелъэIу-
гъэр къыхьынэу ар зежьэм, мыдрэр кIэлъыджи риIуагъ:

«Сэщ пае хьалыгъу такъыр гори о пIэкIэ къысфахьба».
12 Адрэм къыриIожьыгъ: «Уи Зиусхьанэу Тхьэр зэрэщы-
Iэр сэIо! Гъэжъагъэу зыпари сиIэп, пхъэчайжъыем илъэу
хьаджыгъэ Iабжыбрэ къошыным итэу тхъу тIэкIурэ ны-
Iэп сиIэр. Пхъэ тIэкIу горэ тадэжь схьынышъ, сэррэ
скъо паерэ джар згъэхьазырын, тшхынышъ, етIанэ ты-
лIэщт». 13 Илас ащ риIуагъ: «Умыщын, кIожьи зэрэпIуа-
гъэу шIы. Ау ыпэрапшIэу сэщ пае хьалыгъу джэгуры-
дзэ сфыхэхи къысфахь, етIанэ оррэ уикIалэ паерэ зы-
горэ шIы. 14 Сыда пIомэ Израилым и Зиусхьанэу Тхьэм
ыIорэр мары: „Зиусхьаным чIыгум ощх къызщытыри-
гъэщхэщт мафэм нэс пхъэчайжъыем илъ хьаджыгъэм
хэкIыщтэп, къошыным ит дагъэми къыщыкIэщтэп“».
15 Шъузабэр кIожьи, Илас къызэрэриIуагъэм фэдэу
ышIыгъ. Джаущтэу ежьри зэрахэтэу иунагъо зэрэщы-
тэу мэфэ заулэ ашхын агъотыгъ. 16 Зиусхьаным ипсалъэ
Илас къызэрэлъигъэIэсыгъэм фэдэу, пхъэчайжъыем илъ
хьаджыгъэм хэкIыщтыгъэп, къошыным ит дагъэми къы-
щыкIэщтыгъэп.

### *Илас шъузабэм икIалэ къызэригъэпсэужьыгъэр*

17 ЕтIанэ а унэр зие бысымгуащэм ыкъо сымаджэ
хъугъэ. Узышхо иIагъэти ар лIагъэ. 18 Арыти, бзылъфы-
гъэм Илас къыриIуагъ: «Сыда уиIофэу къысхэлъыр,
Тхьэм ицIыф? СипсэкIодшIагъэхэр сыгу къэбгъэкIы-
жьынхэшъ, сикIалэ бгъэлIэным пае садэжь укъэкIуагъ».
19 Арыти, мыдрэм риIожьыгъ: «Къаштэ моу уикIалэ».
Ар ащ ыбгъэгу къыкIихыжьи, ышъхьагъ тет унэу ежь
зэрысыгъэм ыхьи ипIэ хилъхьагъ. 20 Зиусхьаным зы-
фигъази къыIуагъ: «Си Зиусхьанэу Тхьэр! Зыдэжь
сис шъузабэм ыкъо бгъэлIагъэу къин хэбдзагъи адэ».

21 Гъогогъуищэ кIалэм тегъуалъхьэзэ, Зиусхьаным зыфигъази къыIуагъ: «Си Зиусхьанэу Тхьэр! Мы кIалэм ыпсэ къыхэрэхьажь!» 22 Зиусхьаным Илас ымакъэ къызэхихыгъ. КIалэм ыпсэ къыгъэзэжьи, къыхэхьажьи, ар къэпсэужьыгъ. 23 Ащ ыуж Илас кIалэр ышъхьагъ тет унэм къырищыжьи, янэ къыфищэжьи риIуагъ: «Еплъ, уикIалэ псэу». 24 Арыти, а бзылъфыгъэм Илас къыриIуагъ: «Тхьэм узэрилIыкIори Зиусхьаным дэжь къикIрэ псалъэр къызэрэплъыIэсри джы къэсшIагъ».



## ЯпшIыкIуенэрэ шъхьэр

*Иласрэ*
*тхьэнэпцIэу БаIал илIыкIохэмрэ*

**18** [1] Охътабэ тешIагъэу ящэнэрэ илъэсым Зиусхьа-
ным ипсалъэ Илас къылъыIэсыгъ: «КIуи Ахъаб
зегъэлъэгъу. Сэ чIыгум ощх къытезгъэщхэщт». [2] Ары-
ти, Илас Ахъаб зыригъэлъэгъунэу кIуагъэ. Щамэрэн
щыгъэблэшхуагъ. [3] Ахъаб къэлэсэраим лъыплъэрэ Iэ-
шъхьэтетэу Iобадыехъу къеджагъ. Iобадыехъу Тхьэм
ищынагъо лъэшэу итыгъ. [4] Изэбэл зиусхьанлIыкIохэр
зыщигъэкIодыгъэхэ уахътэм, Iобадыехъу ахэм ащыщэу
тхьэлIыкIохэу нэбгыришъэ зэриубытылIэжьыгъэу, нэ-
бгырэ шъэныкъо-шъэныкъоу гъочIэгъхэм защаригъэ-
гъэбылъыгъэу хьалыгъурэ псырэ афихьщтыгъэ. [5] Ахъаб
Iобадыехъу риIуагъ: «Ежьи хэкум ит псыкъэкIопIэ
пстэури, игъукIырэ псы пстэури къызэпэкIухьи, тиш-
хэмрэ тикъыдырхэмрэ щыдгъэхъунхэу, тибылымхэр
тшIомыкIодынхэм пае уц къэдгъотышъущтмэ къызэ-
гъашI». [6] Арыти, къызэпакIухьаным пае чIыгур зэфа-
гощи, Ахъаб гъогу шъхьаф рыкIуагъ, Iобадыехъуи гъогу
шъхьаф рыкIуагъ.

[7] Iобадыехъу гъогум рыкIозэ, Илас ыпэ къифагъ. Ар
ащ къышIэжьыгъэти, ынэIу егъэзыхыгъэу чIыгум зы-
тыридзи еупчIыгъ: «Ора ар, сизиусхьанэу Илас?» [8] Ад-
рэм къыриIожьыгъ: «Сэры, уизиусхьан дэжь кIуи еIу:
„Илас мыщ щыI“». [9] Арыти, мыдрэм риIожьыгъ: «Сы-
да силажьэр, Ахъаб сиукIынэу уиIумэт ащ ыIэ зыкIи-
плъхьарэр? [10] Уи Зиусхьанэу Тхьэр зэрэщыIэр сэIо!

Сизиусхьан укъигъотыным пае цIыфлъэпкъэуи пачъы-
хьагъоуи къаримыгъэлъыхъугъэ зыпари къыгъэнагъэп.
О укъамыгъотыгъэу заIокIэ, зыдэщыIэгъэхэ пачъы-
хьагъуми цIыфлъэпкъми укъызэрамыгъотышъурэмкIэ
тхьэлъанэ аригъэшIыщтыгъэ. [11]Джы о къысэоIо: „КIуи
уизиусхьан еIу: ‘Илас мыщ щыI’“. [12]СызэрэпкIэрыкIы-
жьэу уздэхъугъэри сымышIэу Зиусхьаным Ыпсэ уIуи-
лъэсыкIыжьыщт. Арышъ, къэбар фэсхьынэу Ахъаб дэжь
сыкIоу, етIанэ ащ о узимыгъотыжькIэ, сиукIыщт,
уиIумэт икIэлэгъум къыщегъэжьагъэу Тхьэм ищынагъо
ит нахь мышIэми. [13]Изэбэл зиусхьанлIыкIохэр зыщи-
гъэкIодыгъэхэ уахътэм, сэ сшIагъэр, ахэм ащыщэу нэ-
бгыришъэ зиусхьанлIыкIохэу зэрэзэсыубытылIэжьы-
гъэхэри, нэбгырэ шъэныкъо-шъэныкъоу гъочIэгъхэм
зызэрэщязгъэбылъыгъэри, хьалыгъурэ псыкIэрэ зэрэ-
згъэшхагъэхэри сизиусхьан къыраIуагъэба? [14]Джы о
къысэоIо: „КIуи уизиусхьан еIу: Илас мыщ щыI. Ащ
сиукIыщти“». [15]Арыти, Илас къыIуагъ: «Зыпашъхьэ сит
Зиусхьанэу ошъогу дзэхэр зиIэрылъхьэ Тхьэр зэрэщы-
Iэр сэIо! Непэ ащ зезгъэлъэгъущт». [16]ЕтIанэ Iобадые-
хъу Ахъаб пэгъокIи риIуагъэти, Ахъаб Илас дэжькIэ
ежьагъ.

[17]Ахъаб Илас къызелъэгъум, ащ риIуагъ: «Орба зэрэ
Израилэу тхьамыкIагъор къыфэзыхьырэр?» [18]Илас
къыриIожьыгъ: «Сэрэп, оррэ уиунагъорэ Зиусхьаным
иунашъохэр щыжъугъэзыягъэхэу, тхьэнэпцIэу БаIали
адрэхэми шъхьащэ зэрафэшъушIырэм пае Израилым
тхьамыкIагъор къыфэзыхьырэр оры. [19]Арышъ, гъакIо-
хи зэрэ Израилэуи, БаIал фэлэжьэрэ лIыкIо нэбгырэ
шъиплIрэ шъэныкъори, Астартэ фэлэжьэрэ лIыкIо нэ-
бгырэ шъиплIэу Изэбэл иIэнакIэ пэсхэри Къармэл къу-
шъхьэм дэжь къыщысфягъэугъоих».

[20] Арыти, Ахъаб зэрэ Израилэу ащиIофытэхи, БаIалрэ
Астартэрэ афэлэжьэрэ лIыкIохэр зэкIэ Къармэл къу-
шъхьэм дэжь къыщаригъэугъоигъэх. [21] Илас цIыфхэм
ахахьи ариIуагъ: «Джыри бэрэ шъуеджэнджэшыщта? Зиу-
схьаныр армэ Тхьэр, джащ зыфэжъугъаз, ау БаIалмэ,
ащ зыфэжъугъаз». Ау цIыфхэм зи къаIуагъэп. [22] Илас
цIыфмэ ариIуагъ: «Сэзыр ары зиусхьанлIыкIоу къэна-
гъэр, БаIал фэлэжьэрэ лIыкIохэр нэбгырэ шъиплIрэ
шъэныкъорэ мэхъух. [23] НыбгъэшъуитIу къытэшъути, зы
ныбгъэшъур ахэм арэшти, зэхарэупкIати, пхъэмэ аты-
рарэлъхь, ау машIо кIарэмышIыхь. Адрэ ныбгъэшъур
сэ згъэхьазырынышъ, пхъэмэ атеслъхьащт, ау машIо
кIэсшIыхьащтэп. [24] Шъори шъуитхьэ ыцIэкIэ шъуедж,
сэри си Зиусхьан ыцIэкIэ седжэщт. Тхьэу машIокIэ
джэуап къэзытрэр ары Тхьэр». Арыти, зэкIэ цIыфхэм
къаIуагъ: «КъапIорэр дэгъу». [25] Илас БаIал фэлэжьэ-
рэ лIыкIохэм ариIуагъ: «Шъо шъунахьыбэшъ, ныбгъэ-
шъуитIум яз шъухади жъугъэхьазыри, шъуитхьэ ыцIэкIэ
шъуедж, ау машIом пэшъумылъхь». [26] Арыти, аратыгъэ
ныбгъэшъур аубыти агъэхьазырыгъ. «БаIал, джэуап къэ-
тыжь!» аIоу куохэзэ, пчэдыжьым къыщегъэжьагъэу щэ-
джагъом нэс елъэIугъэх. Ау макъи-лъакъи къэIугъэп.
Ахэр къурмэншIыпIэу агъэуцугъэм ыпашъхьэ щыпкIэ-
тэ-лъатэщтыгъэх. [27] Щэджагъом Илас ахэм акIэнакIэу
ариIуагъ: «Мэкъэ лъэш дэдэкIэ шъукуо нахь, ар тхьэшъ,
зыгорэкIэ гупшысэм хилъэсэгъэнкIи е щагум икIыгъэн-
кIи, е гъогу тетынкIи, е мэчъыемэ къэгъэущыжьыгъэн
фэенкIи хъун!» [28] Арыти, адрэхэм лъэшэу куохэу рагъэ-
жьагъ, зэряхабзэу лъыпсыр къячъэхэу къамэхэмрэ пчы-
пыджынхэмкIэрэ зыхэпыджэжьщтыгъэх. [29] Щэджагъоми
дэхыгъ, ау ахэр пчыхьэ къурмэншIыгъом нэс зеутэкIы-
жьыным хэтыгъэхэми, макъи-лъакъи щыIагъэп, джэуап
гори зэхахыгъэп.

30 ЕтIанэ Илас цIыфхэм зэкIэми ариIуагъ: «Шъу-
къысэкIуалI». ЦIыфхэр зэкIэ ащ къекIолIагъэх. Зиу-
схьаным икъурмэншIыпIэу зэтырадзыгъагъэр ыгъэуцу-
жьыгъ. 31 Илас мыжъо пшIыкIутIу къыштагъ. Зиусхьа-
ным «О пцIэщтыр Израил» къызэриIогъэгъэ Якъубэ
ыкъомэ къатекIыгъэ лIэкъо пшIыкIутIум япчъагъэ ахэр
фэдизыгъ. 32 Зиусхьаным ыцIэкIэ а мыжъохэм къур-
мэншIыпIэ ахишIыкIыгъ. ЕтIанэ лэжьыгъэ килограмм
пшIыкIутIу фэдиз дэфэнэу къурмэншIыпIэр хъурэя-
бзэу дитIыкIыгъ. 33 Ащ ыуж ащ пхъэхэр тырилъхьажьхи,
ныбгъэшъур зэIихи, пхъэхэм атырилъхьажьыгъ. ЕтIанэ
къыIуагъ: «Псы щэлъиплI арызыбзэу къэшъухьи къур-
мэнгъэстымрэ пхъэмрэ къатешъукI». 34 ЕтIани къари-
Iуагъ: «Джыри джаущтэу шъушIы». Ахэм джыри джау-
щтэу ашIыгъ. ЕтIани къыIуагъ: «Джадэдэр ящэнэрэу
шъушIы». Ящэнэрэуи зашIым, 35 псыр къурмэншIыпIэм
къечъэхи, дэтIыкIыгъэм диз хъугъэ.

36 Пчыхьэ къурмэншIыгъом тхьэлIыкIоу Илас къа-
кIэрыхьи къыIуагъ: «Зиусхьанэу, Ибрахьимэ, Исхьакъ,
Израил я Тхьэр! О зы закъом Израилым узэри Тхьэри,
сэ сызэрэ УиIумэтри, О къызэрэпIуагъэм фэдэу зэкIэри
зэрэсшIыгъэри непэ арэшI! 37 Джэуап къысэтыжь, Зиу-
схьан, джэуап къысэтыжь! О, Зиусхьан, узэрэ Тхьэри
агухэр зэрэзэпырыбгъэзагъэхэри арэшI!» 38 Ащ дэжьым
Зиусхьаным имашIо къехи, къурмэнгъэстри, пхъэхэри,
мыжъохэри, ятIэри, дэтIыкIыгъэм псэу дэтри ыдыры-
гъэх. 39 Ар залъэгъум цIыфхэм зэкIэми анэIухэр егъэзы-
хыгъэу пстэуми чIыгум зытырадзи къаIуагъ: «Зиусхьа-
ныр ары Тхьэр, Зиусхьаныр ары Тхьэр!» 40 Илас ахэм
ариIуагъ: «Зы нэбгырэ закъуи зимыгъэбылъыжьыным
пае, БаIал итхьэлIыкIохэр шъуубытых». Арыти, ахэр
къаубытхи Илас игъукIырэ псыхъоу Къышон ылъэгу
дэжькIэ ыщэхи, ащ щиукIыгъэх.



*Огъум икIэух*

[41] Илас Ахъаб риIуагъ: «КIуи шхэ, ешъу, сыда пIомэ
ощхышхом ымакъэ къэIу». [42] Арыти, Ахъаб шхэнэуи
ешъонэуи кIуагъэ. Илас Къармэл ышыгу зыдэкIуаем
ышъхьэ чIыгум риуфэхи, ынэIу ылъэгуанджэмэ азы-
фагу дилъхьагъ. [43] ИIумэт шъэожъыем риIуагъ: «КIуи

хым ылъэныкъокIэ къаплъэ». Адрэр кIуи къызэплъэм, –
«Зыпари щыIэп» ыIуи, къыриIожьыгъ. Мыдрэм ри-
Iуагъ: «Блы екъуфэ кIуи къэкIожь». 44 Яблэнэрэм кIуи
къызегъэзэжьым къыриIуагъ: «Мары цIыф Iэгум щиз
хъунэу ошъуапщэ горэ хым къышъхьащэкIы». Мыд-
рэм риIуагъ: «КIуи Ахъаб еIу: „Ощхым ухимыубытэ-
ным пае, уику псынкIэ зэкIэшIэжьи кIожь“». 45 Ащ нэс
жьыбгъэм ошъуапщэхэр къытыригъэзыхьэхи, уашъор
къэушIункIи, ощхышхо къещхэу ыублагъ. Ахъаб ику
псынкIэ итIысхьажьи ИзрыIэл кIэим кIуагъэ. 46 Зиу-
схьаным ыкIуачIэ Илас къыхэхьагъ. Илас ищыгъын-
хэр ыбг пишIэхи, Ахъаб ыпэ итэу ИзрыIэл кIэим нэс
чъагъэ.

**ЯпшIыкIубгъонэрэ шъхьэр**

19 1 Илас зэкIэ ышIагъэри БаIал илIыкIохэр зэкIэ
ичатэкIэ ащ зэриукIыгъэхэри Ахъаб Изэбэл ри-
Iуагъ. 2 Арыти, Изэбэл илIыкIо Илас дэжь рыригъэIо-
нэу ыIофытагъ: «Тхьэмэ сифэшъуашэри нахьыбэжьи
сарэгъэгъот сIуагъэр зысымыгъэцэкIэжькIэ, ахэм ащыщ
нэбгырэ пэпчъ ыпсэ узэрэрыджэгугъэм фэдэу упсэ не-
ущ мыщ фэдэ уахътэм ехъулIэу сыкъызырымыджэгужь-
кIэ». 3 Джащ къыхэкIэу щынагъэти, ышъхьэ къыухъумэ-
жьыным пае Ехъудэм ит БэрщэбаI къалэм кIуи иIумэт
шъэожъыер ащ къыдинагъ. 4 Ежь ежьи шъофнэкIым
итэу кIозэ, зы мэфэ гъогу зызэпечым, кондэ чIэгъым
чIэтIысхьи лIэныгъэр къыфэкIоным кIэлъэIузэ, ыIуагъ:
«Икъунба, Зиусхьан, спсэ штэжь, тятэхэм сафэд, сы-
зэрэнахьышIу щыIэп, афэдэ сэрэхъу». 5 Гъолъи кондэ

чIэгъым щычъыягъ. Ащ дэжь мэлэIичыр къынэси къы-
риIуагъ: «Къэтэджи шхэ». 6 Илас ынэхэр къыззэтре-
хым хьалыгъу джэгурыдзэрэ псы къошынрэ ышъхьэ
дэжькIэ щытыгъэх. Арыти, шхи пси ешъуи икIэрыкIэу
чъыежьыгъэ. 7 Зиусхьаным имэлэIич къыгъэзэжьыгъ,
къынэси къыриIуагъ: «Къэтэджи шхэ, сыда пIомэ гъогу
кIыхьэ уапэ илъ». 8 Ар къэтэджыгъ, шхагъэ, псыкIэ зи-
гъэшъокIыгъ, а гъомылэмкIэ ыкIуачIэ къыригъэхьа-
жьыгъэу чэщ-зымэфэ тIокIитIо Тхьэм икъушъхьэу Хъо-
рэб нэс кIуагъэ.

9 Ащ зынэсым гъочIэгъ горэм чIахьи чэщыр щыри-
хыгъ. Зиусхьаным ипсалъэ ащ къыщылъыIэсыгъ. Зиу-
схьаным ащ къыриIуагъ: «Сыд мыщ щыпшIэрэр, Илас?»
10 Ащ къыIуагъ: «Зиусхьанэу ошъогу дзэхэр зиIэрылъ-
хьэ Тхьэм пае сыгужъыягъ, сыда пIомэ израил цIыф-
хэм уиIуагъэ аукъуагъ, уикъурмэншIыпIэхэр зэхакъу-
тагъэх, уитхьэлIыкIохэр чатэкIэ аукIыгъэх. Сэ сизакъоу
сыкъэнагъ, спсэ хахынэу къыслъэхъух». 11 Зиусхьаным
къыриIуагъ: «КъычIэкIи Зиусхьаным ыпашъхьэ къу-
шъхьэм щытеуцу». Ащ дэжьым Зиусхьаныр къыблэкIы-
зэ, Зиусхьаным ыпашъхьэ къушъхьэр къыщызэгуиутэу,
къушъхьэцакIэхэр къызэхигъэтакъохэу жьыбгъэр лъэш
дэдэу къепщагъ. Ау Зиусхьаныр жьыбгъэм хэтыгъэп.
Жьыбгъэм ыуж чIыгур къэсысыгъ, ау Зиусхьаныр чIы-
гусысым хэтыгъэп. 12 ЧIыгусысым ыуж машIом зыкъы-
штагъ, ау Зиусхьаныр машIом хэтыгъэп. МэшIо ужым
жьы шъабэр нахь Iэсэжьыгъэ. 13 Илас ар зызэхехым
ищыгъынкIыIутелъ ынэIу къырихъуи, гъочIэгъым къы-
чIэкIи, ащ ичIэхьапIэ дэжь уцугъэ. Арыти, макъэ горэ
ащ къылъыIэси къыриIуагъ: «Сыд мыщ щыпшIэрэр,
Илас?» 14 Мыдрэм риIожьыгъ: «Зиусхьанэу ошъогу дзэ-
хэр зиIэрылъхьэ Тхьэм пае сыгужъыягъ, сыда пIомэ

израил цIыфхэм уиIуагъэ аукъуагъ, уикъурмэншIы-
пIэхэр зэхакъутагъэх, уитхьэлIыкIохэр чатэкIэ аукIы-
гъэх. Сэ сизакъоу сыкъэнагъ, спсэ хахынэу къыслъэ-
хъух». [15] Зиусхьаным ащ къыриIуагъ: «ШъофнэкIыр
зэпычи, гъэзэжьи Дамаскым кIо. Ащ узынэскIэ, Ара-
мым ипачъыхьанэу Хъазаел ышъхьэ дагъэ щыф. [16] Джау-
щтэу Нымщый ыкъо Ехъыо Израилым ипачъыхьанэу
ышъхьэ дагъэ щыф. Абэл-Мэхъолэ щыщ Щафат ыкъо
ЕлыщаI о пчIыпIэ ихьанэу тхьэлIыкIонэу ышъхьэ да-
гъэ щыф. [17] Хъазаел икъамэ зыщызыухъумагъэр Ехъыо
екIодылIэщт, Iыиуй икъамэ зыщызыухъумагъэр Елы-
щаI ыукIыщт. [18] БаIал ыпашъхьэ лъэгонджэмышъхьэ-
кIэ щемытIысэхыгъэхэу, ащ емыбэугъэхэу израил
цIыфхэм ащыщэу нэбгырэ минибл зэкIэмкIи Сэ къэз-
гъэнагъ».

*ЕлыщаI къызэрэхахыгъэр*

[19] Арыти, ащ а чIыпIэр къыбгыни, ежьи Щафат ыкъо
ЕлыщаI жъоу хэтэу къыгъотыгъ. Цу тIурытIоу пшIы-
кIутIу ащ игъусагъ, ежь япшIыкIутIонэрэ цуитIум auж
итыгъ. Илас ащ блэкIзэ, ищыгъынкIыIутелъ шъхьащи-
дзагъ. [20] Адрэм цухэр къыбгынэхи Илас ыуж къилъади
къыриIуагъ: «Семыжьэзэ сятэрэ сянэрэ сыкъябэужьы-
нышъ, уауж сыкъихьанэу Iизын къысэтба». Мыдрэм ри-
Iожьыгъ: «КIожьба адэ, къыпфэсшIагъэр зыщымыгъэ-
гъупш». [21] Ар кIэрыкIоти, цуитIу ыукIи, цухэр зыкIэ-
шIэгъэгъэ пхъэIашэр машIо ышIи, лыр ыгъажъуи,
цIыфмэ арити, ахэм ар ашхыгъ. Ежь Илас ыуж ихьи
иIумэтэу лэжьэнэу ригъэжьагъ.

## ЯтIокIэнэрэ шъхьэр

*Арамым зэрезэуагъэхэр*

20 [1]Арамым ипачъыхьэу Бэнхадад идзэ зэрэщытэу
къыугъоийи, пачъыхьэ щэкIрэ тIурэр, шыхэр, ку
псынкIэхэр игъусэхэу кIуи Щамэрэн къыдзыхьагъ, ащ
езэуагъ. [2-3]ИлIыкIохэр Израилым ипачъыхьэу Ахъаб дэжь
къалэм ыгъакIохи раригъэIуагъ: «Бэнхадад ыIорэр ма-
ры: „Уитыжьыни уидышъи сэ сыех, уишъуз анахь дахэ-
хэри пкъо нахьышIухэри сэ сыех“». [4]Арыти, Израилым
ипачъыхьэ къырарИгъэIожьыгъ: «О зэрэпIоу орэхъу,
зиусхьан пачъыхьэр: сэри сиIэ пстэури о уиех». [5]ЛIы-
кIохэр джыри къакIохи къыраIуагъ: «Бэнхадад ыIорэр
мары: „Уитыжьыни, уидышъи, уишъузхэри, пкъохэри
къысэтых“ зэрэсIорэр къыуаIонэу уадэжь къэсэгъакIох.
[6]Сыд хъугъэми уиуни, уиIумэтмэ яунэхэри къызэпа-
плъыхьанхэу, уинэплъэгъу къедэхэшIэрэ пстэури къыз-
IакIагъэхьанышъ къахьынэу неущ мыщ фэдэ уахътэм
ехъулIэу сиIумэтхэр уадэжь къэзгъэкIощтых».

[7]Арыти, Израилым ипачъыхьэ хэкум ис нахьыжъ
упчIэжьэгъу пстэуми къяджи ариIуагъ: «Шъуеплъ ащ
бзэджагъэ горэ зэришIэным егупшысы. Сишъузхэми,
скъохэми, ситыжьыни, сидышъи къызалъегъакIом зы-
фаер фэсшIагъ». [8]Нахьыжъ упчIэжьэгъу пстэуми зэкIэ
цIыфхэми ащ къыраIуагъ: «УемыдэIу ыкIи уемызэгъ».
[9]Арыти, Бэнхадад ащ илIыкIохэм ариIуагъ: «„УиIумэт
дэжь апэ къызфэбгъэкIогъагъэхэр зэкIэ къыпфишIэнэу
хьазыр, ау мыдрэр къыпфэсшIэн слъэкIыщтэп“ шъуIуи,
сизиусхьан пачъыхьэм ешъуIожь». ЛIыкIохэм агъэзэжьи

джэуапыр ащ фахьыжьыгъ. [10] Бэнхадад ащ къырари-
гъэIонэу ыдэжь джыри къыгъэкIуагъэх: «Тхьэмэ сифэ-
шъуашэри нахьыбэжьи сарагъэгъот сIуагъэр зысымы-
гъэцэкIэжькIэ, сэри сауж итэу къакIохэрэми Iагум из
хъун сапэ зыдэтхьыжьынэу Щамэрэн къыхэмынэжьэу
зызэхэсымыхьаджыхьэкIэ». [11] Израилым ипачъыхьэ ра-
Iожьынэу ариIуагъ: «Заор умыухыгъэу текIоныгъэр
умыгъэмэфэкI». [12] Ар зызэхехым чэтэнгъэIагъэм чIэсэу
ипачъыхьэхэм ягъусэу ешъощтыгъэ Бэнхадад иIумэтхэм
ариIуагъ: «Шъузэонэу зыжъугъэхьазыр!» Ахэр къалэм
екIугъэх.

[13] ТхьэлIыкIо горэ Израилым ипачъыхьэу Ахъаб къе-
кIуалIи къыриIуагъ: «Зиусхьаным ыIорэр мары: „Мы
дзэшхор олъэгъуба? Сэ сызэрэ Зиусхьаныр пшIэным
пае непэ ар о пIэ къислъхьащтышъ еплъ“». [14] Ахъаб ащ
еупчIыгъ: «ХэткIэ?» Адрэм къыриIожьыгъ: «Хэкухэм
яIэшъхьэтет пащэмэ яшъхьагъырыт дзэкIолI ныбжьы-
кIэхэмкIэ». Ар еупчIыгъ: «Хэта заор къезгъэжьэщтыр?»
Адрэм къыриIожьыгъ: «Оры». [15] Ахъаб хэкумэ яIэшъхьэ-
тет пащэмэ яшъхьагъырыт дзэкIолI ныбжьыкIэхэр къы-
лъытагъэхэти, нэбгырэ шъитIурэ щэкIрэ тIурэ хъухэу
къычIэкIыгъ. Ахэм аужкIэ зэон зылъэкIыщтыхэмрэ
израил хъулъфыгъэхэмрэ зэкIэ къызелъытэхэм, нэбгы-
рэ минибл хъухэу къычIэкIыгъ. [16] Ахэр зэуапIэм щэ-
джагъом кIуагъэх. Ежь Бэнхадад къыготыгъэ пачъыхьэ
щэкIрэ тIурэм ягъусэу чэтэнгъэIагъэм чIэсэу ешъокIаеу
ешъуагъ. [17] Заом апэ дэзыублагъэхэр хэкухэм яIэшъхьэ-
тет пащэмэ яшъхьагъырыт дзэкIолI ныбжьыкIэхэр ары.
Бэнхадад зеIофтэхэм цIыфхэр Щамэрэн къызэрэдэкIы-
гъэхэм икъэбар къыфахьыжьыгъ. [18] Арыти, ащ ариIуагъ:
«Тямызао ашIоигъоу къэлъэIонхэу къакIохэми, псэоу
къэшъуубытых, зэонэу къакIохэми, джащ фэдэу псэоу
къэшъуубытых».

[19] Хэкухэм яIэшъхьэтет пащэмэ яшъхьагъырыт дзэ-
кIолI ныбжьыкIэхэр апэ къалэм дэкIхи заом ежьагъэх,
дзэр ахэм ауж итыгъ. [20] Нэбгырэ пэпчъ пыим езауи хи-
гъэфагъ. Арамхэм къыкIатхъужьыгъэти, израил цIыф-
хэр ахэм ауж къилъэдагъэх. Арамым ипачъыхьэу Бэнха-
дад шым тесэу шыухэр игъусэхэу ышъхьэ Iуихыжьыгъ.
[21] Израилым ипачъыхьэ къакIуи пыим ишхэри ику псын-
кIэхэри къызIэкIигъахьэхи, арамхэр хьапэ-сапэ ригъэ-
фагъэх.

[22] ТхьэлIыкIор Израилым ипачъыхьэ къекIуалIи къы-
риIуагъ: «КIуи зыгъэпыт, пшIэщтыр зэгъашIэ, сыда пIо-
мэ Арамым ипачъыхьэ гъатхэм джыри къыозэощт».

*Арамхэр ятIонэрэу къызэратебэнагъэхэр*

[23] Арамым ипачъыхьэ иIумэтхэм къыраIуагъ: «Ахэм
ятхьэхэр къушъхьэмэ ятхьэхэти, къыттекIуагъэх. Ау
ахэм шъофым тыщязаомэ, татекIон шъыпкъ. [24] Арышъ,
пшIэщтыр мары: пачъыхьэ пэпчъ тегъэкIи дзэ купхэм
япащэхэр ахэм ачIыпIэ тегъахьэх. [25] ЦIыфэу пшIокIоды-
гъэм фэдиз хэтэу дзэ зэхащ, шэу, ку псынкIэу уиIагъэм
фэдиз зэгъэгъоти, ахэм шъофым тыщязэощт, джащы-
гъум татекIон шъыпкъ». Арыти, ахэм ядэIуи, къызэрэ-
раIуагъэм фэдэу ышIыгъ.

[26] КъэкIорэ гъатхэм Бэнхадад арамхэр къыугъойхи
Израилым къезэонэу Афэкъ къекIолIагъ. [27] Израил цIыф-
хэри къызэхаугъуаехи, гъомлапхъэ къыздашти ахэм къа-
пежьагъэх. Израил цIыфхэр пчэн Iэхъогъу мыинитIум
афэдэу отэрэу загощи, ахэм апашъхьэ къиуцуагъэх.
Арамхэм чIыгур зэлъаубытыгъ. [28] Тхьэм илIыкIо къакIуи
Израилым ипачъыхьэ къыриIуагъ: «Зиусхьаным ыIорэр
мары: „Зиусхьаныр къушъхьэмэ ятхьэ нахь кIэйхэм
ятхьэп“ арамхэм зэраIорэм пае, „Сэ сызэрэ Зиусхьаныр

шъушIэнэу, а дзэшхор пIэ къыслъхьащт“». [29] Джаущтэу
яуцупIэхэр зэпыщытхэу ахэм мэфиблэ рахыгъ. Яблэ-
нэрэ мафэм заом даубли, израил цIыфхэм зы мафэкIэ
арамхэм ялъэсыдзэ щыщэу нэбгырэ минишъэ зэхау-
кIагъ. [30] Адрэ къэнэжьыгъэмэ кIатхъужьи Афэкъ къалэ
екIужьыгъэх. Къэнэжьыгъэ нэбгырэ мин тIокIырэ ми-
ниблрэм къэлэ дэпкъыр къатефи, ащ чIэкIодагъэх.

[31] Бэнхадад къалэм дэхьажьыгъэу зы кIоцI унэм
къичъмэ адрэм илъадэу хэтыгъ. Ащ иIумэтхэм къыра-
Iуагъ: «Израил хэгъэгум ипачъыхьэхэм гукIэгъу ахэлъэу
зэхэтхыгъ. Арышъ, дзыопхъэ шэкI пхъашэм хэшIыкIы-
гъэ шъыгъошъэ джанэхэр зыщытлъэнхэшъ, кIапсэхэр
тшъхьэмэ атетлъхьанхэшъ Израилым ипачъыхьэ дэжь
тыкIонэу изын къытэти, упсэоу укъигъэнэжьынкIи мэ-
хъуба». [32] Арыти, дзыопхъэ шэкI пхъашэм хэшIыкIыгъэ
шъыгъошъэ джанэхэр зыщалъэхи, кIапсэхэр ашъхьэмэ
атыралъхьэхи ахэр Израилым ипачъыхьэ дэжь кIохи ра-
Iуагъ: «УиIумэт Бэнхадад „СымыукI“ еIо». Адрэр къяу-
пчIыгъ: «Ар псэуа? Ар сэ скъош». [33] КIуагъэхэм зэхахы-
гъэр шIу хъун зэрилъэкIыщтым инэшанэу алъыти, ащ
ыжэ къыдэзыгъэр гуIэнкIэ къапхъуати, къаIуагъ: «Ары.
Бэнхадад о пкъош». Ащ къариIуагъ: «ШъукIожьи ар
къысфашъущ». Бэнхадад ащ дэжь къэкIуагъ. Арыти, ад-
рэм ар ику псынкIэ зыдыригъэтIысхьагъ. [34] Бэнхадад ащ
къыриIуагъ: «Сятэ уятэ тырихыгъэ къалэхэр къыосты-
жьыщтых. Сятэ сатыушIыпIэхэр ежь пае Щамэрэн зэ-
рэщигъэуцугъагъэхэм фэдэу, ори ахэр Дамаскым щы-
бгъэуцунхэ уфит». Ахъаб риIожьыгъ: «Зэзэгъыныгъэ зы-
зэдэтшIыхэкIэ устIупщыжьыщт». Арыти, зэзэгъыныгъэ
дишIи ар ытIупщыжьыгъ.

*ТхьэлIыкIом Ахъаб зэригъэмысагъэр*

[35] Зиусхьаным тхьэлIыкIо зэкупэгъум щыщ горэм
унашъо къыфишIыгъэти, игъусэ риIуагъ: «Сыубышъ».
Ау адрэм ар ыубышъын ыдагъэп. [36] Арыти, адрэм къы-
риIожьыгъ: «Зиусхьаным ыIорэм узэремыдэIурэм пае,
ускIэрыкIыжьыгъэу укIожьзэ, аслъаным уилIыщт». Ар
ащ кIэрыкIыжьи кIожьзэ, аслъаныр къыIукIи ащ ылIыгъ.
[37] ЕтIанэ тхьэлIыкIом нэмыкI цIыф горэ къыгъоти
риIуагъ: «Сыубышъ». А цIыфым тыркъохэр къыты-
рещэфэхэ ар ыубышъыгъ. [38] ТхьэлIыкIор ежьи кIозэ
пачъыхьэм гъогум щыIукIагъэти, ынэхэм анэмыкI къы-
хэмыщэу ынэгу ихъуагъэу ащ ыпашъхьэ иуцуагъ. [39] Па-
чъыхьэр къыблэкIызэ ар ащ екууи риIуагъ: «УиIумэт
зэуапIэм кIогъагъэти, зыгорэ къахэкIи цIыф горэ къы-
сищалIи къыIуагъ: „Мы цIыфым лъыплъ, ар къызау-
кIыкIэ, ащ ыпсэ пае о упсэ птыжьыщт е тыжьынэу
килограмм щэкI фэдиз къысэптыжьыщт“. [40] Арыти,
уиIумэт Iоф горэхэм ауж етыфэ цIыфыр IукIоды-
кIыгъ». Израилым ипачъыхьэ къыриIожьыгъ: «Джары о
пфэухэсыгъагъэр, ор-орэу къыхэпхыгъ». [41] Адрэм ынэгу
ихъуагъэр гузэжъогъукIэ къызырехым, тхьэлIыкIомэ
зэращыщыр къышIэжьыгъ. [42] Ащ пачъыхьэм риIуагъ:
«Зиусхьаным ыIорэр мары: „АукIынэу зытеслъхьэгъэ
цIыфыр зэрэптIупщыжьыгъэм пае, ащ ыпсэ ычIыпIэ
упсэ згъэгъущт, ащ илъэпкъ ычIыпIэ о плъэпкъ згъэ-
кIодыщт“». [43] Израилым ипачъыхьэ ыгу къэбырсыры-
гъэу, гухэкI иIэу ядэжь ежьэжьи Щамэрэн нэсыгъ.

## ЯтIокIэнэрэ зырэ шъхьэр

*Набэт исэнэшъхьэшIапI*

21 [1]Джыри уахътэ зытешIэм къэхъугъэр мары: изры-
Iэлэу Набэт сэнэшъхьэшIапIэ ИзрыIэлым, щамэ-
рэн пачъыхьэу Ахъаб икъэлэсэрай пэблагъэу щыриIагъ.
[2]Ахъаб Набэт риIуагъ: «УисэнэшъхьэшIапIэ сиунэ къы-
пэгъунэгъуушъ, къысэти сэ ар хэтэрыкIлэжьыпIэ сшIы-
жьыщт. Ащ ычIыпIэ нахьышIужьыхэу сэнэшъхьэшIа-
пIэ сэ къыостыщт е, оркIэ нахьышIумэ, ыуасэм фэдиз
тыжьын къыостыщт». [3]Ау Набэт Ахъаб къыриIожьыгъ:
«Сятэмэ якIэн къыостыныр Зиусхьаным ерэмыд!» [4]Ары-
ти, Ахъаб «Тятэмэ якIэн къыостыщтэп» изрыIэлэу На-
бэт къызэрэриIуагъэм ыгу къыгъэбырсырыгъэуи гухэкI
иIэуи ядэжь къэкIожьыгъ. ИпIэ хэгъуалъхьи ышъхьэ ри-
гъэзэкIыгъ, зи зыIуимыгъафэу щылъыгъ. [5]Ишъуз Изэ-
бэл ащ ыдэжь къихьи къеупчIыгъ: «Зи умышхыжьэу сы-
да угу уезгъэIэжьыгъэр?» [6]Мыдрэм риIожьыгъ: «Изры-
Iэлэу Набэт „УисэнэшъхьэшIапIэ тыжьынкIэ къысащ е,
оркIэ нахьышIумэ, нэмыкI сэнэшъхьэшIапIэ ащ ычIы-
пIэ къыостыщт“ зесэIом, „СисэнэшъхьэшIапIэ къыо-
стыщтэп“ ыIуи джэуап къыситыжьыгъ». [7]Арыти, ишъуз
Изэбэл ащ къыриIуагъ: «Израилым урипачъыхьэшъ,
уитетыгъо джы къызфэбгъэфедэнба? Къэтэджи шхэ,
угуи гъэчэфыжь. ИзрыIэлэу Набэт исэнэшъхьэшIапIэ
сэ пIэ къызгъэхьащт».

[8]Джащ тетэу Ахъаб ыцIэкIэ тхылъыпIэ тхьапэхэр
ытххи, имыхъуркIэ ахэр зэтыригъэпкIэжьыгъэх. А тхы-
лъыпIэ тхьапэхэр Набэт зыдэс къалэм инахьыжъ упчIэ-

жьэгъухэм, ицIыф лъэрыхьэхэм афаригъэхьыгъэх. [9] Ащ
мыщ фэдэу ытхыгъ: «НэкIыгъэн фаеу макъэ яжъугъэ-
Iуи, шъукъызызэрэугъойхэкIэ, Набэт зэIукIэм ыпшъэ-
кIэ жъугъэтIыс. [10] Нэбгырэ мыхъэтитIу ащ ыпашъхьэ
ижъугъэтIысхьи, „Тхьэмрэ пачъыхьэмрэ Iаягъэхэр япIо-
лIагъ“ аIозэ шыхьатэу къэрэуцух. ЕтIанэ ар ахэшъу-
щи, олIэфэ мыжъохэмкIэ шъуеу». [11] Арыти, къалэм
щыщ лIыхэм, нахьыжъ упчIэжьэгъоу, цIыф лъэрыхьэ-
хэу ащ дэсхэм, Изэбэл къафаригъэхьыгъэ тхылъы-
пIэм къызэращыфигъэпытагъэм фэдэу ашIыгъ. [12] Нэ-
кIыгъэн фаеу макъэ агъэIуи, къызызэрэугъойхэм, Набэт
зэIукIэм ыпшъэкIэ агъэтIысыгъ. [13] Нэбгырэ мыхъэти-
тIу къахэкIи ащ ыпашъхьэ итIысхьагъэх. «Набэт Тхьэм-
рэ пачъыхьэмрэ Iаягъэхэр ариIолIагъэх» аIозэ, а мы-
хъатэхэр цIыфмэ апашъхьэ шыхьатэу щытеуцуагъэх.
Ар къалэм дащи, олIэфэ мыжъохэмкIэ еохэзэ зэхау-
кIагъ. [14] ЕтIанэ Изэбэл дэжь раIонэу агъэкIуагъ: «На-
бэт мыжъохэмкIэ зэхаукIагъ, ар лIагъэ». [15] Изэбэл Набэт
мыжъохэмкIэ зэхаукIи зэрэлIагъэр зызэхехым, Ахъаб
риIуагъ: «КIуи изрыIэлэу Набэт исэнэшъхьэшIапIэу
тыжьынкIэ къыуитынэу зыфэмыягъэр штэжь, сыда пIо-
мэ Набэт щыIэжьэп, лIагъэ». [16] Ахъаб Набэт зэрэлIагъэр
зызэхехым, изрыIэлэу Набэт исэнэшъхьэшIапIэ ыубы-
тынэу кIуагъэ.

[17] Зиусхьаным ипсалъэ Тыщбэ щыщ Илас къылъы-
Iэсыгъ: [18] «КIуи Израилым ипачъыхьэу Ахъаб, Щамэ-
рэн щыIэм зыIугъакI. Мары ар Набэт исэнэшъхьэ-
шIапIэ хэт, ар ыубытыным пае кIуагъэ. [19] Мыщ фэдэу
ащ еIу: „Зиусхьаным ыIорэр мары: ‘О уукIыгъ, джы
икIэн пштагъэ ара?’“ Мыщ фэдэу джыри ащ еIу: „Зи-
усхьаным ыIорэр мары: ‘Набэт ылъ хьэмэ зыщабзэи-
гъэ чIыпIэм о плъи хьэхэм щабзэижьыщт’“». [20] Арыти,

Ахъаб Илас риIуагъ: «Сыкъэбгъотыгъ, сипый». Адрэм
къыриIожьыгъ: «Укъэзгъотыгъ, сыда пIомэ Зиусхьа-
ным къемыкIущтхэр пшIэнэу упсэ япщагъ. 21 Арышъ,
джащ пае тхьамыкIагъо къыпфэсхьын, лъэкъабзэ уисшIы-
хьан, Ахъаб иунагъо хъулъфыгъэ гори къисымыгъа-
нэу зэкIэ згъэкIодын, шъхьафитныгъэ имыIэу, абгы-
нэжьыгъэу къэзгъэнэн. 22 Нэуат ыкъо ЯрабIам иуна-
гъорэ Ахъый ыкъо БаIыщэ иунагъорэ ясшIагъэр ори
къыосшIэщт сыбгъэгубжэу сынапэ зэрэтепхыгъэм,
Израилым псэкIод зэребгъэшIагъэм пае». 23 Джащ фэ-
дэу Изэбэл ехьылIагъэуи Зиусхьаным къыIуагъ: «Изэ-
бэл ИзрыIэл къалэм ыкIыб хьэхэм щашхыжьыщт.
24 Ахъаб иунагъо щыщэу къалэм щылIэрэр хьэмэ аш-
хыжьыщт, губгъэм илIыхьэрэр ошъогу бзыумэ зэхау-
лыIухьажьыщт».

25 Зиусхьаным къемыкIущтыр ышIэу Ахъаб ыпсэ зэ-
рищагъэм фэдэу зыми джыри ышIагъэп. Ишъузэу
Изэбэл ар ыгъэплъэхъущтыгъ. 26 Зиусхьаным израил
цIыфхэм акIэлъырифыгъэ аморхэм зэряхэбзагъэу тхьэ-
нэпцIхэм загохьэм емыкIушхо ышIагъ. 27 Ахъаб а зэ-
кIэм къызядэIум ищыгъынхэр зэIитхъи, дзыопхъэ шэкI
пхъашэм хэшIыкIыгъэ джанэр ыкIышъо нэсынэу зыщи-
лъагъ. ЫнэкIыщтыгъ, дзыопхъэ шэкI пхъашэм хэшIы-
кIыгъэ джанэр зэрэщыгъэу гъолъыжьыщтыгъ, чэфын-
чъэуи хэтыгъ. 28 Зиусхьаным ипсалъэ Тыщбэ щыщ Илас
къылъыIэсыгъ: 29 «Ежь Ахъаб къызэреуцолIагъэр олъэ-
гъуа? КъызэреуцолIагъэм пае щэIэфэ тхьамыкIагъо хэз-
гъэфэщтэп, ау ыкъо иунагъо щэIэфэ тхьамыкIагъохэр
къыфэзгъэкIощтых».

**ЯтIокIэнэрэ тIурэ шъхьэр**

*ТхьэлIыкIоу Мыхаехъурэ Ахъабрэ*

22 [1]Арамымрэ Израилымрэ зао зэдамышIэу илъэси-
щэ щыIагъэх. [2]Ящэнэрэ илъэсым зыхэхьэм Ехъу-
дэм ипачъыхьэу Ехъощафат Израилым итемыр лъэ-
ныкъо ипачъыхьэ дэжь кIуагъэ. [3]Израилым ипачъыхьэ
иIумэтхэм ариIуагъ: «ГъылыIадым ит къалэу Рамот тэ-
тыеба? Арамым ипачъыхьэ ар къыIэкIэтхыжьыным пае
зи тшIэрэп». [4]Арыти, ащ Ехъощафат риIуагъ: «Гъылы-
Iадым ит къалэу Рамот пэшIуекIоу заом укъыздэкIощ-
та?» Ехъощафат Израилым ипачъыхьэ къыриIожьыгъ:
«О узэрэхъоу сэри сыхъущт, сицIыфхэри уицIыфмэ
афэрэдэх, сишхэри уишхэм афэрэдэх».
[5]ЕтIани Ехъощафат Израилым ипачъыхьэ къыри-
Iуагъ: «Зиусхьаным къыупсэлъыщтыр апэ зэтэгъэгъа-
шIэ». [6]Арыти, Израилым ипачъыхьэ тхьэлIыкIоу нэ-
бгырэ шъиплI фэдиз къызэIуигъакIи ариIуагъ: «Гъы-
лыIадым ит Рамот пэшIуекIорэ заом сыкIощта хьауми
сымыкIощта?» Ахэм къыраIожьыгъ: «КIо, Зиусхьаным
ар пачъыхьэм ыIэ къырилъхьащт». [7]Ау Ехъощафат къэ-
упчIагъ: «НэмыкI зиусхьанлIыкIо горэ мыщ щыIэба ар
едгъэупчIыжьыным пае?» [8]Израилым ипачъыхьэ Ехъо-
щафат риIуагъ: «Зиусхьаным еупчIын ылъэкIынэу зы
нэбгырэ горэ джыри щыI. Ар Имлэ ыкъо Мыхаехъу
ары. Ау сэ ар сфэлъэгъурэп Тхьэм къыбгъодэкIыгъэ
псалъэу къышIырэм дэи нэмыкI шIу къысэмыхъулIэнэу
къырегъэкIышъ». Ехъощафат къыIуагъ: «Аущтэу умы-
Iо, пачъыхь». [9]Арыти, Израилым ипачъыхьэ тхьамэтэ

пащэмэ ащыщ горэм къеджи риIуагъ: «ПсынкIаIоу
Имлэ ыкъо Мыхаехъу лъыкIу». 10 Израилым ипачъыхьэ-
рэ Ехъудэм ипачъыхьэрэ пачъыхьэ шъуашэхэр ащыгъ-
хэу, шъхьадж итахътэ тесэу Щамэрэн икъэлапчъэ пэ-
чIынатIэу пчэгушхом исыгъэх. ТхьэлIыкIохэр зэкIэ ахэм
апашъхьэ исхэу Тхьэм ыкIочIэ лые зэлъиштагъэхэм фэ-
дэу зыраутэкIыжьыщтыгъэ. 11 Къэнаlан ыкъо Цыдкъый
бжъакъохэр гъучIым хишIыкIхи къыIуагъ: «Зиусхьаным
ыIорэр мары: „Арамхэр огъэкIодыпэфэ мыхэмкIэ зэхэ-
плIыхьащтых“». 12 ТхьэлIыкIо пстэуми, Тхьэм къариIуа-
гъэ фэдэу, ар дэдэр къаIощтыгъэ: «ГъылыIадым ит Ра-
мот кIо, къыбдэхъущт, Зиусхьаным ар пачъыхьэм ыIэ
къырилъхьащт».

*Мыхаехъу*
*къызэратекIощтыхэр къызэрариIуагъэр*

13 Мыхаехъу къеджэнэу лъагъэкIуагъэм ащ риIуагъ:
«ОшIэмэ, тхьэлIыкIохэм зэдырагъаштэу къызэраIорэм-
кIэ, пачъыхьэм шIу къыдэхъущт. О къэпIощтри ахэм
ащыщ пэпчъ къыIорэм терэф, ори шIу къаIо». 14 Ау
Мыхаехъу къыриIожьыгъ: «Зиусхьаныр зэрэщыIэр сэIо!
Зиусхьаным къысиIорэр ары сэ къэсIощтыр». 15 Ар па-
чъыхьэм дэжь къызэкIом, пачъыхьэм ащ риIуагъ: «Мы-
хаехъу! ГъылыIадым ит Рамот пэшIуекIорэ заом сыкIо-
щта хьауми сымыкIощта?» Адрэм ащ къыриIожьыгъ:
«КIо, уатекIощт. Зиусхьаным ар пачъыхьэм ыIэ къыри-
лъхьащт». 16 Пачъыхьэм ащ риIуагъ: «Шъыпкъэ нэмыкI
зыпари къысэмыIонэу Зиусхьаным ыцIэкIэ тхьапшрэ
тхьэлъанэ озгъэшIын фая?» 17 Арыти, адрэм къыIуагъ:
«Мэлахъор зыпэмыт мэлхэр къушъхьэхэм зэращызэбгы-
рыкIхэрэм фэдэу, зэрэ Израилэу итэкъухьагъэу слъэ-
гъугъэти Зиусхьаным къыIуагъ: „Iэшъхьэтет пащэ ахэм
яIэп, хэти мамырэу ядэжь къерэгъэзэжь“». 18 Израилым

ипачъыхьэ Ехъощафат риIуагъ: «Ащ дэи нэмыкI дэгъу
горэ къэхъунэу Тхьэм ыцIэкIэ сэщ пае къызэримыIо-
щтыр къыосIогъагъэба?» [19] Арыти, Мыхаехъу къыриIо-
жьыгъ: «Зиусхьаным ипсалъэ зыфэдэм къедэIу. Зиусхьа-
ныр итахътэ тесэу, иошъогу кIуачIэхэр зэкIэ къегъэуцо-
кIыгъэхэу, иджабгъукIи исэмэгукIи щытхэу слъэгъугъэ.
[20] Зиусхьаным къыIуагъ: „Хэта Ахъаб ГъылыIадым ит
Рамот кIонышъ, ащ къыщыхагъэфэным пае тезгъэгу-
шIухьащтыр?“ Зым зы къыIуагъ, адрэм нэмыкI къы-
Iуагъ. [21] Зы псэ горэ къахэкIоти Зиусхьаным ыпашъхьэ
иуцуи риIуагъ: „Сэ тезгъэгушIухьащт“. Зиусхьаныр ащ
еупчIыгъ: „Сыдэущтэу?“ [22] Адрэм къыIуагъ: „СыкIонышъ,
пцIыр къязгъэIорэ псэу зысшIынышъ, зэкIэ тхьэлIы-
кIомэ къязгъэIощт“. Зиусхьаным къыIуагъ: „О тебгъэгу-
шIухьанышъ, джар бгъэцэкIэщт. КIуи джащ тетэу шIы“.
[23] Арышъ, Зиусхьаным пцIыр къязгъэIорэ псэр мы уитхьэ-
лIыкIомэ зэкIэми къажэдигъэхьагъ. Ау Зиусхьаным ощ
пае къыIуагъэр дэи».

[24] КъынэIанэ ыкъо Цыдкъый Мыхаехъу къекIуалIи,
ынэIупашъо къыкIыригъэхи къыIуагъ: «Зиусхьаным
Ыпсэ сэ скIэрыкIыгъэу о укъегъэгущыIа адэ джы?»
[25] Арыти, Мыхаехъу къыриIуагъ: «Зыбгъэбылъыным пае
зы кIоцI унэм укъичъмэ адрэм уилъадэу къэпчъыхьэу
узщыхъущт мафэм ар нафэ о къыпфэхъущт». [26] Израи-
лым ипачъыхьэ къыIуагъ: «Мыхаехъу шъуубыти къалэм
иIэшъхьэтетэу Амонрэ пачъыхьэм ыкъо Иоащрэ афа-
шъущи [27] мыщ фэдэу яшъуIу: „Пачъыхьэм ыIорэр мары:
‘Мыр хьапсым чIэшъудзи, сырэхьатыжьыгъэу къэсэ-
гъэзэжьыфэ, хьалыгъу тIэкIурэ псы тIэкIурэ нахь ешъу-
мытэу жъугъашхэ’“». [28] Арыти, Мыхаехъу къыIуагъ: «Рэ-
хьатэу къэбгъэзэжьыщтмэ, ащыгъум Зиусхьаныр арэп
къэсэзгъэIуагъэр». Джыри къыIуагъ: «ШъукъэдаIу, зэкIэ
цIыфхэр!»

*Ахъаб ихьадэгъу*

[29] Израилым ипачъыхьэрэ Ехъудэм ипачъыхьэу Ехъо-
щафатрэ ГъылыIадым ит Рамот екIугъэх. [30] Израилым
ипачъыхьэ Ехъощафат риIуагъ: «Сэ сыкъамышIэжьынэу
щыгъынхэр зэблэсхъунхэшъ заом сыIухьащт, о уипа-
чъыхьэ щыгъынхэр зыщылъэх». Израилым ипачъыхьэ
къамышIэжьынэу ищыгъынхэр зэблихъухи заом Iу-
хьагъ. [31] Арамым ипачъыхьэ ку псынкIэмэ яIэшъхьэтет
нэбгырэ щэкIрэ тIурэу иIэхэм ариIуагъ: «ЦIыкIу, ины
шъуIоу, нэмыкIхэм шъуапымылъэу Израилым ипачъы-
хьэ закъо шъуезау». [32] Ку псынкIэмэ яIэшъхьэтетмэ
Ехъощафат къызалъэгъум, «Израилым ипачъыхьэн фае»
аIуи, къеззэонхэу къыфагъэзагъ. Арыти, Ехъощафат кья-
кууагъ. [33] Ку псынкIэмэ яIэшъхьэтетмэ ар Израилым
зэримыпачъыхьэр къызашIэм агъэзэжьыгъ. [34] Зы лIы
горэм щэбзащэр ымышIахэу къыкъудыйи щабзэр зетIу-
пщым, Израилым ипачъыхьэ тыригъафи, иашъоджэнэ
ыгупэкIэ ашъоджэнэ пIон зэпыдзапIэм дэжь щыпхыри-
ути ыуIагъ. Арыти, пачъыхьэм ишыкуао риIуагъ: «Гъэ-
зэжьи дзэм сыхэщыжь, сыкъауIагъ». [35] Ау а мафэм заор
нахьи нахь къызэкIэблагъэти, пачъыхьэр ику псынкIэ
рагъэуцуи, ар ащ итэу арэмхэм апыщытыгъ. Джауштэу
пчыхьэм ар лIагъэ, лъыр иуIагъэ къичъызэ, ку псын-
кIэм илъадэщтыгъ. [36] Арыти, тыгъэр зыкъохьахэм дзэ-
уцупIэм зэрэщытэу макъэ щагъэIугъ: «Шъхьадж икъалэ
орэкIожь, шъхьадж ичIыгу ерэгъэзэжь!»

[37] Пачъыхьэр лIи Щамэрэн къащэжьыгъ, пачъыхьэр
Щамэрэн щагъэтIылъыжьыгъ. [38] Ку псынкIэр Щамэ-
рэн псыутIэм щатхьакIыжьыгъ, Зиусхьаным къызэра-
ригъэIогъагъэм фэдэу, хьэхэм ащ ылъ абзэигъ, бзылъфы-
гъэ мыхъатэхэми ар атхьакIыжьыгъ. [39] Ахъаб иIофшIа-
гъэхэри, нэмыкIэу зэкIэ ышIагъэхэри, пыл къупшъхьэм

унэр зэрэхишIыкIыгъэри, къалэу ыгъэпсыгъэхэри зэкIэ
израил пачъыхьэхэм яхьылIэгъэ Iэпэрытххэм арытхагъэ-
хэба. [40] Ахъаб ятэ пIашъэхэр зыдэщыIэм зегъэзэжьым,
ыкъо Ахъазыехъу ащ ычIыпIэ пачъыхьагъум техьагъ.

*Ехъуд пачъыхьэу Ехъощафат*

[41] Израилым ипачъыхьэу Ахъаб пачъыхьэгъум зыте-
тыр яплIэнэрэ илъэсым хэхьагъэу Асэ ыкъо Ехъощафат
Ехъудэм ипачъыхьэу техьагъ. [42] Ехъощафат пачъыхьа-
гъум зытехьэм ыныбжьыгъэр илъэс щэкIрэ тфырэ, илъэс
тIокIырэ тфырэ Ерусэлэм щыпачъыхьагъ. Ащ янагъэр
Щылхъый ыпхъу Iазубэ ары. [43] Зиусхьаным къекIу-
щтыр ышIэзэ, ятэ Асэ игъогу зэпстэумкIи ар тетыгъ,
ащ текIыгъэп*. [44] Ау къурмэнхэр зыщашIырэ лъэгапIэ-
хэр зэхаригъэкъутагъэхэп, цIыфмэ ахэм къурмэнхэр
ащашIыщтыгъэх, гъомэ IашIухэр къызыпиххэри аща-
гъэстщтыгъэх. [45] Ехъощафат Израилым ипачъыхьэ ма-
мыр зэзэгъыныгъэ дишIыгъ. [46] Ехъощафат нэмыкIэу
ышIагъэхэри, лIыгъэу зэрихьагъэхэри, зэрэзэуагъэри
ехъуд пачъыхьэхэм яхьылIэгъэ Iэпэрытххэм арытхагъэ-
хэба. [47] Ащ ятэ Асэ илъэхъан цIэпIагъэхэр зышIэрэ хъу-
лъфыгъэу ыкIи бзылъфыгъэу къэнэжьыгъэхэри чIыгум
тыригъэкIодыкIыпагъэх. [48] А уахътэм Едомым пачъыхьэ
иIагъэп, щыIагъэр пачъыхьэу агъэнэфагъэр ары.

[49] Ехъощафат хымкIэ кIозэ дышъэр Офыр къырищы-
ным пае тарщыщ къухьэмэ афэдэхэр ышIыгъэх. Ау ахэр
ащ нэсыгъэхэп, сыда пIомэ Iэцыон-Гъэбэр дэжь щы-
къутагъэх. [50] Ахъаб ыкъо Ахъазыехъу Ехъощафат ри-
Iуагъ: «СиIумэтхэр уиIумэтмэ ягъусэхэу къухьэхэмкIэ
орэкIох». Ау Ехъощафат ащ къезэгъыгъэп. [51] Ехъощафат

* 22:43 Мы тхылъэу бзэ зэфэшъхьафхэмкIэ зэрадзэжьыгъэмэ
ащыщхэм я 43-рэ, я 44-рэ стиххэр зы стихэу арытых.

ятэ пIашъэхэр зыдэщыIэм зегъэзэжьым, ятэ Даут икъалэу ятэ пIашъэхэр зыдэлъхэм щагъэтIылъыжьыгъ. Ыкъо Ехъорам ащ ычIыпIэ пачъыхьагъум техьагъ.

*Израил пачъыхьэу Ахъазыехъу*

52 Ехъудэм ипачъыхьэу Ехъощафат зыпачъыхьэр япшIы-
кIублэнэрэ илъэсым хэхьагъэу Ахъаб ыкъо Ахъазыехъу
Израилым ипачъыхьэу техьи, илъэситIо Израилым ипа-
чъыхьагъ. 53 Зиусхьаным къемыкIущтыр ышIэщтыгъэ,
ятэрэ янэрэ ягъогу, Израилыр псэкIодым хэзыщэгъэ
Нэуат ыкъо ЯрабIам игъогу ар атетыгъ. 54 Ар БаIал фэ-
лажьэщтыгъэти, шъхьащэ фишIыщтыгъэти, ятэ ышIэ-
гъэ пстэумэ къахэкIэу Зиусхьаныр лъэш дэдэу ыгъэ-
губжыгъ.

# ПАЧЪЫХЬЭХЭР: ЯТІОНЭРЭ ТХЫЛЪЫР

## Апэрэ шъхьэр

*ТхьэлIыкIоу Иласрэ*
*пачъыхьэу Ахъэзыехъурэ*

1 1 Пачъыхьэу Ахъаб зэлIэм ыуж Моабым Израилым
зыкъыпиIэтыгъ. 2 Мафэ горэм, Ахъазый Щамэрэн дэт
ышъхьагъырэ иунэ къыпэIут хъагъэм шъхьапырызи, сы-
маджэ хъугъэ. Арыти, лIыкIохэр ыIофытэхи, ариIуагъ:
«ШъукIуи, фылистхэм ятхьэнэпцIэу Iэкърэн къалэм
дэт БаIал-Зэбуб дэжь, сыхъужьыщтмэ шъукъеупчI». 3 Ау
Зиусхьаным имэлэIич къалэу Тыщбы щыщ Илас къы-
риIуагъ: «КIуи, Щамэрэн дэс пачъыхьэм илIыкIохэм
апэгъокIи, яIу: „Сыда Израилым Тхьэ иIэба, фылист-
хэм ятхьэнэпцIэу Iэкърэн къалэм дэт БаIал-Зэбуб дэжь
шъукъеупчIынэу шъузкIакIорэр?“ 4 Арышъ шъуипачъы-
хьэ пае Зиусхьаным ыIорэр мары: „ПIэу узхэгъолъхьа-
гъэм укъыхэмыкIыжьэу, шъыпкъэ дэдэмкIэ, улIэщт“».
Арыти, Илас кIуагъэ. 5 Ахъазый ыIофытагъэхэм къагъэ-
зэжьыгъ. Ар ахэм яупчIыгъ: «Сыда адэ къызкIэжъугъэзэ-
жьыгъэр?» 6 Адрэхэм къыраIожьыгъ: «ЦIыф горэ тапэкIэ
къикIи къытиIуагъ: „ШъукIуи, пачъыхьэу шъузыIо-
фтагъэм дэжь жъугъэзэжьи, ешъуIу: ‘Зиусхьаным ыIо-
рэр мары: – Сыда Израилым Тхьэ иIэба, фылистхэм

ятхьэнэпцIэу Iэкърэн къалэм дэт БаIал-Зэбуб дэжь
шъукъеупчIынэу шъузкIакIорэр? Джащ пае пIэу узхэ-
гъолъхьагъэм укъыхэмыкIыжьэу, шъыпкъэ дэдэмкIэ,
улIэщт’“». 7 Пачъыхьэр къэупчIагъ: «ШъуапэкIэ къикIи
а гущыIэхэр къышъозыIогъэ цIыфым итеплъэ сыд фэ-
дагъа?» 8 Ахэм ащ раIожьыгъ: «А цIыфым хъурышъо пы-
рацэм хэшIыкIыгъэ джанэ щыгъ, шъо бгырыпхыр ыбг
илъ». Пачъыхьэм къыIуагъ: «Ар Тыщбы щыщ Илас
ары». 9 Арыти, дзэкIолI шъэныкъом ипащэ идзэкIолI
шъэныкъо игъусэу ащ дэжь ыгъэкIуагъэх. Илас къу-
шъхьэм ышыгу тесыгъэти, ар ащ дэжь дэкIуайи риIуагъ:
«Тхьэм ицIыф! Укъехынэу пачъыхьэм къыуеIо». 10 Ау
Илас дзэкIолI шъэныкъомэ ипащэ къыриIожьыгъ: «Сэ
Тхьэм сырицIыфышъ, машIор уашъом къерэхи, ори
уидзэкIолI шъэныкъуи шъуерэст». Арыти, машIор
уашъом къехи, пащэри ащ идзэкIолI шъэныкъуи ысты-
гъэх. 11 Пачъыхьэм джыри дзэкIолI шъэныкъом инэ-
мыкI пащэ идзэкIолI шъэныкъо игъусэу ащ дэжь ыгъэ-
кIуагъэх. Ащ Илас риIуагъ: «Тхьэм ицIыф! Пачъыхьэм
ыIорэр мары: псынкIэу укъехынэу унашъо къыпфе-
шIы». 12 Ау Илас ащ къыриIожьыгъ: «Сэ Тхьэм сыри-
цIыфышъ, машIор уашъом къерэхи, ори уидзэкIолI
шъэныкъуи шъуерэст». Тхьэм имашIо уашъом къехи,
пащэри ащ идзэкIолI шъэныкъуи ыстыгъэх. 13 Джыри
ящэнэрэ дзэкIолI шъэныкъом ипащэ идзэкIолI шъэ-
ныкъо игъусэу ыгъэкIуагъэх. Ящэнэрэ дзэкIолI шъэны-
къом ипащэ кIуи, ащ ыдэжь дэкIуайи, Илас ыпа-
шъхьэ лъэгонджэмышъхьэу зыщыридзыхи, елъэIупэзэ,
риIуагъ: «Тхьэм ицIыф! Сэри мыдрэ уиIумэт нэбгырэ
шъэныкъоу щытми тпсэхэм ялъэпIагъэ уапашъхьэ щэ-
рэмыкIод. 14 Мары машIор уашъом къехи мыщ ыпэрэ
дзэкIолI шъэныкъомэ япэщитIу ядзэкIолI шъэныкъо-
хэр зэрягъусэхэу ыстыгъэхэшъ, спсэ илъэпIагъэ уапа-

шъхьэ щэрэмыкIод!» 15 Зиусхьаным имэлэIич Илас къы-
риIуагъ: «Ащ дакIу, ущымыщын». Арыти, къежьи, ащ
игъусэу пачъыхьэм дэжь кIуи, 16 риIуагъ: «Зиусхьаным
ыIорэр мары: „Сыда Израилым Тхьэ иIэба, фылист-
хэм ятхьэнэпцIэу Iэкърэн къалэм дэт БаIал-Зэбуб дэжь
шъукъеупчIынэу шъузкIакIорэр? Джащ пае пIэу узхэ-
гъолъхьагъэм укъыхэмыкIыжьэу, шъыпкъэ дэдэмкIэ,
улIэщт“». 17 Арыти, Зиусхьаным Илас къызэрэригъэIуа-
гъэм тетэу, Ахъэзыехъу лIагъэ. Ащ къо иIагъэпти, Ехъу-
дэм ипачъыхьэу, Ехъощафат ыкъо Иорам зыпачъыхьэр
ятIонэрэ илъэсым хэхьагъэу, ежь ычIыпIэ ыш Ехъорам
пачъыхьагъум техьагъ. 18 Ахъазыехъу нэмыкIэу ышIагъэ-
хэр Израилым ипачъыхьэхэм яхьылIэгъэ Iэпэрытххэм
арытхагъэхэба.

**ЯтIонэрэ шъхьэр**

*Тхьэм Илас уашъом зэрэдищэежьыгъэр*

2 1 Илас жьыбгъэшхоу къилъырэм дыхэтэу, Зиусхьа-
ным Ежь дэжь зыщыригъэгъэзэжьын фэе уахътэр
къэсыгъэу, Иласрэ ЕлыщаIрэ Гъылгъал къыдэкIыгъэ-
хэу кIощтыгъэх. 2 Илас ЕлыщаI риIуагъ: «О мыщ къы-
щыуцуба, сыда пIомэ сэ Зиусхьаным Бэтэл сегъакIо».
Ау ЕлыщаI къыриIожьыгъ: «Зиусхьаныр зэрэщыIэри
о узэрэщыIэри сэIо укъэсымыбгынэнкIэ». Джаущтэу
ахэр Бэтэл кIуагъэх. 3 Арыти, тхьэлIыкIо зэкупэгъоу
Бэтэл дэсыгъэхэр ЕлыщаI къыпэгъокIыхи къыраIуагъ:
«Тхьэмэтэнчъэу непэ укъызэрэнэщтыр, Зиусхьаным ар
непэ уашъом зэрэдищэежьыщтыр ошIа?» Ащ ариIо-
жьыгъ: «Ар сэри сэшIэ, щыжъугъэт». 4 Илас ащ риIуагъ:

«ЕлыщаI, о мыщ къыщыуцуба, сыда пIомэ сэ Зиусхьа-
ным Ерыхъоу сегъакIо». Адрэм къыриIожьыгъ: «Зиу-
схьаныр зэрэщыIэри о узэрэщыIэри сэIо укъэсымыбгы-
нэнкIэ!» Джаущтэу ахэр Ерыхъоу къэсыгъэх. 5 Арыти,
тхьэлIыкIо зэкупэгъоу Ерыхъоу дэсыгъэхэр ЕлыщаI къе-
кIуалIэхи къыраIуагъ: «Тхьэмэтэнчъэу непэ укъызэрэнэ-
щтыр, Зиусхьаным ар непэ уашъом зэрэдищэежьыщтыр
ошIа?» Ащ ариIожьыгъ: «Ар сэри сэшIэ, щыжъугъэт».
6 ЕтIани Илас ащ риIуагъ: «ЕлыщаI, о мыщ къанэ, сыда
пIомэ сэ Зиусхьаным Иордан сегъакIо». Адрэм къыри-
Iожьыгъ: «Зиусхьаныр зэрэщыIэри о узэрэщыIэри сэIо
укъэсымыбгынэнкIэ!» Джаущтэу зэгъусэхэу ягъогу те-
хьажьыгъэх. 7 Бэтэл дэсыгъэ тхьэлIыкIо зэкупэгъур нэ-
бгырэ шъэныкъо хъухэу ауж итхэу къакIощтыгъэх. Ахэр
къапэзанкIэу чыжьэкIэ къызэуцухэм, мыдритIур Иор-
дан псыхъоIум Iутыгъ. 8 Ащ дэжьым Илас ищыгъын
кIыIутелъ къышти зэкIоцIищыхьагъ, ащкIэ псым зыхэ-
ом, ар бгъуитIумкIэ зэгокIи, тIури игъушъыкIыгъэ псы
лъачIэу къэлъэгъуагъэмкIэ зэпырыкIыгъэх.

9 Псым зызэпырэкIхэм Илас ЕлыщаI риIуагъ: «СыпкIэ-
рамыщыжьызэ узыфаер къаIо». Арыти, ЕлыщаI къыри-
Iожьыгъ: «КIуачIэу пхэлъым фэдэу IахьитIу къысфэгъа-
нэба». 10 Адрэм къыIуагъ: «УкъызкIэлъэIурэр шIэгъуае.
СызэрэпкIэращыжьырэр къызыплъэгъукIэ, узыфаер къы-
бдэхъущт, зымылъэгъукIэ, къыбдэхъущтэп». 11 Ахэр зэдэ-
гущыIэхэу гъогум рыкIохэзэ, ку псынкIэмрэ шыхэмрэ
мэшIогъэшIыгъэу, ошIэ-дэмышIэу, къэсыхи, нэбгыри-
тIури зэпэшъхьаф хъугъэх. Илас жьыбгъэшхоу къилъы-
гъэм дыхэтэу уашъом дэкIоежьыгъ. 12 ЕлыщаI ащ еплъзэ
къэкууагъ: «А тят! А тят! Израилым ику псынкIэрэ ащ
ишыудзэрэ!»* Ащ нахьыбэрэ ар ащ ылъэгъужьыгъэп.

* 2:12 Мы къэIуакIэм мыщ фэдэ мэхьани иIэн ылъэкIыщт: «Израи-
лым иухъумэкIо лъэш».



ЕлыщаI ищыгъынхэр ыубытхи зэфэдитIоу зэгуитхъыгъэх.
13 ЕтIанэ Илас къыпызыгъэ щыгъын кIыIутелъыр
къыштэжьи, къыгъэзэжьи, Иордан инэпкъ къыIухьагъ.
14 Илас къыпызыгъэ щыгъын кIыIутелъыр къышти,
псым рыхауи, къыIуагъ: «Тыдэ щыIа Илас и Зиусхьанэу Тхьэр, джа дэдэр ары?» Ар къыIуи псым зыхэом,
ар бгъуитIумкIэ зэгокIи, ЕлыщаI ащ икIыгъ. 15 Ерыхъоу
щыщ тхьэлIыкIо зэкупэгъум чыжьэкIэ ар къалъэгъугъэти, аIуагъ: «Илас кIуачIэу хэлъыгъэр ЕлыщаI къыхэхьагъ». Ахэр ащ къыпэгъокIыхи, чIыгум нэс шъхьащэ
къыфашIи, 16 къыраIуагъ: «Мары уиIумэтхэм зишIугъоу

нэбгырэ шъэныкъо тэхъу. ОрэкIохи, уитхьаматэ къы-
лъэрэхъухэба. ЗыгорэкIэ Зиусхьаным ы Псэ ар ышти,
къушъхьэмэ къащыридзыхыгъэн е кIэймэ ащыщ горэм
дидзэгъэнкIи мэхъуба». Ау ащ къыIуагъ: «Шъумыгъа-
кIох».
17 Ау агъэукIытэфэ ахэр бэрэ зелъэIухэм, ащ ари-
Iуагъ: «ЖъугъакIохэба адэ». Арыти, нэбгырэ шъэны-
къо агъакIуи, мэфищэ къылъыхъугъэх, ау ар къагъоты-
гъэп.
18 ЕлыщаI Ерыхъоу джыри щыIэзэ, ахэм ащ дэжь
къызагъэзэжьым, ариIуагъ: «ШъумыкIу сIуи къышъо-
сIогъагъэба?»

*ТхьэлIыкIоу ЕлыщаI иапэрэ шIэгъошIагъэхэр*

19 ЕлыщаI Ерыхъоу къалэм дэсхэм къыраIуагъ: «Ти-
зиусхьан зэрилъэгъоу, мы къалэм итIысыпIэ дэгъу, ау
ипс дэгъоп, ичIыпIи гъэбэжъулъэп».
20 Ащ ыIуагъ: «КIэу
лэгъуп къысэшъути, ащ щыгъу къишъутакъу». Ары-
ти, къыратыгъ.
21 Ащ дэжьым псышъхьэм кIуи, щы-
гъур хитакъуи ыIуагъ: «Зиусхьаным ыIорэр мары: „Мы
псым ыпсэ къыпызгъэкIэжьыгъ, ащ нахьыбэрэ ыгъэлIэ-
жьыщтхэп, гъэбэжъунчъагъэри щыIэжьыщтэп“».
22 Джау-
щтэу ЕлыщаI зэрэтыриIуагъэм тетэу, псыр джы къыз-
нэсыгъэми дэгъу.
23 Ащ ыуж Ерыхъоу къыдэкIыжьи
Бэтэл къалэ ежьагъ. Гъогум тетэу кIозэ, шъэожъые
куп ащ къыдэкIи, къыкIэнакIэхэзэ къыраIуагъ: «КIо,
шъхьэ къуй, кIо, шъхьэ къуй!»
24 Ар къызэплъэкIыгъ,
къяплъи, Зиусхьаным ыцIэкIэ къябгыгъ. Арыти, мы-
шъэбзитIу мэзым къыхэкIхи шъэожъые нэбгырэ тIо-
кIитIурэ тIурэ зэпкъыратхъыгъ.
25 ЕтIанэ ар Къармэл
къушъхьэм дэкIоягъ, ащ къехыжьи Щамэрэн ыгъэзэ-
жьыгъ.

## Ящэнэрэ шъхьэр

*Израилымрэ Ехъудэмрэ*
*Моабым зэрезэуагъэхэр*

3 [1]Ехъудэм ипачъыхьэу Ехъощафат зыпачъыхьэр илъэс
пшIыкIуим хэхьагъэу Ахъаб ыкъо Ехъорам Израи-
лым ипачъыхьэу Щамэрэн щытехьи, илъэс пшIыкIутIо
пачъыхьагъ. [2]Ятэрэ янэрэ зэрашIыщтыгъэм фэмыдэ дэ-
дагъэми, Зиусхьаным къемыкIущтыр ащ ышIэщтыгъэ.
Ятэ БаIал пае аригъэуцугъэгъэ пкъэур къыхитхъыжьыгъ.
[3]Ау щытми Израилым псэкIод езгъэшIагъэу, Нэуат ыкъо
ЯрабIам ипсэкIодшIагъэмэ афэдэхэри ышIэщтыгъ, ахэм
къахэкIыщтыгъэп.

[4]Моабым ипачъыххьэу МэщаI мэлхъуным пылъы-
щтыгъ. Арыти, шъынэ минишъэрэ тIы минишъэм къа-
тыращыкIыгъэ цымрэ* Израилым ипачъыхьэ тынэу
илъэс къэс фаригъэщэнхэ фэягъэ. [5]Ау, Ахъаб зэлIэм,
Моабым ипачъыхьэ Израилым ипачъыхьэ зыкъыпиIэ-
тыгъ. [6]Арыти, пачъыхьэу Ехъорам а уахътэм Щамэрэн
къалэм къыдэкIи, израилыдзэр зэрэхэгъэгоу къыщы-
харигъэщи, къызэIуаригъэгъакIи, ащ ипчъагъэ зыфэ-
дизыр къылъытагъ. [7]А уахътэм Ехъудэм ипачъыхьэу
Ехъощафат дэжь ыгъакIохи раригъэIуагъ: «Моабым
ипачъыхьэ зыкъыспиIэтыгъ. Усигъусэу Моабым тезэо-
нэу тызэдэбгъэкIощта?» Адрэм къырaригъэIожьыгъ:
«СыкъэкIощт, тызэфэдэщт, о узэрэхъоу сэри сэрэхъу,
уицIыфхэр зэрэхъухэу сицIыфхэри орэхъух, уишхэр

* 3:4 Мы чIыпIэм нэмыкI къэIуакIи иI: цыр къызтырамыщы-
кIыгъэ тIы минишъэрэ.

зэрэхъухэу сишхэри орэхъух». 8 Арыти, Ехъощафат къэу-
пчIагъ: «Тара гъогоу тызэрыкIощтыр?» Ехъорам ыIо-
пщыжьыгъ: «Едом шъофнэкIымкIэ тыкIощт». 9 Ащ ыуж
Израилым ипачъыхьэ Ехъудэм ипачъыхьэрэ Едомым
ипачъыхьэрэ игъусэхэу ежьагъ. Мэфиблэ къакIухьэзэ
гъогу зытетхэ уж, дзэмрэ ауж итэу къэкIорэ былымхэм-
рэ ешъонхэу псы фэныкъохэу хъугъэ. 10 Арыти, Израи-
лым ипачъыхьэ ыIуагъ: «АI-анасын! Зиусхьаным Моа-
бым ыIэ тыригъэхьаным пае пачъыхьищми тызэIуигъэ-
кIэгъэн фае». 11 Ехъощафат къыIуагъ: «ЗиусхьанлIыкIо
горэ мыщ щыIэба, ар Ащ едгъэупчIыжьыным пае?»
Израилым ипачъыхьэ иIумэтмэ ащыщ горэм ащ ипэ-
гъокIэу къыIуагъ: «Илас иIофтабгэщтыгъэу Щафат ыкъо
ЕлыщаI мы чIыпIэм щэпсэу». 12 Ехъощафат къыIуагъ:
«Зиусхьаным ипсалъэ ащ къылъэIэсы». Арыти, Израи-
лым ипачъыхьи, Ехъощафати, Едомым ипачъыхьи ащ
дэжь кIуагъэх. 13 ЕлыщаI Израилым ипачъыхьэ риIуагъ:
«Сыда о сиIофэу пхэлъыр? Уятэрэ уянэрэ ятхьэлIыкIо-
хэм адэжь кIо». Израилым ипачъыхьэ ащ риIуагъ: «Хьау,
Зиусхьаным Моабым Iэрылъхьэ тыфишIыным пае па-
чъыхьищми тызэIуигъэкIагъэу гуцаф тэшIышъ ары».
14 ЕлыщаI къыIуагъ: «Ошъогу дзэхэр зиIэрылъхьэ Зиу-
схьан Тхьэу сызфэлажьэрэр зэрэщыIэр сэIо! Ехъудэм
ипачъыхьэу Ехъощафат сышIомылIыкIыщтыгъэмэ, о
сыкъыоплъыщтыгъахэп ыкIи услъэгъущтыгъахэп. 15 Ау
джы пхъонтэпщынаом шъукъысфедж». Пхъонтэпщы-
наор къео зэхъум Зиусхьаным ыкIуачIэ ЕлыщаI къы-
хэхьагъэти, 16 ащ къыIуагъ: «Зиусхьаным ыIорэр мары:
„ПсыигъукIыгъэ лъэгур чIыпIэ-чIыпIэу зэпышъутIыкI“.
17 Сыда пIомэ Зиусхьаным ыIорэр мары: „Жьыбгъэ къе-
пщэуи, ощх къещхэуи шъумылъэгъуми, мы лъэгум
псыр из къэсшIынышъ, шъори, зэкIэ былымхэми ащ
шъуешъощт“. 18 Ау Зиусхьаным сыдэущтэу а зэпстэури

къыщыхъун, Ащ Моабыр шъуIэ къырилъхьанышъ, [19] къэ-
лэ зэкIэгъэпытыхьагъэхэр зэкIэ, къэлэ шъхьаIэхэр зэкIэ
зэхэшъукъутэщтых, анахь чъыг дэгъухэри ишъуупкIы-
щтых, псы къэкIуапIэхэр зэкIэ зэпыжъугъэIыкIыщтых,
анахь лэжьыгъэшIэпIэ дэгъухэр мыжъокIэ жъугъэсэи-
щтых». [20] КъыкIэлъыкIорэ пчэдыжьым, гъомылэ тын зы-
щашIырэ уахътэм тефэу, ошIэ-дэмышIэу Едомым ылъэ-
ныкъокIэ къикIэу псыр къачъи, а чIыпIэм изыбзэ хъугъэ.

[21] Пачъыхьэхэр къязэонхэу къызэрэкIохэрэр моабхэм
зызэхахым, ныбжьыкIэмэ къащегъэжьагъэу лIыжъхэм
анэсыжьэу зэон зылъэкIыщтхэр зэкIэ къаугъойи ягъу-
напкъэ къыIуагъэуцуагъэх. [22] Пчэдыжьым ахэр жьэу къэ-
тэджыгъэх. Тыгъэр къыкъокIи, инэф псы шъхьашъом
къытыридзи къызегъэлыдым, моабхэм ар лъым фэдэу
плъыжьэу къалъэгъугъ. [23] Арыти, ахэм аIуагъ: «Ар лъы.
Пачъыхьэхэр зэзэожьхи, зэрэукIыжьыгъэх. Джы, Моа-
быр, ахэм къыщанагъэр къэтхьынэу некIо!» [24] Джащ те-
тэу ахэр израилыдзэм иуцупIэ къекIугъэх. Ау Израил
дзэкIолIхэм зыкъаIати, моабхэм къязаохэу заублэм,
ахэм кIатхъужьыгъ. Адрэхэр моабхэм нахь къажэхахьэ-
щтыгъэх, къязаощтыгъэх. [25] Джаущтэу къалэхэри зэха-
къутагъэх, нэбгырэ пэпчъ нахь лэжьыгъэшIэпIэ дэгъу
пэпчъ мыжъохэр ритакъохи агъэсэигъэх, псы чъэпIэ
пстэури зэпагъэIыкIыгъэх, анахь чъыг дэгъухэри зэкIэ
раупкIыгъэх. Къыр-Хъарэсэт икъэлэ дэпкъ закъохэу мы-
жъом хэшIыкIыгъэхэр ары ныIэп къэнэжьыгъагъэхэр.
Арыти, мыжъодзхэм ар къадзыхьи, еохэзэ зэхакъутагъ.
[26] Моабым ипачъыхьэ заом къызэрэщытекIохэрэр къы-
зелъэгъум, Едомым ипачъыхьэ зыдэщыт лъэныкъом-
кIэ кIоцIыритхъу шIоигъоу, чэтэгъэбзэным тегъэпсы-
хьагъэхэу дзэкIолI нэбгырэ шъибл игъусэу къежьагъ, ау
зи къадэхъугъэп. [27] Ащ ыуж ежь ычIыпIэ пачъыхьагъум
техьанэу щытыгъэ ищыпэ шъао ыубыти, къэлэ дэпкъым

ышъхьагъ къурмэнгъэст щишIыгъ. Алъэгъугъэм израил цIыфхэр зэшIэгъуаджэ ышIыгъэхэти, израилыдзэр къызэкIэкIожьи ичIыгу къыгъэзэжьыгъ.

## ЯплIэнэрэ шъхьэр

*ЕлыщаI шъузабэм зэрэдэIэпыIагъэр*

4 [1] ТхьэлIыкIо зэкупэгъум щыщыгъэ горэм ишъузабэ гъогзэ ЕлыщаI къыриIуагъ: «УиIумэт сишъхьагъусэ лIагъэ. УиIумэт Зиусхьаным зэрэшIолIыкIыщтыгъэм ущыгъуаз. Джы ахъщэ чIыфэ къызIихыгъагъэр



сикIэлитIу пщылI ышIынхэм пае дищынхэу къэкIуагъ».
2 ЕлыщаI ащ риIуагъ: «Сыда къыпфэсшIэнэу узыфаер?
Уиунэ ит щыIэмэ къысаIу». Адрэм къыриIожьыгъ:
«Дагъэр зэрыт къошыным нэмыкI уиIумэт иунэ зы-
пари итэп». 3 Мыдрэм риIуагъ: «Хахьи къошынхэр къы-
хэдзых, зэкIэ уигъунэгъухэм къошын нэкIхэр къаIыхых.
НахьыбаIоу къэхьых. 4 ЕтIанэ о шъуадэжь кIожьи, ори
уикIалэхэми унэм шъуихьажьи, пчъэр о къегъэт. Джа
къошынэу къэпхьыгъэхэм зэкIэми дагъэр арыгъахъу.
Зэрыз хъурэр IугъэуцукIзэ шIы». 5 Арыти, бзылъфы-
гъэр ядэжь къэкIожьи, ежьри ишъаохэри зехьажьхэм,
унапчъэр ригъэтыгъ. КIалэхэм къошынхэр къыратхэ-
зэ, ежь дагъэр ахэм аригъахъощтыгъэ. 6 Къошынхэм
арыз зешIым ыкъо риIуагъ: «Къаштэ джыри къошын».
Адрэм къыриIожьыгъ: «Ащ нахьыбэ къошын щыIэ-
жьэп». Джащ тетэу дагъэри зэпыужьыгъ. 7 Ащ ыуж бзы-
лъфыгъэр Тхьэм илIыкIо дэжь къакIуи хъугъэр къы-
зыфеIотэжьым, мыдрэм риIуагъ: «КIожьи дагъэр ящи
уичIыфэхэр тыжьых. Адрэ къэнэжьрэм ори уикIалэхэми
шъурыщыI».

### *Шунэм щыщ бзылъфыгъэмрэ*
### *икIалэрэ*

8 Зы мафэ горэм ЕлыщаI Шунэм къалэм къэкIуагъэу
бзылъфыгъэ лъэрыхьэ горэм, игъомлапхъэ хэIанэу къе-
лъэIупэзэ, ядэжь ригъэблэгъагъ. Мыщ къакIо къэси
игъомлапхъэ хэIанэу ащ дэжь ихьэ зэпытщтыгъэ. 9 Ары-
ти, бзылъфыгъэм илI риIуагъ: «Мары мы хъулъфыгъэу
тадэжь ренэу блэкI зэпытрэр Тхьэм зэрицIыф лъапIэр
сэшIэ. 10 Арышъ, унашъхьэм унэ шъхьаф щыфыхэд-
гъэуцонышъ, пIи, Iани, тIысыпIи, остыгъи фидгъэу-
цонхэшъ, тадэжь къакIо къэс ащ ерэс».

[11] Зы мафэ горэм ар ахэм адэжь къакIуи, унэм ихьи
щыгъолъыгъ. [12] Арыти, иIумэт Гъэхъазый риIуагъ: «Шу-
нэм щыщ а бзылъфыгъэм къысфедж». Ар къызеджэм,
адрэр къакIуи, Гъэхъазый ыпашъхьэ къиуцуагъ. [13] Бзы-
лъфыгъэм еупчIынэу ЕлыщаI Гъэхъазый риIуагъ: «Укъы-
зэрэтфэгумэкIырэм пае сыда къыпфэтшIэщтыр? Пачъы-
хьэм е дзэпащэм ощ пае тадэгущыIэнэу уфаеба?» Бзы-
лъфыгъэм къыриIожьыгъ: «Хьау, сэ сызыфаер силъэпкъ
дэсэгъоты». [14] ЕлыщаI къыIуагъ: «Сыда адэ фэтшIэ-
щтыр?» Гъэхъазый къыриIуагъ: «Марба кIалэ иIэп ныIа,
илI лIыжъы». [15] Арыти, ЕлыщаI къыIуагъ: «Къедж ащ».
Ар ащ къызеджэм, адрэр къакIуи, пчъэм дэжь къэуцугъ.
[16] ЕлыщаI ащ риIуагъ: «Илъэс зытешIэкIэ, мыщ фэдэ
уахътэм шъаор пIэлджэнашъхьэ тесыщт». Адрэм къыри-
Iожьыгъ: «Ащ фэдэ хъунэуи, сизиусхьан, Тхьэм ицIыф,
уиIумэт умыгъапцIэ». [17] Джащ тетэу, ЕлыщаI къызэрэ-
риIогъагъэм фэдэу, бзылъфыгъэр лъэрмыхьэ хъуи, адрэ
илъэсым, джа уахътэм шъао къыфэхъугъ.

[18] КIалэм хахъуи, мафэ горэм ятэ дэжь, мэщыр зыу-
пкIэхэрэм адэжь, кIуагъэ. [19] Ащ щыIэзэ, ятэ риIуагъ:
«Сшъхьэ! Сшъхьэ мэузы!» Арыти, адрэм иунэIут риIуагъ:
«Янэ фэхьыжь мыр». [20] УнэIутым кIалэр къышти янэ
фихьыжьыгъ. Шъаор щэджагъо нэс ным ыкуашъо теси
лIагъэ. [21] Арыти, ным ар ышти, Тхьэм ицIыф зэрыс унэм
дихьыйи ащ ипIэ хилъхьагъ. Унапчъэр къыфишIыжьи
къикIыжьыгъ. [22] ЕтIанэ илI къеджи риIуагъ: «УнэIут-
хэм ащыщ горэрэ щыдыбз горэрэ къысэтыхи Тхьэм
ицIыф дэжь сыкIонышъ къэзгъэзэжьыщт». [23] Адрэм
къыIуагъ: «Сыд пае ащ дэжь укIощта? Непэ мэзакIэм
икъихьагъоп, шэмбэтэп ныIа?» Ау шъузым къыриIо-
жьыгъ: «ЗэкIэри дэгъу хъущт». [24] Бзылъфыгъэм пае щы-
дыбзым уанэр зытыралъхьэм, иунэIут риIуагъ: «Псын-
кIаIоу егъажьи, сэ къэсэмыIофэ къэмыгъэужъэжъ».

[25] Джащ тетэу ежьи Тхьэм ицIыф дэжь Къармэл къу-
шъхьэм кIуагъэ. Тхьэм ицIыф ар чыжьэкIэ къызелъэ-
гъум, иIумэт Гъэхъазый риIуагъ: «Мор Шунэм щыщ
бзылъфыгъэр ары. [26] ПсынкIэу пэгъокIи, еупчI: „Упсэу-
ба? УилIи псэуба? УикIали псэуба?“» Арыти, бзылъфы-
гъэм къыриIожьыгъ: «Хъущт». [27] Ау Тхьэм ицIыф дэжь
къушъхьэм дэкIуайи, ащ екIуалIи, ылъакъохэр шIуиу-
бытыкIыгъэх. Ар Iуищыжь шIоигъоу Гъэхъазый къы-
зыIохьэм, Тхьэм ицIыф къыIуагъ: «Ыуж икI, ащ гухэ-
кIышхо иI. Зиусхьаным хъугъэр сигъэшIагъэп, зыпари
къысиIуагъэп». [28] Бзылъфыгъэм къыIуагъ: «КIалэ къы-
ситынэу сизиусхьан селъэIугъагъа? „СымыгъапцI“ сIуи
къыосIогъагъэба?» [29] Арыти, ЕлыщаI Гъэхъазый риIуагъ:
«Гъогум утехьаным зыфэгъэхьазыри, сибэщ зыдашти
ежь. Зыгорэ уапэ къифэмэ, сэлам емых, зыгорэм сэлам
къызыуихкIэ, джэуап емытыжь. Нэси сибэщ сабыим
ынэIу телъхь». [30] Сабыим янэ ЕлыщаI риIуагъ: «Зиусхьа-
ныр зэрэщыIэри о узэрэщыIэри сэIо! СыпкIэрымыкIы-
жьынкIэ». Арыти, ар бзылъфыгъэм дежьагъ. [31] Гъэхъа-
зый ахэм апэ итэу нэси, бэщыр сабыим ынэIу тыри-
лъхьагъ. Ау адрэм макъи-лъакъи къыгъэIугъэп. Арыти,
ЕлыщаI къыпэгъокIи, сабыир къызэрэмыущыжьрэр
къыриIуагъ. [32] ЕлыщаI унэм ихьагъ. Мары сабый лIа-
гъэр ежь ипIэ хэлъ. [33] Арыти, унэм зэрехьэу пчъэр къы-
ригъэти, Зиусхьаным елъэIугъ. [34] ЕтIанэ зиIэти сабыим
шъхьащыгъолъхьагъ, ежь ыIупэхэр адрэм ыIупэмэ, ежь
ынэхэр ащ ынэхэм, ыIагушъохэр ащ ыIагушъохэм ани-
гъэсыгъэх. Сабыим зэрэщытэу шъхьащыгъуалъхьи, ащ
ыпкъ къэфэбэжьыгъ. [35] Ащ ыуж къэтэджыжьи унэ кIо-
цIым иджэхашъо щытезэкIухьагъ. Джыри зиIэти сабы-
им зэрэщытэу шъхьащыгъолъхьагъ. Сабыир гъогогъуи-
блэ къэпси ынэхэр къызэкIихыгъэх. [36] ЕлыщаI Гъэхъа-
зый къеджи риIуагъ: «А Шунэм щыщ бзылъфыгъэм

къедж». Арыти, адрэр ащ къеджагъ. Бзылъфыгъэр Елы-
щаI дэжь къызэкIом ащ риIуагъ: «Уишъао штэжь». [37] Ар
ащ къекIуалIи, ыпашъхьэ зыкъыщыридзыхи, джэхашъом
нэсэу шъхьащэ къыфишIыгъ. ЕтIанэ ишъао ыштэжьи
икIыжьыгъ.

*ЕлыщаI ишIэгъошIитIу*

[38] Ащ ыуж ЕлыщаI Гъылгъал къыгъэзэжьыгъ. А чIы-
пIэм щыгъэблагъ. ТхьэлIыкIо зэкупэгъоу ыпашъхьэ исы-
гъэхэм адыщысыгъэ ежь иIумэт риIуагъ: «Лэгъупышхор
тегъэуцуи тхьэлIыкIо зэкупэгъум пае хьантхъупс гъэ-
пIонкIы». [39] Ахэм ащыщ горэ уц горэхэр къыугъоинхэу
губгъэм зехьэм, сэнэ бжанлэм фэдэу къэкIэу зыгорэ
къыгъотыгъэти, иджэнэ IэкIапэ из ащ къыпичи, къы-
хьыгъ. Ар ыупкIати, хьантхъупсыр зыщыпIонкIырэ лэ-
гъупым, зыфэдэр амышIэу, хитэкъуагъ. [40] ЕтIанэ шхэн-
хэу къафырагъэхъуагъ. Ау хьантхъупсым зэрэхэхъумпIа-
гъэхэм тетэу куо-хьаушхо къаIатыгъ: «А Тхьэм ицIыф!
УзгъэлIэщтыр лэгъупым ит!» Джаущтэу ашхын алъэ-
кIыгъэп. [41] Арыти, ЕлыщаI къыIуагъ: «Моу хьаджыгъэ
къашъуштэ». Ар лэгъупым итым хитакъуи ыIуагъ: «Джы
къафигъахъуи орэшхэх». Джаущтэу лэгъупым итыр
пшхышъунэу хъужьыгъэ.

[42] Ащ ыуж БаIал-Щалищэ къалэм щыщ лIы горэ къа-
кIуи, Тхьэм ицIыф апэрэ лэжьыгъэу Iуихыжьыгъэм щы-
щэу, хьэ хьаджыгъэм хэшIыкIыгъэу хьалыжъые тIокIы-
рэ шъуампIэр зытелъ лэжьыгъацэхэмрэ дзыокIэ къыфи-
хьыгъэх. Арыти, ЕлыщаI ыIуагъ: «ЦIыфхэм яти ягъэшх».
[43] ИIумэт къеупчIыгъ: «Нэбгыришъэм афикъунэу тара
ястыщтыр?» Мыдрэм риIожьыгъ: «Ят цIыфхэм, арэшх,
сыда пIомэ Зиусхьаным ыIорэр мары: „Афикъунышъ,
къялыжьыщт“». [44] Арыти, ахэм заретым, загъэшхэкIыгъ,
Зиусхьаным зэриIуагъэуи къялыжьыгъ.

## Ятфэнэрэ шъхьэр

*ЕлыщаI НаIаман зэригъэхъужьыгъэр*

5 1 Арамым ипачъыхьэ идзэ Iэшъхьэтетэу НаIаман
лIэхъупхъэу, изиусхьан пачъыхьэ ащ лъытэныгъэ
къыфишIэу щытыгъ, сыда пIомэ ащ ишIуагъэкIэ Зиу-
схьаным арамхэр атыригъэкIуагъэх. А лIыр дзэкIолI
бэлахьэщтыгъ, ау шъоджэуз иIэу хъугъагъэ. 2 Зэгорэм
арамхэр къатебанэхи зызэкIэкIожьхэм, Израил хэгъэгум
щыщэу пшъэшъэжъые горэ гъэрэу аубыти зыдыращы-
гъагъэти, ар НаIаман ишъуз къыдекIокIыщтыгъ. 3 Зы-
мафэ горэм ащ изиусхьангуащэ риIуагъ: «А ей-гущ,
Щамэрэн дэс тхьэлIыкIом дэжь мы сизиусхьан кIогъа-
гъэмэ, ишъоджэуз ыгъэхъужьыныгъи!» 4 Арыти, НаIаман
кIуи, Израил хэгъэгум щыщ пшъэшъэжъыем ыIорэр
изиусхьан къыфиIотагъ. 5 Арамым ипачъыхьэ ащ къы-
риIуагъ: «Хъун, кIо. Сэ Израилым ипачъыхьэ пае тхьапэ
тхыгъэ къыостынышъ фэозгъэхьыщт». Тыжьынэу ки-
лограмм 340-рэ фэдиз, дышъэ килограмм 90-рэ фэ-
диз, щыгъын штэгъуипшI зыдиштэхи ар кIуагъэ. 6 Тхьа-
пэ тхыгъэр Израилым ипачъыхьэ къыфихьыгъ. Ащ
итхэгъагъ: «Мы тхьапэм игъусэу мары сиIумэт НаIаман
къыпфэсэгъакIо шъоджэузэу иIэр бгъэхъужьыным пае».
7 Израилым ипачъыхьэ тхьапэм зеджэм, ищыгъынхэр зэ-
Iитхъыхи, къыIуагъ: «Сытхьа сэ згъэлIэнхэуи къэзгъэ-
хъужьынхэуи? Сыд пае шъоджэузыр лIым фэзгъэхъу-
жьынэу садэжь къыгъэкIуагъа? Джары шъуеплъ, къысэ-
пыиным пае ушъхьагъу ар лъэхъу».

8 Тхьэм ицIыфэу ЕлыщаI Израилым ипачъыхьэ ищы-
гъынхэр зэрэззэхицунтхъагъэр зызэхехым, раригъэIонэу



пачъыхьэм дэжь ыIофытагъэх: «Сыд пае уищыгъынхэр
зэхэпцунтхъагъа? ТхьэлIыкIо Израилым зэрисыр ышIэ-
ным пае садэжь ар къэрэкIу».
9 Ащ нэс НаIаман ишы-
хэмрэ ику псынкIэрэ игъусэхэу къэси ЕлыщаI иунэ
пчъэIупэ дэжь къэуцугъ.
10 Арыти, ЕлыщаI иIофтабгэ
ащ пигъэгъокIи ыригъэIуагъ: «КIуи Иордан псыхъо,
гъогогъуиблэ зычIэгъауи лыкIэ къыптекIэжьынышъ,
къабзэ ухъужьыщт».
11 НаIаман губжыгъэу къыIукIыжьи
ыIуагъ: «Адэ сэ къызэрэсшIошIыгъэр ар къикIынышъ,
къэуцунышъ, и Зиусхьанэу Тхьэм ыцIэ къыIонышъ, ыIэ
узырэ чIыпIэм къытырилъхьанышъ, сишъоджэуз ыгъэ-
хъужьынэу ары.
12 Дамаск псыхъохэу Абанэрэ* Парпаррэ
Израилым ипсыхъо пстэумэ анахьышIухэба? Сыда ахэм

* 5:12 Ижъырэ джуртыбзэмкIэ тхыгъэ Iэпэрытх горэхэм зэрахэ-
тыр: Аманэ.

защызгъэпскIэу узыр симыIэжьынэу зызгъэкъэбзэжьын
слъэкIыщтыгъэба?» Джащ тетэу къыгъэзэжьи, губжы-
гъэу къыIукIыжьыгъ. [13] Ащ дэжьым иIумэтхэр къекIуа-
лIэхи къыраIуагъ: «Тят, оркIэ къин горэ зыхэлъ тхьэ-
лIыкIом къыуиIогъагъэмэ пшIэщтыгъэба? „ЗыгъэпскIи
къабзэ ухъужьыщт“ къызыуиIуагъэкIэ, сыд пае умышIэ-
щта?» [14] Арыти, ар кIуи, Тхьэм ицIыфэу ЕлыщаI къызэ-
рэриIуагъэм тетэу, гъогогъуиблэ Иордан зычIигъэуагъ.
Сабыим фэдэу лыкIэ къытекIэжьи, зиукъэбзыжьыгъ.
[15] Ащ лъыпытэу НаIаман игъусэхэр зэрэкIыгъухэу къы-
гъэзэжьи, Тхьэм ицIыфэу ЕлыщаI ыпашъхьэ къиуцуи
къыIуагъ: «Мары Израилым и Тхьэ фэдэ зэрэдунаеу
зэрэтемытыр къэсшIагъ. Арышъ, уиIумэт шIухьафтын
Iых». [16] Адрэм къыIуагъ: «Зиусхьанэу зыпашъхьэ ситыр
зэрэщыIэр сэIо пIысымыхынкIэ!» НаIаман бэрэ къаи-
гъэ къышIыгъ шъхьае, мыдрэр фезэгъыгъэп. [17] Арыти,
НаIаман къыIуагъ: «Ар мыхъущтмэ, уиIумэт Зиусхьа-
ным нэмыкI тапэкIэ тхьэ горэхэми къурмэнгъэстхэмрэ
къурмэнхэмрэ афишIыщтхэпышъ, къыдыритIум ахьын
алъэкIыщтым фэдиз чIыгу къырарэт*. [18] Ау Зиусхьаным
къыфигъэгъунэу уиIумэт къызкIэлъэIурэр мары: сизи-
усхьан пачъыхьэ итхьэ фагъэуцугъэ тхьэлъэIупIэунэм
шъхьащэ щишIынэу Римон кIуагъэу сIэ зыкъызтыри-
гъакIэкIэ, Римон фагъэуцугъэ тхьэлъэIупIэунэм сшъхьэ
зыщесыуфэхкIэ, Зиусхьаным уиIумэт ащ пае къыфе-
рэгъэгъу». [19] Арыти, ЕлыщаI къыриIожьыгъ: «Зыгъэрэ-
хьати кIожь». Адрэр къыIукIыжьи, тIэкIу горэм кIуагъэ.
[20] Ащ дэжьым ЕлыщаI иIумэт Гъэхъазый ыIуагъ: «Ма-
ры, а арамэу НаIаман къыхьыгъэм щыщ зи къыIимыхэу

* 5:17 НаIаман Израилым и Тхьэ пае къурмэншIыпIэ ыгъэуцунэу фэягъэти, ежь къызэрэшIошIыщтыгъэмкIэ, Израилым ичIыгу щыщ ащ тырилъхьан фэягъэ.

сизиусхьан ар ытIупщыжьыгъ. Зиусхьаныр зэрэщыIэр
сэIо! Ащ сыкIэлъычъэнышъ зыгорэ къыIысхын». [21] Ар
дэдэм Гъэхъазый НаIаман ыуж илъэдагъ. Арыти, НаIа-
ман къыкIэлъычъэрэр къылъэгъуи, ику псынкIэ къикIи,
къыпэгъокIи къеупчIыгъ: «ЗэкIэри дэгъуба?» [22] Мыдрэм
риIожьыгъ: «ЗэкIэри дэгъу. Сизиусхьан сыкъыIофтагъ
къыосIонэу: „Ефраим къушъхьэлъэ хэкум къикIхи тхьэ-
лIыкIо зэкупэгъум щыщхэу кIэлитIу садэжь къэкIуагъэ-
хэшъ, тыжьын килограмм 34-рэ фэдизрэ щыгъын штэ-
гъуитIурэ къят“». [23] Арыти, НаIаман ыIуагъ: «ФэдитIу-
кIэ нахьыбэу штэба». Ар ыштэнэу къелъэIуи, тыжьынри
щыгъын штэгъуитIури дзыуитIум къарилъхьэхи, ежь
иIумэт нэбгыритIум къаритхи, Гъэхъазый ыпэ итхэу
рахьыжьагъэх. [24] ЕтIанэ Iуашъхьэм къызэсым, ахэм аIы-
гъыгъэр къаIихыжьи иунэ щигъэбылъыгъ. Ащ ыуж
цIыфхэр ытIупщыжьхи, ахэм агъэзэжьыгъ. [25] Ар къэ-
кIожьи изиусхьан дэжь зехьэм, ЕлыщаI къеупчIыгъ:
«Тыда укъыздикIыжьыгъэр, Гъэхъазый?» Адрэм къы-
риIожьыгъ: «УиIумэт зыми кIогъагъэп». [26] Мыдрэм ащ
риIуагъ: «А цIыфыр ику псынкIэ къызекIым сыгукIэ
сыуигъусагъэба сэ? Тыжьынрэ, щыгъынхэмрэ, зэйтын
чъыгхэмрэ, сэнэшъхьэ шIапIэхэмрэ, мэл-пчэнхэмрэ,
былым пIашъэхэмрэ, унэIут хъулъфыгъэхэмрэ, унэIут
бзылъфыгъэхэмрэ къаIыпхынхэм игъуа? [27] НаIаман
ишъоджэуз оррэ къыпкIэхъощтхэмрэ джащ пае егъа-
шIэм къышъуферэгъэзэжь». Джащ дэжьым ар шъо-
джэузым осым фэдэу фыжьыбзэу зэлъикIугъэу ащ дэжь
къикIыжьыгъ.

## Яхэнэрэ шъхьэр

*ЕлыщаI обзэгъушъхьэр*
*псым къызэрэхихыжьыгъэр*

6 [1] Мафэ горэм тхьэлIыкIо зэкупэгъум хэтхэм ЕлыщаI
раIуагъ: «О утипащэу тыздэщыIэ тиеджэпIэ-псэу-
пIэ тэркIэ зэжъущ. [2] Иордан тыжъугъакIуи, пкъэу зы-
рыз къэтхьынышъ, тыщыпсэунэу унэ псы гъунэм щы-
тшIыщт». Арыти, ащ къадыригъэштагъ. [3] Ащ дэжьым
ащыщ горэм къыIуагъ: «Лъэш дэдэу сыолъэIу тэ, уиIу-
мэтхэм, утигъусэу къыддакIоба». «Хъунба адэ», – къы-
риIожьыгъ. [4] Джаущтэу ар адэкIуагъ. Ахэр Иордан къэ-
сыхи чъыгхэр къыраупкIынхэу фежьагъэх. [5] Ащыщ го-
рэм чъыгыр риупкI пэтзэ иобзэгъушъхьэ къышIози
псым хэфагъ. Арыти, къэкууи къыIуагъ: «Ай, сизиус-
хьан, ар хьафэу къаIысхыгъагъи!» [6] ЕлыщаI ащ еупчIыгъ:
«Тыда ар зыщыхэфагъэр?» Адрэм чIыпIэр къызыре-
гъэлъэгъум, ЕлыщаI пхъэ такъыр горэ чъыгым къыпиу-
пкIи а чIыпIэм зыхедзэм, обзэгъушъхьэр къычIэужьы-
нэу ышIыгъ. [7] Ащ риIуагъ: «Мыр штэжь». Адрэм обзэ-
гъушъхьэр къыхихыжьыгъ.

*ЕлыщаI арамхэр къызэрэзэтыригъэуцуагъэхэр*

[8] Арамым ипачъыхьэ джыри зэ израил цIыфхэм зао
къаришIылIагъ. ИдзэкъулыкъушI Iэшъхьэтетхэм адэгу-
щыIэзэ, ащ ыIощтыгъэ: «Мыщ фэдэ чIыпIэр тидзэ иуцу-
пIэу тэгъэнафэ». [9] Арыти, Тхьэм ицIыфэу ЕлыщаI Изра-
илым ипачъыхьэ дэжь ыгъакIохи раригъэIуагъ: «Арамхэм

а чIыпIэм зыщагъэпытагъэшъ, благъэу уемыкIуалI».
[10] Джаущтэу Израилым ипачъыхьэ ЕлыщаI зыфиIогъэ-
гъэ чIыпIэм къыщыхъухэрэр къызэрагъэшIэнэу ыгъа-
кIохэзэ, пчъагъэрэ зыкъиухъумэжьыгъ. [11] Арамым ипа-
чъыхьэ хъурэм къыгъэгумэкIыгъэу идзэкъулыкъушI Iэ-
шъхьэтетхэм къяджи ариIуагъ: «Тащыщэу Израилым
ипачъыхьэ бзэгу фэзыхьрэр джыдэдэм къашъуIо». [12] Ары-
ти, ащ идзэкъулыкъушI Iэшъхьэтетхэм ащыщ горэм
къыIуагъ: «Ащ фэдэ гори къытхэтэп, сизиусхьан па-
чъыхьэр, ау Израилым итхьэлIыкIоу ЕлыщаI уичъыепIэ
унэ щыпIохэрэри Израилым ипачъыхьэ реIожьых».
[13] Пачъыхьэм къыIуагъ: «ШъукIуи ар зыдэщыIэр къы-
зэжъугъашIи, лъызгъэкIонхэшъ къязгъэубытыщт». Ащ
къэбар къыфахьи къыраIуагъ: «Мары Дотан къалэм ар
щыI». [14] Арыти, дзэ купышхо ягъусэу шыхэмрэ ку псын-
кIэхэмрэ ащ ыгъэкIуагъэх. Ахэр чэщэу къакIохи къалэр
къадзыхьагъ. [15] Пчэдыжьым Тхьэм ицIыф иIумэт къэ-
тэджи къызекIым, мары – дзэри, шыхэри, ку псынкIэ-
хэри къалэм къызэрегъэуцокIыгъэхэр къылъэгъугъ. Ары-
ти, ащ ЕлыщаI риIуагъ: «Ео-ой, сизиухьан! Сыд джы
тшIэжьыхэн?» [16] Адрэм къыриIожьыгъ: «Укъэмыщт, сы-
да пIомэ тэ тигъусэхэр ахэм ягъусэхэм анахьыб». [17] Ащ
дэжьым ЕлыщаI Тхьэм елъэIузэ къыIуагъ: «Зиусхьан!
Мыр тэрэзэу гъаплъэба». Ар дэдэм Зиусхьаным ЕлыщаI
иIумэт зегъаплъэм, мары шыхэмрэ ку псынкIэхэу мэ-
шIотхъуабзэр къызпиххэмрэ ЕлыщаI къызэлъаухъурэи-
гъэу къушъхьэр зэрэщытэу зэлъабгъагъ. [18] ЕтIанэ арам-
хэр ащ дэжь къызежьэхэм ЕлыщаI Зиусханым елъэIуи
ыIуагъ: «Амылъэгъушъунэу ахэр шIых». Ащ ЕлыщаI зэ-
релъэIугъэу, ахэм амылъэгъушъунэу ышIыгъ. [19] Арыти,
ЕлыщаI ахэм ариIуагъ: «А гъогур арэп мыр, а къалэ-
ри арэп мыр. Сауж шъукъихьи шъузлъыхъурэ цIыфым

дэжь сэ шъусщэщт». Джаущтэу ахэр Щамэрэн къыщагъэх. [20] Щамэрэн къызэсхэм, ЕлыщаI къыIуагъ: «Зиусхьаныр! Мыхэм алъэгъунэу анэхэр къэгъэплъэжьых». Арыти, Зиусхьаным ахэр къызегъэплъэжьхэм, мары Щамэрэн ипчэгу зэритхэр къалъэгъугъ. [21] Арыти, Израилым ипачъыхьэ ахэр къызелъэгъухэм, ЕлыщаI еупчIыгъ: «Мыхэр зэхэсэрэукIэха, зэхэсэрэукIэха, тят?» [22] Адрэм къыриIожьыгъ: «УмыукIых. Заом гъэры щашIхэрэр аукIхэрэп ныIа? Егъашхэхи егъашъохи, етIанэ япачъыхьэ дэжь тIупщыжьых». [23] Арыти, ешхэ-ешъо афаригъэшIи, ахэр агъэшхахэхи, зырагъэшъуахэхэм атIупщыжьхи, япачъыхьэ дэжь агъэзэжьыгъ. Ащ ыуж арамхэр Израилым ичIыгу къытемыбанэхэу охътэ шIукIае тешIагъ. [24] ТIэкIу зытешIэм Арамым ипачъыхьэу Бэнхадад дзэу иIэр зэрэщытэу къыугъойи, къакIуи Щамэрэн къыдзыхьагъ. [25] Ахэм ар къызадзыхьэм Щамэрэн щыгъэблэшхуагъэти, щыдышъхьэр тыжьын зы килограммрэ грамм 200-рэ фэдизкIэ, тхьаркъо цуе грамм 250-рэ фэдизыр тыжьын грамм 75-рэ фэдизкIэ ащэщтыгъэх. [26] Мафэ горэм Израилым ипачъыхьэ къэлэ дэпкъым ышъхьагъ тетэу кIозэ, бзылъфыгъэ горэм гъогызэ къыриIуагъ: «КъыздэIэпыI, сизиусхьан пачъыхьэр». [27] Арыти, мыдрэм риIуагъ: «Зиусхьаныр къыбдэмыIэпыIэмэ, сыдэущтэу сэ сыбдэIэпыIащта? Лэжьыгъи сани сиIэпи». [28] Пачъыхьэр ащ пыдзагъэу еупчIыгъ: «Сыда узфаер?» Адрэм къыриIожьыгъ: «Модэ мо бзылъфыгъэм къысиIощтыгъ: „УикIалэ непэ тэгъэшхи, сэ сишъао неущ тшхыщт“. [29] Арыти, сишъао дгъажъуи тшхыгъэ. КъыкIэлъыкIорэ мафэм ащ есIуагъ: „Джы о уикIалэ къашти тэгъэшхы“. Ау ащ икIалэ ыгъэбылъыгъ». [30] Пачъыхьэр бзылъфыгъэм къыIуагъэм едэIуи, ищыгъынхэр зэIитхъыгъэх. Къэлэ дэпкъым ышъхьагъ тетэу ащ къыщикIухьэзэ,

мары дзыопхъэ шэкI пхъашэм хэшIыкIыгъэ джанэр
ыкIышъо нэсэу зэрэщыгъыр цIыфхэм алъэгъугъ. 31 Ащ
дэжьым пачъыхьэм къыIуагъ: «Щафат ыкъо ЕлыщаI не-
пэ ышъхьэ зышIосымыхкIэ, Тхьэм сифэшъуашэр серэ-
гъэгъот, нахьыбэжьи къысерэшI». 32 Пачъыхьэм иIумэт
горэ ЕлыщаI лъигъэкIуагъ. Ежь ЕлыщаI иунэ исыгъ,
нахьыжъ упчIэжьэгъухэри ащ ыдэжь исыгъэх. Къа-
гъэкIуагъэр джыри къэмысзэ, нахьыжъ упчIэжьэгъухэм
ащ ариIуагъ: «А укIакIом ыкъо сшъхьэ шIуаригъэхы-
нэу къызэригъакIорэр шъошIа? Шъусакъ, къагъэкIуа-
гъэр къызыскIэ, пчъэр пытэу ежъугъэти къишъумы-
гъахь. Мары изиусхьан пачъыхьэри ащ ыуж кIэкIэу ит!»
33 Ар ахэм адэгущыIэфэ, пачъыхьэм къыгъэкIуагъэр къэ-
си къыIуагъ: «Сыда Зиусхьаным джыри сызэрэщыгу-
гъыжьын слъэкIыщтыр, ащ фэдиз тхьамыкIагъор къыт-
фихьыгъэмэ?»

### Яблэнэрэ шъхьэр

7 1 Мыщ дэжьым ЕлыщаI къыIуагъ: «Зиусхьаным къы-
Iорэм шъукъедэIу. Зиусхьаным ыIорэр мары: „Неущ
мыщ фэдэ уахътэм анахь хьаджыгъэ дэгъум фэдэ дзы-
омрэ хьэ дзыуитIумрэ тыжьын чапыч зырызкIэ Ща-
мэрэн ибэдзэр щащэщтых“». 2 Арыти, пачъыхьэм дзэ
къулыкъушI Iэшъхьэтетышхоу цыхьэ зыфишIыщтыгъэм
ЕлыщаI риIуагъ: «Тхьэм лэжьыгъэр уашъом къыригъэ-
тэкъохыгъэми, ащ фэдэу хъун ылъэкIынэуи?» Арыти,
мыдрэм риIожьыгъ: «Ар о унитIукIэ плъэгъущт, ау ар
къыпIуфэщтэп».

*Арамым идзэхэм зэрэкIатхъужьыгъэр*

3 А уахътэм шъоджэуз зиIэ нэбгыриплI горэ къалэм
идэхьэпIэ къэлапчъэхэм адэжь щысхэу зэраIожьыщты-
гъэ: «Сыд пае хьадэгъум тежэу мыщ дэжьым тыщысы-
щта? 4 Къалэм тыдэхьанэу тIомэ, къалэм щыгъаблэшъ,
ащ тыдэлIыхьан, мыщ дэжьым тыщысми джащ фэдэу
тылIэн. Ащ нахьышIу арамхэм ядзэуцупIэ тыжъугъа-
кIуи. ТамыукIэу, псэоу тыкъагъанэмэ, тыщыIэн, таукI-
мэ таукIыгъ». 5 Арыти, шIункI къызэхъум, арамхэм ядзэу-
цупIэ кIонхэу ежьагъэх. Арамхэм ядзэуцупIэ игъунэгъоу
екIолIагъэх, мары зы цIыф гори ащ щыIэп. 6 Зиусхьа-
ным ку псынкIэхэм къапыIукIырэ макъэхэмрэ шы
щыщ макъэхэмрэ, дзэшхоу къакIорэм къыпыIукIырэ
макъэри зэрахэтэу арамхэм ядзэуцупIэ къыщызэхахын-
хэу ышIыгъагъ. Арыти, ахэм зэраIожьыгъагъ: «Израи-
лым ипачъыхьэ хъыт ыкIи мысыр пачъыхьэхэр ахъ-
щэ аритызэ, къытигъэзэонхэу къызгуищэгъэнхэ фае».
7 Ахэм псынкIэу зыкъаIатыжьи шIункI къызэрэхъоу кIа-
тхъужьыгъагъ: ягъэIагъэхэри, яшхэри, ящыдхэри, яуцу-
пIи зэрэщытэу къабгынэхи, зыкъагъэнэжьыным пае
ашъхьэхэр Iуахыжьыгъагъэх. 8 А цIыфхэу шъоджэуз зи-
Iэхэр дзэуцупIэм ыгъунэ къекIуалIэхи гъэIагъэ горэм
чIэхьагъэх. Ащ щышхагъэх, щешъуагъэх, тыжьыни, ды-
шъи, щыгъыни къычIаххи къыздаштагъэх, къагъэзэ-
жьи ахэр агъэбылъыгъэх. Джыри нэмыкI гъэIагъэ го-
рэм чIахьэхи, ащи къычIахыгъэх, къагъэзэжьи агъэбы-
лъыгъэх. 9 ЕтIанэ ахэм зэраIожьыгъ: «ТшIэрэр тэрэзэп.
Мы мафэр къэбар гушIуагъом имафэшъ, зыдгъэлъажъоу,
нэф къэшъыфэ тежэмэ, тагъэмысэжьыщт. Джыдэдэм
тыжъугъакIуи пачъыхьэми ащ ицIыфхэми къэбарыр ятэ-
жъугъэгъашI». 10 Арыти, ахэм къагъэзэжьи къэлэ дэхьа-
пIэм хэлъ къэлапчъэр къэзгъэгъунэщтыгъэхэр къэбарым

щагъэгъозагъэх: «Арамхэм ядзэуцупIэ тыкIогъагъ, ма-
ры зы цIыф гори ащ щыIэп, цIыф горэми ымакъэ щы-
зэхэпхырэп. Шы-щыд епхыгъэхэр ары ныIэп щытхэр,
ягъэIагъэхэри зэрэщытых». [11] Арыти, ахэр къэлэ дэхьа-
пIэм хэлъ къэлапчъэр къэзгъэгъунэщтыгъэхэм къяджэ-
хи пачъыхьэми ащ ицIыфхэми афаIопщыгъ. [12] Пачъы-
хьэр чэщым къэтэджи, идзэкъулыкъушI Iэшъхьэтетхэм
къяджи ариIуагъ: «Арамхэм къыташIэрэр къышъосIон.
Гъаблэм тызэригъалIэрэр ахэм ашIэти, хашъом зыща-
гъэбылъынэу ядзэуцупIэ къабгынагъ. „Ахэр къалэм къы-
зыдэкIхэкIэ, зэрэпсэухэу тыубытынхэшъ, къалэм тыдэ-
хьащт“ – джары ахэр зэгупшысхэрэр». [13] Арыти, къыде-
кIокIхэрэ дзэкъулыкъушI Iэшъхьэтетмэ ащыщ горэм
къыIуагъ: «Къалэм къыдэнэгъэ адрэ шыхэм ащыщэу
шитфымэ атесхэу зыгорэхэр тэжъугъэгъакIох. НэмыкI
амал щыIэп, ахэр къаукIыхэмэ, адрэ израил цIыфэу
лIагъэхэмэ афэдэ хъущтых. Арышъ, тэжъугъэгъакIохи,
хъурэм тежъугъэплъ»*. [14] Арыти, ку псынкIитIум шы
тIурытIу акIашIагъэх. «ШъукIуи шъукъаплъ», – ыIуи,
пачъыхьэм арамхэм ядзэ ыуж ригъэхьагъэх. [15] Ежьэхи
ащ ыуж итхэу Иордан нэс кIуагъэх. Мары арамхэр гузэ-
жъогъум хэтхэу зечъэжьэжьхэм къычIадзыгъэ щыгъын-
хэмрэ пкъыгъохэмрэ гъогум тетэкъуагъэу, тизыбзэу те-
лъых. Джаущтэу агъэкIуагъэхэм къагъэзэжьи къэбарыр
пачъыхьэм къыфахьыгъ. [16] ЕтIанэ цIыфхэр къежьэхи
арамхэм ядзэуцупIэ зэрапхъуагъ. Зиусхьаным къызэри-
Iуагъэу, анахь хьаджыгъэ дэгъу зы дзыомрэ хьэ дзыуи-
тIумрэ тыжьын ахъщэ зырыз ауасэу джащ дэжьым хъу-
гъэ. [17] Арыти, пачъыхьэм идзэ къулыкъушI Iэшъхьэте-
тышхоу ицыхьэшIэгъугъэр къэлапчъэм Iуигъэуцогъагъ.

* 7:13 Мы чIыпIэм имэхьанэ ижъырэ джуртыбзэмкIэ тхыгъэ Iэпэ-
рытхым щызэхэугуфыкIыгъэп.

ЦIыфхэм ар къэлапчъэм щыIуапIытIыхьи, пачъыхьэр
ЕлыщаI ыдэжь къызэкIом, ащ къызэрэриIогъагъэу, ар
лIагъэ. [18] ЕлыщаI пачъыхьэм ащ дэжьым къыриIо-
гъагъ: «Неущ мыщ фэдэ уахътэм анахь хьаджыгъэ дэ-
гъу зы дзыомрэ хьэ дзыуитIумрэ тыжьын ахъщэ зырыз-
кIэ Щамэрэн ибэдзэр щащэщтых». [19] А дзэкъулыкъушI
IэшъхьэтетышхоМ ЕлыщаI къыриIогъагъ: «Тхьэм лэжьы-
гъэр уашъом къыригъэтэкъохыгъэми, ащ фэдэу хъун
ылъэкIынэуи?» Мыдрэм риIожьыгъагъ: «Ар о унитIукIэ
плъэгъущт, ау ащ щыщ о къыпIуфэщтэп». [20] Джа дэдэр
ащ къехъулIагъ. ЦIыфхэм ар къэлапчъэм щыIуапIытIы-
хьи, етIанэ лIэжьыгъэ.

**Яенэрэ шъхьэр**

*Шунэм щыщ бзылъфыгъэм*
*ичIыгу къызэрэратыжьыгъэр*

**8** [1] Мафэ горэм ЕлыщаI зикIалэ къыгъэхъужьыгъэгъэ
бзылъфыгъэм риIогъагъ: «Ори уиунагъуи шъуе-
жьи, шъузщыпсэун шъулъэкIыщт нэмыкI хэгъэгу го-
рэм шъукIу, сыда пIомэ Зиусхьаным къыригъэжьэнышъ
илъэсиблэ мы хэгъэгум щыгъэблэщт». [2] Арыти, Елы-
щаI къариIуагъэм едэIухи, бзылъфыгъэмрэ иунагъорэ
заIати, фылист хэгъэгум кIохи илъэсиблэ ащ къисы-
гъэх. [3] Илъэсибл зытешIэм а бзылъфыгъэр фылист хэ-
гъэгум къикIыжьи къэкIожьыгъ. Иунэрэ ихапIэрэ къы-
ратыжьынхэм пае елъэIунэу, пачъыхьэм дэжь ар кIуа-
гъэ. [4] Пачъыхьэр ащ дэжьым Тхьэм ицIыфэу ЕлыщаI
иIумэт Гъэхъазый дэгущыIэщтыгъэти, ащ риIуагъ:
«ЕлыщаI ишIэгъошIагъэхэр зэкIэ къысфэIуатэхэба».

[5]ЛIагъэр ащ къызэригъэхъужьыгъагъэм икъэбар адрэм
къызщыфиIотэрэ дэдэм тефэу зишъао къыгъэхъужьы-
гъэгъэ бзылъфыгъэр иунэрэ ичIыгу Iахьэрэ пае па-
чъыхьэм къелъэIугъ. Гъэхъазый ащ дэжьым къыIуагъ:
«Сизиусхьан пачъыхьэр, а бзылъфыгъэ дэдэри ЕлыщаI
къыгъэхъужьыгъэгъэ а шъаори арых мыхэр». [6]Арыти,
пачъыхьэр бзылъфыгъэм къеупчIыгъэти, мыдрэми хъу-
гъэр фиIотэжьыгъ. Пачъыхьэм тхьамэтэ пащэмэ ащыщ
горэ гъусэ къыфишIи, ащ риIуагъ: «Мыщ имылъку
зэрэщытэу, хэгъэгур къызибгынэгъэ мафэм къыщегъэ-
жьагъэу джы нэс, ичIыгу Iахьэ федэу къытын ылъэкIы-
щтыгъэ пстэури етыжьых».

*ТхьэлIыкIоу ЕлыщаIрэ Хъазаелрэ*

[7]ЕтIанэ ЕлыщаI Арам хэгъэгум икъэлэ шъхьаIэу Да-
маск кIуагъэ. А уахътэм Арамым ипачъыхьэу Бэнхадад
исымэджэгъугъэти, ащ къэбарыр къыфахьи къыраIуагъ:
«Тхьэм ицIыф мыщ къэкIуагъ». [8]Арыти, пачъыхьэм иIу-
мэт къулыкъушI Iэшъхьэтетэу Хъазаел риIуагъ: «ШIу-
хьафтыныр пIыгъэу Тхьэм илIыкIо пэгъокIи, мы узыр
хъужьыщтмэ къысфызэригъэшIэнэу Зиусхьаным ар сфе-
гъэупчI». [9]Дамаск нахьышIоу щащэхэрэмкIэ ушъэгъэ
махъшэ тIокIитIур игъусэу Хъазаел ащ пэгъокIыгъ. Ащ
екIуалIи риIуагъ: «УикIэлэ Бэнхадад, арам пачъыхьэм,
уадэжь сыкъиIофтагъ сыоупчIынэу: „Мы сиуз хъужьы-
щта?“» [10]Арыти, ЕлыщаI къыриIожьыгъ: «Гъэзэжьи ащ
еIу: „Шъыпкъэ дэдэмкIэ ухъужьыщт“, ау ар зэрэлIэ-
щтыр Зиусхьаным, шъыпкъэ дэдэмкIэ, къысигъэшIагъ».
[11]ЕтIанэ ЕлыщаI инэплъэгъу ащ къыфигъази, тедыя-
гъэм фэдэу гуфаплъэу бэрэ къеплъыгъэти, ар къыгъэу-
кIытагъ. Тхьэм ицIыф ар дэдэм къэгъыгъ. [12]Арыти, Хъа-
заел къеупчIыгъ: «Сыд пае сизиусхьан гъыра?» Адрэм

къыриIожьыгъ: «Израил цIыфхэм тхьамыкIагъоу къафэ-
пхьыщтыр зыфэдэр, ахэм япытапIэхэр зэрэбгъэстыщтхэр,
ядзэкIолI хэшыпыкIыгъэхэр чатэкIэ зэрэуукIыщтхэр, яса-
бый быдзашъохэм ашъхьэхэр зэрэзэгоуутыщтхэр, ябзы-
лъфыгъэ лъэрмыхьэхэр зэрэзэгоуупкIыщтхэр сэшIэшъ
ары». [13] Арыти, Хъазаел къыIуагъ: «УиIумэт хьэ лIагъэ
ащ фэдиз Iофышхо ышIэнэуи?» ЕлыщаI ащ риIожьыгъ:
«Арамым ипачъыхьэ ухъунэу Зиусхьаным къысигъэлъэ-
гъугъ». [14] ЕтIанэ ар ЕлыщаI къыкIэрыкIыжьи изиусхьан
дэжь къыгъэзэжьыгъ. Адрэр ащ къеупчIыгъ: «Сыда Елы-
щаI къыуиIуагъэр?» Мыдрэм риIожьыгъ: «Шъыпкъэ дэ-
дэу, ухъужьынэу къысиIуагъ». [15] КъыкIэлъыкIогъэ мафэм
Хъазаел чыхIаныр къышти, ыгъэуцIыни, ар пачъыхьэм
ынэIу рифызылIи ыгъэлIагъ. Джащ тетэу Хъазаел ащ
ычIыпIэ пачъыхьагъум техьагъ.

*Ехъуд пачъыхьэу Иорам*

[16] Израилым ипачъыхьэу Ахъаб ыкъо Ехъорам зыпа-
чъыхьэр ятфэнэрэ илъэсым хэхьагъэу Ехъудэм ипачъы-
хьэу Ехъощафат ыкъо Иорам Ехъудэм ипачъыхьэу те-
хьагъ. [17] Ар пачъыхьагъум зытехьэм ыныбжьыгъэр илъэс
щэкIрэ тIурэ, илъэсие Ерусэлэм щыпачъыхьагъ. [18] Ахъаб
ыпхъумэ ащыщ горэ ишъузыгъэти, ар израил пачъыхьэ-
хэм ягъогухэм атетыгъ, Ахъаб иунагъо зэрэщашIыщты-
гъэм фэдэу, Зиусхьаным къемыкIущтыр ышIэщтыгъэ.
[19] Ау Зиусхьаным иIумэт Даут ихьатыркIэ Ехъудэр ыгъэ-
кIодынэу фэягъэп, сыда пIомэ ащ ижъуагъо инэф мы-
кIосэным пае ыкъохэмкIэ ипачъыхьагъу егъашIэм щи-
гъэIэнэу къыгъэгугъэгъагъ.

[20] Иорам пачъыхьэзэ, Ехъудэм итетыгъо пэуцужьхэу
Едомым ицIыфхэм зыкъыпаIэти, ащ хэкIыхи, ежьхэм
япачъыхьэ тырагъэхьагъ. [21] Арыти, Иорам ку псынкIэхэр

игъусэхэу ЦаIир къалэ кIуагъэхэу едомхэм ахэр къа-
дзыхьагъэх. Пачъыхьэмрэ ку псынкIэхэм яIэшъхьэтет-
хэу игъусэхэмрэ чэщым зыкъаIати, пыидзэм езаохэзэ,
ащ къыкIоцIыратхъуи къежьэжьыгъэх. ИдзэкIолIхэри,
шъхьадж ипакIэ хэлъэдэжьи, ядэжь къагъэзэжьыгъ.
22 Джаущтэу Едомыр Ехъудэм зэрэгокIыгъэу джы къыз-
нэсыгъэми ар шъхьафит. А охътэ дэдэм Лыбнэ къали
ащ гокIыжьыгъ. 23 Иорам нэмыкIэу ышIагъэхэмрэ къе-
хъулIагъэхэмрэ ехъуд пачъыхьэхэм яхьылIэгъэ Iэпэрытх-
хэм арытхагъэхэба. 24 Иорам ятэ пIашъэхэр зыдэщыIэхэм
ыгъэзэжьыгъэти, ятэ Даут икъалэу ятэ пIашъэхэр зы-
дэлъхэм щагъэтIылъыжьыгъ. Ыкъо Ахъазыехъу ащ ычIы-
пIэ пачъыхьагъум техьагъ.

### *Ехъуд пачъыхьэу Ахъазый*

25 Израилым ипачъыхьэу, Ахъаб ыкъо Ехъорам зыпа-
чъыхьэр илъэс пшIыкIутIум хэхьагъэу Ехъудэм ипачъы-
хьэу, Иорам ыкъо Ахъазый пачъыхьагъум техьагъ. 26 Ахъа-
зый пачъыхьагъум зытехьэм ыныбжьыгъэр илъэс тIо-
кIырэ тIурэ. Ар зы илъэсрэ Ерусэлэм щыпачъыхьагъ.
Израилым ипачъыхьэу Iомрый ипхъорэлъфэу ащ яна-
гъэм ыцIагъэр Iаталый. 27 Пачъыхьэу Ахъаб иунагъо
игъогу ар тетыгъ, Ахъаб иунагъо ишъузкIэ иIахьылыгъэ-
ти, ащ фэдэу, Зиусхьаным къемыкIущтыр ышIэщтыгъэ.
28 Ахъазый пачъыхьэмрэ Ахъаб ыкъо Ехъорам пачъы-
хьэмрэ зэгъусэхэу Арамым ипачъыхьэу Хъазаел езэон-
хэу ГъылыIадым ит Рамот къалэм екIугъэхэти, арамхэм
Ехъорам къауIагъ. 29 Ехъорам пачъыхьэр Арамым ипа-
чъыхьэу Хъазаел езаозэ, арамхэм Рамот къыщауIэгъагъэ-
ти, къызэригъэIэзэнхэу ИзрыIэл къыгъэзэжьыгъ. Ахъаб
ыкъо Ехъорам сымэджагъэти, ащ дэжь Иорам ыкъо
Ахъазый сымэджаплъэ къэкIуагъ.

## Ябгъонэрэ шъхьэр

*Ехъыо Израилым ипачъыхьанэу*
*къызэрэхахыгъэр*

9 [1]А уахътэм ЕлыщаI тхьэлIыкIо зэкупэгъум ащыщ горэм къеджи риIуагъ: «Гъогум узэрэтехьанэу зыгъэхьазыри, мы къошынжъыеу зэйтын дагъэр зэрытыр зыдашти ГъылыIадым ит Рамот къалэм кIо. [2]Ащ узыкIокIэ,
Нымщый ыкъо Ехъощафат икIалэу Ехъыо къыщызэгъэгъоти, зыIугъакI. ДзэIэшъхьэтет купэу зыхэтым къыхэщи чъыяпIэм ищ. [3]Зэйтын дагъэр зэрыт къошынжъыер
къашти, ышъхьэ текIи еIу: „Зиусхьаным ыIорэр мары: ‘Израилым урипачъыхьанэу пшъхьэ дагъэ къыщэсэфэ’“. ЕтIанэ псынкIэу къечъэжьэжь». [4]Арыти, тхьэлIыкIо ныбжьыкIэр ГъылыIадым ит Рамот къалэм кIуагъэ. [5]Ар ащ
къызэсым, мары дзэIэшъхьэтетхэр зэхэгущыIэжьхэу щысых. Ащ къыIуагъ: «О, тхьамэтэ пащ, сыкъыпфаIофтагъ». Арыти, Ехъыо къеупчIыгъ: «Тащыщэу хэт дэжьа?» Мыдрэм риIожьыгъ: «Уадэжь, тхьамэтэ пащ». [6]Арыти, адрэр
къэтэджи, унэм ихьагъэх. ТхьэлIыкIо ныбжьыкIэм зэйтын дагъэр ащ ышъхьэ тырикIи риIуагъ: «Израилым и Зиусхьанэу Тхьэм ыIорэр мары: „Зиусхьаным илъэпкъ, Израилым, урипачъыхьанэу укъыхэсэхы. [7]СиIумэт тхьэ-
лIыкIохэуи, сиIумэт пстэоуи Изэбэл аригъэукIыгъэхэм алъ сшIэжьыным пае, уизиусхьан Ахъаб иунагъо бгъэкIодыщт. [8]Сыда пIомэ Ахъаб иунагъо зэрэщытэу кIо-
дыщт. Ахъаб иунагъо хъулъфыгъэ гори къисымыгъанэу зэкIэ Израилым щызгъэкIодыщтых, шъхьафитныгъэ зимыIэхэри, абгынэжьыгъэу къэнагъэхэри зэрахэтхэу. [9]Джау-
щтэу Ахъаб иунагъо Нэуат ыкъо ЯрабIамрэ Ахъый ыкъо

БаIыщэрэ яунагъомэ ясшIагъэр есшIэщт. [10] Изэбэл ИзрыIэл къалэм ыкIыб хьэхэм щашхыжьыщт, зыгорэми ар ыгъэтIылъыжьыщтэп“». ТхьэлIыкIо ныбжьыкIэм псынкIэу пчъэр къыIуихи къичъыжьыгъ.

[11] ЕтIанэ Ехъыо изиусхьан пачъыхьэ идзэIэшъхьэтетхэу зигъусагъэхэм адэжь къызегъэзэжьым, ахэр ащ къеупчIыгъэх: «ЗэкIэри дэгъуа? Сыда а зэрмырыр уадэжь къызкIэкIогъагъэр?» Мыдрэм ариIожьыгъ: «Ар зыфэдэ цIыфри зыфиIори шъошIэба». [12] Адрэхэм къыраIожьыгъ: «Ар шъыпкъэп, къытаIу». Арыти, тхьэлIыкIом къыриIуагъэхэр афиIотэжьхи, «Зиусхьаным ыIорэр мары: „Израилым урипачъыхьанэу пшъхьэ дагъэ къыщэсэфэ“» ащ къызэрэрэриIуагъэр ариIуагъ. [13] Ащ дэжьым ахэр, гуIэхэзэ, шъхьадж ищыгъын къышти, атеуцонэу дэкIояпIэм фытыралъхьэхи, бжъэмыем къепщэхи, къэзэрэгъэкууагъэх: «Ехъыо пачъыхьэу техьагъ!»

### *Израилым ипачъыхьэу Иорам зэраукIыгъэр*

[14] ЕтIанэ Нымщый ыкъо Ехъощафат икIалэу Ехъыо Израилым ипачъыхьэу Ехъорам зыкъыпиIэтыгъагъ. Ежь Ехъорам израил дзэкIолIхэр игъусэхэу ГъылыIадым ит Рамот къалэм щыIэу Арамым ипачъыхьэу Хъазаел идзэ пэIууцогъагъ. [15] Пачъыхьэу Ехъорам Арамым ипачъыхьэу Хъазаел езаозэ къауIэгъагъэти, къызэригъэIэзэнхэу ИзрыIэл къалэм къыгъэзэжьыгъагъ. ЕтIанэ Ехъыо игъусэхэм ариIуагъ: «Сэ шъукъызготмэ, ИзрыIэл дэсхэм макъэ аригъэIуным пае зыгори Рамот къалэм дэрэмыкI».
[16] Ащ ыуж Ехъыо ику псынкIэ итIысхьи Ехъорам иуIагъэхэр зыщигъэхъужьыщтыгъэ ИзрыIэл кIуагъэ. Ехъудэм ипачъыхьэу Ахъазый Ехъорам дэжь кIэупчIакIо къэкIуагъэу щыIагъ.

[17] ИзрыIэл къызэрэшIыхьэгъэ дэпкъым ышъхьагъ те-
тыгъэ къэрэгъулым Ехъыо идзэу къакIощтыгъэр къы-
лъэгъугъэти ыIуагъ: «ЦIыф куп горэ къакIоу сэлъэгъу».
Арыти, Ехъорам къыIуагъ: «Шыу горэ Iофыти, ахэм
апэгъэгъокIи, мамыр IофкIэ къэкIохэмэ къягъэупчI».
[18] Шыур ежьи, ахэм апэгъокIи ариIуагъ: «Пачъыхьэм
ыIорэр мары: „Мамыр Iофа шъукъызфакIорэр?“» Ары-
ти, Ехъыо къыриIожьыгъ: «Сыд о уиIофэу ащ хэлъыр?
Сауж къыихьи некIо». Къэрэгъулым хъурэм икъэбар па-
чъыхьэм ригъашIэу къыIуагъ: «Ар ахэм акIэрыхьагъ, ау
къыгъэзэжьырэп». [19] Джыри нэмыкI шыу аIофтагъэти,
ари апэгъокIи ариIуагъ: «Пачъыхьэм ыIорэр мары:
„Мамыр Iофа шъукъызфакIорэр?“» Ехъыо ащи къыри-
Iуагъ: «Сыд о уиIофэу ащ хэлъыр? Сауж къыихьи некIо».
[20] Джыри къэрэгъулым хъурэм икъэбар пачъыхьэм ри-
гъашIэу къыIуагъ: «Ар ахэм акIэрыхьагъ, ау къыгъэзэ-
жьырэп. Иехьыжьэгъэ къэкIуакIэкIэ ар Нымщый икъо-
рылъф Ехъыо фэд». [21] Арыти, Ехъорам къыIуагъ: «Къы-
зэкIашъушI!» Ащ ику псынкIэ къызэкIашIи, Израилым
ипачъыхьэу Ехъорами, Ехъудэм ипачъыхьэу Ахъазыйи,
шъхьадж ику псынкIэ арытIысхьэхи, Ехъыо пэгъо-
кIыгъэх. Ахэр изрыIэлэу Набэт ичIыгу Iахьэ щызэIукIа-
гъэх. [22] Арыти, Ехъорам Ехъыо къызешIэжьым еупчIыгъ:
«Мамыр Iофа укъызфакIорэр, Ехъыо?» Адрэм ащ къы-
риIожьыгъ: «Уянэ Изэбэл тхьэнэпцIыбэхэм шъхьащэ
афишIэу, удыгъэхэр бэу зэрихьэхэу сыдэущтэу Iофыр
мамырын ылъэкIыщта?» [23] Ар дэдэм Ехъорам ику
псынкIэ къыригъэгъази, къачъэзэ, Ахъазый къекууагъ:
«ТагъэпцIагъ, Ахъазый!» [24] Ащ дэжьым Ехъыо щэбза-
щэр ищабзэ къыдилъхьи, лъэшэу къыкъудыйи, Ехъо-
рам ытэмэкъупшъхьитIу азыфагу къытыригъафи, щэ-
бзащэр ащ ыгу къыпхырифыгъ. Ехъорам ику псынкIэ
ифэжьыгъ. [25] Арыти, Ехъыо идзэIэшъхьэтетмэ ащыщ

Бидкъар риӀуагъ: «Модэ мор къашти изрыӀэлэу Набэт
ичӀыгу Ӏахьэ щычӀэдзыжь. Сыда пӀомэ титӀо тызэгъусэу
ащ ятэ Ахъаб ыуж титэу тыкӀозэ, Зиусхьаным ащ къе-
хъулӀэнэу къыӀогъагъэр угу къэгъэкӀыжь: [26] „Шъыпкъэ
дэдэмкӀэ, Набэт ылъи ащ ыкъомэ алъи тыгъуасэ слъэ-
гъугъэ, – Зиусхьаным ыӀорэр джары, – ахэм алъ мы
чӀыпӀэм щысшӀэжьыщт“. Арышъ, Зиусхьаным къызэ-
риӀуагъэм фэдэу, ар а чӀыгу Ӏахьэм щычӀэдзыжь».

*Ехъудэм ипачъыхьэу Ахъазый*
*зэраукӀыгъэр*

[27] Ехъудэм ипачъыхьэу Ахъазый ар зелъэгъум Бэт-Ха-
гъэн къалэм ылъэныкъокӀэ ечъэжьэжьыгъ. Ехъыо ащ
ыуж илъади унашъо афишӀыгъ: «Мыри шъуукӀы!» Ары-
ти, ар ику псынкӀэ итэу, ИблэӀам къалэу Гур Ӏуашъхьэм
пэгъунэгъум екӀурэ гъогум тетэу чъэжьзэ, еохи ауӀагъ.
Ар Мэгъыдэ къалэ гуӀэнкӀэ екӀужьи, ащ щылӀагъ. [28] ИӀу-
мэтхэм ар Ерусэлэм ащэжьи, Даут икъалэ дэт икъэунэу
ятэшхохэр зычӀэлъхэм щагъэтӀылъыжьыгъ. [29] Ахъаб ыкъо
Ехъорам зыпачъыхьэр илъэс пшӀыкӀузым хэхьагъэу Ахъа-
зый Ехъудэм ипачъыхьэу техьэгъагъ.

*Изэбэл зэраукӀыгъэр*

[30] ЕтӀанэ Ехъыо ИзрыӀэл къалэ къэкӀуагъ. Пачъыхьэу
Ехъорам янэ Изэбэл а къэбарыр къызыфагъэсым, ынэ-
хэр кӀигъэлыкӀхи, ышъхьац ыгъэдахи шъхьангъупчъэм
къыиплъэу Ӏуущуагъ. [31] Ехъыо къэлапчъэм къызыдэхьэм ар
ащ къеупчӀыгъ: «Зизиусхьан зыукӀыжьыгъэ Зымрый*,

* 9:31 ДзэӀэшъхьэтетэу Зымрый Ехъудэм ипачъыхьэу Ахъыо зэ-
риукӀыгъагъэр Изэбэл Ехъыо ыгу къыгъэкӀыжьызэ, ащ фегъадэ.
Ащ ехьылӀагъэу еплъ: «Пачъыхьэхэм яхьылӀэгъэ апэрэ тхылъым»
6:8-12.

уиIофхэр дэгъуха?»
32 Арыти, мыдрэр шъхьангъупчъэм
дэплъыйи, мэкъэ IэтыгъэкIэ къэупчIагъ: «Хэт къызго-
тыр, хэт?» Тхьамэтэ пащэмэ ащыщ нэбгырэ зытIущ
къиплъыгъ.
33 «Къижъудз ар шъхьангъупчъэм», – ыIуи
унашъо къафишIыгъ. Арыти, ар къырадзыхыгъ. Джау-
щтэу ащ ылъ дэпкъми шыхэми атыриутхагъ. Ехъыо
ику псынкIэ кIэшIэгъэ шыхэр ащ ихьадэ телъадэхи
зэхащытIыхьагъ.
34 Ащ ыуж Ехъыо къэлэсэраим дахьи
щешхагъ, щешъуагъ. ЕтIанэ ариIуагъ: «А бзылъфыгъэу
Зиусхьаныр зэбгыгъэм шъуфэсакъ, ар къэжъугъотыжьи
жъугъэтIылъыжь. Сыда пIомэ ар пачъыхьэпхъущтыгъ».
35 Арыти, ар агъэтIылъыжьынэу кIуагъэх шъхьае, ышъхьэ-
къупшъхьэрэ, ыIэ-лъакъохэмрэ анэмыкI къагъотыжьы-
гъэп.
36 Ахэм къагъэзэжьи къэбарыр къызыфахьыжьым,
ащ къыIуагъ: «Зиусхьаным Тыщбы щыщ иIумэт Илас
джары къыригъэIогъагъэр: „Изэбэл ихьадэ хьахэм Изры-
Iэл чIыгум щашхыжьыщт.
37 Изэбэл ихьадэ чIыгум хэлъ
ебзым фэдэу ИзрыIэл чIыгум хэшъухьажьыщт. Джащ
тетэу ‘Мыр Изэбэл’ ыIоу ар зыгорэми ыгу къэкIы-
жьыхэщтэп“».

**ЯпшIэнэрэ шъхьэр**

*Ахъаб къытекIыгъэхэр зэраукIыгъэхэр*

10 1 Ахъаб къытекIыгъэхэу нэбгырэ тIокIищрэ пшIы-
рэ Щамэрэн щыIагъэх. Арыти, Ехъыо ытхи Изры-
Iэлым ихэку Iэшъхьэтетхэм, ащ инахьыжъ упчIэжьэ-
гъухэм, Ахъаб икIалэхэм япIун-лэжьын фэгъэзэгъа-
гъэхэм афаригъэхьыгъ. Мыщ фэдэу ахэм афитхыгъ:
2 «Шъуизиусхьан ыкъохэр шъо къышъуфэгъэзагъэхэшъ,

ку псынкIэхэри, шыхэри, зэкIэгъэпытыхьэгъэ къалэри,
Iашэхэри шъуIэ илъыхэшъ, мы тхьапэ тхыгъэр къызэ-
рэсэу, [3] шъуизиусхьан ыкъомэ шъуахаплъи, анахьы-
шIоу, нахь зифэшъуашэр къахэшъухи, пачъыхьагъум
тежъугъахьи, шъуизиусхьан иунагъо пае шъукъэзау».
[4] Ахэр лъэш дэдэу къащтэхи аIуагъ: «Мары пачъыхьи-
тIур ащ текIошъугъэп, тэ сыдэущтэу тыпэлъэшын тлъэ-
кIына?» [5] Арыти, пачъыхьэм иунэ-хапIэ лъыплъэрэм,
къалэм иIэшъхьэтет, нахьыжъ упчIэжьэгъухэм, кIалэмэ
япIун-лэжьын фэгъэзагъэхэм Ехъыо дэжь ырагъэIонэу
агъэкIуагъ: «Тэ тыуиIумэтышъ, о къапIорэр тшIэщт,
зыгори пачъыхьэу тедгъэхьащтэп, оркIэ нахьышIур шIэ».
[6] Ехъыо ащ ипэгъокIэу ятIонэрэу къафаригъэхьыгъэ тхьа-
пэ тхыгъэм мыщ фэдэу къыритхагъ: «Сэ шъукъызготэу,
сIорэри шъушIэщтмэ, шъуизиусхьан къытекIыгъэхэм
ашъхьэхэр къыздашъуштэхи неущ мыщ фэдэ уахътэм
ехъулIэу ИзрыIэл шъукъакIу». Пачъыхьэм къытекIыгъэ-
хэр зэрэхъущтыгъэхэр нэбгырэ тIокIищрэ пшIырэ. Къа-
лэм нахь щыцIэрыIохэр ары ахэр зыгъасэщтыгъэхэр.
[7] Тхьапэ тхыгъэр ахэм къызэраIэкIахьэу пачъыхьэм къы-
текIыгъэхэр зэрэнэбгырэ тIокIищрэ пшIырэу аукIхи,
ашъхьэхэр матэмэ аралъхьэхи Ехъыо дэжь ИзрыIэл къа-
лэм фарагъэхьыгъэх. [8] Ехъыо афиIофтэгъагъэр къакIуи
пачъыхьэм къытекIыгъэхэм ашъхьэхэр къызэрахьыгъэ-
хэр къыриIуагъ. Арыти, ащ къыIуагъ: «Пчэдыжьым нэс
щылъынхэу къэлэпчъэ дэхьапIэм дэжь сэмитIоу ахэр
щызэтешъулъхьэх».

[9] Пчэдыжьым Ехъыо къикIи, къэуцуи зэкIэ цIыфхэм
къариIуагъ: «Шъо лажьэ шъуиIэп. Сэ мары сизиусхьан
зыкъыпэсIати ар сыукIыгъэ. Адэ хэта мыдрэхэр зэкIэ
зыукIыгъэр? [10] Ахъаб иунагъо ехьылIагъэу Зиусхьаным
къыIуагъэм щыщ мыгъэцэкIагъэу зи къызэрэмынэщтыр
зэжъугъашIэ. ИIумэт Илас къызэрэригъэIогъагъэм фэ-

дэу, Зиусхьаным ышІыжьыгъ». [11] Джащ тетэу Ехъыо Ахъаб иунагъо щыщхэу ИзрыІэл къыдэнэгъагъэхэри, иІумэт Іэшъхьэтетышхохэри, къыготыгъэ иныбджэгъу благъэхэри, икъурмэнышІхэри зы нэбгырэ закъуи псэоу къымыгъанэу зэкІэ ыукІыгъ.

*Пачъыхьэу Ахъазыехъу иІахьылхэр зэраукІыгъэхэр*

[12] ЕтІанэ ащ зызэтыригъэпсыхьи, ежьи Щамэрэн кІуагъэ. Мэлахъохэм язэІукІапІэу Бэт-Іэкъэд зыфаІорэм дэжь къыщыуцугъэу, [13] Ехъыо Ехъудэм ипачъыхьэу Ахъазый ышхэр ыпэ къифагъэхэти, яупчІыгъ: «Шъухэт шъо?» Адрэхэм къыраІожьыгъ: «Тэ Ахъазый тыриш, пачъыхьэм иунагъорэ пачъыхьэнанэу ИзэбэлкІэ тшыхэмрэ япсэуныгъэ изытет къызэдгъэшІэнэу тэкІо». [14] Арыти, мыдрэм унашъо ышІыгъ: «Зэрэпсэоу мыхэр шъуубытых». Ар дэдэм ахэр зэрэпсэухэу къаубытхи, нэбгырэ тІокІитІурэ тІурэ хъухэу, зы нэбгырэ закъуи псэоу къамыгъанэу Бэт-Іэкъэд пэгъунэгъу псынэм дэжь щаукІыгъэх.

*Ахъаб иІахьылэу къэнагъэхэр зэраукІыгъэхэр*

[15] ЕтІанэ Ехъыо ащ дэжь къыІукІыжьи къежьэжьыгъэу, Рехаб ыкъо Ехъонадаб ыпэкІэ къикІэу къакІозэ ІукІагъ. Ащ сэлам рихи риІуагъ: «Сэ сыгукІэ сызэрэпфыщытым фэдэу ори угукІэ укъысфыщыта?» Ехъонадаб къыриІожьыгъ: «Ары». «Ащыгъум, – Ехъыо ыІуагъ, – пІэ къаштэ». Ащ лъыпытэу ыІэ фищэйи, къыдиІэтайи ику псынкІэ къыригъэтІысхьагъ. [16] Ащ риІуагъ: «Къыздежьи Зиусхьаным щытхъу пстэури зэриеным сишъыпкъэу сызэрэфэбанэрэр плъэгъущт». Джаущтэу ар ку

псынкIэм рагъэтIысхьагъ. [17] Ехъыо Щамэрэн къызэкIом,
Зиусхьаным Илас къызэрэригъэIогъагъэм фэдэу, Ахъаб
зыгорэущтэу къыхэшIыхьагъэхэу псэоу къэнагъэхэр зэ-
кIэ зэхиукIагъэх.

*ТхьэнэпцIэу БаIал фэлажьэхэрэр*
*зэраукIыгъэхэр*

[18] Ащ ыуж Ехъыо цIыфхэр зэкIэ къызэIуигъакIэхи
ариIуагъ: «Ахъаб БаIал икъоу фэлэжьагъэп. Ехъыо ащ
нахьышIуIоу фэлэжьэщт. [19] Арышъ, БаIал къурмэны-
шхо фэсшIыщтышъ, ащ фэлэжьэрэ лIыкIо пстэури,
шъхьащэ фэзышIхэри, икъурмэнышIхэри зэкIэ зы нэ-
бгыри къэмынэу садэжь къыщызэIужъугъакIэх. Къэмы-
кIорэр псэоу къэнэжьыщтэп». БаIал шъхьащэ фэзы-
шIыщтыгъэхэр ыгъэкIодынхэм пае Ехъыо а тхьагъэ-
пцIыгъэр зэрихьагъ. [20] Арыти, Ехъыо ыIуагъ: «БаIал
ыцIэкIэ мэфэкI зэIукIэ шIыгъэн фаеу макъэ яжъу-
гъэIу». ЗэIукIэ зэрэщыIэщтым икъэбар арагъэшIагъ.
[21] Ехъыо зэрэ Израилэу щиIофытэхи БаIал шъхьащэ фэ-
зышIхэрэр зэкIэ зы нэбгыри къэмынэу, къызэIукIагъэх.
Ахэр БаIал пае агъэпсыгъэ тхьэлъэIупIэунэм зехьэхэм,
хэуцуапIэ имыIэжьэу цIыфыр ащ изыбзэ хъугъэ. [22] Ары-
ти, Ехъыо БаIал пае фэIо-фашIэхэр зыгъэцакIэхэрэм
зыщалъэрэ щыгъынхэр зыIыгъырэм риIуагъ: «БаIал фэ-
лэжьэрэ пстэуми щыгъынхэр къафэхьых». Адрэм ахэм
щыгъынхэр къафихьыгъэх. [23] ЕтIанэ Ехъыо Рехаб ыкъо
Ехъонадаб игъусэу БаIал пае агъэпсыгъэ тхьэлъэIупIэ-
унэм ихьи, БаIал фэлажьэхэрэм ариIуагъ: «Зиусхьаным
фэлажьэрэмэ ащыщ горэ къышъухэтмэ зышъуплъыхьи
зэжъугъашIэ, сыда пIомэ БаIал фэлажьэхэрэм анэмыкI
мыщ щыIэнэу щытэп». [24] Ащ лъыпытэу ахэр къурмэн-
хэмрэ къурмэнгъэстхэмрэ яшIын фежьагъэх. Ежь Ехъыо
БаIал пае агъэпсыгъэ тхьэлъэIупIэунэм ыкIыб нэбгырэ

тIокIиплI къыригъэуцокIи ариIуагъ: «ШъуIэ къислъхьэ-
рэмэ ащыщ псэоу къэзгъанэрэм ыпсэ ащ ыпсэ пае ыты-
жьыщт». 25 Къурмэнгъэстыныр заухым Ехъыо идзэкIолI
лъэсрыкIохэмрэ идзэIэшъхьэтетхэмрэ ариIуагъ: «Шъуи-
хьи зы нэбгырэ закъуи мыкIожьынэу зэхэшъуукIыхьэх».
Арыти, ахэр чатэхэмкIэ зэхалIыхьэхи, дзэкIолI лъэс-
рыкIохэмрэ дзэIэшъхьэтетхэмрэ БаIал пае агъэпсыгъэ
тхьэлъэIупIэунэм къычIадзыжьыгъэх, агъэзэжьи ащ хэт
унэ лъапIэм ихьажьыгъэх. 26 Ар дэдэм БаIал пае агъэ-
псыгъэ тхьэлъэIупIэунэм итыгъэ пкъэухэр къычIаххи
агъэстыгъэх. 27 Джаущтэу БаIал имыжъосынхэр зэхагъэ-
тэкъуагъэх, БаIал пае агъэпсыгъэ тхьэлъэIупIэунэр зэ-
хакъути, ар хэкIитэкъупIэ зэрашIыжьыгъэу джыри щыт.
28 Джаущтэу Ехъыо БаIал тхьэнэпцIым шъхьащэ фэ-
шIыгъэныр Израил хэгъэгум ригъэкIодыкIыпагъ. 29 Ау
Ехъыо Нэуат ыкъо ЯрабIамэу Израилыр псэкIодым хэ-
зыщагъэм ипсэкIодшIагъэхэр, ащ дышъэм харигъэшIы-
кIыгъэ шкIэхэу Бэтэлрэ Данрэ ащигъэуцугъэхэр IэкIыб
ышIыгъэхэп.

30 Зиусхьаным Ехъыо къыриIуагъ: «Сэ сшIоигъор шъы-
пкъагъэ пхэлъэу уигуапэу зэрэпшIагъэм, Сэ сызыфаер
Ахъаб иунагъо зэрепшIагъэм пае пкъохэр яплIэнэрэ
лIэужым нэс Израилым ипачъыхьащтых». 31 Ау Ехъыо
Израилым и Зиусхьанэу Тхьэм ихабзэхэм ыгукIэ афэ-
шъыпкъагъэп. Израилыр псэкIодым хэзыщэгъэ ЯрабIам
ипсэкIодшIагъэхэр IэкIыб ышIыгъэхэп.

*Ехъыо зэрэлIагъэр*

32 А уахътэм Израилым ыубытырэ чIыгум Зиусхьа-
ныр къыхэIабэзэ, нахь макIэ ышIэу ригъэжьагъ. Ара-
мым ипачъыхьэу Хъазаел Израилым къезаозэ, тыдэ-
кIи ащ къыщытекIощтыгъ. 33 Иордан псыхъом икъокIы-
пIэкIэ къыщегъэжьагъэу, къыблэ лъэныкъомкIэ щыIэ

псыхъоу Арнон тет IароIэр къалэм нэс ащ ыштэгъагъ.
Ащ къыхиубытэщтыгъэх гъад, рубэн лъэпкъхэмрэ мэ-
насэ лъэпкъым щыщэу къокIыпIэ лъэныкъом щы-
псэущтыгъэмрэ зэрысыгъэхэ ГъылыIад, Бащан хэкухэр.
34 Ехъыо нэмыкIэу ышIагъэхэмрэ лIыгъэу ащ зэри-
хьагъэхэмрэ израил пачъыхьэхэм яхьылIэгъэ Iэпэрытх-
хэм арытхагъэхэба. 35 Ехъыо ятэ пIашъэхэр зыдэщыIэ-
хэм зегъэзэжьым, Щамэрэн щагъэтIылъыжьыгъ. Ыкъо
Ехъоахъаз ащ ычIыпIэ пачъыхьагъум техьагъ. 36 Ехъыо
Щамэрэн дэсэу Израилым зэрипачъыхьагъэр илъэс тIо-
кIырэ ирэ.

**ЯпшIыкIузэнэрэ шъхьэр**

*Пачъыхьэм янэу Iаталый*
*пачъыхьагъум*
*зэрэтырадзыгъэр*

11 1 Ахъазыехъу янэ Iаталый икIалэ къызэраукIыгъэр
зешIэм, пачъыхьэм ибын зэрэщытэу аригъэукIы-
нэу фежьагъ. 2 Ау пачъыхьэу Иорам ыпхъоу, Ахъазый
ышыпхъу ЕхъощэбаI Ахъазый ыкъо Ехъоащ къышти,
пачъыхьэм адрэ ыкъохэу аукIынэу щытыгъэхэм гъэбы-
лъыгъэкIэ къахихи, ари быдз езгъэшъорэ бзылъфыгъэ-
ри чъыепIэ унэ горэм ыщагъэх. Джаущтэу Iаталый ар
шIуигъэбылъыгъэти, ар аукIыгъэп. 3 ЕхъощэбаI Ехъоащ
Зиусхьаным и Унэ илъэсихэ щегъэбылъыфэ, Iаталый па-
чъыхьагъум тетыгъ. 4 Яблэнэрэ илъэсым зынэсым Ехъое-
даI къурмэнышIым алъигъакIохи, ухъумэкIо шъхьа-
гъырытхэмрэ дзэкIолI лъэсрыкIохэмрэ ядзэIэшъхьэ-
тетхэм къяджи, ежь дэжь, Зиусхьаным и Унэ къыщэхи,

зэзэгъыныгъэ адишIыгъ. Зиусхьаным и Унэ тхьэлъа-
нэ щаригъэшIи, пачъыхьэм ыкъо аригъэлъэгъугъ. [5]Ащ
дэжьым ахэм унашъо афишIи ариIуагъ: «Мары джы
шъушIэщтыр: шэмбэтрэ къулыкъу зышIырэ шъуизы-
щанэ пачъыхьэм иунэ къыгъэгъунэщт; [6]ятIонэрэ зыща-
нэм Сур къэлапчъэр къыгъэгъунэщт; ящэнэрэ зыщанэр
ухъумэкIо шъхьагъырытхэм акIыб дэтэу къэлапчъэм Iу-
тыщт. Джаущтэу унэр къэжъугъэгъун. [7]Шъуащыщ ку-
питIоу шэмбэтрэ къулыкъу зымышIыхэрэм пачъыхьэм
фэсакъхэзэ, Зиусхьаным и Унэ къагъэгъунэщт. [8]Хэти
иIашэ ыIыгъэу пачъыхьэр бгъу пстэумкIи къэшъууцу-
хьи, благъэу къышъокIолIэнэу фежьэрэ пстэури шъуу-
кIы. Пачъыхьэр тыдэ кIуагъэми шъуригъус». [9]Арыти,
дзэIэшъхьэтетхэм къурмэнышIэу ЕхъоедаI къафишIы-
гъэ унашъохэр зэкIэ агъэцакIэхи, яцIыфхэу шэмбэтрэ
къулыкъу зышIыхэрэмрэ зымышIыхэрэмрэ къызэра-
гъэгъусэхи, къурмэнышIэу ЕхъоедаI дэжь къэкIуагъэх.
[10]КъурмэнышIым ухъумэкIо шъхьагъырытхэм ядзэIэ-
шъхьэтетхэм пачъыхьэу Даут ипчхэу, имэIухэу Зиусхьа-
ным и Унэ чIэлъхэр къаритыгъэх. [11]Арыти, дзэкIолI
лъэсрыкIохэр, пачъыхьэр бгъу пстэумкIи ухъумагъэ хъу-
ным пае, шъхьадж иIашэ зэриIыгъэу, унэм икъыблэ лъэ-
ныкъо къыщегъэжьагъэу итемыр лъэныкъо нэсэу, къур-
мэншIыпIэри унэри хъурэябзэу къауцухьагъ. [12]ЕхъоедаI
ащ лъыпытэу пачъыхьэм ыкъо къырищи пачъыхьэ тан-
джыр шъхьащигъэуцуи, упачъыхьэным Тхьэм и Уна-
шъохэу пылъхэр зэрытхэгъэ тхылъыр ритыгъ. Джащ те-
тэу ар пачъыхьагъум тырагъахьи ышъхьэ дагъэ щафагъ.
Щытыгъэхэр, «Пачъыхьэр орэпсэу!» аIомэ, Iэгу фытео-
хэзэ, зэрэгъэкуощтыгъэх.

[13]Iаталый цIыфхэмрэ дзэкIолI лъэсрыкIохэмрэ ама-
къэ зызэхехым ахэм адэжь, Зиусхьаным и Унэ, кIуа-
гъэ. [14]Мары пачъыхьэр хабзэм тетэу кIэсэным кIэрыт.

ДзэIэшъхьэтетхэмрэ сырынапщэхэмрэ ащ къызэрегъэуцокIыгъэхэри, зэкIэ цIыфхэм зэрягушIогъошхори, сырынэхэм къызэряпщэхэри ылъэгъугъэх. Iаталый ищыгъынхэр зэIитхъыхи къэкууагъ: «ДгокIыгъэх! ДгокIыгъэх!»

15 КъурмэнышIэу ЕхъоедаI Iаталый Зиусхьаным и Унэ
зэрэщычIамыукIыхьаным егупшыси, ухъумэкIо шъхьа-
гъырытхэм ядзэIэшъхьэтетхэм унашъо афишIи ариIуагъ:
«Модэ мор ухъумэкIо шъхьагъырытхэм ахэшъущи, къэ-
зыухъумэнэу фежьэрэ пстэури чатэкIэ шъуукIы». 16 Ары-
ти, ар къаубыти, агъэкIуатэзэ, шыхэмкIэ пачъыхьэм
ищагу къызэрэдэхьажьхэрэ лъэныкъомкIэ агъакIуи, ащ
дэжь щаукIыгъ.

*ЕхъоедаI Ехъуд пачъыхьагъур гъогушIу зэрэтырищагъэр*

17 Зиусхьаным фэIорышIэнхэм пае, ЕхъоедаI пачъы-
хьэмрэ цIыфхэмрэ Зиусхьаным Iуагъэ даригъэшIыгъ. Ащ
нэмыкIэуи пачъыхьэмрэ цIыфхэмрэ Iуагъэ ащ зэдаригъэ-
шIыгъ. 18 Ащ ыуж цIыфхэр зэкIэ БаIал иунэ езэрэгъэкIу-
хи, ащ чIэт къурмэншIыпIэхэри, ежь исурэтэу чIэты-
гъэхэри зэхагъэтэкъуагъэх. БаIал икъулыкъушIэу Матан
къурмэншIыпIэ пашъхьэм щаукIыгъ. ЕхъоедаI къурмэ-
нышIым Зиусхьаным и Унэ лъыплъэнхэу цIыфхэр ыгъэ-
нэфагъэх. 19 ЕтIанэ ЕхъоедаI дзэIэшъхьэтетхэр, ухъумэ-
кIо шъхьагъырытхэр, дзэкIолI лъэсрыкIохэр, цIыфхэр
зэкIэ игъусэхэу пачъыхьэр Зиусхьаным и Унэ къычIа-
щыжьи, ухъумэкIо шъхьагъырытхэм къагъэгъунэщтыгъэ
Сур къэлапчъэм къыблащи, пачъыхьэ унэм къащэжьыгъ.
Ар ащ пачъыхьэ тахътэм щытетIысхьагъ. 20 ЦIыфхэм зэ-
кIэми ягушIогъошхуагъ, Iаталый пачъыхьэ унэм чатэкIэ
зыщаукIым ыуж къалэри Iэсэжьыгъагъ. 21 Ехъоащ па-
чъыхьагъум зытехьэм илъэсибл ыныбжьыгъэр.

### ЯпшIыкIутIонэрэ шъхьэр

*Ехъуд пачъыхьэу Ехъоащ*

12 [1] Ехъыо зыпачъыхьэр яблэнэрэ илъэсым хэхьа-
гъэу Ехъоащ пачъыхьагъум техьи, илъэс тIокIи-
тIо Ерусэлэм щыпачъыхьагъ. Ащ янэ ыцIагъэр Цыбый,
БэрщэбаI къалэм щыщыгъ. [2] Ехъоащ щэIэфэ Зиусхьа-
ным къекIущтыр ренэу ышIэщтыгъ, сыда пIомэ къур-
мэнышIэу ЕхъоедаI иупчIэжьэгъущтыгъ. [3] Ау щытми
къурмэнхэр зыщашIырэ лъэгапIэхэр зэтырарigъэхы-
жьыгъагъэхэп, цIыфмэ ахэм къурмэнхэр джыри аща-
шIыхэзэ, мэ IашIухэр къызыпиххэри ащагъэстщтыгъэх.
[4] Арыти, Ехъоащ къурмэнышIхэм ариIуагъ: «Зиусхьаным
и Унэ чIэтыщт пкъыгъо лъапIэхэр зэращэфыщт тыжьын
ахъщэу цIыфхэм къахэкIырэр, нэбгырэ пэпчъ къытырэ
хьакъулахь тыжьыныр, къахьырэ ахъщэр, аущтэу шъхьадж
ыгу пыкIырэ ахъщэр Зиусхьаным и Унэ къыщышъуу-
гъоих. [5] КъурмэнышIхэм зишIуагъэ къязгъэкIхэрэм ахъ-
щэ къаIарэхи, Тхьэм и Унэ, хэкъутыкIыгъэхэр иIэхэу
алъэгъухэмэ, арэгъэцэкIэжьых». [6] Ау Ехъоащ зыпачъыхьэр
ятIокIэнэрэ щырэ илъэсым хэхьафэ къурмэнышIхэм
Тхьэм и Унэ хэкъутыкIыгъэу иIэхэр агъэцэкIэжьыгъэхэп.
[7] Арыти, пачъыхьэу Ехъоащ къурмэнышIэу ЕхъоедаIи
нэмыкI къурмэнышIхэри къаригъащэхи ариIуагъ: «Сыда
Тхьэм и Унэ хэкъутыкIыгъэу иIэхэр зыкIяшъумыгъэ-
гъэцэкIэжьхэрэр? Джы къыщегъэжьагъэу къурмэнышI-
хэм зишIуагъэ къязгъэкIхэрэм ахъщэр шъощ пае къаIы-
шъумыхыжьэу, ар Тхьэм и Унэ зыгъэцэкIэжьыщтхэм лэ-
жьапкIэ афэшъушI». [8] Арыти, зишIуагъэ къязгъэкIхэрэм

ежьхэм апае ахъщэ къаIамыхыжьынэу пачъыхьэу Ехъо-
ащ къызэрариIуагъэм къурмэнышIхэр къезэгъыгъэх,
Тхьэм и Унэ игъэцэкIэжьын цIыфхэм къин тырамылъэ-
гъон фаеу игъоу алъэгъугъ. 9 ЕхъоедаI пхъуантэ горэм
ышъхьэ гъуанэ фишIи, къурмэншIыпIэм иджабгъу лъэ-
нықъокIэ, ар Зиусхьаным и Унэ ичIэхьапIэ дэжь ыгъэу-
цугъ. Пчъэшъхьа Iум дэжь щыт къэрэгъул къурмэнышI-
хэм Зиусхьаным и Унэ къырахьылIэрэ ахъщэр зэкIэ ащ
ралъхьэщтыгъэ. 10 ЕтIанэ, пхъуантэм ахъщэр дизыбзэ зы-
хъукIэ, пачъыхьэм итхакIорэ къурмэнышI шъхьаIэмрэ
къакIохэти, Зиусхьаным и Унэ къырахьылIэгъэ ахъщэр
алъытэжьти, дзыо цIыкIухэм аралъхьэти ашъхьаIухэр
папхыкIыжьыщтыгъэх. 11 Джащ тетэу ахъщэр алъытэти,
Зиусхьаным и Унэ зыгъэцэкIэжьхэрэм яIэшъхьэтетхэм
аратыщтыгъэ, адрэхэм ар Зиусхьаным и Унэ Iоф щызы-
шIэрэ пхъашIэхэм, псэолъэшIхэм, 12 унэ дэпкъхэр къэ-
зыIэтхэрэм, мыжъохэр къыгозыутхэрэм аратыжьщты-
гъэ, чъыг ихыкIыгъэхэмрэ мыжъо къыгоутыгъэхэмрэ
къэщэфыгъэнхэм, Зиусхьаным и Унэ хэкъутыкIыгъэхэм
ягъэцэкIэжьынрэ ащ иIыгъынрэ атырагъэкIуадэщты-
гъэ. 13 Ау щытми тыжьын лэджэн цIыкIухэр, остыгъэм
ишъэгъэ стафэхэр къызэрэпахырэ Iадэхэр, нэмыкI лэ-
джэнхэр, къурмэншIыпIэм тыраутхэрэ лъыр зэрагъэ-
хъорэ Iэгубжъэхэр, сырынэхэр, нэмыкI дышъэ-тыжьын
пкъыгъохэр Зиусхьаным и Унэ къырахьылIэгъэ ахъ-
щэмкIэ ашIыгъэхэп. 14 А ахъщэр Iоф зышIэхэрэм араты-
щтыгъэ, Зиусхьаным и Уни рырагъэцэкIэжьщтыгъэ. 15 Iоф
зышIэхэрэм ахъщэр аратынэу пшъэрылъ зыфашIхэрэм
шъыпкъагъэ зэрахэлъым къыхэкIэу ар зэрагъэзекIорэ
шIыкIэм кIэупчIэжьщтыгъэхэп. 16 ПсэкIодышIкIэгъожь
къурмэнымрэ псэкIод къурмэнымрэ* къаращэфынхэм

* 12:16 Еплъ: «Мосэ иящэнэрэ тхылъ» 4:1-5, 13.

пае къатырэ ахъщэр Зиусхьаным и Унэ игъэцэкIэжьын
хамыгъахьэу, ар къурмэнышIхэм къафэнэжьыщтыгъэ. [17] А
уахътэм арам пачъыхьэу Хъазаел зао ышIынэу къежьи,
Гъат къалэм къекIуи, ар ыштагъ. Ерусэлэм ыштэнэуи
Хъазаел гухэлъ ышIыгъ. [18] Ау Ехъудэм ипачъыхьэу Ехъо-
ащ Ехъудэм ипачъыхьэгъэхэ ятэ пIашъэхэу Ехъощафа-
ти, Иорами, Ахъазыйи, ежьми Тхьэм и Унэ фашIыгъэ
тын лъапIэхэр, Зиусхьаным и Унэ игъэтIылъыпIэхэмрэ
пачъыхьэм иунэрэ къаригъотэгъэ дышъэр зэкIэ Арамым
ипачъыхьэу Хъазаел фаригъэщагъэх. Арыти, адрэр идзэ
игъусэу Ерусэлэм кIэрыкIыжьыгъ.

[19] Ехъоащ иIофшIагъэхэмрэ нэмыкIэу ышIагъэхэмрэ
ехъуд пачъыхьэхэм яхьылIэгъэ Iэпэрытххэм арытхагъэ-
хэба. [20] Ехъоащ иIумэтхэм зыкъыпаIэти, шъэфэу зэзэ-
гъыхи, ар Милло зыфаIорэ етIэ зэтетэкъуагъэхэу къэлэ
дэпкъым ылъапсэхэр зэрэгъэпытагъэхэм ашъхьагъ тет
унэу Силэ чIыпIэм ылъэныкъокIэ щыIэм щаукIыгъ.
[21] Ар зыукIыгъэхэр ежь иIумэтхэу ЩымIат ыкъо Иоза-
бадрэ Шэумэр ыкъо Ехъозабадрэ. Ар лIи Даут икъалэу
ятэ пIашъэхэр зыдэлъхэм щагъэтIылъыжьыгъ. Ащ ычIы-
пIэ ыкъо Амацый пачъыхьагъум техьагъ.

### ЯпшIыкIущэнэрэ шъхьэр

*Израил пачъыхьэу Ехъоахъаз*

**13** [1] Ехъудэм ипачъыхьэу Ахъазый ыкъо Ехъоащ зы-
пачъыхьэр ятIокIэнэрэ щырэ илъэсым хэхьагъэу
Ехъыо ыкъо Ехъоахъаз Израилым ипачъыхьэу Щамэ-
рэн щытехьи илъэс пшIыкIублэ пачъыхьагъэ. [2] Ащ
Зиусхьаным къемыкIущтыр ышIэщтыгъэ, Нэуат ыкъо
ЯрабIамэу Израилыр псэкIодым хэзыщагъэм ышIэгъэ

псэкIодмэ ахэтыгъ, ахэм къащигъакIэщтыгъэп. 3 Арыти,
Зиусхьаныр Израилым къыфэгубжи, ар Арамым ипа-
чъыхьэу Хъазаелрэ Хъазаел ыкъо Бэнхададрэ егъэшIэ-
рэу аIэ рилъхьагъ. 4 Ащ ыуж Ехъоахъаз Зиусхьаным лъэ-
шэу елъэIугъэти, Зиусхьаным ар къызэхихыгъ, сыда
пIомэ израил цIыфхэр къин зэрэхэтхэри, арам пачъы-
хьэр ахэм къызэражэхахьэри Ащ инэрылъэгъугъ. 5 Зиу-
схьаным къэгъэнэжьакIор Израилым къыфигъэкIуагъэ-
ти, ахэр арамхэм къаIапыкIыжьыгъэх. Джаущтэу израил
цIыфхэр ыпэкIэ зэрэщыIагъэхэм фэдэу мамырэу псэун-
хэу рагъэжьэжьыгъ. 6 Ау ащ емылъытыгъэу ахэр ЯрабIам
иунагъоу Израилыр псэкIодым хэзыщагъэм ышIэгъэ
псэкIодмэ ахэкIыщтыгъэхэп, ахэм зэрахэтыгъэх, Астар-
тэ пае агъэуцугъэ пкъэухэр Щамэрэн джыри зэриты-
гъэх. 7 Арамым ипачъыхьэ Ехъоахъаз идзэ къызэхикъу-
ти, къызэрэзэхихьаджыхьагъэм къыхэкIэу, ащ щыщэу
зэкIэмкIи къыфэнэжьыгъагъэр шыу шъэныкъу, ку псын-
кIэу пшIы, нэбгырэ минипшI хъурэ лъэсыдзэр. 8 Ехъоа-
хъаз иIофшIагъэхэмрэ нэмыкIэу ышIагъэхэмрэ изра-
ил пачъыхьэхэм яхьылIэгъэ Iэпэрытххэм арытхагъэхэба.
9 Джаущтэу Ехъоахъаз ятэ пIашъэхэр зыдэщыIэхэм зегъэ-
зэжьым, Щамэрэн ар щагъэтIылъыжьыгъ. Ыкъо Иоащ
ащ ычIыпIэ пачъыхьагъум техьагъ.

### *Израил пачъыхьэу Иоащ*

10 Ехъудэм ипачъыхьэу Ехъоащ зыпачъыхьэр ящэкIэ-
нэрэ блырэ илъэсым хэхьагъэу Ехъоахъаз ыкъо Иоащ
пачъыхьэу Щамэрэн щытехьи илъэс пшIыкIухэ пачъы-
хьагъэ. 11 Ащи Зиусхьаным къемыкIущтыр ышIэщтыгъэ,
Нэуат ыкъо ЯрабIамэу Израилыр псэкIодым хэзыщагъэм
ышIэгъэ псэкIод пстэуми ахэтыгъэ нахь, ахэм ахэкIы-
щтыгъэп, къахэнагъ. 12 Иоащ иIофшIагъэхэри, нэмыкIэу

ышIагъэхэри, гу пытэу иIэмкIэ Ехъудэм ипачъыхьэу
Амацый зэрэтекIуагъэри израил пачъыхьэхэм яхьылIэ-
гъэ Iэпэрытххэм арытхагъэхэба. [13]Джаущтэу Иоащ ятэ
пIашъэхэр зыдэщыIэхэм зегъэзэжьым, ыкъо ЯрабIам ащ
итахътэ тетIысхьагъ. Ежь Иоащ израил пачъыхьэхэр зы-
щагъэтIылъыжьыгъэхэ Щамэрэн щагъэтIылъыжьыгъ.

*ЕлыщаI зэрэлIагъэр*

[14]Израилым ипачъыхьэу Иоащ джыри мылIэзэ, Елы-
щаI мыхъужьынэу сымаджэ хъуи, етIанэ узым илIы-
кIыгъ. Иоащ ащ дэжь къакIуи, «А тят! А тят! Израилым
ику псынкIэрэ ащ ишыудзэрэ!»* ыIозэ, ащ тегъагъ.
[15]ЕлыщаI ащ риIуагъ: «Щабзэмрэ щэбзащэхэмрэ къаш-
тэх». Арыти, адрэм щабзэмрэ щэбзащэхэмрэ ыштагъэх.
[16]Ащ дэжьым израил пачъыхьэм ащ риIуагъ: «ПIэ ща-
бзэм телъхь». Адрэм къызэрэриIуагъэм фэдэу зешIым,
ежь ЕлыщаI ыIэхэр пачъыхьэм ыIэмэ атырилъхьагъ.
[17]Джыри ащ риIуагъ: «КъокIыпIэ лъэныкъомкIэ гъэзэ-
гъэ шъхьангъупчъэр Iухи, щабзэр штэ». Адрэм джаущтэу
ышIыгъ. ЕтIани ЕлыщаI ащ риIуагъ: «О». Арыти адрэр
зэом, ащ къыриIуагъ: «Зиусхьаным а щэбзащэм къары-
IэкIехыжьых, Арамым ащкIэ текIо, арамхэм зыкъамы-
IатыжьышъунэуАфэкъ уащытекIощт». [18]Джыри ЕлыщаI
ащ риIуагъ: «Щэбзащэхэр штэх». Адрэм къыштагъэх.
Арыти израил пачъыхьэм риIуагъ: «ЧIыгум фэгъази о».
Ар гъогогъуищэ чIыгум еуи къэуцужьыгъ. [19]Арыти, Елы-
щаI ащ фэгубжи риIуагъ: «Гъогогъуитфэ е хэ уеон фэя-
гъэ, джащыгъум арамхэм уатекIопэщтыгъэ, ау арамхэм
джы узэратекIощтыр гъогогъуищ ныIэп». [20]Ащ ыуж Елы-
щаI лIи агъэтIылъыжьыгъ.

---

* 13:14 Мы къэIуакIэм пае еплъ: 2:12.

Илъэс къихьагъу къэс моаб бзэджэшIэ купхэр хэгъэ-
гум пчъагъэрэ къибанэщтыгъэх. 21 Зэгорэм лIагъэ горэ
агъэтIылъыжь пэтзэ, бзэджэшIэ куп къызэракIорэр алъэ-
гъугъэти, хьадэр ЕлыщаI икъэунэ чIадзэжьыгъ. Хьадэр
ефэхи ЕлыщаI икъупшъхьэхэм затефэм, ащ ыпсэ къы-
пыкIэжьи къэтэджыжьыгъ.

*Израилымрэ Арамымрэ зэрэзэзэуагъэхэр*

22 Арамым ипачъыхьэу Хъазаел Ехъоахъаз опачъыхьэ-
фэ израил цIыфхэр ренэу щыхьагъу къышIыщтыгъэх.
23 Ау Зиусхьаным ахэм гукIэгъу къафишIи къыухъума-
гъэх, Ибрахьимэ, Исхьакъ, Якъубэ къадишIыгъэ зэзэгъы-
ныгъэм илъэпIагъэ пае ахэр ыгъэкIодынхэу фэягъэп,
джы къызнэсыгъэми ыпашъхьэ римыгъэкIыхэу, къы-
гъэнагъэхэу щыIэх.

24 ЕтIанэ Арамым ипачъыхьэу Хъазаел лIи, ыкъо Бэн-
хадад ащ ычIыпIэ пачъыхьагъум техьагъ. 25 Ехъоахъаз
ыкъо Иоащ Хъазаел ыкъо Бэнхадад Ехъоахъаз заокIэ
тырихыгъэгъэ къалэхэр къызIэкIигъэхьажьыгъэх. Гъо-
гогъуищэ Иоащ ар зэхикъути, израил къалэхэр къызIэ-
кIигъэхьажьыгъэх.

## ЯпшIыкIуплIэнэрэ шъхьэр

*Ехъудэмрэ Израилымрэ япачъыхьэхэр*
*зэрэзэпыщытыгъэхэр*

14 1 Израилым ипачъыхьэу, Ехъоахъаз ыкъо Иоащ
зыпачъыхьэр ятIонэрэ илъэсым хэхьагъэу Ехъудэм
ипачъыхьэу, Ехъоащ ыкъо Амацый пачъыхьагъум те-
хьагъ. 2 Ар пачъыхьагъум зытехьэм ыныбжьыгъэр илъэс

тIокIырэ тфырэ, илъэс тIокIрэ бгъурэ Ерусэлэм щыпа-
чъыхьагъ. Ащ янэ ыцIагъэр ЕхъоIадан, Ерусэлэм щы-
щыгъ. [3] Амацый Зиусхьаным къекIущтыр ышIэщтыгъ,
ау ятэшхо Даут фэмыдэ дэдэу, ятэ Ехъоащ зэрэзекIуа-
гъэм фэдэу зигъэпсыщтыгъ. [4] Ау къурмэнхэр зыща-
шIырэ лъэгапIэхэр зэхакъутэгъагъэхэпти, цIыфмэ ахэм
къурмэнхэр ащашIщтыгъэх, гъомэ IашIухэр къызпиххэри
ащагъэстщтыгъэх. [5] Амацый пачъыхьагъур зызIэкIегъэ-
пытыхьахэм ятэ пачъыхьэщтыгъэр зыукIыгъэ иIумэтхэр
аригъэукIыжьыгъэх. [6] Ау иIумэт укIакIохэм ялъфыгъэ-
хэр ыгъэкIодыгъэхэп, сыда пIомэ Зиусхьаным иуна-
шъоу Мосэ ихэбзэ тхылъ зэритхагъэм фэдэу ышIыгъ:
«Ялъфыгъэхэм апае ны-тыхэр укIыкIэ агъэпщынэжьын-
хэу, ялъфыгъэхэри ны-тымэ апае укIыкIэ агъэпщынэ-
жьынхэу щытэп. Ау хэти бзэджэшIагъэу иIэм пае укIы-
кIэ пшъэдэкIыжь егъэхьыжьыгъэн фае».

[7] ЕтIанэ ар КIэй ЩыугъэкIэ заджэхэрэм едом нэ-
бгырэ минипшIым ащытекIонхэм кIэщакIо фэхъугъ,
СэлаI къалэр заокIэ ышти, Иокътэел цIэр фиусыжьыгъ,
а цIэмкIэ джы къызнэсыгъэми ащ еджэх. [8] А уахътэм
Амацый израил пачъыхьэу Иоащ ыкъо Ехъоахъаз ыкъо
Ехъыо дэжь лIыкIохэр ыгъакIохи, кIуачIэкIэ зэрэзэ-
нэкъокъунхэ фаер раригъэIуагъ. [9] Арыти, Израилым
ипачъыхьэу Иоащ Ехъудэм ипачъыхьэу Амацый дэжь
къыраригъэIонэу къыгъэкIуагъэх: «Зэгорэм Ливан къу-
шъхьэхэм къащыкIырэ пэрэжъыем джа Ливан къушъхьэ
дэдэм къащыкIырэ кедрэм дэжь раригъэIонэу ыIофы-
тагъэх: „Упхъу скъо шъузэу къет“. Ау Ливан къушъхьэ-
мэ ащыпсэурэ псэушъхьэ Iэлыр къышъхьарыхьи, а пэ-
рэжъыер зэхицIыцIагъ. [10] Едомхэм шъыпкъэ дэдэмкIэ
уатекIуагъэшъ, пагэ ухъугъ. Къыбдэхъугъэм разэ ры-
хъуи, рэхьатэу уихэгъэгу ис. Сыд пае тхьамыкIагъо хэ-
пхынэу, ори пIэ илъ ехъуд лъэпкъми шъузэрэзэгъусэу

хьадэгъур хэшъухынэу зыбгъэпсыра?» [11] Ау Амацый
ащ едэIугъэпти, Израилым ипачъыхьэу Иоащ къежьи,
ежьыррэ Ехъудэм ипачъыхьэу Амацыйрэ Ехъудэм ит
Бэтщэмэщ къалэм дэжь зэзэонхэу щызэIукIагъэх. [12] Израилыдзэр
ехъудыдзэм къытекIуи, ахэр шъхьадж иунэ
екIужьыгъэх. [13] Израилым ипачъыхьэу Иоащ Ехъудэм
ипачъыхьэу, Ахъазый ыкъо Ехъоащ ыкъожь Амацый
Бэтщэмэщ щиубыти, Ерусэлэм къекIугъ. Ерусэлэм къешIэкIыгъэ
дэпкъ пытапIэр ащ хэт Ефраим къэлапчъэм
къыщегъэжьагъэу Къопэ къэлапчъэм нэс, икIыхьагъэкIэ
метрэ шъитIу фэдиз хъунэу, зэхикъутагъ. [14] Арыти,
ащ Зиусхьаным и Унэ къырагъотэгъэ дышъэри, тыжьынри,
пкъыгъо лъапIэхэри, пачъыхьэм иунэ къырагъотэгъэ
мылъкури зэкIэ зыдиштэхи, шэсэу ыубытыгъэхэри зыдырищажьэхи
Щамэрэн ыгъэзэжьыгъ.

[15] Иоащ иIофшIагъэхэри, лIыгъэу зэрихьагъэхэри,
Ехъудэм ипачъыхьэу Амацый ар зэрезэуагъэри израил
пачъыхьэхэм яхьылIэгъэ Iэпэрытххэм арытхагъэхэба.
[16] Джащ тетэу Иоащ ятэ пIашъэхэр зыдэщыIэхэм згъэзэжьым,
израил пачъыхьэхэм афэдэу Щамэрэн щагъэтIылъыжьыгъ.
Арыти, ыкъо ЯрабIам ащ ычIыпIэ пачъыхьагъум
техьагъ.

### *Ехъудэм ипачъыхьэу Амацый зэрэлIагъэр*

[17] Ехъудэм ипачъыхьэу, Ехъоащ ыкъо Амацый Израилым
ипачъыхьэу, Ехъоахъаз ыкъо Иоащ зэлIэм ыуж, илъэс
пшIыкIутфэ псэугъэ. [18] Амацый иIофшIагъэхэр ехъуд пачъыхьэхэм
яхьылIэгъэ Iэпэрытххэм арытхагъэхэба.

[19] Ащ къыпэшIуекIохэу цIыф горэхэм Ерусэлэм зыкъыщыпаIэтыгъэти,
Лахыщ къалэ гъэбылъыпIэкIэ екIужьыгъ.
Ау ыуж афызэ Лахыщ лъагъакIохи, ащ щаукIыгъ.

[20] Ихьадэ шыкIэ къахьыжьи, Даут икъалэу ятэ пIа-
шъэхэр зыдалъхьажьыгъэхэ Ерусэлэм ар щагъэтIы-
лъыжьыгъ.
[21] Арыти, зэрэехъуд лъэпкъэу илъэс пшIыкIух зы-
ныбжьыгъэ Iузый ятэ Амацый ычIыпIэ пачъыхьагъум
тыригъэхьагъ. [22] Ятэ ятэ пIашъэхэр зыдэщыIэм зегъэзэ-
жьым ыуж ары ащ Елат къалэр зэкIигъэпытыхьажьи, ар
Ехъудэм ыIэ къызыригъэхьажьыгъэр.

*Израил пачъыхьэу ЯрабIам*

[23] Ехъудэм ипачъыхьэу, Ехъоащ ыкъо Амацый зыпа-
чъыхьэр япшIыкIутфэнэрэ илъэсым хэхьагъэу Израи-
лым ипачъыхьэу, Иоащ ыкъо ЯрабIам Щамэрэн па-
чъыхьагъум щытехьи, илъэс тIокIитIурэ зырэ пачъы-
хьагъэ. [24] Зиусхьаным къемыкIущтыр ащ ышIэщтыгъ:
Нэуат ыкъо ЯрабIамэу Израилыр псэкIодым хэзыща-
гъэм ышIэгъэ псэкIод пстэуми ахэтыгъ. [25] Ащ Хъамат
къалэм идэхьагъу къыщегъэжьагъэу хы ЛIагъэм нэсэу
Израилым гъунапкъэу иIагъэхэр ыгъэуцужьыгъэх. Изра-
илым и Зиусхьанэу Тхьэм иIумэтэу, Амытай ыкъо Юны-
сэу Гъат-Хахъэфэр къалэм щыщ тхьэлIыкIом къызэ-
рэригъэIогъагъэм фэдэу ар хъужьыгъэ. [26] Сыда пIомэ
Израилым къинышхо зэрэтелъыр Зиусхьаным къылъэ-
гъущтыгъэ, хъулъфыгъэ гори къыримыгъанэу зэкIэ Изра-
илым щигъэкIодыгъэх, шъхьафитныгъэ зимыIэхэри,
абгынэжьыгъэу къэнагъэхэри зэрахэтхэу. [27] Ау Зиусхьа-
ным израил лъэпкъыр дунаим тыримыгъэкIодыкIэу,
Иоащ ыкъо ЯрабIам ишIушIагъэкIэ ар къыгъэнэжьыгъ.
[28] ЯрабIам иIофшIагъэхэри, лIыгъэу зэрихьагъэхэри, ар
зэрязэуагъэри, Ехъудэм ыIэ илъыгъэ къалэхэу Дамаск-
рэ Хъаматрэ Израилым ыIэ къызэрэригъэхьэжьыгъа-
гъэхэри израил пачъыхьэхэм яхьылIэгъэ Iэпэрытххэм

арытхагъэхэба. 29 Джаущтэу ЯрабIам нэмыкI израил па-
чъыхьэхэм афэдэу ятэ пIашъэхэр зыдэщыIэм ыгъэзэ-
жьыгъ. Арыти, ыкъо Зэхарый ащ ычIыпIэ пачъыхьа-
гъум техьагъ.

**ЯпшIыкIутфэнэрэ шъхьэр**

*Ехъуд пачъыхьэу Iузый*

15 1 Израилым ипачъыхьэу ЯрабIам зыпачъыхьэр ятIо-
кIэнэрэ блырэ илъэсым хэхьагъэу Ехъудэм ипа-
чъыхьэу, Амацый ыкъо Iузый пачъыхьагъум техьагъ.
2 Ар пачъыхьагъум зытехьэм илъэс пшIыкIух ыныбжьы-
гъэр, илъэс шъэныкъорэ тIурэ Ерусэлэм щыпачъы-
хьагъ. Ащ янэ ыцIагъэр Ехъолыехъу, Ерусэлэм щы-
щыгъ. 3 Ятэ Амацый фэдэкъабзэу Зиусхьаным къекIу-
щтыр ащ ышIэщтыгъ. 4 Ау къурмэнхэр зыщашIырэ
лъэгапIэхэр зэхакъутэгъагъэхэпти, цIыфмэ ахэм къур-
мэнхэр джыри ащашIыщтыгъэх, гъомэ IашIухэр къыз-
пиххэри ащагъэстщтыгъэх.

5 Арыти, Зиусхьаныр пачъыхьэм къыфехи, олIэжьы-
фэ шъоджэузыр иIэнэу ышIи, унэ шъхьаф исэу щы-
Iагъ. Пачъыхьэм ыкъо Иотам апшъэрэ Iэшъхьэтетны-
гъэр иIэу хэгъэгум пэщэныгъэ дызэрихьэщтыгъ. 6 Iузый
зэкIэ иIофшIагъэхэри ышIагъэхэри ехъуд пачъыхьэ-
хэм яхьылIэгъэ Iэпэрытххэм арытхагъэхэба. 7 Джащ
тетэу Iузый ятэ пIашъэхэр зыдэщыIэхэм зегъэзэжьым,
ятэ Даут икъалэу ятэ пIашъэхэр зыдэлъхэм щагъэтIы-
лъыжьыгъ. Арыти, ыкъо Иотам ащ ычIыпIэ пачъыхьа-
гъум техьагъ.

## *Израил пачъыхьэу Зэхарый*

8 Ехъудэм ипачъыхьэу Iузый зыпачъыхьэр ящэкIэнэрэ
ирэ илъэсым хэхьагъэу Израилым ипачъыхьэу ЯрабIам
ыкъо Зэхарый пачъыхьагъум техьи, мэзихэ пачъыхьагъэ.
9 Арыти, ятэхэм зэрашIыщтыгъэу, ащ Зиусхьаным къе-
мыкIущтыр ышIэщтыгъэ, Нэуат ыкъо ЯрабIамэу Израи-
лыр псэкIодым хэзыщагъэм ипсэкIодшIагъэмэ афэдэхэ-
ри ышIэщтыгъ, ахэм къахэкIыщтыгъэп. 10 Яощ ыкъо Ща-
лум ащ зыкъыпиIэти, цIыфхэм апашъхьэ щиукIи, ащ
ычIыпIэ пачъыхьагъум техьагъ. 11 Зэхарый зэкIэ иIоф-
шIагъэхэр израил пачъыхьэхэм яхьылIэгъэ Iэпэрытххэм
джарба зэрарытхагъэри. 12 Джаущтэу Зиусхьаным «Пкъо-
хэр яплIэнэрэ лIэужым нэс Израилым ипачъыхьащтых»
ыIуи, Ехъыо къызэрэриIогъагъэм фэдэу хъужьыгъэ.

## *Израил пачъыхьэу Щалум*

13 Яощ ыкъо Щалум Ехъудэм ипачъыхьэу Iузый зыпа-
чъыхьэр ящэкIэнэрэ бгъурэ илъэсым хэхьагъэу пачъы-
хьагъум техьи, зы мазэрэ Израилым Щамэрэн щырипа-
чъыхьагъ. 14 Ащ дэжьым Гъадый ыкъо Мынахъэм Тырцэ
лъэныкъом къикIи, Щамэрэн къекIуи, Яощ ыкъо Ща-
лум къезауи, ар Щамэрэн щиукIи, ащ ычIыпIэ пачъы-
хьагъум техьагъ. 15 Щалум зэкIэ иIофшIагъэхэри, па-
чъыхьэм зыкъызэрэпиIэтыгъагъэри израил пачъыхьэхэм
яхьылIэгъэ Iэпэрытххэм джарба зэрарытхагъэри. 16 ЕтIа-
нэ Мынахъэм Тифсахъ къалэм къекIуи зэрипхъуагъ. Ащ
икъэлапчъэ къыфыIуахэу зэрэдамыгъэхьагъэм пае, дэсы-
гъэхэри, иIэгъо-благъохэм ащыпсэущтыгъэхэри зэкIэ зэ-
дигъакIохэу, Тырцэ лъэныкъом къикI зэхъум, зэхигъэтэ-
къуагъэх. Бзылъфыгъэ лъэрмыхьэу ащ дэсыгъэ пстэури
зэпиупкIыгъэх.

*Израил пачъыхьэу Мынахъэм*

[17] Ехъудэм ипачъыхьэу Iузый зыпачъыхьэр ящэкIэнэ-
рэ бгъурэ илъэсым хэхьагъэу Гъадый ыкъо Мынахъэм
Израилым ипачъыхьэнэу техьи илъэсипшIэ Щамэрэн
щыпачъыхьагъ. [18] Ежь щэIэфэ Зиусхьаным къемыкIу-
щтыр ащ ышIэщтыгъ: Нэуат ыкъо ЯрабIамэу Израилыр
псэкIодым хэзыщагъэм ышIэгъэ псэкIодмэ къащигъа-
кIэщтыгъэп. [19] А уахътэм Ашурым ипачъыхьэу Пул* зэо-
нэу хэгъэгум къихьагъэти, ар къыготынымрэ пачъыхьа-
гъур зыIэкIигъэпытыхьанымрэ пае, тыжьынэу килограмм
мин щэкIрэ тфырэ фэдиз Мынахъэм ащ ритыгъ. [20] Мы-
нахъэм ашур пачъыхьэм а тыжьыныр ритыным пае зэкIэ
израил байхэм нэбгырэ телъытэу грамм шъих зырыз фэ-
диз къаугъоинэу атырилъхьагъ. Арыти, ашур пачъыхьэр
зэкIэкIожьи, хэгъэгум икIыжьыгъ. [21] Мынахъэм зэкIэ
иIофшIагъэхэри ышIагъэхэри израил пачъыхьэхэм яхьы-
лIэгъэ Iэпэрытххэм арытхагъэхэба. [22] Джащ тетэу Мына-
хъэм ятэ пIашъэхэр зыдэщыIэхэм ыгъэзэжьыгъ. Арыти,
ыкъо Пэкъахъый ащ ычIыпIэ пачъыхьагъум техьагъ.

*Израил пачъыхьэу Пэкъахъый*

[23] Ехъудэм ипачъыхьэу Iузый зыпачъыхьэр яшъэны-
къорэ илъэсым хэхьагъэу Мынахъэм ыкъо Пэкъахъый
Израилым ипачъыхьэнэу Щамэрэн щытехьи, илъэситIо
пачъыхьагъэ. [24] Ащ Зиусхьаным къемыкIущтыр ышIэ-
щтыгъэ: Нэуат ыкъо ЯрабIамэу Израилыр псэкIодым
хэзыщагъэм ышIэгъэ псэкIодмэ къащигъакIэщтыгъэп.
[25] Арыти, идзэ Iэшъхьэтет пащэмэ ащыщэу, Рэмалыехъу

* 15:19 Мы пачъыхьэм ыцIэ нэмыкI Iэпэрытххэм зэрахэтыр: Ты-
гълат-Пылэсэр.

ыкъо Пэкъахъ гъылыIад лъэпкъым щыщ нэбгырэ шъэ-
нықъо игъусэу ащ зыкъыпиIэти*, Щамэрэн дэт пачъы-
хьэ унэм хэт унэ-пытапIэм раукIыхьагъ. Ежь ащ ычIы-
пIэ пачъыхьагъум техьагъ. 26 Пэкъахъый зэкIэ иIофшIа-
гъэхэри ышIагъэхэри израил пачъыхьэхэм яхьылIэгъэ
Iэпэрытххэм джарба зэрарытхагъэр.

*Израил пачъыхьэу Пэкъахъ*

27 Ехъудэм ипачъыхьэу Iузый зыпачъыхьэр яшъэныкъо-
рэ тIурэ илъэсым хэхьагъэу Рэмалыехъу ыкъо Пэкъахъ
Израилым ипачъыхьэнэу Щамэрэн щытехьи, илъэс тIо-
кIырэ пачъыхьагъэ. 28 Ащ Зиусхьаным къемыкIущтыр
ышIэщтыгъэ: Нэуат ыкъо ЯрабIамэу Израилыр псэ-
кIодым хэзыщагъэм ышIэгъэ псэкIодмэ къащигъакIэ-
щтыгъэп. 29 Израилым ипачъыхьэу Пэкъахъ итетыгъом
Ашурым ипачъыхьэу Тыгълат-Пылэсэр къежьи, Iион,
Абэл-Бэт-МаIах, Яноахъ, Къэдэщ, Хъацэр къалэхэмрэ,
ГъылыIад, Гъалыл, Нафталый хэкухэмрэ ыштэхи, цIыф-
хэр рищхи Ашурым ыгъэкощыгъэх. 30 Арыти, Елэ ыкъо
ХъощэI Рэмалыехъу ыкъо Пэкъахъ зыкъыпиIэти, еуи ар
ыукIыгъ. Iузый ыкъо Иотам зыпачъыхьэр ятIокIэнэрэ
илъэсым хэхьагъэу ежь Пэкъахъ ычIыпIэ пачъыхьа-
гъум техьагъ. 31 Пэкъахъ зэкIэ иIофшIагъэхэри нэмы-
кIэу ышIагъэхэри Израилым ипачъыхьэхэм яхьылIэгъэ
Iэпэрытххэм джарба зэрарытхагъэр.

*Ехъуд пачъыхьэу Иотам*

32 Израилым ипачъыхьэу, Рэмалыехъу ыкъо Пэкъахъ
зыпачъыхьэр ятIонэрэ илъэсым хэхьагъэу Ехъудэм

* 15:25 Ижъырэ джуртыбзэмкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым мыщ дэжь гущыIитIу джыри къыщыкIэлъэкIох.

ипачъыхьэу Iузый ыкъо Иотам пачъыхьагъум техьагъ.
33 Ар пачъыхьагъум зытехьэм илъэс тIокIырэ тфырэ
ыныбжьыгъэр, илъэс пшIыкIухэ Ерусэлэм щыпачъы-
хьагъ. Ащ янэ Цадокъ ыпхъугъ, ыцIагъэр Еруща. 34 Зиу-
схьаным къекIущтыр ышIэщтыгъэ, ятэ Iузый фэдэу
сыдырэмкIи зекIуагъэ. 35 Ау къурмэнхэр зыщашIырэ
лъэгапIэхэр зэхакъутэгъагъэхэпти, цIыфмэ ахэм къур-
мэнхэр ащашIыщтыгъэх, гъомэ IашIухэр къызпиххэри
ащагъэстщтыгъэх. Иотам Шъхьагъ къэлапчъэхэр Зиу-
схьаным и Унэ хигъэуцогъагъэх. 36 Иотам зэкIэ иIоф-
шIагъэхэри, зэкIэ ышIагъэхэри Ехъудэм ипачъыхьэхэм
яхьылIэгъэ Iэпэрытххэм джарба зэрарытхагъэри.

37 А уахътэм Зиусхьаным Арамым ипачъыхьэу Рэцын-
рэ Рэмалыехъу ыкъо Пэкъахърэ Ехъудэм зыкъыпари-
гъэIэтэу ригъэжьагъ. 38 Иотам ятэ пIашъэхэр зыдэщы-
Iэхэм зегъэзэжьым, ятэ пIашъэхэм афэдэу, ятэ Даут
икъалэ щагъэтIылъыжьыгъ. Ыкъо Ахъаз ащ ычIыпIэ па-
чъыхьагъум техьагъ.

## ЯпшIыкIухэнэрэ шъхьэр

*Ехъуд пачъыхьэу Ахъаз*

16 1 Рэмалыехъу ыкъо Пэкъахъ Израилым зэрипа-
чъыхьэр япшIыкIублэнэрэ илъэсым хэхьагъэу,
Ехъудэм ипачъыхьэу Иотам ыкъо Ахъаз пачъыхьагъум
техьагъ. 2 Ахъаз пачъыхьагъум зытехьэм ыныбжьыгъэр
илъэс тIокI, илъэс пшIыкIухэ ар Ерусэлэм щыпа-
чъыхьагъ. Ау ятэшхо Даут фэдэу, и Зиусхьанэу Тхьэм
къекIущтыр ышIэщтыгъэп. 3 Израил пачъыхьэхэм ягъо-
гухэм атетыгъ. Ащ шIокIэу ыкъо машIокIэ къурмэн

ышIыгъ*, Зиусхьаным израил цIыфмэ ахифыжьыгъэ
лъэпкъхэм ашIэщтыгъэ гущыкIыгъо емыкIушхохэм
акIырыплъыщтыгъ. 4 Къурмэнхэр зыщашIырэ лъэгапIэ-
хэми, Iуашъхьэхэми чъыг жьау пэпчъ ычIэгъи къурмэн-
хэр ащишIыщтыгъэх, гъомэ IашIухэр къызпиххэрэр
ащигъэстщтыгъэх. 5 ЕтIанэ Арамым ипачъыхьэу Рэцын-
рэ Израилым ипачъыхьэу Рэмалыехъу ыкъо Пэкъахърэ
Ерусэлэм заокIэ аштэнэу къекIухи къадзыхьагъ, Ахъаз
ащ даубытагъ, ау текIошъугъэхэп. 6 А уахътэм едом па-
чъыхьэм Елат къалэр Арамым ыIэ къыригъэхьажьи, ащ
дэсыгъэ ехъудхэр дифхи, едомхэр къакIохи ащ дэхьа-
гъэхэу, джы къызнэсыгъэми щэпсэух. 7 Ахъаз Ашурым
ипачъыхьэу Тыгълат-Пылэсэр дэжь лIыкIохэр ыIофы-
тэхи раригъэIуагъ: «Сэ о сыуиIумэт, сыуиIэрылъхь, о
зэрэпIоу сыхъунэу сыкъеуцуалIэшъ, къакIуи зыкъы-
спэзыIэтыгъэхэ Арамым ипачъыхьэрэ Израилым ипа-
чъыхьэрэ сакъыIэкIэхыжь». 8 Ахъаз Зиусхьаным и Унэ
къырагъотэгъэ дышъэри, тыжьынри, пачъыхьэм иунэ
къарагъотэгъэ мылъкури зэкIэ ышти, ашур пачъыхьэм
ратынэу фаригъэщагъэх. 9 Арыти, ашур пачъыхьэр ащ
къезэгъи, Дамаск къалэм екIуи, ар ышти, цIыфэу дэсы-
гъэхэр Къыр къалэм ыгъэкощхи, Рэцын ыукIыгъ. 10 Па-
чъыхьэу Ахъаз Ашурым ипачъыхьэу Тыгълат-Пылэсэр
пэгъокIынэу Дамаск кIуагъэти, ащ дэт къурмэншIыпIэр
ылъэгъугъ. Пачъыхьэу Ахъаз ащ тешIыкIыгъэ сурэтым-
рэ техыгъэ шапхъэхэмрэ Урый къурмэнышIым фари-
гъэхьыгъэх. 11 Арыти, Урый къурмэнышIым пачъыхьэу
Ахъаз Дамаск къырaригъэхыгъэ а шапхъэхэм атехы-
гъэу, пачъыхьэу Ахъаз Дамаск къимыкIыжьзэ къурмэн-
шIыпIэр ышIыгъ. 12 Пачъыхьэр Дамаск къызекIыжьым

* 16:3 Мы чIыпIэм нэмыкI мэхьани иIэн ылъэкIыщт: «машIом пхыращыщтыгъэх».

къурмэншIыпIэр ылъэгъугъ. Пачъыхьэр кIуи, къурмэн-
шIыпIэм дэкIоягъ. 13 Икъурмэнгъэсти игъомылэ тыни
ащ щишIыгъэх, ишъон къурмэни* зэгурыIоныгъэ къур-
мэным ылъи зэрэщытэу къурмэншIыпIэм тырикIагъэх.
14 Джэрз къурмэншIыпIэу Зиусхьаным ыпашъхьэ ипы-
гъэр, къурмэншIыпIакIэмрэ Зиусхьаным и Унэрэ азы-
фагу дэтыгъэр, Тхьэм и Унэ чIэхьапIэ къыIуигъэкIоти,
темыр лъэныкъомкIэ гъэзагъэу ыгъэуцугъ. 15 Пачъыхьэу
Ахъаз Урый къурмэнышIым унашъо фишIэу риIуагъ:
«Пчэдыжь къурмэнгъэстымрэ пчыхьэ гъомылэ тыным-
рэ, пачъыхьэм икъурмэнгъэстрэ ащ игъомылэ тынрэ,
цIыфхэм зэкIэми якъурмэнгъэстрэ ахэм ягъомылэ тын-
рэ яшъон къурмэни зэрягъусэу къурмэншIыпIэ шъхьа-
Iэм щыгъэстых. Къурмэнгъэст ашIырэ, нэмыкI къурмэн
ашIырэ былымышъхьэ пэпчъ ылъ зэрэщытэу къурмэн-
шIыпIэм текI. Адрэ джэрз къурмэншIыпIэм етшIэщтыр
сэ къэсIощт». 16 Арыти, Урый къурмэнышIым пачъыхьэу
Ахъаз унашъо къызэрэфишIыгъэм фэдэу ышIыгъ. 17 Па-
чъыхьэу Ахъаз щэрэхъхэр зыкIэт тхьакIыпIэ-тегъэуцуа-
пIэхэм абгъухэу кIоцIымкIэ щыIэ зэгъэпытылIапIэхэм-
кIэ зэкIэгъэпытыхьагъэхэр къахикIыкIхи, ахэм атетыгъэ
джэрз лэгъупхэр къатырихыгъэх. Лэгъуп-псыубытыпIэр,
джэрзым хэшIыкIыгъэ цоу ащ ычIэгъ чIэтыгъэхэм къа-
тырихи, мыжъо джэхашъом тыригъэуцуагъ. 18 Шэмбэт
мафэхэм Тхьэм и Унэ рычIэхьанхэу ащ къыпишIыхьа-
гъэри**, ежь пачъыхьэр Зиусхьаным и Унэ кIо зыхъукIэ
зычIэтэу къызэрыкIорэ гъэIагъэри ашур пачъыхьэм
игуапэ хъуным пае зэфаригъэшIыжьыгъэх. 19 Ахъаз зэкIэ

* 16:13 Адрэ къурмэнхэм ягъусэу сэнэпсыр къурмэншIыпIэм тыракIэщтыгъэ (еплъ «Мосэ иящэнэрэ тхылъ» 23:13).

** 16:18 Мы чIыпIэм имэхьанэ ижъырэ джуртыбзэмкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым щызэхэфыгъуаеу щыт.

иIофшIагъэхэр ехъуд пачъыхьэхэм яхьылIэгъэ Iэпэрытхэм арытхагъэхэба. [20] Джаущтэу Ахъаз ятэ пIашъэхэр зыдэщыIэхэм зегъэзэжьым, ятэ пIашъэхэм афэдэу, ятэ Даут икъалэ щагъэтIылъыжьыгъ. Арыти, ыкъо Хъызкъый ащ ычIыпIэ пачъыхьагъум техьагъ.

## ЯпшIыкIублэнэрэ шъхьэр

*Израилым ипачъыхьэу ХъощэI*

17 [1] Ехъудэм ипачъыхьэу Ахъаз зыпачъыхьэр япшIыкIутIонэрэ илъэсым хэхьагъэу Елэ ыкъо ХъощэI
Израилым ипачъыхьанэу Щамэрэн щытехьи, илъэсибгъо пачъыхьагъэ. [2] Ежь ыпэкIэ тетыгъэ израил пачъыхьэмэ афэмыдэми, Зиусхьаным къемыкIущтыр ышIэщтыгъ. [3] Ашурым ипачъыхьэу Щалмынэсэр ащ зыкъыпиIэти, ХъощэI ащ ыIэ илъэу хъугъэ, тын Iахьэхэри ритыщтыгъэх. [4] Ау Ашурым ипачъыхьэ ХъощэI зэрэгокIыгъэм гу лъитагъ, сыда пIомэ ащ илIыкIо Iофтабгэхэр Мысырым ипачъыхьэу Сэу дэжь ыгъакIощтыгъэх, Ашурым ипачъыхьэ илъэс къэс ритын фэегъэ тын Iахьэхэр фаригъащэщтыгъэхэп. Арыти, Ашурым ипачъыхьэ ар аригъэубыти, хьапсым чIаригъэдзагъ.

*Темыр пачъыхьагъоу Щамэрэн зэраштагъэр*

[5] ЕтIанэ Ашурым ипачъыхьэ идзэ игъусэу, зэрэхэгъэгоу зэлъиубытэу къыибани, Щамэрэн къалэм къекIуи, ар къэдзыхьагъэу илъэсищэ ыIыгъыгъ. [6] ХъощэI зыпачъыхьэр ябгъонэрэ илъэсым хэхьагъэу ашур пачъыхьэм

Щамэрэн ышти, израил цIыфхэр ыгъэкощхи Ашурым
раригъэщыгъэх. Хъалахъ къалэ, Гозан хэкум ит Хъабэр
псыхъом ылъэныкъокIэ, мадай къалэхэм ахэр аригъэ-
гъэкощыгъэх. 7 Щамэрэн къалэр аштагъ, сыда пIомэ
израил цIыфхэм я Зиусхьанэу Тхьэу, ахэр Мысыр хэ-
гъэгум къизыщыжьыгъэу, Мысырым ипачъыхьэ фир-
хьауным къыIэкIэзыхыжьыгъэм къемыкIущтыр ашIэ-
щтыгъэ, нэмыкI тхьэхэм шъхьащэ афашIыщтыгъ, 8 Зиу-
схьаным израил цIыфхэм ахифыжьыгъэ лъэпкъхэм
яхабзэхэми, израил пачъыхьэхэм ягъэпсыкIэхэми атет-
хэу зекIохэу, ахэм афэдэ зашIэу ублагъ. 9 Джаущтэу
израил цIыфхэм я Зиусхьанэу Тхьэм къемыкIущтхэр
шъэфэу ашIэу ублагъ. Къэлэ цIыкIухэм къащегъэжьа-
гъэу дэпкъхэмкIэ гъэпытэгъэ къэлэшхомэ анэсыжьэу
къурмэн зыщашIырэ лъэгапIэхэр якъэлэ пстэуми ада-
гъэуцуагъэх. 10 Ахэм Астартэ пае пкъэухэмрэ мыжъосын-
хэмрэ Iошъхьэ лъагэ пэпчърэ чъыг жьау чIэгъ пэпчърэ
ащагъэуцугъэх. 11 Зиусхьаным ахэм ахифыжьыгъэ цIыф
лъэпкъхэм зэряхэбзагъэу, къурмэн зыщашIырэ лъэга-
пIэхэм гъомэ IашIухэр къызпиххэрэр ащагъэущтыгъэх,
Зиусхьаныр агъэгубжэу Ащ къемыкIущтхэр ашIэщты-
гъэх. 12 Зиусхьаным «Ахэр шъумышIэх» къызфариIо-
гъэ тхьэ нэпцIхэм шъхьащэ афашIыщтыгъэ. 13 Ау Зиу-
схьаным итхьэлIыкIо пстэухэмкIи, усэрэжъ пэпчъкIи
Израилымрэ Ехъудэмрэ къариIогъагъэба: «Шъуигъо-
гу пхэнджхэм шъуакъытекIи, шъуятэхэм къахэслъхьэ-
гъэ хабзэу Си Iумэт тхьэлIыкIохэмкIэ къэзгъэкIуагъэр
Си унашъохэмрэ Си шапхъэхэмрэ атетэу жъугъэцакIэ».
14 Ау ахэр дэIуагъэхэп, я Зиусхьанэу Тхьэр зышIошъ
мыхъущтыгъэ ятэхэм афэдэу, якъаигъагъэ хагъэхъуагъ.
15 Зиусхьаным ишапхъэхэр, ятэхэм Ащ къадишIыгъэ
иIуагъэ, Ащ зыфигъэсакъщтыгъэхэр щагъэзыягъэх. Тхьэ
нэпцIхэм шъхьащэ афашIыщтыгъэти, осэнчъэу хъугъэх.

Ягъунэгъу цIыф лъэпкъхэм афэдэу мызекIонхэу Зиу-
схьаным унашъо къызфафишIыгъагъэхэм акIырыплъы-
гъэх. [16]Джаущтэу я Зиусхьанэу Тхьэм и Унашъохэр зэкIэ
щагъэзыехи, тхьэпапкIэхэу шкIитIу дышъэм хагъэткIу-
кIыгъ, Астартэ пае пкъэухэр агъэуцугъэх, тыгъэ-жъо-
гъо-мазэхэм, БаIал шъхьащэ афашIыщтыгъэ. [17]Акъо-
хэмрэ апхъухэмрэ машIокIэ къурмэн ашIыщтыгъэх,
шхъухьэшIэнымрэ джэнчыдзынымрэ апылъыгъэх, Зиу-
схьаным къемыкIущтыр зэрашIэнымрэ Ар зэрагъэгу-
бжынымрэ ыуж итыгъэх. [18]Арыти, Зиусхьаныр израил
цIыфхэм лъэшэу къафэгубжи, ахэр ынэIу ригъэкIыгъэх.
Ехъуд лъэпкъым нэмыкI зыпари къэнагъэп. [19]Ехъудэми
и Зиусхьанэу Тхьэм иунашъохэр ыгъэцакIэщтыгъэхэп,
израил цIыфхэм къаштэгъэ хабзэхэм атетэу псэущтыгъэ.
[20]Арыти, Зиусхьаныр Израилым илIэуж пстэуми къафэ-
губжи, ахэр ригъэуцолIагъэх, хъункIэкIо-цунтхъакIохэм
яIэрылъхьэ ышIыхэзэ, аужыпкъэм ынэIу ригъэкIыпа-
гъэх. [21]Израилым Даут икIэн Ехъудэм зыгуиушъхьафы-
кIыпи, Нэуат ыкъо ЯрабIам пачъыхьэу тыригъэхьагъ.
ЯрабIам Израилыр Зиусхьаным кIэрищи, псэкIодышхом
хищагъ. [22]Джаущтэу израил цIыфхэр ЯрабIам ышIэрэ
псэкIод пстэумэ ахэтыгъэх, ахэм къакIырагъэчыщтыгъэп.
[23]Аужыпкъэм Зиусхьаным иIумэт тхьэлIыкIо пстэухэм
къызэраригъэIогъагъэм тетэу Израилыр ынэIу ригъэ-
кIыгъ. Джаущтэу Израилыр ичIыгу рагъэкIи, Ашурым
зэрагъэкощыгъэу джы къызнэсыгъэми ащ щыI.

### *НэмыкI лъэпкъхэм ащыщхэр*
### *Щамэрэн къызэрэрагъэтIысхьагъэхэр*

[24]Ашур пачъыхьэм Бабилэн, Кутэ, Iао, Хъамат, Сэ-
фаруаим къалэмэ адэсхэр къыгъэкощхи, ахэр израил
цIыфхэм ачIыпIэ Щамэрэн къалэхэм адигъэтIысхьа-
гъэх. Ахэм Щамэрэн хэкур зэлъаубыти, ащ ит къалэхэм

ащыпсэухэу рагъэжьагъ. 25 Ахэр а чIыпIэм къызагъэ-
кощыгъэхэм къыщегъэжьагъэу Зиусхьаным шъхьащэ
фашIыщтыгъэпти, Зиусхьаным аслъанхэр къаригъэкIу-
хэти, ахэм ащыщхэр алIыщтыгъэх. 26 Арыти, Ашурым
ипачъыхьэ къэбар фахьи раIуагъ: «ЦIыфэу бгъэкощхи
щамэрэн къалэхэм адэбгъэтIысхьагъэхэм а хэгъэгум и
Тхьэ ихабзэхэр ашIэхэрэпышъ, Тхьэм джащ пае аслъан-
хэр къатырегъэбанэх, а хэгъэгум и Тхьэ ихабзэхэр ахэм
зэрамышIэхэрэм пае мары алIых». 27 Джащ пае Ашурым
ипачъыхьэ унашъо ышIи ыIуагъ: «Ащ къижъугъэкощы-
кIыгъэ къурмэнышIхэм ащыщэу зы нэбгырэ орэкIуи
щэрэпсэу, а хэгъэгум и Тхьэ ихабзэхэм ахэр аферэгъа-
сэх». 28 Арыти, Щамэрэн къырагъэкощыкIыгъэхэм ащы-
щэу зы къурмэнышI горэ кIуи, Бэтэл дэсэу ахэр Зиу-
схьаным шъхьащэ зэрэфэпшIыщтым фигъасэщтыгъэх.
29 Ау щытми цIыф лъэпкъ пэпчъ джыри ежь итхьэ нэпцI-
хэр ышIыхэти, Щамэрэн щыпсэущтыгъэхэм якъурмэн-
шIыпIэ лъэгапIэхэм атырагъэуцогъэгъэ тхьэлъэIупIэ-
унэмэ ащигъэуцущтыгъэх. Лъэпкъ пэпчъ зыщыпсэурэ
къалэм ахэр ащагъэуцугъэх. 30 Бабилэн щыщхэм Су-
къот-Бэнот агъэуцугъ, Кут щыщхэм – Нэргъал, Хъамат
щыщхэм – Ащымэ, 31 Iао щыщхэм Ныбхъазрэ Тартакъ-
рэ агъэуцугъэх, Сэфаруаим щыщхэм якIалэхэр ятхьэ-
нэпцIхэу Адрамэлэхрэ Iанамэлэхрэ апае машIокIэ къур-
мэн ашIыщтыгъэх. 32 Ащ дакIоуи Зиусхьаными шъхьащэ
фашIыщтыгъэ, ежьмэ ащыщ цIыф зэфэшъхьафхэр зы-
хадзыхи, къурмэншIыпIэ лъэгапIэмэ къурмэнхэр аща-
шIынхэу Iуагъэхьагъэхэу, ахэр къурмэнхэр зыщашIырэ
лъэгапIэхэм атырагъэуцогъэгъэ тхьэлъэIупIэунэмэ аIу-
тыгъэх. 33 Ахэм Зиусхьаным шъхьащэ фашIыщтыгъэ,
къызхагъэкощыкIыгъэ лъэпкъхэм ахэлъыгъэ хабзэм
тетэу, джаущтэуи ежьхэм ятхьэнэпцIхэми афэлажьэ-
щтыгъэх. 34 Джы къызнэсыгъэми ахэр пасэм ахэлъыгъэ

хабзэхэм атетэу мэпсэух: Зиусхьаным щыщынэхэрэп,
Зиусхьаным Израил цIэр къызфиусыгъэ Якъубэ ыкъо-
хэм къафигъэпытэгъэ шапхъэхэр, гъэнэфагъэхэр, ха-
бзэхэр, унашъохэр агъэцакIэхэрэп. [35] Зиусхьаным ахэм
Iуагъэ къадишIи, унашъо къафишIи, къариIуагъ: «Нэ-
мыкI тхьэхэр шъумыгъэлъапIэх, ахэм шъхьащэ афэшъу-
мышI, шъуафэмылажь, къурмэнхэри афэшъумышI. [36] Ау
зыIэ къышъуфэзыщэйи, зикIочIэшхокIэ мысыр хэгъэ-
гум шъукъизыщыжьыгъэ Зиусхьаныр, Джар жъугъэлъа-
пIэ, Джащ шъхьащэ фэшъушI, Джащ къурмэнхэр фэ-
шъушIых. [37] Ащ шъо къышъуфитхыгъэ шапхъэхэр, гъэ-
нэфагъэхэр, хабзэр, унашъохэр зэрэжъугъэцэкIэнхэм
сыдыгъуи шъупылъ, нэмыкI тхьэхэр шъумыгъэлъапIэх.
[38] Сэ Iуагъэу къыжъудэсшIыгъэр зыщышъумыгъэгъупш,
нэмыкI тхьэхэр шъумыгъэлъапIэх. [39] Ау шъуи Зиусхьа-
нэу Тхьэ закъор жъугъэлъапIэ, джащыгъум Ащ шъуи-
пый пстэуми шъуакъыIэкIихыжьыщт». [40] Ау ахэр дэIуа-
гъэхэп, пасэм ахэлъыгъэ хабзэхэм атетэу зекIощтыгъэх.
[41] Ау щытми а лъэпкъхэм Зиусхьаныр агъэлъапIэщты-
гъэми, тхьэнэпцIхэм ямыжъосынхэм афэлажьэщтыгъэх.
Ахэм ялъфыгъэхэри, ялъфыгъэхэм къалъфыжьыгъэхэ-
ри ятэхэр зэрэзекIощтыгъэхэм фэдэу джы къызнэсы-
гъэми щытых.

**ЯпшIыкIуенэрэ шъхьэр**

*Ехъуд пачъыхьэу Хъызкъый*

**18** [1] Израилым ипачъыхьэу Елэ ыкъо ХъощэI зыпа-
чъыхьэр ящэнэрэ илъэсым хэхьагъэу Ехъудэм ипа-
чъыхьэу Ахъаз ыкъо Хъызкъый пачъыхьагъум техьагъ.

2 Ар пачъыхьагъум зытехьэм ыныбжьыгъэр илъэс тIо-
кIырэ тфырэ, илъэс тIокIрэ бгъурэ Ерусэлэм щыпачъы-
хьагъ. Ащ янэ Зэхарый ыпхъугъ, ыцIагъэр Абый. 3 Ятэ-
шхо Даут фэдэу ащ Зиусхьаным къекIущтыр зэкIэ
ышIэщтыгъэ. 4 Ащ къурмэнхэр зыщашIырэ лъэгапIэхэр,
пкъэухэр, Астартэ имыжъосынхэр зэхаригъэкъутэжьы-
гъэх. Мосэ ышIыгъэгъэ джэрз блэри зэхицIыцIэжьыгъ,
сыда пIомэ а уахътэм нэс израил цIыфхэр Нэхъу-
щтэнкIэ* ащ еджэхэзэ, гъомэ IашIухэр къызпиххэрэр
ыпашъхьэ щагъэстыщтыгъэх. 5 Израилым и Зиусхьанэу
Тхьэм ар пытэу щыгугъыщтыгъ. Ащ фэдэ ехъуд пачъы-
хьэхэм ахэтыгъэп, ыужкIи ыпэкIи фэдэ къахэкIы-
гъэп. 6 Ар Зиусхьаным епкIылIагъэу, Ащ къыкIэрыкIы-
щтыгъэп, Зиусхьаным Мосэ осыетэу къыфишIыгъэ уна-
шъохэр ыгъэцакIэщтыгъэх. 7 Джаущтэу Зиусхьаныр ащ
игъусагъ, сыдрэ Iоф рихьыжьагъэми зэкIэри къыдэхъу-
щтыгъэ. Ащ ашур пачъыхьэм итетыгъо зыкъыпиIэти,
фэмыпщылIыжьэу хъугъэ. 8 Ар фылистхэм язауи, Iазэ
къалэм нэсэу, ащ иIэгъо-чIыгъо щыпсэущтыгъэхэми,
къэлэ цIыкIухэми дэпкъхэмкIэ гъэпытэгъэ къэлэшхо-
хэм адэсыгъэхэм зэкIэми атекIуагъ. 9 Хъызкъый зыпа-
чъыхьэр яплIэнэрэ илъэсым хэхьагъэу, израил пачъы-
хьэу Елэ ыкъо ХъощэI зыпачъыхьэр яблэнэрэ илъэсым
хэхьагъэу, Ашурым ипачъыхьэу Щалмынэсэр Щамэ-
рэн къекIуи, къыдзыхьагъ. 10 Илъэсищ зытешIэм, Хъыз-
къый зыпачъыхьэр яхэнэрэ илъэсым хэхьагъэу, Израи-
лым ипачъыхьэу ХъощэI пачъыхьагъум зытетыр ябгъо-
нэрэ илъэсым хэхьагъэу, Щамэрэн ащ ыштагъ. 11 Арыти,
ашур пачъыхьэм израил цIыфхэр ыгъэкощхи, Ашурым
раригъэщыгъэх, Хъалахъ къалэ, Гозан хэкум ит Хъабэр

* 18:4 Нэхъущтэным ижъырэ джуртыбзэмкIэ къикIырэр: «джэр-
зым хэшIыкIыгъэ блэр».

псыхъом ылъэныкъокIэ, мадай къалэхэм ахэр арарығъэ-
кощыгъэх. 12 Я Зиусхьанэу Тхьэм зэремыдэIугъэхэм, Ащ
иIуагъэ зэраукъуагъэм, Зиусхьаным иIумэт Мосэ уна-
шъоу къафишIыгъэхэм зэрямыдэIугъэхэмрэ зэрамыгъэ-
цэкIагъэхэмрэ пае ахэм джар къащышIыгъ.

*Ашурхэм Ерусэлэм зэраштагъэр*

13 Хъызкъый зыпачъыхьэр япшIыкIузэнэрэ илъэсым
хэхьагъэу Ашурым ипачъыхьэу Санхъэриб Ехъудэм
икъэлэ зэкIэгъэпытыхьагъэхэм къякIуи, ахэр ыштагъэх.
14 Ехъудэм ипачъыхьэу Хъызкъый ашур пачъыхьэм дэжь,
Лахыщ къалэм, ыгъакIохи раригъэIуагъ: «Сызэрэмысэм
сеуцолIэжьы, скIэрыкIыжьба. Къыстеплъхьэрэр спщы-
нымщт». Арыти, ашур пачъыхьэм Ехъудэм ипачъыхьэу
Хъызкъый къыритын фаеу тыжьын килограмм ми-
нибгъу фэдизрэ, дышъэ килограмм шъибгъу фэдизрэ
къытырилъхьагъ. 15 Арыти, Хъызкъый Зиусхьаным и
Унэ къырагъотэгъэ тыжьын пстэури, пачъыхьэм иунэ
къырахыгъэ мылъкури аритыгъэх. 16 Ащ дэжьым Хъыз-
къый Зиусхьаным иунапчъэмэ атеIулIэгъэ дышъэмрэ
пчъэблыпкъхэм ащ атырарығъэIулIэгъэ дышъэмрэ къа-
тыритхъыжьхи, ашур пачъыхьэм ритыгъэх.

17 Ашур пачъыхьэм идзэIэшъхьэтет пащэ, ихэгъэгу Iэ-
шъхьэтетышхо, икъулыкъушI шъхьаIэ дзэшхор ягъусэу
Лахыщ къалэм къыдигъэкIхи зэонхэу Хъызкъый па-
чъыхьэм дэжь Ерусэлэм къыгъэкIуагъэх. Ахэр къежьэхи
Ерусэлэм къекIолIагъэх, ыпшъэкIэ щыIэ псыубыты-
пIэм къыхэкIырэ псычъапIэу щыгъынхэр зыщагыкIхэрэ
чIыпIэм дэжь къэуцугъэх. 18 Ахэр пачъыхьэм къеджа-
гъэхэти, пачъыхьэм иунэ-хапIэ лъыплъэщтыгъэу Хъыл-
къый ыкъо Елыекъым, Щэбнэ тхакIор, пачъыхьэм
иIофшIэкIэ-псэукIэ зытхыщтыгъэу Асаф ыкъо Иоахъ

ахэм адэжь кIуагъэх. 19 Арыти, пачъыхьэм икъулыкъушI
шъхьаIэ къариIуагъ: «Хъызкъый ешъуIожь: „Пачъы-
хьэшхоу, Ашурым ипачъыхьэ, мары къызэреупчIырэр:
‘Сыда гугъапIэу уиIэр? 20 О къапIорэмкIэ заом текIо-
ныгъэ щыпшIышъущта? Сэ узгокIыжьыгъэмэ, хэта адэ
джы о узщыгугъырэр? 21 Мары бэщ зэпыкIыгъэу, ащ
зытезгъакIэрэм ыIэ къыкIоцIырыхьанышъ, къыхэонэу
щыт Мысырыр IэпыIэгъу къызфэпшIынэу о огугъэ.
Мысырым ипачъыхьэ фирхьауныр щыгугъыхэрэмкIэ
зыфэдэр джары’. 22 ‘Ти Зиусхьанэу Тхьэм тыщэгугъы’
къысашъуIомэ, ар къурмэнхэр зыщашIыщтыгъэхэу зи-
лъэгапIэхэмрэ зикъурмэншIыпIэхэмрэ Хъызкъый зэхи-
къутэжьхи, ‘Ерусэлэм дэт мы къурмэншIыпIэ закъор
ары ныIэп шъхьащэ зыфэшъушIыщтыр’ ыIуи, Ехъудэм-
рэ Ерусэлэмрэ къызфариIуагъэр арба? 23 Арышъ, сизи-
усхьан ашур пачъыхьэр къыппехьэ: шы минитIу къыо-
стыщт, ахэм атесыщт цIыфхэр къэбгъотышъущтхэмэ.
24 Сизиусхьан иIумэт Iэшъхьэтет анахь къызэрыкIом
сыдэущтэу о утекIошъуна? Ку псынкIэхэмрэ шыхэмрэ
зэриIэхэм пае Мысырым ущэгугъы арба? 25 Зиусхьаным
ишIоигъоныгъэ хэмылъэу мы чIыпIэр хэкужъ сшIы-
нэу сыкъэкIуагъэп ныIа? Зиусхьаным сэ къысиIуагъ: ‘А
чIыпIэм кIуи хэкужъ шIы’“». 26 Арыти, Хъылкъый ыкъо
Елыекъым, Щэбнэ, Асаф ыкъо Иоахъ хэгъэгу Iэшъхьэ-
тетым раIуагъ: «УиIумэтхэм арамыбзэр къыдгурэIошъ,
къэлэ дэпкъым тет цIыфхэр къэдаIохэшъ, джуртыбзэкIэ
укъыддэмыгущыI». 27 Ау ашур пачъыхьэм икъулыкъушI
шъхьаIэ ахэм къариIуагъ: «Сизиусхьан мы къэсIуагъэр
о уизиусхьанрэ оррэ нэмыкI ясымыIонэу сыкъыгъэ-
кIуагъа? Хьау, джа дэпкъым тет цIыфхэуи, шъори шъу-
зэрахэтэу, зибзэджэ-наджэхэр зышхыжьыщтхэу изышъу-
жьыщтхэми ясэIо». 28 Джащ дэжьым къулыкъушI шъхьа-
Iэр къэтэджи, ымакъэ лъэшэу Iэтыгъэу, джуртыбзэкIэ

къыIуагъ: «Пачъыхьэшхом, Ашурым ипачъыхьэ, ыIо-
рэм шъукъедэIу! 29 Пачъыхьэм ыIорэр мары: „Хъызкъый
шъуерэмыгъэдел, сыда пIомэ ащ шъусщиухъумэн ылъэ-
кIыщтэп. 30 ‘Зиусхьаным тыкъиухъумэщт, мы къалэр
Ашурым ипачъыхьэ IэкIигъэхьащтэп’ ыIозэ, Хъыз-
къый Зиусхьаным шъущерэмыгъэгугъ. 31 Хъызкъый шъуе-
мыдэIу. Сыда пIомэ Ашурым ипачъыхьэ ыIорэр мары:
‘Зыкъысэшъутэу, шъукъызгоуцомэ, хэти исэнашъхьэ-
рэ имаркIорэ ылэжьхэмэ ышхыжьхэу, ипсыешъуапIэ
къыхихырэ псым ешъожьэу щыIэщт. 32 ЕтIанэ сыкъэ-
кIонышъ, шъо шъуичIыгу фэдэу, лэжьыгъэмрэ са-
нэмрэ зэрызхэу, хьалыгъумрэ сэнэшъхьэшIапIэхэмрэ
зыщыхъойхэу, зэйтын чъыгхэр къызщыкIыхэу, шъоур
зыдэщыIэ чIыгум шъусщэжьынышъ, шъущыпсэущт,
шъущылIэщтэп’. ‘Зиусхьаным тыкъиухъумэщт’ зыIозэ,
шъузгъэпцIэрэ Хъызкъый шъуемыдэIуба. 33 Лъэпкъхэм
ятхьэхэм а лъэпкъмэ ячIыгухэр ашур пачъыхьэм ра-
мыгъэштэн алъэкIыгъа? 34 Тыдэ щыIэха Хъамат, Арпад
къалэхэм ятхьэхэр? Тыдэ щыIэха Сэфаруаим, ХэнаI,
Iиуа къалэхэм ятхьэхэр? Ахэм Щамэрэн самыгъэштэн
алъэкIыгъа? 35 Хэта а хэкухэм ятхьэ пстэумэ ащыщэу
зичIыгу сэ сщызыухъумагъэр? Зиусхьаным Ерусэлэм
сэ джы симыгъэштэнэуи?“» 36 Ау цIыфхэм зи аIощты-
гъэп, зи ащ рамыIожьынэу пачъыхьэм унашъо къафи-
шIыгъэти, иджэуапэу зы гущыIи аIощтыгъэп. 37 Джау-
щтэу пачъыхьэм иунэ-хапIэ лъыплъэщтыгъэу Хъыл-
къый ыкъо Елыекъым, Щэбнэ тхакIор, пачъыхьэм
иIофшIэкIэ-псэукIэ зытхыщтыгъэу Асаф ыкъо Иоахъ
ящыгъынхэр зэIытхъыгъэхэу Хъызкъый дэжь къагъэзэ-
жьи, ашур пачъыхьэм икъулыкъушI шъхьаIэ къариIуа-
гъэр къыфаIотэжьыгъ.

## ЯпшIыкIубгъонэрэ шъхьэр

*Хъызкъый тхьэлIыкIоу ЕщаIыехъу*
*упчIэжьэгъу зэришIыгъэр*

19 1 Хъызкъый пачъыхьэм иIумэтхэм якъэбар зызэ-
хехым, ищыгъынхэр зэIитхъи, дзыопхъэ шэкI
пхъашэм хэшIыкIыгъэ джанэр ыкIышъо нэсынэу зы-
щилъи, Зиусхьаным и Унэ кIуагъэ. 2 Хъызкъый пачъы-
хьэм иунэ-хапIэ лъыплъэрэ Елыекъым, Щэбнэ тхакIор,
къурмэнышI шъхьаIэхэр, дзыопхъэ шэкI пхъашэм хэ-
шIыкIыгъэ джанэхэр акIышъомэ анэсынэу ащыгъхэу,
Амэц ыкъо ЕщаIыехъу тхьэлIыкIом дэжь ыгъэкIуагъэх.
3 Ахэм ащ раIуагъ: «Хъызкъый ыIорэр мары: „Непэрэ
мафэр гукъаом, пщыныжьым, хьайнэпагъэм ямаф. Зи-
къэхъугъо сабыир къылъфыжьынэу кIуачIэ зимыIэжь
бзылъфыгъэм тыфэд тэ. 4 Ти Зиусхьанэу Тхьэу узфэла-
жьэрэм къызэхихыгъэмэ, Тхьэу щыIэм емыкIухэр риIо-
лIэнхэу изиусхьан ашур пачъыхьэм къыгъэкIогъэ дзэ
пэщэ IэшъхьэтетыM зэкIэ къыIогъэ гущыIэхэу ти Зиу-
схьанэу Тхьэу узфэлажьэрэм къызэхихыгъэхэм апае ифэ-
шъуашэр рерэгъэгъот. Псэоу къэнэжьыгъэхэм апае Тхьэм
елъэIуба“». 5 Арыти, Хъызкъый пачъыхьэм иIумэтхэр
ЕщаIыехъу дэжь къакIохи пачъыхьэм ыIорэр зыраIом,
6 ЕщаIыехъу ахэм къариIожьыгъ: «Шъуизиусхьан мыщ
фэдэу ешъуIожь: „Зиусхьаным ыIорэр мары: ‘Ашур па-
чъыхьэм иIумэтхэм къысаIолIэгъэ емыкIоу зэхэпхыгъэ-
хэм зыкъямыгъэгъащт. 7 Мары къэбар къылъызгъэIэсы-
нышъ, ихэгъэгу ымыгъэзэжьмэ мыхъунэу чIыпIэ изгъэ-
фэщт. Сэ ар чатэкIэ ащ щязгъэукIыщт’“».

### *Ашурхэм къязэонхэу аІуи къызэрагъэщынагъэхэр*

[8] Ашур дзэм идзэпэщэ Іэшъхьэтет Лахыщ къалэм зе-
гъэзэжьым, ашур пачъыхьэр ащ дэкІыгъэу Либнэ къалэ
зэрэтебэнагъэр ышІагъ. Джащ пае пачъыхьэм дэгущы-
Іэнэу а къалэм ар кІуагъэ. [9] Куш хэгъэгум* ипачъыхьэу
Тырхъакъ ашур пачъыхьэм къезэонэу къызэрежьагъэм
икъэбар зэхихыгъэти, Хъызкъый дэжь лІыкІохэр джыри
ащ ыгъэкІуагъэх. [10] Ащ раригъэІуагъ: «Ехъудэм ипачъы-
хьэу Хъызкъый мыщ фэдэу ешъуІу: „‘Ерусэлэм ашур
пачъыхьэм ІэкІагъэхьащтэп’ пІозэ, узщыгугъырэ уи Тхьэ
уерэмыгъапцІ. [11] Сэри, нэмыкІхэуи ашур хэгъэгум теты-
гъор щызыІыгъыгъэхэми хэгъэгу пстэури зэрагъэкІоды-
гъэм ущыгъуазэба, – ора псэоу къэнэжьыщтыр? [12] Сятэмэ
зэрапхъогъэ лъэпкъхэр, Гозан, Хъаран, Рэцэф къалэ-
хэр, Тэласар чІыгум ит Іэдэн къалэм щыщхэр ятхьэ-
хэм къагъэнэжьыгъэх шІуа? [13] Тыдэ щыІа Хъамат къа-
лэм ипачъыхьэ, Арпад къалэм ипачъыхьэ? Тыдэ щыІэ-
ха Сэфаруаим, ХэнаІ, Іиуа къалэхэм япачъыхьэхэр?“»
[14] Хъызкъый лІыкІохэм къахьыгъэ тхьапэ тхыгъэр къа-
Іихи еджагъ. Ащ лъыпытэу Зиусхьаным и Унэ кІуи,
ар Зиусхьаным ыпашъхьэ къыщызэкІоцІихыгъ. [15] Хъыз-
къый Зиусхьаным ыпашъхьэ щытэу елъэІузэ, къыІуагъ:
«А Зиусхьанэу, Израилым и Тхьэу Къэрыубмэ атесыр!
О зыр ары чІыгум тет пачъыхьагъу пстэуми я Тхьэр,
уашъори чІыгури О къэбгъэшІыгъэх. [16] Зиусхьаныр, мыдэ
къэдаІуи къызэхэх, уинэплъэгъу мыкІэ къэгъази къаплъэ.
Зиусхьан, О ренэу щыІэ Тхьэм, емыкІухэр къыуаІолІэн-
хэу Санхъэриб къыгъэкІуагъэхэм аІохэрэр къызэхэх! [17] А
Зиусхьан, шъыпкъэ дэдэмкІэ, ашур пачъыхьэхэм цІыф

---

* 19:9 Непэрэ Эфиопиемрэ Суданымрэ алъэныкъокІэ щыІагъ.

лъэпкъхэри, ахэр зэрыс хэгъэгухэри зэрапхъуагъэх.
18 Ятхьэпэпкlэ пкъыгъохэри ахэм машIом падзагъэх,
сыда пIомэ шъыпкъэ дэдэмкIэ ахэр тхьэхэп, цIыфмэ
пхъэмрэ мыжъомрэ ахашIыкIыгъэх ныIэпти, агъэкIо-
дыгъэх. 19 Арышъ, ти Зиусхьанэу Тхьэр, сыолъэIу: ащ
тыкъыIэкIэхыжьи, а Зиусхьан, о узэрэ Тхьэ закъор чIы-
гум тет пачъыхьагъу пстэуми зэлъашIэщт».

*ЕщаIыехъу Ашурым ипачъыхьэ*
*икIодыкIэ хъущтыр къызэриIуагъэр*

20 Амэц ыкъо ЕщаIыехъу Хъызкъый дэжь раIонэу
ыгъэкIуагъэх: «Израилым и Зиусхьанэу Тхьэм ыIорэр
мары: „Ашурым ипачъыхьэу Санхъэриб пэшIуекIу, Сэ
укъызэрэсэлъэIугъэр къызэхэсхыгъ“. 21 Ащ ехьылIагъэу
Зиусханым къыIорэр мары:

„Цион ыпхъоу пшъэшъапIэм итым укъыридзахэрэп,
къыпкIэнакIэ;
Ерусэлэм ыпхъу* ышъхьэ
уакIыбкIэ щегъэсысы.
22 Хэт о узэгыигъэри, емыкIухэр зэпIолIагъэхэри?
Хэт умакъэ къызпэпIэтыгъэри,
унапIэхэр лъагэу зыфыдэпщэягъэхэри?
Израилым ианахь ЛъапIэр ары!“
23 УиIумэт уилIыкIохэмкIэ Зиусхьаным уегыйзэ,
пIуагъэ:
„Сику псынкIэхэу бэ дэдэ хъухэрэмкIэ
къушъхьэ шыгухэм санэсыгъ.
Ливаным фэдэ чIыпIэ Iудзыгъэми сынэси,
ащ ит кедрэ анахь лъагэхэмрэ
кипарис анахь лъапIэхэмрэ къисыупкIыгъэх.

* 19:21 «Цион ыпхъоу пшъэшъапIэм итым», «Ерусэлэм ыпхъу» зыфиIорэ къэIуакIэхэр зэхьылIагъэхэр Ерусэлэм къалэр ары.

ЧIыпIэ анахь Iудзыгъэхэми санэси,
ямэзцунэхэми сапхырыкIыгъ,
24 чIыгум сэ сетIэзэ, псынэхэр стIыгъэх,
хэмэ псыр къарысхызэ, сэ сешъуагъ,
Нил псыхъо къосхэр слъэгухэмкIэ
изгъэгъушъыкIыгъэх“.
25 Ау зэхэпхыгъэба: бэшIагъэу Сэ ар зэрэсшIагъэр,
ижъым ижъыжьым аущтэу хъунэу
зэрисхъухьэгъагъэр,
о зэкIэгъэпытыхьэгъэ къалэхэм зыпари
къызэрадэмынэрэмкIэ,
къутэфэ Iуашъхьэ зэрэпшIыхэрэмкIэ ар
зэрэбгъэцэкIэжьырэр?
26 Ахэм ащыпсэурэ цIыфхэр кIочIаджэ хъугъэхэу,
щынэным къыхэкIэу мэкIэзэзых, шъхьакIом ешхых.
Губгъэм ит уцым, уц къыхэкIыгъакIэм,
унашъхьэмэ къатекIэрэ уцэу,
шъхьэлъэгъу имыфэу кIодыжьыгъэм фэдэх ахэр.
27 УзэрэтIысри, узэрэтэджри,
унэм узэрикIри, укъызэрихьажьри –
зэкIэ Сэ сэшIэ.
БзэджагъэкIэ укъызэрэспэуцужьри сэшIэ.
28 БзэджагъэкIэ укъызэрэспэуцужьрэм,
уипэгагъэ якъэбарэу къызнэсыгъэм пае,
сихъурджанэ упэгъуанэмэ арысщынышъ,
сижэдэлъхэр ужэ къыдэслъхьанхэшъ,
джа укъызэрыкIогъэ гъогу дэдэм утетэу
озгъэгъэзэжьынышъ, узгъэкIожьыщт»*.

* 19:28 Ашурхэм аубытырэ япыйхэм апэгъуанэмэ хъурджанэу аращыхэрэм, ажэхэм адалъхьэрэ жэдэлъхэм апашIэрэ кIапсэхэмкIэ гъэрхэр зэращэщтыгъэхэр ары мы чIыпIэм зигугъу къыщишIырэр.

[29] ЕтIанэ ЕщаIыехъу Хъызкъый пачъыхьэм фиIопщы-
жьыгъ: «Джы оркIэ щыIэщт гъэунэфыпIэхэр зыфэдэ-
хэр мары: лэжьыгъацэу чIыгум хафи къэкIыгъэм къы-
тырэр мы илъэсым шъушхыщт, адрэ илъэсым – ежь
чIыгум къытекIагъэр ары, ящэнэрэ илъэсым лэжьыгъэр
шъупхъыщт, Iушъухыжьыщт, сэнэшъхьэшIапIэхэр жъу-
лэжьынхэшъ, къапыкIэрэр шъушхыщт. [30] Ехъудэм псэоу
къинэжьыгъэхэм алъапсэхэр пытэжьынхэшъ, ашъхьапэ-
мэ гъэбэжъу къатыщт. [31] Ерусэлэмрэ Цион къушъхьэмрэ
ащыбэгъожьыщтых псэоу къэнэжьыщтхэр. Зиусхьаныр
лъэш дэдэу зыфаер джары.

[32] Арышъ, Зиусхьаным Ашурым ипачъыхьэ ехьылIагъэу
къыIорэр мары:

„Мы къалэм ар къыдэхьащтэп,
щабзи ащ дидзэщтэп,
мэIухэр ыIыгъэу ыштэнэу къекIолIэщтэп,
ащ дэхьаным пае къыдзыхьащтэп.
[33] Джа гъогоу къызэрыкIуагъэм тетэу ащ ыгъэзэжьыщт,
мы къалэми къыдэхьащтэп,
Сэ, Зиусхьаным, сэIо.
[34] Сэ сихьатыркIэ, сиIумэт Даут ихьатыркIэ,
мы къалэр къэзгъэнэжьыным пае къэсыухъумэщт“».

[35] А чэщым Зиусхьаным и МэлэIич къежьи, ашур дзэ-
уцупIэм кIуи, нэбгырэ минишъэрэ мин тIокIиплIырэ
минитфырэ щызэхиукIагъ. Пчэдыжьым цIыфхэр къызэ-
тэджыжьхэм, мары хьадэхэр тыдэкIи щылъхэу алъэгъу.
[36] ЕтIанэ Ашурым ипачъыхьэу Санхъэриб зэкIэкIожьи,
ашур пачъыхьагъум икъэлэ шъхьаIэу Нинэо ыгъэзэжьи, ащ
дэтIысхьажьыгъ. [37] Мафэ горэм ежь итхьэу Нысрэх иунэ
щелъэIузэ, ыкъомэ ащыщхэу Адрамэлэхрэ Сарэцэррэ ар
чатэкIэ аукIи, ежьхэр Арарат хэгъэгум екIужьыгъэх. Ыкъо-
мэ ащыщ Есархъадон ащ ычIыпIэ пачъыхьагъум техьагъ.

## ЯтIокIэнэрэ шъхьэр

*Хъызкъый пачъыхьэр зэрэхъужьыгъэр*

20 [1] А уахътэм Хъызкъый илIыкIынэу уз къыштагъ.
ТхьэлIыкIоу Амэц ыкъо ЕщаIыехъу ащ дэжь
къакIуи къыриIуагъ: «Зиусхьаным ыIорэр мары: „Умы-
хъужьэу улIэщтышъ, уибынхэм осыет къафэшIыжь“».
[2] Арыти, Хъызкъый ынэIу дэпкъым фигъази Зиусхьа-
ным елъэIузэ къыIуагъ: [3] «А Зиусхьан! Сызафэу уапа-
шъхьэ сызэритыгъэр, сыгукIэ сызэрэпфэшъыпкъагъэр,
къыокIущтыр зэрэсшIагъэр угу къэбгъэкIыжьынэу сыо-
лъэIу». Ащ лъыпытэу Хъызкъый лъэшэу къэгъыгъ. [4] Еща-
Iыехъу пачъыхьэр зыщыпсэурэ унэм ищагу джыри дэмы-
кIыжьыгъэу, Зиусхьаным ипсалъэ къылъыIэсыгъ. [5] «Гъэ-
зэжьи силъэпкъ ипщ Хъызкъый еIу: „Уятэшхо Даут и
Тхьэу Зиусхьаным ыIорэр мары: ‘УитхьэлъэIу Сэ къыз-
нэсыгъ, унэпсхэри слъэгъугъэх. Мары Сэ узгъэхъу-
жьынышъ, ящэнэрэ мафэм Зиусхьаным и Унэ укIощт.
[6] УигъашIэ илъэс пшIыкIутф къыпфыхэзгъэхъощт, ори
мы къалэми ашур пачъыхьэм шъущысыухъумэщт, Сэ
сихьатыркIэ, сиIумэт Даут ихьатыркIэ, мы къалэри къэз-
гъэнэжьыщт’“». [7] ЕщаIыехъу къыIуагъ: «Шхынцумпэ гъэ-
гъугъэ такъыр къашъуштэ». Арыти, ар къашти, къыте-
кIэгъэ бэгу етагъэм тыралъхьи ар нахьышIу хъужьыгъэ.
[8] Арыти, Хъызкъый ЕщаIыехъу еупчIыгъ: «Зиусхьаным
сызэригъэхъужьыпэщтымрэ ящэнэрэ мафэм Зиусхьа-
ным и Унэ сызэрэкIощтымрэ сыд фэдэ шыхьат нэшана
яIэщтыр?» [9] ЕщаIыехъу ащ къыриIожьыгъ: «Зиусхьаным
ыIуагъэр зэригъэцэкIэжьыщтым ишыхьат нэшанэ зы-
фэдэр мары: мары ныбжьыкъур шэпхъипшIыкIэ нахь

кIыхьэ хъугъэ. Уфая ар шэпхъипшIыкIэ икIэрыкIэу нахь
кIако хъужьынэу?»* 10 Хъызкъый къыIуагъ: «Ныбжьы-
къур шэпхъипшIыкIэ ыпэкIэ лъыкIотэныр къинэп, ау
ныбжьыкъур шэпхъипшIыкIэ къызэкIэрэкIожь». 11 Ары-
ти, тхьэлIыкIоу ЕщаIыехъу Зиусхьаным лъэшэу елъэIуи,
Ащ Ахъаз исыхьат илъэоянэхэм къатыридзэрэ ныбжьы-
къоу ыпэкIэ лъыкIуатэщтыгъэр шэпхъипшIыкIэ къызэ-
кIигъэкIожьыгъ.

*Бабилэн лIыкIохэр*
*Хъызкъый дэжь къызэрэкIуагъэхэр*

12 А уахътэм бабилэн пачъыхьэу, Баладан ыкъо Мэро-
дах-Баладан Хъызкъый зэрэсымаджэр зэхихыгъэти, илIы-
кIохэм тхылъыпIэ тхыгъэрэ шIухьафтынхэмрэ къыфари-
гъэхьыгъэх. 13 Хъызкъый къыфагъэкIуагъэхэм къаIуагъэм
игуапэу едэIуи, имылъку гъэтIылъыпIэхэр, итыжьынрэ
идышъэрэ, мэ IашIухэр къызпихрэ щыфэхэр, дэгъэ лъа-
пIэхэр, иIэшэ гъэтIылъыпIэ, иунэ илъ мылъкур зэкIэ
аригъэлъэгъугъэх. Хъызкъый иунэ итэу, ихапIэ дэтэу
аримыгъэлъэгъугъэ зи къэнагъэп. 14 Ащ ыуж тхьэлIыкIоу
ЕщаIыехъу пачъыхьэу Хъызкъый дэжь къакIуи къыри-
Iуагъ: «Тыда мы цIыфхэр къыздыпфикIыгъагъэхэри, сы-
да ахэм къыуаIуагъэри?» Хъызкъый ащ риIожьыгъ: «Ба-
билэн хэгъэгу чыжьэм ахэр къикIыгъэх». 15 ЕщаIыехъу
къыIуагъ: «Сыда ахэм уиунэ щалъэгъугъэр?» Хъызкъый
риIожьыгъ: «Сиунэ ит пстэури ахэм алъэгъугъ, симылъку
гъэтIылъыпIэхэм арылъэу ясымыгъэлъэгъоу зы пкъыгъо
закъуи къэнагъэп». 16 Ащ дэжьым ЕщаIыехъу Хъызкъый
риIуагъ: «Зиусхьаным ыIорэм къедэIу: 17 „Мары уахътэ
къэсынышъ, уиунэ илъри, уятэмэ джы нэс аугъоигъэри

* 20:10 Мы чIыпIэм зигугъу къыщишIырэр ижъырэ уахътэм тыгъэм инуыбжьыкъукIэ уахътэр зынэсыгъэр къызэрашIэщтыгъэр ары.

зэкIэ аштэнышъ, Бабилэн ащэщт. Зи къэнэщтэп“, джары Зиусхьаным ыIорэр.
[18] О къыпхэкIыщт кIалэмэ ащыщхэр ращынхэшъ, бабилэн пачъыхьэм иунэ-хапIэ анаIэ тырагъэтэу Iоф фашIэщт».
[19] Хъызкъый ЕщаIыехъу къыриIожьыгъ: «Зиусхьаным о къыуигъэIуагъэр дэгъу». Сыда пIомэ «Сэ сыщэIэфэ мамыррэ щыIэкIэшIурэ щэрэIэх!» ыIуи, ежь егупшысыжьыгъ.
[20] Хъызкъый зэкIэ иIофшIагъэхэмрэ, лIыгъэу ащ зэрихьагъэхэмрэ, ыпшъэкIэ щыIэ псыубытыпIэм къыхищыгъэ псычъапIэр къалэм къызэрэдищагъэмрэ ехъуд пачъыхьэхэм яхьылIэгъэ Iэпэрытххэм арытхагъэхэба.
[21] Джащ тетэу Хъызкъый ятэ пIашъэхэр зыдэщыIэм ыгъэзэжьыгъэти, ащ ыкъо Мэнасэ ежь ычIыпIэ пачъыхьагъум техьагъ.

**ЯтIокIэнэрэ зырэ шъхьэр**

*Ехъуд пачъыхьэу Мэнасэ*

**21** [1] Мэнасэ пачъыхьагъум зытехьэм ныбжьыгъэр илъэс пшIыкIутIу. Илъэс шъэныкъорэ тфырэ Ерусэлэм ар щыпачъыхьагъ. Янэ ыцIагъэр Хъэфцибахъ.
[2] Зиусхьаным израил цIыфмэ ахифыжьыгъэ лъэпкъхэм ашIэщтыгъэ гущыкIыгъо емыкIушхохэм акIырыплъзэ, Мэнасэ Зиусхьаным къемыкIущтыр ышIэщтыгъэ.
[3] КъурмэншIыпIэ лъэгапIэхэу ятэ Хъызкъый зэхикъутагъэхэр икIэрыкIэу ащ зэтыригъэуцожьыгъэх, тхьэнэпцIэу БаIал пае къурмэншIыпIэхэр ыгъэуцугъэх, израил пачъыхьэу Ахъаб фэдэу, Астартэ пае пкъэухэр ыгъэуцугъэх; ошъогу кIочIэпцIэ пстэуми шъхьащэ афишIыщтыгъэ, афэлажьэщтыгъэ.
[4] Зиусхьаным и Унэу, Ежь ыцIэ епхыгъэнэу къахихыгъэ къалэу, Зиусхьаным зыфиIогъэ Ерусэлэм дэтым

тхьэнэпцIхэм апае къурмэншIыпIэхэр чIигъэуцуагъэх.
[5] Щагушхомрэ Зиусхьаным и Унэ ыкIоцI щагурэ ошъогу
кIочIэпцIэ пстэумэ апае къурмэншIыпIэхэр адигъэу-
цуагъэх. [6] Ыкъо машIокIэ къурмэн ышIыгъ, нэпхыгъэ
кIуачIэхэр зыхэлъхэм, къэхъущтхэр къязыIохэрэм апы-
лъыгъ, джынапцIэмэ апыщагъэхэр, удыгъэхэр зезыхьэ-
хэрэр уцогъу ышIыгъэх. Джащ фэдэу Зиусхьаныр ыгъэ-
губжэу, Ащ къемыкIущтхэр бэу ышIагъэх. [7] Астартэ пае
ышIыгъэ пкъэур Зиусхьаным и Унэ чIигъэуцуагъ. Зиу-
схьаным Ежь и Унэ ехьылIагъэу Даутрэ ащ ыкъо Сэл-
мэнрэ къариIуагъ: «Мы Унэми израил лIакъомэ ячIыпIэ
пстэуми къахэсхыгъэ Ерусэлэми Сэ сцIэ егъашIэм япхы-
гъэщт. [8] Израил цIыфхэр ятэхэм къястыгъэ чIыгум зы-
щызгъэгупсэфыщтхэр ахэм унашъоу къафэсшIыгъэхэмрэ
Си Iумэт Мосэ осыет къыфэсшIыгъэ хабзэмрэ зэрагъэ-
цэкIэнхэм пылъхэмэ ары ныIэп». [9] Ау ехъуд цIыфхэр
дэIуагъэхэп. Мэнасэ ахэм псэкIодышхохэр зэраригъэ-
шIыщтыгъэм къыхэкIэу, Зиусхьаным израил цIыфхэм
акIэрифыгъэ лъэпкъхэм анахь Iэежьэу, емыкIушхохэр
ашIэщтыгъ. [10] Арыти, Зиусхьаным иIумэт тхьэлIыкIохэм
къарарыгъэIуагъ: [11] «Ехъуд пачъыхьэу Мэнасэ ежь ыпэ-
кIэ амэрхэм ашIэщтыгъэ емыкIушхохэм анахь Iаежъхэр
ышIэзэ, итхьэнэпцIхэмкIэ Ехъудэр псэкIодшIэным хи-
щагъ. [12] Арышъ, Израилым и Зиусхьанэу Тхьэм джащ
пае еIо: „Мары зэхэзыхрэм ытхьакIумэнэIус Iуригъэу-
тэу Ерусэлэми Ехъудэми тхьамыкIэгъошхо къафезгъэ-
хыщт. [13] Щамэрэнрэ Ахъаб илIакъорэ ясшIагъэр Ерусэлэ-
ми есшIэщт, Ерусэлэм цIыфхэр дэсыукъэбзыкIынхэшъ,
зэрышхэгъэхэ лагъэр алъэкIыжьмэ, ылъачIэ дэгъэзы-
ягъэу зэрагъэуцужьырэм фэдэу, нэкIэу къэзгъэнэщт.
[14] Силъэпкъ щыщэу къэнагъэр щызгъэзыещт, ипыйхэм
аIэ ар ислъхьащт, иджэгъогъу пстэуми ар ахъункIэщт,
зэбгырахыщт. [15] Ятэхэр Мысырым къызикIыжьыгъэхэ

мафэм къыщегъэжьагъэу непэрэ мафэм нэс сагъэгу-
бжэу, къысэмыкIущтхэр зэрашIэщтыгъэм пае Сэ ахэр
къясшIэщт“». 16 Джыри Мэнасэ лажьи хьакъи зимыIэ
цIыфхэм алъ бэу Ерусэлэм щигъэчъагъ, а псэкIод пстэу-
мэ ашIокIыжьэу, Зиусхьаным къемыкIущтхэр ригъа-
шIэхэзэ, Ехъудэр псэкIодышIыным хищагъ. 17 Мэнасэ
зэкIэ иIофшIагъэхэри псэкIодэу ышIыгъэхэри Ехъудэм
ипачъыхьэхэм яхьылIэгъэ Iэпэрытххэм арытхагъэхэ-
ба. 18 Джаущтэу Мэнасэ лIи ятэ пIашъэхэр зыдэщыIэм
зегъэзэжьым, Iузэ ичъыгхатэу ежь иунэ къыпэблагъэм
щагъэтIылъыжьыгъ. Арыти, ыкъо Амэн ащ ычIыпIэ па-
чъыхьагъум техьагъ.

*Ехъуд пачъыхьэу Амэн*

19 Амэн пачъыхьагъум зытехьэм илъэс тIокIырэ тIу-
рэ ыныбжьыгъэр, илъэситIо Ерусэлэм щыпачъыхьагъ.
Ащ янэ ыцIагъэр Мэшулэмэт. Ар Иотбэ къалэ щыщ
Хъаруц ыпхъугъ. 20 Ащи, ятэ Мэнасэ зэрихэбзагъэу, Зиу-
схьаным къемыкIущтыр ышIэщтыгъэ. 21 Ятэ зытетыгъэ
гъогум темыкIэу тетыгъ, ятэ зыфэлажьэщтыгъэ тхьэ-
нэпцIхэм шъхьащэ афишIыщтыгъ. 22 Ятэшхомэ я Зиу-
схьанэу Тхьэм ыкIыб фэгъэзагъэу, Зиусхьаным игъогу
тетыгъэп. 23 Амэн иIумэтхэм зыкъыпаIэти, пачъыхьэр
иунэ раукIыхьагъ. 24 Ау ехъуд цIыфхэм Амэн зыкъыпэ-
зыIэтыгъэхэр зэкIэ аукIхи, ыкъо Иощыехъу ащ ычIы-
пIэ пачъыхьанэу тырагъэхьагъ. 25 Амэн зэкIэ иIофшIа-
гъэхэр Ехъудэм ипачъыхьэхэм яхьылIэгъэ Iэпэрытххэм
арытхагъэхэба. 26 Ар Iузэ ичъыгхатэ дэт икъэунэ щагъэ-
тIылъыжьи, ыкъо Иощыехъу ежь ычIыпIэ пачъыхьа-
нэу техьагъ.

## ЯтIокIэнэрэ тIурэ шъхьэр

*Иощыехъу пачъыхьагъум зэрэтехьагъэр*

22 [1] Иощыехъу пачъыхьагъум зытехьэм илъэсий ыны-
бжьыгъэр, илъэс щэкIрэ зырэ Ерусэлэм щыпачъы-
хьагъ. Ащ янэ ыщIагъэр Едыдэ, Боцкъат къалэм щыщ Iадай
ыпхъугъ. [2] Ащ Зиусхьаным къекIущтыр ышIэщтыгъэ, ятэшхо
Даут игъогу зэкIэмкIи зэрэтетыным ишъыпкъэу пылъыгъ.

*Хэбзэ тхылъыр къызэрагъотыжьыгъэр*

[3] Иощыехъу зыпачъыхьэр япшIыкIуенэрэ илъэсым хэ-
хьагъэу пачъыхьэм тхакIоу Мэшулам ыкъо Ацалый ыкъожь
Щафан Зиусхьаным и Унэ ыIофыти риIуагъ: [4] «Хъылкъый
къурмэнышI шъхьаIэм дэжь кIуи, цIыфхэм Зиусхьаным и
Унэ къырахьылIагъэу, Зиусхьаным и Унэ чIэхьапIэ къэ-
зыухъумэрэ къурмэнышIхэм къаугъоигъэ тыжьын ахъщэр
къегъэлъытэжь. [5] Ар Зиусхьаным и Унэ зыгъэцэкIэжьхэ-
рэм яIэшъхьэтетхэм арарэти, адрэхэм ар Зиусхьаным и
Унэ хэкъутыкIыгъэхэр зыгъэцэкIэжьхэрэм, [6] пхъашIэхэм,
унэзэтелъхьэхэм, адрэ псэолъэшIхэм, унэр зэрагъэцэ-
кIэжьыщт пхъэхэмрэ мыжъо къыгоутыгъэхэмрэ къыра-
щэфынхэм пае араратыжь. [7] Ау шъыпкъагъэ зэрахэлъым
къыхэкIэу ар зэрагъэзекIорэ шIыкIэм шъукIэмыупчIэжь».
[8] КъурмэнышI шъхьаIэу Хъылкъый Щафан тхакIом ри-
Iуагъ: «Зиусхьаным и Унэ хэбзэ тхылъыр къычIэзгъотагъ».
Хъылкъые ар Щафан ритыгъ, адрэр ащ еджагъ. [9] Щафан
тхакIор пачъыхьэм дэжь къакIуи къыриIуагъ: «УиIу-
мэтхэм унэм къырагъотэгъэ тыжьын ахъщэр Зиусхьа-
ным и Унэ зыгъэцэкIэжьхэрэм яIэшъхьэтетхэм аратыгъ».

[10] ЕтIанэ Щафан тхакIом пачъыхьэм риIуагъ: «Хъылкъые
къурмэнышIым тхылъ къыситыгъ». Арыти Щафан ащ
итым къыфеджагъ. [11] Пачъыхьэм хэбзэ тхылъым итхагъэр
зызэхехым, ар ыгу къеуи, ищыгъынхэр зэIитхъыгъэх.
[12] Арыти, пачъыхьэм Хъылкъый къурмэнышIи, Щафан
ыкъо Ахъыкъами, Михай ыкъо Iахбэри, Щафан тхакIоми,
пачъыхьэм икъулыкъушIэу Iасайи унашъо афишIи ари-
Iуагъ: [13] «ШъукIуи сэщ пайи, лъэпкъыми, зэрэ Ехъудэ хэ-
гъэгоуи апае мы къагъотыгъэ тхылъым итхагъэм ехьы-
лIагъэу Зиусхьаным шъукъеупчI. Зиусхьаныр машIоу
къызэкIигъанэу къытфэгубжыгъ, сыда пIомэ тятэхэр мы
тхылъым тэщ пае итхагъэхэр зэрагъэцэкIэн фаем едэIу-
гъэхэп». [14] Арыти, Хъылкъый къурмэнышIыр, Ахъыкъам,
Iахбэр, Щафан, Iасай аIоу Хъулдэ бзылъфыгъэ тхьэлIы-
кIом дэжь кIуагъэх. Ар щыгъынхэм* афэгъэзагъэу, Хъар-
хъас ыкъо Тикъуа ыкъожь Щалум ишъхьагъусагъ, Еру-
сэлэм къалэм иадырабгъукIэ щыпсэущтыгъ. Ащ дэжь
кIохи дэгущыIагъэх. [15] Ащ ахэм къариIуагъ: «Израилым
и Зиусхьанэу Тхьэм ыIорэр мары: „Садэжь шъукъэзгъэ-
кIогъэ цIыфым сфешъуIожь: [16] Зиусхьаным ыIорэр мары:
‘Ехъудэ пачъыхьэр зэджэгъэ тхылъым зэритхагъэм тетэу,
мы чIыпIэми ащ щыпсэухэрэми сынае къащысфэщт. [17] Сэ
сыкъабгынагъэу, нэмыкI тхьэхэм апашъхьэ мэ IэшIухэр
къызпиххэрэр зэрэщагъэстхэрэм, адрэ ашIэрэ пстэуми
апае сагъэгубжэу машIоу сыкъызэкIэнагъ, сыкъызэкIэ-
мыкIыжьынэу мы чIыпIэм лъэшэу сыкъыфэгубжыгъ’.
[18] Ау Зиусхьаным шъуеупчIынэу шъукъэзгъэкIогъэ ехъуд
пачъыхьэм ешъуIожь: ‘Израилым и Зиусхьанэу Тхьэм
джа зэхэпхыгъэм къариIуалIэрэр мары: [19] Мы чIыпIэмрэ
ащ щыпсэухэрэмрэ яхьылIагъэу къэсIуагъэр, ахэр ад-
рэхэм къалъэгъоу хэкужъ зэрэсшIыщтхэр зызэхэохым,

* 22:14 Пачъыхьэм е къурмэнышIхэм ящыгъынхэм.

угукIэ шъабэ ухъугъэшъ, Зиусхьаным зыфэбгъэцIы-
кIугъэшъ, уищыгъынхэр зэIыптхъыгъэхэшъ, сапашъхьэ
ущыгъыгъэшъ, Сэри укъызэхэсхыгъ'. Зиусхьаным джары
ыIорэр. [20]Джащ пае мары уятэхэр зыщагъэтIылъыжьы-
гъэхэ чIыпIэр озгъэгъотыжьыщт, игъо къэсыфэ ущы-
згъэIэнышъ, уикъэунэ уезгъэкIужьыщт, мы чIыпIэм
къыфезгъэхыщт тхьамыкIагъохэр плъэгъущтхэп"». Ары-
ти, джэуапыр пачъыхьэм къынагъэсыжьыгъ.

## ЯтIокIэнэрэ щырэ шъхьэр

*Иощыехъу пачъыхьэм*
*тхьэнэпцIхэр зэрэщигъэзыягъэхэр*

**23** [1]Иощыехъу пачъыхьэм ыгъакIохи, Ехъудэмрэ Еру-
сэлэмрэ янахьыжъ упчIэжьэгъухэр зэкIэ ащ дэжь
къыщызэIуагъэкIагъэх. [2]Пачъыхьэр Зиусхьаным и Унэ
кIуагъэ, зэкIэ ехъуд цIыфхэри, зэкIэ Ерусэлэм щыщхэ-
ри, къурмэнышIхэри, тхьэлIыкIохэри, анахь къызэры-
кIохэм къащегъэжьагъэу анахь лъэрыхьэхэм анэсыжьэу
зэкIэ цIыфхэр ащ игъусагъэх. Ар Зиусхьаным и Унэ
къычIагъотэгъэ хэбзэ тхылъым итхагъэхэм зэкIэми зэ-
хахэу къеджагъ. [3]Пачъыхьэр кIэсэнхэр зыкIэт чIыпIэ
хэIатыкIыгъэм теуцуи, Зиусхьаным игъогу тетынхэу, Ащ
иунашъохэр, Ащ иухэсыгъэхэр, Ащ ишапхъэхэр, хэбзэ
тхылъым итхагъэхэр агурэ апсэкIэрэ агъэцэкIэнхэу Зиу-
схьаным ыпашъхьэ Iуагъэ щызэдаригъэшIыгъ. КъызэIу-
кIагъэхэр зэкIэ ащ къезэгъыгъэх. [4]Пачъыхьэм Хъылкъый
къурмэнышI шъхьаIэм, къурмэнышI шъхьаIэм игуадзэ-
хэм, Зиусхьаным и Унэ чIэхьапIэ къэзыухъумэрэ къур-
мэнышIхэм унашъо афишIи, БаIал, Астартэ, ошъогу

кIочIапцIэхэм апае агъэфедэщтыгъэхэ пкъыгъо зэфэшъхьафхэр Зиусхьаным и Унэ къычIаригъэхыгъэх. ЕтIанэ ахэр Ерусэлэм ыкIыбкIэ Къыдрэн кIэим щигъэстыгъэх, ястафэхэр Бэтэл ахьыжьынхэу унашъо афишIыгъ.
[5] Ехъуд къалэхэмрэ Ерусэлэм иIэгъо-благъохэмрэ къурмэнхэр зыщашIырэ лъэгапIэхэм мэ IашIу къызпиххэрэр ащагъэстынхэм пае тхьэнэпцIхэм ялэжьакIохэу ехъуд пачъыхьэхэм тырагъэуцогъагъэхэр тыригъэкIыгъэх. Ахэм БаIали, тыгъэми, мазэми, жъогъобынхэми, ошъогу кIочIапцIэхэми апае мэ IашIухэр къызпиххэрэр агъэстыщтыгъэх.
[6] Ащ тхьэнэпцIэу Астартэ ипкъэу Зиусхьаным и Унэ къычIаригъэхыжьи, Ерусэлэм ыкIыбкIэ аригъэхьи, Къыдрэн псы игъукIыгъэ зэпырыкIыпIэм дэжь щаригъэгъэстыгъ. Ащ истафэхэр сапэу зэхаригъэубыкIэжьхи, етIанэ цIыф къызэрыкIохэр зыдалъхьажьырэ къэхалъэм даригъэтэкъожьыгъ.
[7] Зиусхьаным и Унэ цIэпIагъэхэр щызышIэщтыгъэ хъулъфыгъэхэмрэ бзылъфыгъэхэмрэ зэрысыщтыгъэхэ унэхэр зэхаригъэкъутагъэх. Астартэ пае техъонхэр бзылъфыгъэхэм ахэм ащашIыщтыгъэх.
[8] ТхьэнэпцIмэ ялэжьакIохэр зэкIэ ехъуд къалэхэм адаригъэщыхи, ГъэбаI къыщегъэжьагъэу БэрщэбаI нэсэу ит лъэгапIэхэу тхьэнэпцIхэм ялэжьакIохэм мэ IашIухэр зыщагъэущтыгъэхэр ащылъэIожьынхэ амылъэкIынэу зэхикъутагъэх. Джащ фэдэу ащ зэхикъутагъ Ехъошуа къэлэ Iэшъхьэтетым икъэлапчъэу къалэм зэрэдахьэхэрэм исэмэгубгъукIэ щыIэ лъэгапIэри.
[9] Ау лъэгапIэхэм якъурмэнышIхэр Зиусхьаным икъурмэншIыпIэу Ерусэлэм дэтым къекIуалIэщтыгъэхэп, нэмыкI къурмэнышIхэм ягъусэхэу хьалыгъу мыкIумыпшыр зэдашхыщтыгъ.
[10] Зыгорэми ыкъо е ыпхъу Молэх тхьэнэпцIым къурмэнэу фимыгъэстыным пае, Тофэт тхьэнэпцIым ипкъэоу Хъынэм ыкъохэм якIэй дэтым емылъэIужьышъунхэу ащ ышIыгъ.
[11] Джащ фэдэу, ехъуд пачъыхьэхэм тыгъэм пае Зиусхьаным и

Унэ ичIэхьапIэ дэжь, тхьамэтэ пащэмэ ащыщэу Нэ-
тан-Мэлэх ихапIэ пэблагъэу агъэуцущтыгъэ шыхэр, Iуа-
ригъэщыжьыгъэх, ку псынкIэхэу тыгъэм пае агъэуцу-
щтыгъэхэр машIокIэ ыгъэстыгъэх. 12 Пачъыхьэм ехъуд
пачъыхьэхэм Ахъаз иунашъхьэ тырашIыхьэгъэ къур-
мэншIыпIэхэри, Мэнасэ Зиусхьаным и Унэ ищагуитIу
адигъэуцогъэгъэ къурмэншIыпIэхэри къыридзыххи зэхи-
гъэтэкъуагъэх. Ахэм якъутафэхэр псы игъукIыгъэ зэ-
пырыкIыпIэу Къыдрэн щыритэкъужьыгъэх. 13 Израил
ипачъыхьэу Сэлмэн цыдонмэ, моабхэм, Iамонхэм ятхьэ-
нэпцI бзэджэ-наджэхэу Астартэ, Къэмэщ, Мылкъом
апае лъэгапIэхэу Ерусэлэм икъокIыпIэкIэ, Зэйтын къу-
шъхьэм* икъыблэкIэ щигъэуцугъэхэр Иощыехъу пачъы-
хьэм уащымылъэIожьышъунэу ышIыгъэх. 14 ТхьэнэпцI-
хэмрэ Астартэрэ афагъэуцугъэ пкъэухэр зэхикъутэхи,
ахэр зыдэщытыгъэ чIыпIэхэм цIыф къупшъхьэхэр аты-
ритэкъожьыгъэх. 15 Джащ тетэу, Нэуат ыкъо ЯрабIамэу
Израилыр псэкIодым хэзыщагъэм, Бэтэл щигъэуцугъэ
лъэгапIэр, джа къурмэншIыпIэри лъэгапIэри зэщидзы-
хи, сапэ ышIэу зэхигъэтэкъуагъэх. Астартэ пае агъэуцу-
гъэ пкъэухэри ыгъэстыгъэх. 16 Иощыехъу зэплъэм Iуа-
шъхьэм тетыгъэ къэунэхэр къылъэгъугъэхэти, ыгъакIо-
хи къупшъхьэхэр къаригъэхьхи, ахэр къурмэншIыпIэм
ыкIыIу щигъэстхи, Зиусхьаным Тхьэм илIыкIо мыр зэ-
рэхъущтыр къызэрэригъэIогъагъэм тетэу, къурмэншIы-
пIэр умыгъэфедэжьышъунэу ышIыгъ. 17 Иощыехъу къэуп-
чIагъ: «Сыд саугъэта мы слъэгъурэр?» Къэлэдэсхэм ащ
къыраIожьыгъ: «Ар Тхьэм илIыкIоу Ехъудэм къикIи
Бэтэл щагъэуцугъэ къурмэншIыпIэм ыкIыIу о щыпшIэ-
рэр зэрэхъущтыр къэзыIогъагъэм икъэун». 18 Арыти, ащ

* 23:13 Ижъырэ джуртыбзэмкIэ тхыгъэ Iэпэрытхым мы къэIуакIэм ычIыпIэ щыгъэфедагъэм имэхьанэр Зэхэкъутэным икъушъхь.

къыIуагъ: «Ащ шъунэмыс, ащ икъупшъхьэхэм хэти анэрэ-
мыс». Арыти, ащ икъупшъхьэхэри Щамэрэн къикIыгъэ-
гъэ тхьэлIыкIом икъупшъхьэхэри къагъэнагъэх. [19] Джащ
тетэу Иощыехъу Зиусхьаныр агъэгубжэу израил пачъы-
хьэмэ Щамэрэн ит къалэхэм якъурмэншIыпIэ лъэгапIэ-
хэм атырагъэуцогъэ тхьэлъэIупIэунэхэри зэхикъутагъэх.
Бэтэл зэрэщишIыгъэм фэдэу ахэми джар аришIагъ.
[20] КъурмэншIыпIэ лъэгапIэхэм ятхьэнэпцI лэжьакIохэу
ащ щыIагъэхэр зэкIэ къурмэншIыпIэхэм ащиукIхи, цIыф
къупшъхьэхэр ахэм акIыIу щигъэстыжьыгъэх. ЕтIанэ Еру-
сэлэм къыгъэзэжьыгъ.

*Пэсахъ мэфэкIым къызэрэфагъэзэжьыгъэр*

[21] Пачъыхьэм зэкIэ цIыфхэм унашъо афишIи, ариIуагъ:
«Мы хэбзэ тхылъым зэритым тетэу, шъуи Тхьэ пае пэсахъ
мэфэкIыр* шъушIы». [22] ХьыкумышIхэм Израил пэщэ-
ныгъэ зыщыдызэрахьэщтыгъэ лъэхъаным къыщегъэжьа-
гъэу израил пачъыхьэхэмрэ ехъуд пачъыхьэхэмрэ ялъэ-
хъан къынэсэу мыщ фэдэ пэсахъ мэфэкI ашIыщтыгъэп.
[23] Ау пачъыхьэу Иощыехъу зыпачъыхьэр япшIыкIуенэрэ
илъэсым хэхьагъэу джа пэсахъым игъэмэфэкIын Зиу-
схьаным пае Ерусэлэм щырагъэжьэжьыгъ.

*Иощыехъу иаужырэ зэхъокIыныгъэхэр*

[24] Хъылкъый къурмэнышIым Зиусхьаным и Унэ къы-
ригъотэгъэ хэбзэ тхылъым итхагъэхэр гъэцэкIэжьыгъэн-
хэм пае, Иощыехъу удыгъэхэр зезыхьэхэрэр, джэнчыдз-
хэр, джынэхэр къычIэзыщхэрэр, тхьэ нэпцIхэр, зэкIэ

* 23:21 Мосэ иятIонэрэ тхылъ зэритхагъэм тетэу, Тхьэм джуртхэр Мысырым къызэрэрищыжьыгъэхэр ащымыгъупшэжьыным пае, пэсахъыр илъэсым зэ агъэмэфэкIынэу егъэшIэрэ унашъоу Тхьэм ахэм къафишIыгъ.

бзэджэ-наджэхэр Ехъудэмрэ Ерусэлэмрэ ащигъэкӀоды-
пагъэх. 25 Ыгурэ ыпсэрэ кӀуачӀэу ахэлъ пстэумкӀэ зэкӀэ
Мосэ ихабзэхэм аблэмыкӀэу, Зиусхьаным зыфигъэзэгъа-
пэу ыпэкӀэ пачъыхьэ щыӀагъэп, ыужкӀи ащ фэдэ къэхъу-
жьыгъэп. 26 Ау пачъыхьэу Мэнасэ Зиусхьаныр щигъэзы-
йи, Ар ыгъэгубжэу, Ащ къемыкӀущтыр зэришӀэщтыгъэм
пае Зиусхьаныр Ехъудэм лъэшэу къызэрэфэгубжыгъэу
къызэкӀэкӀыжьыгъагъэп. 27 Зиусхьаным къыӀуагъ: «Изра-
илыр зэрэкӀэрыздзыгъэм фэдэу, Ехъудэри зыкӀэрыз-
дзыщт, „Сэ сичӀыпӀэщт“ сӀуи, Сэ къахэсхыгъэ мы Еру-
сэлэм къалэри, Сэ сцӀэ епхыгъэнэу зыфэсӀогъэ мы Унэ-
ри пхъатэ зыпэсымыхьыжьхэу, щызгъэзыещтых».

### *Иощыехъу ипачъыхьан зэриухыгъэр*

28 Иощыехъу зэкӀэ иӀофшӀагъэхэмрэ нэмыкӀэу ышӀа-
гъэхэмрэ Ехъудэм ипачъыхьэхэм яхьылӀэгъэ Ӏэпэрытххэм
арытхагъэхэба. 29 Иощыехъу ипачъыхьагъум мысыр па-
чъыхьэ фирхьаунэу Нэхъоу ашур пачъыхьэм пэшӀуекӀоу
Ефрат псыхъом ылъэныкъокӀэ ежьагъ. Иощыехъу пачъы-
хьэр ащ езэонэу зыпэгъокӀым, адрэм ар къызэлъегъум,
къеуи Мэгъыдэ къыщиукӀыгъ. 30 Арыти, иӀумэтхэм ащ
ихьадэ ку псынкӀэм илъэу Мэгъыдэ къыращыжьи, Еру-
сэлэм къащэжьыгъ. Икъэунэ ар далъхьажьыгъ. Ащ дэ-
жьым ехъудхэм Иощыехъу ыкъо Ехъоахъаз ышъхьэ дагъэ
щарагъафи, ятэ ычӀыпӀэ пачъыхьанэу тырагъэхьагъ.

### *Ехъуд пачъыхьэу Ехъоахъаз*

31 Ехъоахъаз пачъыхьагъум зытехьэм ыныбжьыгъэр илъэс
тӀокӀырэ щырэ. Мэзищэ ар Ерусэлэм щыпачъыхьагъ. Ащ
янэ ыцӀагъэр Хъамутал. Ар Лыбнэ къалэ щыщ Ирмые
ыпхъугъ. 32 Ятэшхохэм зэряхэбзагъэу Зиусхьаным къемы-
кӀущт пстэури ащ ышӀэщтыгъ. 33 Ар Нэхъоу фирхьауным

Хъамат хэкум ит Рыблэ къалэ щиубыти, Ерусэлэм щымы-
пачъыххьажьыным пае гъэры ышIыгъ. Хэкум тыжьынэуи
дышъэуи килограмм минищ зырыз фэдиз тынIахьэу ты-
рилъхьагъ. 34 Джауштэу Нэхъоу фирхьауным Иощыехъу
ыкъо Елыекъым ятэ Иощыехъу ычIыпIэ пачъыхьанэу ты-
ригъахьи, ыцIэ ЕхъоекъымкIэ зэблихъужьыгъ. Ехъоахъаз
ыубыти, Мысырым ыщи, ар ащ щылIэжьыгъ.

### *Ехъуд пачъыхьэу Ехъоекъым*

35 Ехъоекъым тыжьыни дышъи фирхьауным ритыщты-
гъэх. Нэхъоу фирхьауным иунашъо тетэу, ащ ритынхэм
пае хэкухэм ащыпсэурэ нэбгырэ пэпчъ, шъхьадж иамал
елъытыгъэу, тыжьынымрэ дышъэмрэ къатынхэу хьакъу-
лахь атырилъхьагъ. 36 Ехъоекъым пачъыхьагъум зытехьэм
ынызбжьыгъэр илъэс тIокIырэ тфырэ, илъэс пшIыкIузэ
Ерусэлэм щыпачъыхьагъ. Ащ янэ ыцIагъэр Зэбудэ. Ар
Румэ щыщ Пэдай ыпхъугъ. 37 Ятэшхохэм зэряхэбзагъэу,
Зиусхьаным къемыкIущт пстэури ащ ышIэщтыгъ.

## **ЯтIокIэнэрэ плIырэ шъхьэр**

24 1 Ехъоекъым ипачъыхьагъум бабилэн пачъыхьэу
Нэбуходнэцар Ехъоекъым къезауи, илъэсищэ ар
ыIэмычIэ илъыгъ. ЕтIанэ Ехъоекъым ащ зыкъыпиIэти
шъхьафит хъужьыгъэ. 2 Зиусхьаным къасдый, арам, моаб,
Iамон дзэ купхэу зэхахьэхэрэр ащ къытыригъэбанэщты-
гъэх. Зиусхьаным иIумэт тхьэлIыкIохэм къызэраригъэ-
Iогъагъэм тетэу, Ехъудэр ыгъэкIодынэу ахэр къытыри-
гъэбанэщтыгъэх. 3 Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Зиусхьаным иуна-
шъо тетэу, ехъудхэр ынэIу ригъэкIынхэм пае, Мэнасэ
ипсэкIодшIагъэхэм, ащ ышIэгъэ пстэумэ апае Ехъудэм ар

къыщышIыгъ. 4 Лъы хыер, Ерусэлэм зэлъыригъэкIоу, зэ-
ригъэчъагъэри Зиусхьаным ащ къыфигъэгъунэу фэягъэп.
5 Ехъоекъым зэкIэ иIофшIагъэхэмрэ нэмыкIэу ышIагъэ-
хэмрэ ехъуд пачъыхьэхэм яхьылIэгъэ Iэпэрытххэм арытха-
гъэхэба. 6 Ехъоекъым лIи ятэ пIашъэхэр зыдэщыIэм зегъэ-
зэжьым, ыкъо Ехъоехин ащ ычIыпIэ пачъыхьагъум техьагъ.
7 Мысыр пачъыхьэм ыIэ илъыгъэ чIыгухэр, игъукIырэ
мысыр псыхъом къыщегъэжьагъэу Ефрат псыхъом нэсэу,
зэкIэ бабилэн пачъыхьэм зэриштагъэхэм къыхэкIэу, мы-
сыр пачъыхьэр зао ышIынэу ащ нахьыбэ къежьэжьыгъэп.

*Ехъуд пачъыхьэу Ехъоехин*

8 Ехъоехин пачъыхьэу зытехьэм илъэс пшIыкIуй ыны-
бжьыгъэр, мэзищэ Ерусэлэм щыпачъыхьагъ. Ащ янэ
ыцIагъэр Нэхъуштэ. Ерусэлэм щыщ Елнатан ыпхъугъ.
9 Ятэ зэрихэбзагъэу, Зиусхьаным къемыкIущт пстэури ащ
ышIэщтыгъ. 10 А уахътэм бабилэн пачъыхьэу Нэбухаднэ-
цар идзэпэщэ Iэшъхьэтетхэр Ерусэлэм къезэрэгъэкIухи,
къалэр къадзыхьагъ. 11 Бабилэн пачъыхьэу Нэбухаднэцар
идзэпэщэ Iэшъхьэтетхэм къалэр аштэнэу фежьагъэхэу,
ежьыр ащ къэкIуагъ. 12 Арыти, ехъуд пачъыхьэу Ехъоехи-
ни, яни, иIумэт Iэшъхьэтетхэри, ипщхэри, иунэ-хапIэ зы-
наIэ тезгъэтхэри зэригъусэхэу бабилэн пачъыхьэм зыра-
тыгъ. Бабилэн пачъыхьэр зыпачъыхьэр яенэрэ илъэсым
хэхьагъэу Ехъоекъым ащ ыубытыгъ. 13 Бабилэн пачъыхьэм
Зиусхьаным и Унэ, пачъыхьэ унэм арылъыгъэ мылъкур
зэкIэ арищыгъ. Зиусхьаным къызэриIогъагъэм фэдэу,
израил пачъыхьэу Сэлмэн ышIыгъэ дышъэ пкъыгъохэр
Зиусхьаным и Унэ ащ щызэхиупIышкIуагъэх. 14 Ерусэлэм
дэсхэр зэкIэ, пщыхэр зэкIэ, дзэпэщэ Iэшъхьэтетхэр зэкIэ
нэбгырэ минипшI хъухэу ыгъэкощыгъэх, пхъэшIэ IэпэIа-
сэхэри, гъукIэхэри зэкIэ, хэкум щыщ цIыф анахь тхьамы-
кIэхэм анэмыкI зи къымыгъанэу рищыгъэх. 15 Ехъоехин

Бабилэн къалэм ыгъэкощыгъ, пачъыхьэм яни, ишъуз-
хэри, ащ иунэ-хапIэ зынаIэ тезгъэтхэри, хэкум ицIыф
лъэрыхьэхэри Ерусэлэм дарнгъэщхи Бабилэн аригъэгъэ-
кощыгъэх. 16 Бабилэн пачъыхьэм дзэкIолI нэбгырэ ми-
ниблыр, пхъашIэхэмрэ гъукIэхэмрэ нэбгырэ мин хъухэу,
зэоным фэгъэсэгъэ дзэкIолI хэшыпыкIыгъэхэр зэкIэ псэ-
упIэкIэ Бабилэн аригъэгъэкощыгъэх. 17 Бабилэн пачъы-
хьэм Ехъоехин ятэш Матаный ащ ычIыпIэ пачъыхьэу ты-
ригъахьи, Цыдкъый цIэу фаригъэусыжьыгъ.

*Ехъуд пачъыхьэу Цыдкъый*

18 Цыдкъый пачъыхьэу зытехьэм илъэс тIокIырэ зырэ
ыныбжьыгъ, илъэс пшIыкIузэ Ерусэлэм щыпачъыхьагъ.
Ащ янэ ыцIагъэр Хъамутал. Ар Лыбнэ къалэ щыщ Ир-
мые ыпхъугъ. 19 Ащи Ехъоекъым фэдэ къабзэу Зиусхьа-
ным къемыкIущтыр ышIэщтыгъэ. 20 Зиусхьаныр Ерусэлэ-
ми Ехъудми лъэш дэдэу къафэгубжыгъэти, ащ нахьыбэрэ
ымыдэжьхэу, ынэIу ригъэкIыпагъэх.

ЕтIанэ Цыдкъый бабилэн пачъыхьэм зыкъыпиIэтыгъ.

**ЯтIокIэнэрэ тфырэ шъхьэр**

*Ерусэлэм зэрэзэхакъутагъэр*

25 1 Цыдкъый зыпачъыхьэр ябгъонэрэ илъэсым хэ-
хьагъэу, илъэсым яяпшIэнэрэ мазэ* яяпшIэнэрэ
мафэ бабилэн пачъыхьэу Нэбухаднэцар идзэ зэрэщытэу

* 25:1 Ижъырэ джуртхэм илъэсым имазэхэр къызэралъытэщтыгъэмкIэ, мы чIыпIэм зигугъу къыщишIырэ уахътэр зытефэрэр щылэ мазэм ыгузэгу дэжь фэдизым къыщегъэжьагъэу мэзаем ыгузэгу нэс къыубытырэ уахътэр ары.

игъусэу Ерусэлэм къекIуи ар къадзыхьагъ, къэлэ дэ-
пкъым рыдэкIоенхэу псэуалъэ горэ ашIыгъ. 2 Цыдкъый
зыпачъыхьэр япшIыкIузэнэрэ илъэсым хэхьафэ къа-
лэр джаущтэу къызэрыдзыхьэгъагъ. 3 ЯплIэнэрэ мазэм
иябгъонэрэ мафэ* гъаблэр къалэм нахь щылъэшыгъ,
цIыфхэм ашхын яIагъэп. 4 Къэлэ дэпкъым къыпхыра-
тыгъ. Цыдкъый идзэкIолIхэр чэщым пачъыхьэ хэтэщагум
рекIокIырэ къэлэ дэпкъхэм азыфагу дэтхэу, къэлапчъэм
пэблэгъэ лъагъом тетхэу чъагъэх. А уахътэм къасдыйхэр
къалэм къегъэуцокIыгъэхэу щытыгъэхэти, пачъыхьэмрэ
идзэкIолIхэмрэ Ерыхъоу кIэим екIужьыгъэх. 5 Ау къас-
дыйхэм ядзэ пачъыхьэм лъежьи Ерыхъоу кIэим щыкIэ-
хьагъ. Ащ идзэ зэрэщытэу шъхьадж ыпакIэ хэлъэдэжьыгъ.
6 Джаущтэу пачъыхьэр къаубыти, бабилэн пачъыхьэм
дэжь Рыблэ ащи ащ иIоф щаIуагъ. 7 Цыдкъый ыкъохэр
ыпашъхьэ щаукIхи, ежь Цыдкъый ынэхэр ракIыхи, ыIэ-
хэм джэрз Iэхъу-лъэхъухэр атыралъхьи Бабилэн ащагъ.

### *Тхьэм и Унэ зэрэзэхакъутагъэр*

8 Илъэсым иятфэнэрэ мазэ**, мазэм ияблэнэрэ мафэ,
бабилэн пачъыхьэу Нэбухаднэцар зыпачъыхьэр япшIы-
кIубгъонэрэ илъэсым хэхьагъэу, бабилэн пачъыхьэм
иухъумэкIо шъхьагъырытмэ яIэшъхьэтетэу, ащ иIумэт
Нэбузарадан Ерусэлэм къэкIуагъ. 9 Зиусхьаным и Уни,
пачъыхьэм иуни, Ерусэлэм дэт унэхэри зэкIэ, цIыф
лъэрыхьэхэм яунэхэри машIо акIидзи ащ ыгъэстыгъэх.

---

* 25:3 Мы чIыпIэм зигугъу къыщишIырэ уахътэр зытефэрэр мэ-
къуогъум ыгузэгу дэжь фэдизым къыщегъэжьагъэу бэдзэогъум
ыгузэгу фэдизым нэс. Ау ижъырэ джуртыбзэмкIэ тхыгъэ Iэпэ-
рытхым мазэм ыцIэ къыщыриIорэп.

** 25:8 Мы чIыпIэм зигугъу къыщишIырэ уахътэр зытефэрэр шы-
шъхьэIум ыгузэгу дэжь фэдизым къыщегъэжьагъэу Iоныгъом
ыгузэгу нэс къыубытырэ уахътэр ары.

[10] Къасдый дзэу пачъыхьэм иухъумэкIо шъхьагъырытхэм
яIэшъхьэтет игъусагъэхэм Ерусэлэм къекIокIырэ дэпкъри
зэхакъутагъ. [11] Пачъыхьэм иухъумэкIо шъхьагъырытмэ
яIэшъхьэтетэу Нэбузарадан къалэм дамыщыгъэу къэнэ-
гъэгъэ цIыфхэри, бабилэн пачъыхьэм ыпэкIэ гохьэгъа-
гъэхэри, нэмыкI цIыф къызэрыкIохэри къалэм дари-
гъэщыгъэх. [12] Пачъыхьэм иухъумэкIо шъхьагъырытмэ
яIэшъхьэтет зынэмысэу къыгъэнагъэр сэнэшъхьэшIа-
пIэхэмрэ чIыгумрэ адэлэжьэнхэм пае къэлэдэс анахь
тхьамыкIэхэм ащыщэу тIэкIу гор ныIэп. [13] Къасдыйхэм
джэрз гъэткIугъэм хэшIыкIыгъэ кIэсэнхэу Зиусхьаным и
Унэ иапэрэ ихьапIэ чIэтхэри, щэрэхъхэм атет тхьакIы-
пIэ-тегъэуцуапIэхэри, джэрзым хэшIыкIыгъэ лэгъуп-псы-
убытыпIэу Зиусхьаным и Унэ чIэтыгъэри зэхацIыцIэхи,
а джэрзыр Бабилэн ащагъ. [14] Джащ фэдэу ащагъэх лэ-
гъупхэри, хьакужъонтхъухэри, остыгъэм ишъэгъэ ста-
фэхэр къызэрэпахырэ Iадэхэри, Iэгубжъэхэри, джэр-
зым хэшIыкIыгъэ шыкъоу Тхьэм ыпашъхьэ итхэ зыхъу-
кIэ агъэфедэщтыгъэхэри, [15] жъапхъэхэри, лэджэнхэри
ащагъэх, дышъэмрэ тыжьынымрэ ахэшIыкIыгъэхэри
пачъыхьэм иухъумэкIо шъхьагъырытмэ яIэшъхьэтет
ыштагъэх. [16] КIэсэнитIоу, лэгъуп-псыубытыпIэхэу, щэ-
рэхъхэм атет тхьакIыпIэ-тегъэуцуапIэхэу Сэлмэн Зиу-
схьаным и Унэ пае джэрзым харигъэшIыкIыгъэхэм яон-
тэгъуагъэ зыфэдизыр ащэчыгъэу щытыгъэп. [17] Зы кIэсэ-
ным метрий фэдиз илъэгэгъагъ, метрэрэ ныкъорэ фэдиз
илъэгагъэу джэрзым хэгъэткIукIыгъэу тандж ащ шъхьа-
щыгъэуцожьыгъагъ. Джэрз шъэгъэ блэрымрэ фэхъурэя-
шъоу къытепшырэ сатыритIоу нар теплъэ зиIэхэмрэ тан-
джым хъурэябзэу къыдекIокIыщтыгъэх. Джэрз шъэгъэ
блэрыр къыздекIокIырэ адрэ кIэсэнри джащ фэдагъ.

*Ехъуд цIыфхэр Бабилэн зэрэращыгъэхэр*

18 Бабилэн пачъыхьэм иухъумэкIо шъхьагъырытмэ яIэ-
шъхьэтет къурмэнышI шъхьаIэу Сэрай, къурмэнышI
шъхьаIэм игуадзэу Цэфаный, Зиусхьаным и Унэ чIэхьа-
пIэ къэзыухъумэрэ къурмэнышI нэбгырищри ыубыты-
гъэх. 19 ДзэкIолIхэм яIэшъхьэтет пащэщтыгъэхэм ащыщ
горэ, пачъыхьэм ицыхьэшIэгъу-упчIэжьэгъу нэбгыри-
тфэу къалэм дэсыгъэхэр, дзэм иIэшъхьэтет итхакIоу дзэм
кIощтхэр зытхыщтыгъэр, нахь цIыф лъэрыхьэхэу къа-
лэм дэсыгъэхэм ащыщхэу нэбгырэ тIокIищ ащ къалэм
даригъэщыгъэх. 20 Пачъыхьэм иухъумэкIо шъхьагъы-
рытмэ яIэшъхьэтетэу Нэбузарадан ахэр ыубытхи баби-
лэн пачъыхьэм дэжь Рыблэ ыщагъэх. 21 Бабилэн пачъы-
хьэм ахэр аригъэутынхи, Хъамат хэкум ит Рыблэ къалэ
щаригъэукIыжьыгъэх. Джаущтэу ехъуд цIыфхэр ячIыгу
ращыгъэх.

*Ехъудэм иIэшъхьэтет пащэу Гъэдалый*

22 Бабилэн пачъыхьэу Нэбухаднэцар Ехъуд хэкум къы-
ригъэнэжьыгъэ цIыфхэм Щафан ыкъо Ахъыкъам ыкъо
Гъэдалый Iэшъхьэтет пащэу афишIыгъ. 23 Дзэм иIэшъхьэ-
тет пащэхэми, ахэм ягъусэ дзэкIолIхэми бабилэн па-
чъыхьэм Гъэдалый Iэшъхьэтет пащэу зэрэтыригъэхьа-
гъэр зызэхахым, Гъэдалый дэжь Мыцпэ къэкIуагъэх:
Нэтаный ыкъо Исмахьил, Къарыехъ ыкъо Иохъанан,
нэтофэ лъэпкъым щыщ Танхъумэт ыкъо Сэрай, зятэ
МэIахэ щыщ Язаныехъу, ядзэкIолIхэр. 24 Гъэдалый ахэ-
ми, зиIэшъхьэтет ядзэкIолIхэми тхьэлъанэ афишIи ари-
Iуагъ: «Къасдый Iэшъхьэтетхэм шъуащымыщынэу мы
чIыпIэм унэхэр щышъушIхи, бабилэн пачъыхьэм шъу-
фэIорышIи шъуиIофхэр дэгъу хъущт». 25 Ау яблэнэрэ

мазэм* тефэу пачъыхьэ лIакъом щыщ ЕлыщамаI икъо
Нэтаный икъожь Исмахьилэ нэбгырипшI игъусэу къа-
кIуи, Гъэдалыйи ащ игъусэу Мыцпэ дэсыгъэхэми къате-
бани ыукIыгъэх. 26 ЕтIанэ цIыфхэм, анахь къызэрыкIо-
хэм къащегъэжьагъэу анахь лъэрыхьэхэм анэсыжьэу,
дзэкIолI Iэшъхьэтетхэри зэрахэтхэу, къасдыйхэм ащэ-
щынэхэти, заIати зэкIэ Мысырым икIыжьыгъэх.

*Ехъоехин хьапсым къызэрэчIагъэкIыжьыгъэр*

27 Ехъуд пачъыхьэу Ехъоехин зыращыгъэр ящэкIэнэрэ
блырэ илъэсым хэхьагъэу, илъэсым ияпшIыкIутIонэрэ
мазэ** иятIокIэнэрэ блырэ мафэ бабилэн пачъыхьэу
Еуил-Мэродах пачъыхьанэу зытехьэгъэ илъэсым, ехъуд
пачъыхьэу Ехъоехин нэшIукIэ къеплъи, хьапсым къы-
чIаригъэщыжьыгъ. 28 Ар ащ нэгушIоу къыпэгъокIыгъ,
нэмыкI хэгъэгумэ япачъыхьэхэу Бабилэн щыIагъэхэм
анахьыбэу лъытэныгъэ къыфишIыгъ. 29 Пачъыхьэм Ехъо-
ехин хьапсэчIэс щыгъынэу щыгъыгъэхэр зыщыригъэ-
хыжьхи, щэIэфэ ышхыщтым ар щигъэкIагъэп. 30 Джау-
щтэу пачъыхьэм иунашъокIэ, ищыкIагъэр зэкIэ мафэ
къэс рагъэгъотзэ, олIэжьыфэ ар щыIагъ.

* 25:25 Ижъырэ джуртхэм илъэсым имазэхэр къызэралъытэщты-
гъэмкIэ, мы чIыпIэм зигугъу къыщишIырэ уахътэр зытефэрэр
Iоныгъо мазэм ыгузэгу дэжь фэдизым къыщегъэжьагъэу чъэпыо-
гъум ыгузэгу нэс къыубытырэ уахътэр ары.
** 25:27 Мы чIыпIэм зигугъу къыщишIырэ уахътэр зытефэрэр мэ-
заем ыгузэгу дэжь фэдизым къыщегъэжьагъэу гъэтхапэм ыгузэгу
нэс къыубытырэ уахътэр ары.

# ГущыӀэ хэхыгъэхэр къыбгурызгъэӀорэ гущыӀалъ

**Джэрз лэгъуп** (1ПА 7:38) – еплъ **Тхьэм и Ун**.

**Джэрз лэгъуп-псыубытыпӀэр** (1ПА 7:23-26) – еплъ **Тхьэм и Ун**.

**Зиусхьаныр** (1ПА 1:48; 2:27, нэмыкӀ чӀыпӀэхэми) – адыгэ гущыӀэу «Зиусхьаным» имэхьанэ джурт гущыӀитӀоу «Адонай», «Яхве» зыфиӀорэмэ къарыкӀырэр къеты. «Адонай»-м Тхьэр зэрэлъэрыхьэр, Ар зэрэфэшӀыгъэр мэхьанэу иӀ. ГущыӀэу «Яхве» зыфиӀорэмкӀэ Тхьэм ыцӀэ къыраӀо, ащ къикӀырэр «егъашӀэм щыӀэ зэпытыр». Джуртхэм мы гущыӀэр зэрялъэпӀэ дэдэм къыхэкӀэу амакъэ Ӏоу къаӀорэп. Ижъырэ джурт Ӏэпэрытххэм Тхьэм ыцӀэ защыхэтхэгъэ чӀыпӀэм къызысхэкӀэ, ащ пае гущыӀэу «Адонай» къаӀо.

**Къурмэн** (1ПА 8:64, нэмыкӀ чӀыпӀэхэми) – диным епхыгъэ Ӏофтхьабз. Ижъырэ Зэзэгъыныгъэм илъэхъан Тхьэм Мосэ къыфыригъэхыгъэ хабзэм тетэу, Тхьэм цӀыфым ипсэкӀодшӀагъэхэр къыфигъэгъунхэм пае, былымхэмкӀэ, фышъхьэ лэжьыгъацэхэмкӀэ, хьаджыгъэкӀэ, зэйтын дагъэкӀэ къурмэнхэр фишӀыщтыгъэх.

**КъурмэншIыпI** (1ПА 1:50) – Iанэу е чIыпIэ хэIатыкIыгъэу Тхьэм пае былымхэмрэ е нэмыкI тынхэмрэ къурмэн зыщашIыхэрэр ары.

**КъурмэнышI** (1ПА 1:7) – цIыфхэм ацIэкIэ диным епхыгъэ Iофтхьабзэхэр зыгъэцакIэщтыгъэр ары. Ижъырэ Зэзэгъыныгъэм илъэхъан цIыф зырызхэм ацIэкIэ къурмэн ышIыныр ащ ипшъэрылъ шъхьаIэщтыгъ.

**Къэрыубхэр** (1ПА 6:23-28; 8:6) – ошъогу псэушъхьэ тэмабгъох. Еплъ **Тхьэм и Ун**.

**КIоцI унэ лъапIэр** (1ПА 6:16, 20) – еплъ **Тхьэм и Ун**.

**КIэсэн** (1ПА 7:15) – еплъ **Тхьэм и Ун**.

**ЛъапIэмэ яанахь лъэпIэжьыр** (1ПА 6:16) – еплъ **Тхьэм и Ун**.

**ЛъэгапIэ** (1ПА 3:2-3, нэмыкI чIыпIэхэми) – чIыпIэ хэIэтыкIыгъэ горэу къурмэнхэр зыщашIыщтыгъэхэр.

**ЛъэгапIэм тет тхьэлъэIупIэунэр** (1ПА 13:32) – тхьэнэпцIыхэм зыщялъэIущтыгъэхэ, къурмэнхэр зыщашIыщтыгъэхэ унэр ары.

**Тхьэм ипхъонтэ лъапI** (1ПА 2:26; 3:15, нэмыкI чIыпIэхэми) – Ижъырэ Зэзэгъыныгъэм илъэхъан Тхьэм унашъо къызэрэфишIыгъэм тетэу Мосэ ар пхъэм хишIыкIыгъагъ. Тхьэм иунэшъуипшI зытетхэгъэ мыжъобгъухэмрэ пкъыгъо лъапIэхэмрэ ащ дэлъыгъэх. Дышъэм хэшIыкIыгъэ къэрыубхэу пхъонташъхьэм тетхэм атамэхэр зыщызэнэсхэрэ чIыпIэр Тхьэр зыдэщыIэ чIыпIэу алъытэщтыгъ. Пачъыхьэу Сэлмэн Тхьэм и Унэ зарегъэшIым, Тхьэм ипхъонтэ лъапIэ Тхьэм и Унэ щыщ чIыпIэу **лъапIэм ианахь лъэпIэжькIэ** заджэхэрэм чIаригъэуцуагъ.

**Тхьэм и Ун** (1ПА 6) – Тхьэм щыфэлэжьэгъэным тегъэпсыхьэгъэ унэр. Тхьэм шъхьащэ щыфашIыным пае цIыфхэр Тхьэм и Унэ къекIуалIэх, къурмэнышIхэм Тхьэм шIошъхъуныгъэ фызиIэхэм ацIэкIэ къурмэнхэр

ащ щашIыщтыгъэх. Пачъыхьэу Сэлмэн **Тхьэм и Унэу** аригъэшIыгъэр Iахьищэу зэхэтэу, псэолъэ плIэмыеу (1ПА 6:2), **чIэхьапIэр, кIоцI унэ лъапIэр, лъапIэмэ яанахь лъэпIэжьыр** къыхиубытэхэу щытыгъ.

**ЧIэхьапIэр** (1ПА 6:3) – Тхьэм и Унэ иапэрэ ихьапI. Ащ икIыхьагъэ метри 5 фэдизыгъ, метри 10 ишъомбгъуагъэщтыгъ.

**КIоцI унэ лъапIэр** (1ПА 6:16, 20) – чIэхьапIэм ыуж узэрыхьэщтыгъэ унэр ары. ИкIыхьагъэщтыгъэр метрэ 20, ишъомбгъуагъэ метри 10 хъущтыгъэ, илъэгэгъагъэр метрэ 15. КIоцI унэ лъапIэм дышъэкIэ къэгъэтIылъыхьэгъэ къурмэншIыпIэу, мэ IашIухэр къызпихрэ уцхэр зыщагъэстхэрэр, гъомылэ тынхэр зытыралъхьэрэ дышъэ Iанэр итыгъэх. Дышъэ къабзэм хэшIыкIыгъэу остыгъэхэр ащ икъыблэ ыкIи итемыр бгъухэмкIэ тфырытфэу щытыгъэх.

**ЛъапIэмэ анахь лъэпIэжьыр** (1ПА 6:16, 23-28; 8:6) – кIоцI унэ лъапIэм лъапIэмэ анахь лъэпIэжьыр къыпытыгъ, шъхьангъупчъэхэр хэлъыгъэхэп, унэ зэпэплIэмыеу, ыбгъу пэпчъ метри 10 икIыхьагъэу щытыгъ. **Тхьэм ипхъонтэ лъапIи** метри 5 фэдиз зилъэгэгъэ **къэрыубитIоу** зэйтын чъыгым хэшIыкIыгъэхэу, дышъэкIэ къэгъэтIылъыхьагъэхэри ащ чIэтыгъэх. КъурмэнышI шъхьаIэм нэмыкI илъэсым зэ зыгори ащ ихьан фитыгъэп.

**ТIоу зэпыутыгъэ щагур** (1ПА 6:36) – Тхьэм и Унэ тIоу зэпыутыгъэ щагум дэтыгъ. Къурмэнхэр зыщашIырэ къурмэншIыпIэр, **джэрз лэгъупипшIыр**, **джэрз лэгъуп-псыубытыпIэр** кIоцI щагум дэтыгъэх. Тхьэм и Унэ иIэгъэ чIэхьапIэм джэрзым хэшIыкIыгъэу **кIэсэнитIу** къыкIэлъырытыгъ (1ПА 7:15-22). Зы кIэсэныр къыблэмкIэ щыгъэуцугъагъ,

ЯхынкIэ еджэщтыгъэх. Адрэ кIэсэныр темырымкIэ щыгъэуцугъагъ, зэреджэщтыгъэхэр БоIаз.

**Джэрз лэгъуп** (1ПА 7:38) – къурмэнышIхэм къурмэнгъэст ашIынэу зэIахырэ былымхэм апкъыхэр щэрэхъхэр зыкIэт тхьакIыпIэ-тегъэуцуапIэмэ атетыгъэ джэрз лэгъупипшIмэ арыт псымкIэ алъэсыщтыгъэх. Лэгъуп пэпчъ метри 2 фэдиз илъэгагъэщтыгъ, псэу литрэ 800 ифэщтыгъэ.

**Джэрз лэгъуп-псыубытыпIэр** (1ПА 7:23-26) – джэрзым хэшIыкIыгъэ лэгъуп шъэджашъ, ынэз зы бгъум къыщегъэжьагъэу адрэ бгъум нэс метри 5 фэдизыгъ, зэпэхъурэябзэу, метри 2,5-рэ фэдиз илъэгагъэщтыгъ, ынэз ихъурэягъэ метрэ 15 фэдиз хъущтыгъ. Тхьэм и Унэ чIэхьанхэм е къурмэн ашIыным ыпэкIэ къурмэнышIхэм аIэхэмрэ алъакъохэмрэ ащ ит псым ратхьакIыщтыгъэх. Джэрз лэгъуп-псыубытыпIэр Тхьэм и Унэ икъыблэ-къокIыпIэ лъэныкъокIэ щытыгъ.

**ТхьэлIыкIо (1ПА 1:8)** – Ижъырэ Зэзэгъыныгъэм илъэхъан иублэгъум Тхьэм ы-Псэ ЛъапIэ хэлъ кIуачIэмкIэ къыгъэгущыIэщтыгъэхэр, къэбархэр цIыфхэм къызэралъигъэIэсыщтыгъэхэр ары тхьэлIыкIокIэ заджэхэрэр. ПсэкIодэу ашIыгъэхэм пае цIыфхэр кIагъэгъожьынхэмрэ ахэр Тхьэ закъом фэгъэлэжьэгъэнхэмрэ япшъэрылъ шъхьаIэу щытыгъ.

**ТхьэнэпцIхэр: БаIал** (я 2ПА 10:18), Мылкъом (1ПА 11:5), Молэх (1ПА 11:7), Къэмэщ (1ПА 11:7) – КъокIыпIэ Благъэм щыпсэущтыгъэ ижъырэ цIыф лъэпкъхэр зэлъэIущтыгъэхэ тхьэхэр.

**ТIоу зэпыутыгъэ щагур** (1ПА 6:36) – еплъ **Тхьэм и Ун**.

**Цион** (1ПА 8:1, нэмыкIхэри) – ижъырэ джуртыбзэмкIэ имэхьанэр ЦионкIэ заджэщтыгъэхэ пытапIэр арынкIи мэхъу. Пачъыхьэу Даутрэ ащ идзэхэмрэ Ерусэлэм

аштэным пае ащ дэсыгъэ еусхэм язаохи Цион пытапӀэр аӀэ къырагъэхьагъ. Ащ ыуж пытапӀэм Даут икъалэкӀэ еджагъэх. Цион ижъырэ Ерусэлэм къалэм къыхиубытэщтыгъэ, ау Тхьэм и ГущыӀэ ичӀыпӀэ нахьыбэмэ къащыхэфэрэ мы гущыӀэм къикӀырэр Ерусэлэм къалэр зэрэщытэу ары.

**ЧэтэнгъэӀэгъэ лъапӀэр** (1ПА 1:39; 2:28, нэмыкӀ чӀыпӀэхэми) – джурт лъэпкъыр итарихъ иублэгъум кощын зэпымыужьхэм ахэт зэхъум, къыздырихьакӀынэу чэтэнгъэӀагъэр тхьэлъэӀупӀэ-къурмэншӀыпӀэу ыгъэпсыгъагъ. Пачъыхьэу Сэлмэн Тхьэм и Унэу аригъэшӀыгъагъэр чэтэнгъэӀэгъэ лъапӀэм игъэпсыкӀэ фэдагъ. Еплъ: «Мосэ иятӀонэрэ тхылъ» ия 40-рэ шъхьэ.

**ЧӀэхьапӀэ** (1ПА 6:3) – еплъ **Тхьэм и Ун**.

## Израилымрэ Ехъудэмрэ япачъыхьэхэр

| | | |
|---|---|---|
| **Даут** | **зыпачъыхьэгъэ илъэсхэр 1010–970 (тизэм. ып.)** | 1СА 16:1–1П 2:10 |
| **Сэлмэн** | **зыпачъыхьэгъэ илъэсхэр 970–930 (тизэм. ып.)** | 1П 1:39–11:43 |

## Гощыгъэ

| Израилым ипачъыхьэхэр | зыпачъыхьэгъэ илъэсхэр (тизэм. ып.) | чIыпIэр |
|---|---|---|
| **ЯрабIам** | **931–910** | 1П 12:20–14:20 |
| **Надаб** | **910–909** | 1П 15:25-31 |
| **БаIыщэ** | **909–886** | 1П 15:32–16:7 |
| **Елэ** | **886–885** | 1П 16:8-14 |
| **Зымрый** | **885** | 1П 16:15-20 |
| **Iомрый** | **885–874** | 1П 16:23-28 |
| **Ахъаб** | **874–853** | 1П 16:29–22:40 |
| **Ахъазыехъу** | **853–852** | 1П 22:51; 2П 1:18 |
| **Иорам** | **852–841** | 2П 1:17–3:1 |
| **Ехъыо** | **841–814** | 2П 9:10 |
| **Ехъоахъаз** | **814–798** | 2П 13:1-9 |
| **Иоащ** | **798–782** | 2П 13:10-25 |
| **ЯрабIам** | **793–753** | 2П 14:23-29 |
| **Зэхарый** | **753** | 2П 15:8-12 |
| **Щалум** | **752** | 2П 15:13-15 |
| **Мэнахъэм** | **751–742** | 2П 15:16-22 |
| **Пэкъахъый** | **741–740** | 2П 15:23-26 |
| **Пэкъахъ** | **740–732** | 2П 15:27-31 |
| **ХъощэI** | **732(1)–722** | 2П 15:30-17 |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |

## Израил

**Пачъыхьагъур**

| **Ехъудэм ипачъыхьэхэр** | **зыпачъыхьэгъэ илъэсхэр (тизэм. ып.)** | чIыпIэр |
|---|---|---|
| **РэхъабIам** | **931–914** | 1П 12:1-24; 14:21-31 |
| **Абием** | **913–910** | 1П 15:1-8 |
| **Асэ** | **909–868** | 1П 15:9-24 |
| | | |
| | | |
| | | |
| **Ехъощафат** | **872–847** | 1П 22:41-50 |
| **Ехъорам** | **852–841** | 2П 8:16-24 |
| **Ахъазый** | **841** | 2П 8:25-29; 9:29 |
| **Iаталый** | **841–835** | 2П 4:11 |
| **Ехъоащ** | **835–796** | 2П 12 |
| **Амацый** | **841–835** | 2П 11 |
| **Iузый** | **791–739** | 2П 15:1-7 |
| | | |
| **Иотам** | **752–736** | 2П 15:30; 15:32-38 |
| | | |
| **Ахъаз** | **736–720** | 2П 16 |
| | | |
| **Хъызкъый** | **729(8)–699** | 2П 18-20 |
| **Мэнасэ** | **698–643** | 2П 21:1-18 |
| **Амон** | **642–640** | 2П 21:9-26 |
| **Иощыехъу** | **640–609** | 2П 22:1–23:30 |
| **Ехъоахъаз** | **609** | 2П 23:31-33 |
| **Ехъоекъым** | **609–598** | 2П 3:34–24:7 |
| **Ехъоехин** | **598** | 2П 24:8-17 |
| **Цыдкъый** | **597–586** | 2П 24:18–25:26 |

**Ехъуд**


Гощыгъэ хъугъэ Израил пачъыхьагъур
Сэлмэн тизэман ыпэкIэ 930-рэ илъэсым зэлIэм ыуж Израилым итемыррэ икъыблэрэ зэрэзэфэмышIухэм къыхэкIэу пачъыхьагъур тIоу гощыгъэ хъугъэ.
(1 Пачъ. 12:1 – 22:53)
Цыдон
АРАМ
Дамаск
Ливан къушъхьэр
Царэфат
Хьэрмон къушъхьэр
Iыйон
Абэл-Бэт-МаIахэ
Дан
Къэдэщ
БАЩАН
НАФТАЛЫЙ
Хьацэр
СРЕДИЗЕМНЭ ХЫР
Афэкъ
Къышон
Хъэфэр
Къармэл
Гъалыл хыр
КЪОКIЫПIЭ МЭНАСЭ
Шунэм
Мэгъыдэ
ИзрыIэл
Рамот-ГъылыIад
Бэтщан
Дотан
Тыщбы
псыхъоу Къэрит
Щамэрэн
Тырцэ
ГЪАД
ГЪЫЛЫIАД
Щэхэм
IАМОН
Пэнуэл
Тифсахъ
Щылэу
Иордан
ЕФРАИМ
Бэтэл
Гъылгъал
Гъэзэр
Гъыбытон
Рамэ
Iанатот
Iэкърэн
БИНЯМИН
Бэтщэмэщ
Ерусэлэм
Лыбнэ
ЕХЪУД
РУБЭН
Гъат
Лахыщ
ХЫ ЛIАГЪЭР
Iаззэ
IароIэр
ФЫЛИСТ ХЭГЪЭГУ
ЕХЪУД
БэрщэбаI
МОАБ
Т
0
30
60 км
ЕДОМ

# Тхьэм и Унэу пачъыхьэу Сэлмэн аригъэшIыгъэм игъэпсыкI

1 – Пхъонтэ ЛъапIэу къэзыухъумэхэрэ къэрыубхэр зыпэIутхэр
2 – ЛъапIэмэ анахь лъэпIэжьыр
3 – Тхьэм и Унэ ыкIоцI
4 – Яхын
5 – БоIаз




© CARS, 2003